# IУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

НОЯБРЬ • 2021 • ДЕКАБРЬ

6



IУАЩХЬЭМАХУЭ
2021
6

# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**ноябрь 6 декабрь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий,
БищIо Борис, Гъут Iэдэм, Къэрмокъуэ Хьэмид,
Тэтрокъуэ Астемыр, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2021

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ


*УсакIуэ Дыгъужь Къурмэн къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*

**БакIуу Хъанджэрий.** МыкIуэдыжын лъэужь........ 3
Дыгъужь Къурмэн хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр........ 7
**Дыгъужь Къурмэн.** *Усэхэр*........ 12


## Прозэ


**МафIэдз Сэрэбий.** Шыдыгъу. *Повесть*........ 21
**Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ.** Чэрэчэ. *Тхыдэ роман*........ 63


## Усыгъэ


**Мыкъуэжь Анатолэ.** *Усэхэр*........ 98
**Кочемовэ Татьянэ.** *Усэхэр*........ 112


## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ


**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Джатокъуэм и усыгъэ джатэр........ 117


## Публицистикэ


**НэщIэпыджэ Замирэ.** ЩIыхь зыпылъ гъуэгуанэ........ 125


## Культурэ


**НэщIэпыджэ Замирэ.** Си лэжьыгъэхэм укъызыхураджэр мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэщ........ 130


## IуэрыIуатэ


ЩIыхуэ тыжькIэ. *Хъыбар*........ 138


## Сабийхэм папщIэ


**Гримм зэкъуэшхэр.** *Таурыхъхэр*........ 145

Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз........ 158

*УсакӀуэ Дыгъужь Къурмэн къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу*





# МЫКІУЭДЫЖЫН ЛЪЭУЖЬ

ТхакІуэ, усакІуэ цІэрыІуэ Дыгъужь Къурмэн яхэтащ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм япэу запызыщІахэм. Хэхэс гъащІэм теухуауэ абы итхащ усэ зыбжани: «Тыркум щыпсэу адыгэм и гупсысэхэр», «Тенджыз ФІыцІэр», «Сыфлъыхъуащ», нэгъуэщІхэри. Ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм яхуэтхэрт, я гур къиІэтырт.

Адыгэ лъэпкъ гупсысэр, хэкум хуиІэ лъагъуныгъэр къыхощ Дыгъужь Къурмэн и ІэдакъэщІэкІ дэтхэнэми. Адыгэ лъэпкъым теухуауэ куэд зэритхам и мызакъуэу, Къурмэн псэуху еш имыщІэу телэжьащ дунейм тепхъа ди лъэпкъыр зэщІэкъуэжыным, зы гупсысэм хуэунэтІыным. Аращ Дыгъужьым и ІэдакъэщІэкІхэм Адыгейми, Къэбэрдейми, Тыркуми, Абхъазми, Иорданиеми къыщыщІэупщІэу, езыми сэлам гуапэ къыхуагъэхьу дунейм щІытетар.

Нэхъыжьхэм ящІэж Совет зэманым тхакІуэхэм цІыху лэжьакІуэм нэхъ гулъытэ хуащІын хуейуэ партым къызэригъэуву щытар, ублэмэ «план къытралъхьэу» къэплъытэ хъунут а «производственная тема» зыфІащамкІэ. (Нобэ тхакІуэхэм ящыгъупщэжащ а темэр, цІыхур лэжьэн зэрыхуейр телевизорым къитхэми хэтыжыххэкъым, я зэш трагъэун закъуэ щхьэкІэ дунейм къытехьауэ куэдым къафІощІ).

Дунейпсо литературэм ухэплъэмэ, усакIуэ, тхакIуэ куэд псэуащ зытетхыхь Iуэхур фIэщхъуныгъэ хэлъу къагъэлъэгъуэн щхьэкIэ IэщIагъэ гугъухэм зыхуагъасэу. Золя Эмиль, псалъэм папщIэ, фIамыщI къыщIэзыххэм ятеухуа роман итхыным ипэкIэ шахтхэм мызэмытIэу щIыхьащ, Ибсен Генрик лэжьапIэ зыбжанэ ихъуэжащ. Апхуэдэт Горький Максим.

ЗыкъомкIэ абыхэм ещхьт Дыгъужь Къурмэни. Курыт еджапIэр къимыух щIыкIэ мэлыхъуэу илъэситIкIэ лэжьащ, балигъ хъуа иужькIэ, блынзэтелъхьэу, штукатурщикыу щытащ. Москва Литературэ институтыр къыщиухри, «джанэ къабзэхэм» ярихэтыну къулыкъу зыбжани иIащ: «Ленин нур» газетым и корреспонденту, радиом, ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и къулыкъущIэу, тхылъ щащэ тыкун нэхъ ин дыдэу Черкесск дэтым и унафэщIу щытащ, ауэ Къурмэн а псор IэщIыб ищIри, химзаводым хьэлъэзехьэу илъэс куэдкIэ щылэжьащ, цIыху къызэрыгуэкIхэм фIыуэ къалъагъуу, пщIэнтIэпсым и уасэр ищIэу. А псор абы и творчествэм сэбэп къыщыхуэхъуащ езым и хъэтI, и тхэкIэ, и дамыгъэ зэригъэпэщыжынымкIэ. ТхакIуэм и поэмэхэр, повестыр, романыр зэриухуэм фIэщхъуныгъэ хэлъщ, сыту жыпIэмэ езым гъащIэр зищIысыр игъэващи, ар зэрищIэр хъыбаркIэкъым, атIэ и нэкIэ илъэгъуахэмкIэщ, и псэмкIэ зыхищIахэмкIэщ.

Къэтщтэнщ Къурмэн и «Iэсхьэд и къафэ» поэмэр. Iуэхур щекIуэкIыр бэзэрырщ, зауэм ипэ зэманщ. Бэзэрым темылъ щыIэкъым. *«Ей, мамырыгъэр анэ бгъафэщ, / Абы дэтхэнэ цIыхури хуейщ»,* – жеIэ усакIуэм. Поэмэм къыщыIэта гупсысэхэр къэзыIуэтэж лIыхъужьым бэзэрыр къызэхекIухь, абы зэхех адыгэ пшыналъэ дахэм и макъамэ:

*ЩIыгулъым хыхьэ дыгъэпс хуабэу,*
*Макъамэр пфIощI бэзэрым щIиф,*
*Зэми жьэражьэу хьэуа бампIэм*
*Жьы щIыIэтыIэу ар къыщIиху...*
*ЦIыху минхэм сэ сакIуэцIырокI...*
*Iэсхьэд и къафэр пшынэм къокI.*

Сюжетыр пыщIащ Iэсхьэдрэ абы и щхьэгъусэ Мардиерэ. Iэсхьэд мэкъуауэ гупым я пашэщ, ар лэжьакIуэшхуэщ, зыгъэпсэхугъуэм дежи цIыхухэм къахощ и къэфэкIэ дахэмкIэ. Мардие пшынауэ Iэзэщ. Дыгъужь Къурмэн а зэманыр къегъэлъэгъуэж фIэщхъуныгъэ хэлъу: цIыхухэр лэжьакIуэ кIуэрт уэрэд жаIэу, апхуэдэ дыдэуи къуажэм къыдыхьэжырт. Мардие и пшынэм гугъу ехьахэм «псэщIэ къахилъхьэжырт», «физхэми гущэ щIаупскIэрт, пшыналъэм техуэу». ГъащIэ дахэм и теплъэр зы махуэ гуэрым екъутэ шум къихьа хъыбарым. Шым и лъакъуэм ищI макъыр «автомат уэкIэм ещхьт», щыблэм хуэдэт къихьа хъыбарри: «Зауэ». Iэсхьэд зауэм хокIуадэ. Илъэсхэр макIуэ, Мардие къыхуэнэр «Iэсхьэд и къафэрщ».

Зи щхьэр тхъуа, зи ныбжьыр хэкIуэта фызабэм зы махуэ гуэрым пшынэр бэзэрым ехьри, абы щегъэбзэрабзэ. Пшынэм и уасэм Iэджи къыщIоупщIэ, япхъуэтэну хьэзырщ, ауэ ищэркъым. КъыщIэупщIэхэр пшынэм зэреуэм кIэлъоплъ, «Пшынэм уасэ иIэкъым, ар гъащIэ пэлъытэщ, мы пшыналъэр екIуу къизыгъэкIым тыгъэ хуэсщIынущ», –

яжреIэ. Зы хъыджэбз цIыкIу и адэшхуэр и гъусэу къыIуохьэри, «Iэсхьэд и къафэр» Iэзэ дыдэу кърегъэкI. Мардие хуогуфIэри, пшынэр абы ирет, Iэсхьэд щхьэкIэ иуса къафэм, езы Iэсхьэд хуиIа лъагъуныгъэм и фэеплъу, мы псалъэхэри щIегъу:

*Си пщащэ цIыкIу, иджы мы пшынэр,*
*Уи джэгу хыхьэгъуэщи, ууейщ.*
*Мы къафэм текIуэныгъэ иныр*
*ИрибгъэлъапIэу тет дунейм.*

Поэмэм и кIэухым философие гупсыси щIэлъщ: лъагъуныгъэр щIэблэ къэс зэIэпах, зи насып къэкIуэгъуэхэм къыхуагъанэ гурыщIэ дахэщ, цIыхубэ мылъкущ. Мы поэмэми, «Нэгъуей шыхъуэхэр» поэмэми, и усэхэми Дыгъужь Къурмэн къыщигъэсэбэпащ эпитет щIэщыгъуэхэр, зэгъэпщэныгъэ шэрыуэхэр, метафорэ гукъинэжхэр. Бзэм елэжьхэм абы и IэдакъэщIэкIхэм къыщагъуэтынущ адыгэбзэм и жыIэкIэ гъэщIэгъуэн Iэджэ. Псом хуэмыдэу пейзажыр къэгъэлъэгъуэным хуэIэзэт Къурмэн. «Соплъэ къуршымкIэ» усэм щыщ сатыр зыбжанэ къэтхьынщ:

*Къуршыжь бэмпIахэм ягу хэхъуэнущ,*
*Уэшх щIыIэтыIэкIэ затхъэщIынущ.*
*Нэхъыжь-нэхъыщIэкIэщи хабзэр,*
*НапэIэлъэщI пшэ хужьыр бгым*
*НызэIэпахыурэ къабзабзэу*
*Уэшхым иужькIэ залъэщIынущ.*



АдэкIэ «жыгхэр уэшх ткIуэпскIэ» *(гуфIэгъуэ нэпскIэ къригъэкIыу)* зыр адрейм хуэгуфIэнущ.

*«Псыкъелъэ иныр зи жьакIэхуу,*
*Бгы дадэр псыхъуэм къыдэплъэнущ.*

Мы дуней тхъэжыгъуэм «пащIэIуантIэу» хуегъэувыж и къуажэ Хъумэрэныр, «Тхьэм и гуфIакIэм дэсым ещхьу» а псыхъуэр зыгъэдахэр. Дунейм и щытыкIэр Iэзэу псалъэ сурэткIэ къегъэщI усакIуэм: / *«Мазэр изу къыщIэкIащи, / ЗыхуегъафIэ пшэм. / ГъащIэр гъащIэкIэ гъэнщIащи, / И гуфIэгъуэщ пшэм.*

Къурмэн, ищхьэкIэ зэрыщыжысIащи, Псыжь и образыр гуэхыпIэ имыIэу хиухуэнащ итха псоми, а псым «нэхъыжьыгъэр» хуагъэфащэ ИнжыджитIми, Уарпи, Лаби, абы йоджэр «ди Псыжь-гъуэмылэжькIэ». УсакIуэм Псыжь «Iэ къыхуещI» и толъкъунхэмкIэ. Псыжь и образыр хэтщ Дыгъужь Къурмэн уэсят пэлъытэу итха «ЛъэIуми». УсакIуэм жеIэ «зы махуи пщIэншэу зэримыгъакIуэр», «лэжьыгъэр псом япэ зэрыригъэщар», «лъэпкъым и адыгагъэр дэни щигъэлъапIэу къызэрекIуэкIар, и къару зэрыщымысхьар» (нэгъуэщI Iуэху илэжьахэри къребжэкI). ЩIыху псоми яIэщ пIалъэ, бгыжьхэм ис жьындур къеджэмэ, зы лъэIукIэ къанэхэм зыкъытхуегъазэ:

*Уэ сынолъэIур, къуажэм и нэхулъэм*
*Щыщ тIэкIукIэ си хъэдащхъэри гъэпскIыж,*
*Хъумэрэныжь и уафэм ит пшэ хужьхэм*
*Щыщ тIэкIу джэбыну уэ къызэшэкIыж.*
*Си Iеи, си фIи зыми жремыIэ,*
*Ефэнды гуэри тхъэ схуремылъэIу,*
*Си кхъаблэр зыхъхэр тIэкIу фызэтеувыIи,*
*Сэ си хъэтыркIэ Псыжь уэр фыщIэдэIу.*

Къурмэн псом хуэмыдэу къехъулIэрт пейзажым теухуа лирикэр. Зы строфа къыхэтхынщ «Гъатхэ махуэм» усэм:

*Дыгъэр бьдэу щIым и Iупэм*
*Уафэм къыIуилъхьащ,*
*ЩIылъэр нур-быдзышэ хуабэм*
*ЗигъэнщIыху ефащ.*

Гъатхэм теухуа нэгъуэщI усэ къыдощтэри, гуфIэгъуэр «къраш бзухэми, мэзми, ахэм джэгу ящIыр, кхъужьей хужьыбзэр «нысащIэу итщ утыкум». Гуэдз хьэсэм еплъурэ, усакIуэр зоупщIыж: «... *Рояль мы ди щIыр? / Хьэмэ пщIыхьэпIэ?.. / КъыпфIощI щхъэмыжхэр цIыхум и Iэпэу, / Ныбгъуэ макъамэр къраш!*».

Философие гупсысэ зыщIэлъ усэ кIэщIхэри иIэщ Дыгъужь Къурмэн. Апхуэдэщ сатыриплI хъу «Хабзэр хабзэщ» зыфIищар:

*Хэти ещIэ, хабзэр хабзэщ,*
*Хъуэхъум хъуэн щIагъужкъым.*
*ФIыуэ яльэгъуа хъыджэбзым*
*Пыльхъэ хуальыхъуэжкъым.*

Удэзыхьэх, гум къинэж лъагъуныгъэ усэу куэд итхащ Къурмэн. Апхуэдэщ «НапIэIэтыгъуэ телъыджэ», «Дзыхь къысхуэпщIынщ», «Си щхьэгъусэ», «Ди гъащIэм папщIэ» зыфIищахэр.

УсакIуэм лъэпкъыр, хэкур фIы дыдэу илъагъурт, а лъагъуныгъэр хуэфащэ усэбзэкIэ къигъэлъэгъуащ. Абы и щыхьэтщ мы сатырхэр:

*Адыгэм уи жьыр сэ къысщIихухукIэ,*
*Сэ мафIэ гуащIэу сыблэнщ.*
*Адыгэм папщIэ самыгъэпсэумэ,*
*Адыгэм папщIэ сылIэнщ.*

Дыгъужь Къурмэн Хэкум, адыгэм, хабзэм ятеухуа и усэхэр гукъинэжщ, гупсысэ куу зыщIэлъщ. Ахэр ухуащ ритм IупщIкIэ, рифмэ зэщIэжьыуэкIэ, макъ зэпэджэжкIэ. Аращ абы и усэхэр щIэщыгъуэ, зэгъэщIэгъуафIэ зыщIри. А псоми жыдагъэIэ: мыкIуэдыжынщ Дыгъужь Къурмэн къытхуигъэна лъэужь дахэр.

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

# Дыгъужь Къурмэн хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Дыгъужь Къурмэн и хъэтIыр нэгъуэщIхэм яхэмыгъуащэхэм ящыщщ. Абы философиер и щIасэщ, и усэхэр сюжет щIыкIэу гъэпсащ, гупсысэм дыбгъэдешэ Iуэхум тепсэлъыхьурэ икIи усэм и мыхьэнэр икIэрей сатырхэм къерегъэIуатэ. И гур здэщыIэм и Iэр нэсын папщIэ, усакIуэм къегъэсэбэп, щIэгъэкъуэн къещI IуэрыIуатэм щыщ куэд, ауэ ахэр нобэрей зэманым и гупсысэкIэ егъэнщI. ЦIыхугъэ дахэр яхэлъу, зым и гур адрейм ихъумэу псэуныр, Хэкур фIыуэ лъагъуныр – мис аращ Къурмэн и усэхэр нэхъыбэу зытеухуар.

**БЭЧЫЖЬ Лейла,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор,*
*ЩIДАА-м и академик.*
*Черкесск къалэ*

* * *

Езым и макъ, и щытыкIэ иIэжу шэрджэс поэзием къыхыхьащ Дыгъужь Къурмэн. ЩIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэщ Дыгъужьыр прозэми зэрыпылъым. Къурмэн природэр, щIыналъэу къыздэхъуар езым етхыжыф зэрыщыт дыдэм хуэдэу. Абы и дэтхэнэ тхыгъэми Iэзэу къыщегъэсэбэп литературэм и художественнэ Iэмалхэр. Аращ ахэр щIэщыгъуэ, удэзыхьэх зыщIыр.

Къурмэн и поэзием мыпхуэдэ теплъэ иIэщ: гъащIэм къыщыхъу псоми нэжэгужэу еплъу, псоми лъагъуныгъэнэкIэ гу лъитэу, зэплъыр игъэину. А оптимизмэм нэхъыфI щыIэкъым усэм хэлъыну...

**ХЪУПСЫРОКЪУЭ Хъызыр,**
*филологие щIэныгъэхэм я*
*доктор, профессор.*
*Черкесск къалэ*

* * *

Къэбэрдейм япэу сыщыкIуам, автобусым дыкъызэрикIыу шхапIэ гуэрым деж дыIухьат. Пивэ ефэу зэхэс щIалэ гуп нэIуасэ тхуэхъури дызэщIэупщIащ. «Хэт фцIыхурэ Шэрджэсым щыщу?» – щыжысIэм, япэу зи цIэр кърaIуар Дыгъужь Къурмэнт.

ЗэрыусакIуэм ищIыIужкIэ ар икIи лъэпкъыр зэпызыщIэ лъэмыжт, лъэпкъмыгъэкIуэдт, цIыхур зэуэ ныбжьэгъу къыхуэхъурт.

Къурмэн мыгъуэкъым, махуэщ, сыту жыпIэмэ ар ноби къыдопсалъэри къытхэтщ, къыткIэлъыкIуэ щIэблэхэми яхэтынущ.

**АБЫТIЭ Владимир,**
*Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ*

* * *

Сэ тхылъ тедзапIэм и редактору илъэс куэдкIэ сылэжьащ. Къурмэн итхахэм сыкъыщеджэкIэ, си псэм тыншыгъуэ игъуэтт. И бзэр да-

хэт, и гупсысэхэр IупщIт, и псалъэхэм фэрыщIагъ хэлътэкъым. ЩIэи гъуни щIэттэкъым абы и лъэпкъым хуиIэ лъагъуныгъэм, шэч лъэпкъ къытумыхьэуи уи фIэщ хъурт «Уи адыгагъэр дэни щызгъэлъапIэрт, нэгъуэщI насыпи сэ къэзмылъыхъуа» жиIэу щитхкIэ.

Сыхуейт дэтхэнэ зыри Къурмэн хуэдэу гу къабзэу дунейм тетыну.

**ХЬЭНФЭН Алим,**
*Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ*

* * *

Шэрджэс поэзиер нэхъ «уэр» зыщI, ар зыгъэбжьыфIэ, япэкIэ зыгъэкIуатэхэм ящыщщ Дыгъужь Къурмэн. Абы и усыгъэ нэхъыфIхэм уи фIэщ ящI ди литературэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIыр. Къурмэн и прозэми жьы щIэтщ. Авторым гушыIэ къекIуи хэлъщ. ЩIэджыкIакIуэм зэхимыщIыкIынкIэ, къыгурымыIуэнкIэ мышынэу Дыгъужьым и лIыхъужьхэр тIэкIу шыбгъэ кърелъхьэ, йохъурджауэ. Къурмэн бзэфI Iурылъщ, къихь художественнэ Iэмалхэр щIэщыгъуэщ...

**ПЩЫБИЙ Инал,**
*филологие щIэныгъэхэм*
*я кандидат, доцент.*
*Карачаевск къалэ*



* * *

Дыгъужь Къурмэн и усэхэм я нэхъыбэм купщIэу яIэр, абыхэм гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхышар къэзылъхуа адыгэ щIыналъэмрэ адыгэ лъэпкъымрэ яхуиIэ лъагъуныгъэм пыщIа гухэлъ-гурыщIэхэрщ. А лъагъуныгъэрщ усакIуэ щIалэм къару мыухыж къезытыр, дамэ лъэщ къытезыгъакIэр, аращ гъащIэ гъуэгу мытынш зытетым гъуазэ щыхуэхъуу, сыт гъэунэхупIэ имыхуэми лIы хуэдэу, цIыху хуэдэу пхызышыр...

Адыгэхэр зэгуэрым Кавказым ис лъэпкъхэм я нэхъ ину, нэхъ лъэщу зэрыщытам, ауэ Урыс-Кавказ зауэжьым и зэранкIэ лъапсэрыхыр къахуэкIуэу, дуней псом щикъухьа зэрыхъуам и гупсысэ, гурыгъу хьэлъэр япэ зи усэхэм щызыгъэнысщкIуахэм ящыщщ Къурмэн. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, «Пшэ гуэрэн», «Жыг къуэж цIыкIухэр», «КIэлъеIэу тхыдэм», «Лабэ пхъэхуейхэр», «Тенджыз ФIыцIэр», «Тыркум щыпсэу адыгэм и гупсысэхэр», «Сыфлъыхъуащ», «Пщыхьэщхьэ хьэлъэ», «Мэжджытым тетщ щыблэIуш» жыхуиIэ усэхэр.

Къурмэн щIалэ Iэчлъэчу, жану, лэжьэныр и псэм хуэдэу илъагъуу дунейм зэрытетам ижь узыншэ щIихуащ и Iэдакъэм къыщIэкIа усыгъэхэм я нэхъыбэм. УщыуэнкIэ умышынэу, жыпIэ хъунущ абы хуэдэу гуащIэдэкI хьэлэлыр зыгъэлъэпIа, лъагэу зыIэта усакIуэ е тхакIуэ ди лъэпкъ литературэм зэрыхэмытар.

Дыгъужь Къурмэн гъунэжу иIэщ гъащIэм, лъагъуныгъэм, цIыхугъэм, напэм, ныбжьэгъугъэм ятриухуа усэхэри. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми нэрылъагъуу къыхощ игъуэнэмыс хъуа усакIуэ зэчиифIэм гъащIэмрэ цIыхухэмрэ яхуиIэ лъагъуныгъэшхуэмрэ жу-

мартыгъэ гъунэншэмрэ. Абыхэм еджэ дэтхэнэми хьэкъ щымыхъункӀэ Ӏэмал иӀэкъым Къурмэн цӀыху нэсу дунейм зэрытетар, сыту жыпӀэмэ апхуэдэ усэ зытхыфынур зи гумрэ зи напэмрэ псынэпсу къабзэ усакӀуэрщ.

**БЕМЫРЗЭ Мухьэдин,**
*Къэрэшей-Шэрджэсым и цӀыхубэ усакӀуэ*

* * *

... Къурмэн хэлъхьэныгъэшхуэ хуищӀащ ди шэрджэс литературэм. Абы и гъащӀэри и усэхэри цӀыхугъэкӀэ гъэнщӀат.

МыцӀантхъуэу, мылъэпэрапэу, и пшынэ Ӏэпэр щӀэмыуэу, хейуэ икӀуащ и гъащӀэ мащӀэр Къурмэн – усэнкӀи цӀыхугъэкӀи. Абы и цӀэр лъэпкъ тхыдэм къыхэнэнущ игъащӀэкӀэ, щӀэблэр ирагъасэу, цӀыхур ирагъэӀущу... Щхьэщэ яхуэдвгъэщӀ апхуэдэ цӀыху зыпӀа Хэкум, лъахэм, анэм...

**МЫЖЕЙ Михаил,**
*щӀэныгъэлӀ.*
*Черкесск къалэ*

* * *



Шэч хэлъкъым Дыгъужь Къурмэн талант зэрыбгъэдэлъым. Ар зэрыусакӀуэ Ӏэзэм и дамыгъэ и прозэми телъщ. ГъащӀэм, къыдалъхуа цӀыхухэм я дунейм гурыгъуазэу зэрыкӀэлъыплъыр, кӀэлъыплъ къудей мыхъуу, и псэм и щӀасэ цӀыхухэм я гъащӀэм темэхэр къыхиубыдыкӀыфрэ гупсысэ узыншэ щӀэлъу образнэу зэрытхэр Къурмэн и прозэ тхыгъэхэми белджылы ящӀ. ТхакӀуэм и псалъэр купщӀафӀэщ, щӀэращӀэщ, гухэлъ нэхукӀэ гъэнщӀащ. Шэрыуэу, жану къигъуэт псалъэухахэр гукъинэж пщохъу...

**ШЭВЛОКЪУЭ Пётр,**
*тхакӀуэ, критик.*
*Налшык къалэ*

* * *

... Сабийуэ щыщыта илъэсхэм къыщежьауэ Дыгъужьым пщӀэ хуещӀ гуащӀэдэкӀ хьэлэлым, цӀыхур зыгъэин, ар дахэ зыщӀ лэжьыгъэм. Къурмэн къызыхэхъукӀар, япэу шхын зыдишхар мэкъумэшыщӀэхэращ, зыхилъхьащ абыхэм я зышыӀэныгъэр, я хьэлэлагъыр, лэжьыгъэм щаӀэ ерыщагъыр, гумызагъагъэр. Ахэрщ Къурмэн и творчествэм и къежьапӀэ, и гупсысэ хэкӀыпӀэ хъури. Ӏэзагъэрэ зэфӀэкӀрэ иӀэщ. И усэхэм куэду ущрохьэлӀэ зэгъэпщэныгъэхэм, метафорэхэм, къэпсэлъыкӀэ шэрыуэхэм, нэщэнэ нэхъыфӀхэм...

**КЪАГЪЫРМЭС Борис,**
*тхакӀуэ.*
*Налшык къалэ*

* * *

Дыгъужь Къурмэн сэ фIы дыдэу сцIыхуу щытащ. Ар цIыху щабэт, бзафIэт, Iэдэбт, хахуэт, нэгъэсауэ адыгэлIт, цIыху пэжт... Щхьэмыж нэду зи щхьэр зыIэтхэм ящыщакъым, жьантIакIуэу щытакъым.

Къурмэн и гъащIэр лъэпкъым хуигъэлэжьащ. Абы и дэтхэнэ усэми къызэпхеху адыгэ акъужь, къызэпхоIукI адыгэ макъамэ. Языныкъуэхэм дежи уи гур, хы толъкъуну, къагъэукъубей...

Къурмэн и тхыгъэхэм емыджахэр феджэ, фыщIегъуэжынкъым.

**КIЭЩТ Мухьэз,**
*тхакIуэ.*
*Налшык къалэ*

* * *

Сэ Дыгъужь Къурмэн сыдеджа къудейтэкъым, дызэкIэлъыкIуэу си ныбжьэгъут. Сыкъыщалъхуа Аушыджэр къуажэм сшэри, Шэрэджыжь хэзгъэфат, езыми сригъэблагъэри, Псыжь сыхэфат. Дэ къэтлъытэрт абы ди къуажэхэри ди псыхъуэхэри зэблагъэ ищIауэ. Ар япэу зигу къэкIар Къурмэнт. Ар апхуэдизкIэ цIыху псэ къабзэт, апхуэдизкIэ адыгэти, языныкъуэхэм деж согупсыс езым нэхъ пэгъунэгъуу щигъэIэну Алыхьым ишэжауэ пIэрэ жысIэу.

Адыгэ дыдэт Дыгъужь Къурмэн. АпхуэдизкIэ адыгэти, абы уздеплъми, жиIэхэм уздедаIуэми, къыпфIэщIынкIэ хъунут адыгэ фIэкIа мы дуней псом темытыжу. Ауэ Къурмэн нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIа ныбжьэгъу куэди иIэт, фIыуэ илъагъуу, къалъагъужу. Ар щIалэ Iэзэт. СигъэцIыхуащ Данте, Флобери, Тагори, Гете, Моцарти, Сенеки, Эйнштейни... Къурмэн зыхэпсэуэхь зэманым лъэ быдэкIэ хэту, абы кърит къарумкIэ къэкIуэнум телажьэрт. Абы и тхыгъэхэр нобэ псэущ, усакIуэм и гъащIэм къыпащэу...

**ХЬЭХ Сэфарбий,**
*тхакIуэ.*
*Налшык къалэ*

* * *

Шэрджэсым щыпсэу адыгэ усакIуэ пажэхэм ящыщ зы Дыгъужь Къурмэн игъуэ нэмысу, пасэу дунейм ехыжащ. Ауэ Къурмэн и усэхэм гъащIэшхуэ къапэщылъщ, сыту жыпIэмэ ахэр лъэпкъым и псэрэ и гупсэкIэ гъэнщIащ. А усэхэм яхэлъщ адыгэм я гуауэри, гуфIэгъуэри, гугъапIэри...

**УЭРЭЗЕЙ Афлик,**
*усакIуэ.*
*Налшык къалэ*

* * *

Дыгъужь Къурмэн куэд жиIэну хунэмысу, и щIалэгъуэу зэуэзэпсэу дунейм ехыжами, абы и тхыгъэхэм ди лъэпкъ литературэр ягъэбеящ, усакIуэм и макъ щабэкIэ къиIуатэр куэдым ягурэ я псэрэ пхыкIащ.

Адыгэ щIалэм и IэдакъэщIэкIхэр бзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ, курыт, ищхьэ еджапIэхэм я программэхэм хагъэхьащ, и творчествэм теухуа щIэныгъэ тхыгъэхэр, диссертацэхэр щыIэщ.

Усыгъэми прозэми тхылъипщI нэхъыбэ къызэринэкIащ Къурмэн, адыгэбзэрэ урысыбзэкIэ итхауэ. Абы и псалъэ щIэлъщ цIыхубэм фIыуэ ялъэгъуа уэрэд куэдым...

**ШИРДИЙ Маринэ,**
*журналист.*
*Налшык къалэ*

* * *

ЗэрынаIуэщи, зи IэдакъэщIэкI тхыгъэхэр зыгъэпэж усакIуэтхакIуэхэр куэдкъым. А мыкуэдым яхэтащ Дыгъужь Къурмэн. Абы зыри къыгупсысыртэкъым – зыхэпсэукI гъащIэмрэ езым и нэгу щIэкIахэмрэт и тегъэщIапIэр.

Къурмэн псэ къабзэт, гу пцIанэт, гушхуэ зыкIуэцIылъ цIыху щыпкъэт.

*Ар сэращ, Къурмэнщ, къопсалъэр.*
*ГуфIэ нэпсхэр къысфIыщIокI.*
*СыкъэпщIэжкъэ, си щIыналъэ?*
*Быдэу IэплIэ зэдгъэшэкI.*



Си гум пхырокI щапхъэу къэсхьа мы усэ сатырхэр. Къурмэн куэдрэ мыпхуэдэу жиIэу зэрыщытари сщыгъупщэркъым:

*Сэ бийм сридыгъужьщ,*
*Лъэпкъым срикъурмэнщ.*

Игъэпэжащ а псалъэхэр абы.

**МЭШХУЭФI Нэждэт,**
*дохутыр.*
*Мейкъуапэ къалэ*

*Усэхэр*

## ДЫГЪУЖЬ Къурмэн

### АДЭЖЬ ЩӀЫНАЛЪЭМ

ЩӀым и емыкӀу къыстемыхуэну,
Нобэрей махуэм сылэжьащ,
СыхигъэщӀауэ мэкъуауэным.
Дыгъэми дэгъуэу сэ сижьащ.
Зи хьэлэлагъыр мыкӀуэщӀыжу,
Мо псынэ щӀыӀэм сыӀухьащ.
СхуигъэтӀылъа къарухэм щыщи
СыщеӀубам къызитыжащ.
Си Хэку и псынэм нэмыщӀауэ,
АтӀэ, сэ хэт сызыхищӀэнт?
Си Хэку и псынэм нэмыщӀауэ,
А фӀыгъуэр хэти къысхуищӀэнт?
Гуапагъ мыухкӀэ сэ къызэтэу
Мы си щӀыналъэ икъукӀэ хейр,
Сыхэлъщ мэкъупӀэм, щӀыр си щхьэнтэу,
Ешар Ӏэпкълъэпкъым сщӀэуэ хеш.
Адэжь щӀыналъэм нэмыщӀауэ,
АтӀэ, сэ хэт сызыхищӀэнт?
Адэжь щӀыналъэм нэмыщӀауэ,
А фӀыгъуэр хэти къысхуищӀэнт?
Мы жьыбгъэ цӀыкӀури мэӀущащэ:
«Ешащ мэкъуауэр, зегъэпсэху».
Си напэм ари къодэхащӀэ,
Сыжей къыфӀощӀри, мэхъур щэху.
Си хэку и жьыбгъэм нэмыщӀауэ,
АтӀэ, сэ хэт сызыхищӀэнт?
Си хэку и жьыбгъэм нэмыщӀауэ,
А фӀыгъуэр хэти къысхуищӀэнт?

### ТЕНДЖЫЗ ФӀЫЦӀЭР

СыныӀухьэмэ тенджызым,
Нэм икӀауэ зеукӀыж,
Зэми гур зыщӀигъэузу,
Бгы нэпкъ лъагэм зыфӀедзэж.
ТенджызыщӀэм бэлыхьлажьэр
Щыхъеящи, мэгуӀэж.

Сыту пIэрэ щыхъэр лъащIэм?
Мы тенджызыр мыувыIэж.
И пэжыпIэр хэт зымыщIэр? –
Куэд адыгэм ишэчащ.
Адыгэгуу тенджызыщIэм
Хейуэ куэд щIэтIысыкIащ.
Адыгэгур къоуэ,
Сыплъэм –
Толъкъуныжьхэр къоублэрэкI.
Адыгэгум бампIэу дэлъым
Тенджыз ФIыцIэр кърехуэкI.

## IУАЩХЬЭМАХУЭ

Уэ уи лъахэм
Сэ сыкъыщалъхуати,
Iуащхьэмахуэ-дадэр угуфIащ.
Укъыстепсэпсыхьу
Дыгъэ нуркIэ
Псэр бгъэгуфIэу
Уэ Iэ къыздэплъащ.

Си щхьэр гъащIэм
ЩыхуэсIэта махуэм,
Iуащхьэмахуэ,
Уэ сыбдэплъеящ.
Пщэдджыжь дыхьэрэныр,
Уафэ къабзэр
Япэу уи щыгу уардэм
Теслъэгъуащ.

Бичесын сыщихьэм
Iэхъуэ цIыкIуу,
Iуащхьэмахуэ,
Уэращ къыспежьар.
Угъурлыгъэр къищу
Уи нэгу дахэм
Япэу уэ фIэхъусыр
Къызэпхащ.

Iуащхьэмахуэ,
Сызэфэну псыри

Къабзэу, уэру
Уэ къысхуэбгъэжащ.

## СЫПЭЖЫЖЬЭЩ КАВКАЗЫМ

Жэщщ.
Кавказым сыпэжыжьэщ.
Уафэм вагъуэхэр пыблащ.
Сэ ныщхьэбэ си хэку дыщэм
И хьэуар къысIурыблащ.
МафIэ гуэри гуфIэпсыжу
Жыжьэ дыдэу къыщонэху.
Ар къысфIощIыр сриджэжу
Iэ къысхуищIу Iэдииху.
Зы вагъуэшхуи нур пылъэлъу
Уафэ лъагэм иржащ.
Сехъуэпсауэ сыкIэлъыплъу
Ар Кавказым щепсыхащ.

## КАВКАЗ

Сэ хьэфизу сыкъалъхуауэ
Щытыгъам, Кавказ,
Слъагъун папщIэ Iуащхьэмахуэ
Си нэр къэплъэжынт.
Сэ сыдэгуу сыкъалъхуауэ
Щытыгъам, Кавказ,
Уи псы уэрхэм я уэрэдым
Зэхэсх сищIыжынт.
Сэ сыбзагуэу сыкъалъхуауэ
Щытыгъам Кавказ,
Уи уэрэд жысIэным папщIэ
Сыкъэпсэлъэжынт.

## ЩIЫ IЭМЫЩIЭ

СыуIэгъэ хьэлъэу фыкъысIущIэм,
Фымылъыхъуэ хущхъуэ къысщхьэпэн,
АдыгэщIым щыщу щIы IэмыщIэ
Си уIэгъэм тефлъхьи сыхъужынщ.

Сысымаджэ хьэлъэу фыкъысхуэзэм,
Фымылъыхъуэ хущхъуэ къысщхьэпэн.
Ди Псыжь уэрым щыщу зы ткIуэпс закъуэ
Си Iум ехмэ сыкъэтэджыжынщ.

## СИ ЩIАЛЭГЪУЭ

Ит лъагапIэм, си щIалэгъуэ,
ЩIы ныбжьэгъу уэ жьыбгъэр.
Жьыбгъэр щIалэщ сыт лъэхъэни,
ЗыхимыщIэ жьыгъэ.

Мо пшэ хужьхэу бгыщхьэм итхэм
ЯдэщI ныбжьэгъугъэ,
Пшэхэр гъащIэм игъэтхъуами,
ЗыхамыщIэ жьыгъэ.

Си щIалэгъуэ, ит лъагапIэм,
Ар уэ щIы быдапIэ,
Жьыгъэм уэ укъигъуэтынкъым.
Жьыгъэр бгым дэкIыфкъым.



## СИ ГУР

МакIуэ, макIуэ мафIэгужьыр,
Жэщыр зэпхритхъыу.
ЛъэныкъуитIым мафIэ хужьхэр
Дыщэ хьэдзэу щипхъыу.
МафIэгужьыр макIуэ папщэу,
ЗикI зимыгъэпсэхуу.
МафIэгужьыр кIэлъопIащIэ
ИпэкIэ идз нэхум.
Дэхъуу рельсым шэрхъ теуIуэм,
Си бгъэм къоуэ си гур.
Сэ къысфIощIыр си гурауэ
ЗыгъакIуэр мафIэгур.
УмыувыIэ си щIалэгур,
Месыр, ди мафIэгум
Кърихауэ нэхур джатэу
Жэщ кIыфIыр еупщIатэ.

## УЭШХ НЭУЖЬЫМ

ДыкъикIыжырт
Губгъуэм дызэгъусэу,
Дэ уэшхышхуэм
Дыщыхиубыдам.
Хэмылъыжу щыгъынхэм
Джылъ гъущэ,
ДыкIуэрт
Ди Iэр зэрыдгъэубыдау.

А уэшх иныр,
СощIэжыр, тфIэмащIэт,
Дэ дыгуфIэт,
Ину дыдыхьэшхт,
IэгукIэ къэдубыдурэ
ТкIуэпс пIащэр,
Уэрэ сэрэ
Тыгъэу зэIэпытхт.

Уэшх нэужьым
Сэ уэ сыныщоплъым,
Щхьэц баринэм
ТкIуэпсхэр пылыдыкIт.
Пщэдджыжь розэу
Уэсэпсыр зыпылъым
А дакъикъэм
МинкIэ уедэхэкIт.

## МЭЗЫМ

Мэз щэхум дыхэгъэдаIуэт,
Си дахэ, сыт а зэхэсхыр?
ЗыщIыпIэ хьэлъэу къыщоIур
КIыгуугум и тхьэусыхэр.
Закъуагъэр зылъэIэс псори
ГущIэгъу имыIэу хегъащIэ.
Ныщхьэбэ уэрыншэм сэри
Сихьынут закъуагъэм, сощIэ.
КIыгуугу щхьэ закъуэм и макъыр
Си щIыфэм щIыIэу ирожэ.

Зыкъызидзыну закъуагъэм
Щэхуурэ сфIощI къыскIэлъыжэу.
Си псэ, уэ уи Iэр къызэтыт,
Закъуагъэм сэ сыщошынэ.
Закъуагъэм димыгъуэтыну,
Дэ дыхэгъэхьэ мэз иным.

## АДЫГЭ ПЩАЩЭМ

Уитащ зэгуэрым гъащIэм и лъагапIэм.
Уэ тхьэIухуду уалъытэу щытащ.
Ди щIалэ жанхэм уэрат я хъуэпсапIэр,
Уэр папщIэ куэдым куэди ялъэкIащ.
АдыгэлI хахуэу пэжыгъэр зыхэлъырщ
Уи деж зи шылъэ нэзыхусыфар.
Уэ къыпхуэфащэрт уи гум IэфIу хэлъыр
Жэщ кIыхьхэм фадэм хуэдэу изыфар.
Уэрати зи нэмысыр лъагэ дыдэу
ЦIыхубэм шыпсэ куэдхэм щаIуэтар!
Уэрати адыгэщIыр зэрыпагэу,
Сэтэней гъагъэу ди щIыгум итар!
Иджы уэр-уэру укъехащ лъагапIэм.
Мы пэш зэв цIыкIум щхьэ укъыщIыхьа?
Мыр тутын Iугъуэщ, мыбдежыр ефапIэщ.
ЛъагапIэ къабзэм уэ щхьэ укъеха?!

## ЛЪЭIУ

Адыгэм папщIэ зыми сыщысхьакъым,
Къарууи гуащIи сэ щызмыгъэлъа.
Сэ уи зы махуи пщIэншэу есхьэкIакъым,
Хьэлэлу пхуэлIыщIащ уэ сигу къэплъар.

Лэжьэныр дэни сэ щизгъэщырт япэ,
Хуэмыхуу уи къуэр цIыху имылъэгъуа,
Уи адыгагъэр дэни щызгъэлъапIэт,
НэгъуэщI насыпи сэ къэзмылъыхъуа.

Сэ абы папщIэ фIыщIэ сыщIэлъэIукъым,
ФIы сщIамэ, си адыгэ, уи хьэтырщ.
Зэшыбэ лъэпкъхэм уи щIыхьыр езгъэкIуу,
Нэхъ хьэлъэри сIэтыну сыхьэзырщ.



2 Заказ №2723

Мы щIылъэм теткъым зимыIэ зы пIалъэ,
Сэри си пIалъэр зэгуэрым къэсынщ.
ИкIи аращ щIыжысIэр си лъэIу псалъэр,
Схуэфащэщ сэ мы тIэкIухэр къыслъысын:

Зы жэщ кIыфI гуэрым ди къуажэ сыщыIэу,
Щхьэгъубжэм Iут гъуэлъыпIэм силъу сэ,
Ди бгыжьхэм ис жьындур макъ жагъуэ щIыIэу,
Сэ къызреджэ щыстыжынум псэр.

Уэ сынолъэIур, къуажэм и нэхулъэм
Щыщ тIэкIукIэ си хьэдащхьэри гъэпскIыж,
Хъумэрэныжь и уафэм ит пшэ хужьхэм
Щыщ тIэкIу джэбыну уэ къызэшэкIыж.

Си Iеи, си фIи зыми жремыIэ,
Ефэнды гуэри тхьэ схуремылъэIу,
Си кхъаблэр зыхьхэр тIэкIу фызэтеувыIи,
Сэ си хьэтыркIэ Псыжь уэр фыщIэдэIу.



## АДЫГЭБЗЭ

Черкесск уфIэкIамэ адыгэбзэм
Ухуеижкъым жызыIи къахокI.
Пэжу урысыбзэр, англыбзэр
Къэрал куэдым гъуэгушхуэу щыпхокI.

А бзэхэм яIыгъыурэ си Iэпэр
Хыми щIыми сызэпрашащ.
Ахэр бейхэщ икIи хуабжьу гуапэщ,
ЩIыхуфI куэди ныбжьэгъу къысхуащIащ.

Ауэ адыгэбзэм сэ схуилэжьыр
ХулъэкIыну теткъым зы бзэ щIым —
Сыщалъхуа къуажэжь сыдэзышэжыр
Адыгэбзэрщ, ар сытым пэсщIын!



*Адыгэ лъэпкъ культурэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIахэм ящыщщ тхакIуэ, щIэныгъэлI МафIэдз Сэрэбий. Езыр мыпсэужми, абы и IэдакъэщIэкIхэм ноби щIэупщIэшхуэ яIэщ. И романхэмрэ повестхэмрэ абы Iэзэу къыщигъэлъэгъуэжащ ди лъэпкъ тхыдэр, адыгэм и щыIэкIэ-псэукIэр, и гурыгъу-гурыщIэхэр, и мурадхэмрэ и хъуэпсапIэхэмрэ. КъытщIэхъуэ щIэблэр фIым щIэпIыкIынымкIэ, хэкупсэу къэгъэтэджынымкIэ къэлъытэгъуейщ абыхэм я мыхьэнэр. Арауэ къыщIэкIынщ МафIэдзым и тхыгъэхэр (ахэр тхылъ щхъэхуэурэ къыдэкIа щхъэкIэ, тыкуэнхэм щыбгъуэтыжынукъым) ди журналым къытеддзэну адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ езыгъэджхэм дэ щIэх-щIэхыурэ зыкъыщIытхуагъазэр.*



*Мы къыдэкIыгъуэм тыдодзэ тхакIуэ щэджащэм теухуа тхыгъэ кIэщIрэ и IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэм ящыщ «Шыдыгъу» повестымрэ.*

* * *

*МафIэдз Сэрэбий Аруан районым хыхьэ Джэрмэншык къуажэм 1935 гъэм январым и 23-м къыщалъхуащ. Къуажэ школ нэужьым, 1950-1954 гъэхэм, Налшык дэт педучилищэм щеджащ. Ар къиухри, пэщIэдзэ классхэм щригъэджэну я къуажэ игъэзэжащ. Зы илъэс фIэкIа мылажьэу, КъБКъУ-м урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ щрагъэдж и къудамэм 1955 гъэм щIэтIысхьащ.*

*Университетым щыщIэсам щыгъуэ МафIэдзым къыхихакIэт илъэс куэдкIэ къэхутэн хуей темэр – адыгэхэм пасэ зэман лъандэрэ зэрагъэпэща дуней лъагъукIэр, къадэгъуэгурыкIуа Iуэху бгъэдыхьэкIэр, адыгэ хабзэр. Ар икъукIэ темэшхуэт, щIэи гъуни зимыIэжт. Сыт хуэдэ къэхъукъащIэми адыгэхэм екIурабгъу къыхуагъуэтыфырт. ИкIи МафIэдз Сэрэбий емышыжу зэхуихьэсыжу, иджу щIедзэ ди адэжьхэм я фэ зэтпль нэпкъыжьэхэр. А лэжьыгъэр нэхъ хэкъузауэ МафIэдзым иригъэкIуэкI мэхъу ар Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щIэныгъэрылажьэу щыкIуа 1969 гъэм къыщыщIэдзауэ. Зэман куэд дэмыкIыу этнографиемкIэ къудамэм и унафэщI къулыкъур къыхуагъэфащэ, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институт ящIа а IуэхущIапIэм и щIэныгъэрылажьэ нэхъыжь мэхъу.*

*Миклухо-Маклай и цIэр зэрихьэу Мэзкуу этнографиемкIэ дэт институтым и кандидат диссертацэр щыпхегъэкI 1974 гъэм. Ар зытеухуар адыгэхэм сабийхэр гъащIэм, псэукIэм зэрыхуагъэхьэзыр*

*Iэмалхэрт. Нэхъ кууэ а темэр иджу щIедзэ Сэрэбий. Абы и щыхъэтуи къэхутэныгъэ лэжьыгъэ зыбжанэ дунейм къытрегъэхьэ, 1989 гъэм «Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор» цIэри къыфIащ.*

*МафIэдз Сэрэбий ди республикэм щыцIэрыIуэ еджагъэшхуэхэм ящыщу щытащ. Абы къыдэкIуэуи ар тхакIуэ гъуэзэджэт. МафIэдзым и тхыгъэ купщIафIэхэр куэдрэ къытехуэрт «Iуащхьэмахуэ» журналым, газетхэм, тхылъ щхьэхуэуи къыдэкIхэрт. Абыхэм наIуэу къагъэлъагъуэрт МафIэдз Сэрэбий езым и темэ, и хъэтI иIэжу къэбэрдей литературэм къыхыхьа тхакIуэу зэрыщытыр. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ рассказхэр, повестхэр, романхэр. Абыхэм ящыщщ «ЩакIуэм и хъэщIэ», «ЩIакIуэ фIыцIэ», «Шыдыгъу», «ХъэщIэ махуэ» повестхэр, «Гъыбзэ хуэфащэт», «Мыщэ лъэбжьанэ» романхэр, нэгъуэщIхэри. Мис ахэри, тхыдэм теухуа и лэжьыгъэшхуэхэри къалъытащ МафIэдзым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтхэр къыщыхуагъэфащэм щыгъуэ.*

*Тхыдэ щIэныгъэм хэлъхьэныгъэу Сэрэбий хуищIар къыпхуэмылъытэным хуэдизщ, псом хуэмыдэу этнографием. Монографиеу 6 къыдигъэкIащ, щIэныгъэ тхыгъэу 40-м щIигъу и къалэмыпэм къыщIэкIащ. МафIэдзым и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм куэд къызэщIаубыдэ – лъэпкъым къыдекIуэкI дауэдапщэхэмрэ джэгукIэхэмрэ къыщыщIэдзауэ адыгэ этнографием щыщIэкIыжу. Къапщтэмэ, 1994 гъэм абы къыдигъэкIа «Адыгэ хабзэ» тхылъыр а темэм ехьэлIа къэхутэныгъэхэм я нэхъ лъэщу къалъытащ.*

*Адыгэ тхыдэм, литературэм лъэужьыфI къыхэзына МафIэдз Сэрэбий 2007 гъэм дунейм ехыжащ.*

МАФІЭДЗ Сэрэбий

# ШЫДЫГЪУ

*Повесть*

Зэхэзыхым яфIэтелъыджэт дыгъуэсжэщ къэхъуар. Дамыщыкъуэ Жанхъуэт и уанэш ахъырзэманыр ядыгъуащ. АдыгэлIыр ткIийщ, жаIэ. Ауэ ар и уанэшым едэхащIэу, абы и пщэм Iэ дилъэу хэт илъэгъуа? Апхуэдэу IэфIу дыгъужь анэри и шырым ебзейркъым, фызыжь гумащIэри и пхъурылъхум едэхащIэркъым, лIым я нэхъ гъущIыпэри «узиIэу», – кърихыу и ныбжьэгъу и дамэ теуIуэркъым. АдыгэлIыр гу быдэщ, жаIэ. Хэт и нэгу щIэкIа зи уанэш ядыгъуам хьэзабрэ зэгуэпу игъэвыр? Шы пфIадыгъуныр мылъку пфIэкIуэд къудейкъым. Ар напэтехщ, лIыгъэншагъэщ, емыкIущ, хабзэм къемызэгъщ, щхьэпудыгъэщ.

Адыгэшыр адыгэлIым и щIэлъэныкъуэщ. Щауэ мафIэу уанэгум исыр зы зауэлI ес закъуэщ, шы имыIэжмэ. Сытми зыхуигъэныкъуэнщ, ерыскъынши унэнши зищIыфынщ адыгэлIым, иш зыхуей хуигъэзэн, ихъумэн щхьэкIэ. Iуэхугъуищ щыIэщ адыгэлIым ущIигъэщIэхъу: епIуэкIыпами, залымыгъэкIэ къытумыхауэ къуимыт – и пыIэ, и Iэщэ зэрихьэ, и уанэш. Шы гъэсам пэув къэхъуакъым. АдыгэлIым Iэмал гуэр къызыхуимыгъуэтыр мащIэщ. Ауэ кIуапIэ-жапIэншэ, хэкIыпIэншэ щыхъуам и деж абы и шыр и IэкIэ еукIыж, абы къуотIысхьэри, хьэзыру иIэр иухыху, и фочыжьыр баш папщIэ хъуху, зехъумэж, итIанэ къамэ дзитIыр IэщIэлъу и щхьэр – и пыIэр ет. Адыгэшыр лыгъэми псыми къигъэувыIэнукъым. Абы зригъанэмэ, адэкIэ гъуэгу щымыIэжу аращ. Зэгуэмыудауэ абы щхьэх ищIэркъым. Гъуэгуанэ хьэлъэм ар щыбланэщ, къуакIэбгыкIэ къуейщIейм, джабэ задэм ар щыбжэнщ. Хъыбар щIагъуэ щыIэщ, уегуакIуэмэ, адыгэлIым и шым щхьэкIэ и нэ лъэныкъуэр ирыригъэщIыжауэ. Шыр чэнджэщэгъу губзыгъэщ, и бзэ мыпсалъэми, гъусэ жыIэщIэщ, ар къыбдогуфIэ икIи къыбдогузавэ. Уиш къеIам къуимыщIа къигъэнакъым. Абы щысхьрабгъу иIэкъым.

Зэ закъуэщ адыгэлIыр арэзыуэ иш и жагъуэ щригъэщIыр – щригъэсэкIым и деж. Ари Iэмалыншагъэщ: алащэр зэпIэзэрытщ, хакIуэм хуэдэу дрийпсрийкъым, жагъынкъым, шы илъэгъуамэ, псори щыгъупщэжу ещыщынукъым, хэIущIыIу уищIу. Аращ ар къэзышэр. Абы щыгъуэми и шыр хъужу, сапсауэ ежьэжыхукIэ адыгэлIыр абы и пщылIщ, и лIыщIэщ, зигъэзэхуэжыну, фэбжьыр лажьэ имыщIыну хэтщ. УпщIэм я нэхъ щабэр абы и шыщIагъщIэдзщ, уанэгущхьэнтэ икуэр щыхьыц жьыху мыпцIэщ, уанэпхъафэ дыдэри бзиихущ, лейуэ зы масти тралъхьэркъым е кIэращIэркъым. УегуакIуэмэ, шыбгым щисми адыгэлIым абы зытреIэтыкI.

ШыгъэцIывыр адыгэхэм зэи яIакъым. Ар япэ дыдэ щалъэгъуам, жаIэ адыгэлIхэр яшхэм щхьэкIэ укIытауэ. ЩIопщ къудейр къащти дахэщ, екIущ пIыгъыну икIи ар фащэм хыхьэ мыхъумэ, Iэщэкъым. Адыгэш щIопщ уэгъуэ ирадзамэ, емызэгъ гуэр, лIымрэ шымрэ я зэ-

хуаку дэлъ хабзэ гуэр IэщIэгъупщыкIауэ, имыгъэзэщIауэ аращ. ЩIопщыр губгъэнщ, тезырщ. Абы шы гъэсар зэгуигъэп, гугъу иригъэхь, щхьэжэ иригъэщIу иригъэш, игъэпщ мыхъумэ, игъажэркъым.

Адыгэшыр куэд и уасэщ. ИкIи ар нэхъ лъапIэху, нэхъ цIэрыIуэху, ар зыдыгъуфым нэхъ лIыгъэ иIэщ, нэхъ дыгъужьыгур кIуэцIылъщ. Къащти, дыгъуэш-дыгъуэлIым пщIэ лъэпкъ хуащIыркъым адыгэхэм. Ауэ шыдыгъум... Ялъагъу хъуркъым, итIани, зыхуагъэфэрыщI, щIыкъатиблкIэ щIагъэлъэдэнут, итIанэми, пщIэ хуащIу, и Iэр яубыд, дофэ, дошхэ. Абы щошынэ, я дзэхэр хузэрагъэшх, фIолIыкI, абы щыгъуэми, зэрыпсэмышынэр ябзыщIыркъым. Абы къыхэкIащ, уеблэмэ, хъыджэбз жьэнахуэ, бзаджэ цIыкIухэм гушыIэм къыдэкIуэу щIалэ укIытэх, зытегушхуэн къаIэрыхьамэ, зэгуагъэпын, утыку къащIын щхьэкIэ ирахъуэн: «Еууей мыгъуэ, жэм нэхъ мыхъуми къыпхуэдыгъуакъым уэ иджыри къэс», – жыхуаIэр. Абы къикIыркъым: анэ мыущий-адэ мыущий, хьэ Iэпашхэлъэпашхэу, дыгъуэу уежьэжакъым, хьэжьвакъэжьыш ухъуакъым. Ар икIагъэщ, щхьэпудыгъэщ лъэпкъым дежкIи, хэт дежкIи. Абы кърахыр ушынэкъэрабгъэщ, уанэш иумыкуфми, жэмым ещхьу Iэсэ хъуауэ зы шыжь яутIыпщыжа нэгъуэщIым и бо къыщIэпшыфакъым, – аращ.

Дауи, Дамыщыкъуэ Жанхъуэт и шыр зыдыгъуам лIыгъэншэ фIэзыщын щыIэну къыщIэкIынтэкъым. Ар Iэджэми Iэджэу хуагъэфащэрт. Нэхъ трагъакIуэр Къэбэрдей псом щыцIэрыIуэ шыдыгъу Iэзэ Темыркъант. Абы щхьэусыгъуэ гуэрхэри иIэу жаIэрт, ауэ сыткIэ къэбумысын? Жанхъуэт и пцIэгъуэплъым езыкуар цIыкIуфэкIум къигъэхэшэнукъым. КъэбгъэIуэщхъуну яужь уихьэмэ, уи щхьэр фIихыныр бетэмалщ. Апхуэдэ IуэхукIэ угушыIэнри блэ ундэрэщхъуа джабэкIэ бгъэхуэбэжри зыщ. Тхьэ яIуэри далъэфэхыж, Жанхъуэт и пцIэгъуэплъым щхьэкIэ нэгъуей хъан гуэрым дыщэ ахъшэ тумэн тIощIрэ пщIырэ гъэкIэрэхъуауэ езыр зытеса шым къытрилъхьэу иримытауэ. Ахьей, а шы цIэрыIуэр зыIэрыхьам щэхуэгъу игъуэтын. И жьэ къыжьэдагъэкIынкъым. СлIо, иджырей шыдыгъухэр, атIэми Темыркъан хуэдэхэр, дамыгъэ къутэжын, хэгъэгъуэщэжыным апхуэдизкIэ хуэIэзэжь хъуахэщи, тетаи-темытаи. Шы лъабжьэр зэрыхуейм хуэдэу ягъэтхъу, тхьэкIумэ дзасэр ягъауэ, тхьэкIумэ гуэлэлыр кърасэж. ЯмыщIэ щыIэкъым. Ауэ Жанхъуэт и шыр мыбдежхэм къыщызэтрагъэувыIэнкъым. Ар зыIэрыхьар зэ унэгъуэу унащ. Хым иригъэсыкIынщ, Арысей пхащIэ ишэнщи – уи ней щыхуэ итIанэ. Аращ ар зэрищIынур, дауи. Дамыгъэр дауэрэ ямыкъутэжами, пцIэгъуэплъыр куэдыIуэм яцIыху, абы щхьэкIэ хашэу, ар мылъку хэхыпIэ ящIыну хузэпещэнури мащIэу къыщIэкIынукъым.

* * *

Жылэм, дауи, къыдэкIагъэнщ Жанхъуэт и шыр зэрадыгъуар зи гуапаи, абы щIэнэкIаи. Зыкъомым къызэралъытамкIэ, Дамыщыкъуэ и къуэжьыр адыгэ хабзэм пэувыну, абы зыгуэрхэр зэрихъуэкIыну мурад ищIати, и пыIэкур къыхураудащ, и Iэпэм ирагъэдзэкъэжащ. Илъэс ныкъуэ япэIуэкIэ, зиш дзыхь тезымыщIэхэр зэхуэсат, шыдыгъур етащ, кIуэтэху нэхъыбэ мэхъу, адрей къуажэхэм зэращIым

ещхьу, дэри ди Iэшэлъашэм нэхъ щызеуэ дыгъуэш-дыгъуэлIхэм хьэкъ яхузэхэдвгъалъхьи дагурывгъаIуэ ди мылъку къемыIусэну, тфIэкIуэдри къытхуагъуэтыжыну е къытхуапшыныжыну, аращ иджы къаубла хабзэр, жаIэри. АрщхьэкIэ Жанхъуэт яхуидакъым.

– Удын зэхэдзэ нэхърэ Iыхьэ зэхэдзэ, жывоIэ, ы? – дыхьэшхащ ар. – Дыгъужь мэлыхъуэм хьэкъ, сэджыт, бытыр! Си адэу дунейм ехыжам и цIэмкIэ сIуэнщ мы уафэм и щIагъ къыщIумышын адыгэ фIэкIа ар и щхьэ къэкIыну. Уэр папщIэ бэр дыкъызэхуэсауэ мызыгъуэгукIэ уи пэр щIым пхущытхуэу аращ, ауэ мывэIэгурыхъукIэ удукIыркъым. ДяпэкIэ цIыхур зэрылажьэу зэрышхэжым ещхьу упсэунумэ, уи нитIым хъуаскIэр къыщIедгъэх нэхъ зэран уэтщIэркъым, егупсыс абы, жетIэн и пIэкIэ, афэрым, ди шынэхъыщIэ, гъуэгу тэмэм утетщ, адыгэлI хуэдэу ущытщ, къыдэдыгъу, плъэкI къыумыгъанэ дяпэкIи, ауэ мыри лей хъункъым, уи Iупи Iуиудынкъым, тфIэбдыгъум дызэхуэарэзыуэ телъхьэ ныхудощIри, зумыусыгъуэджэ. Уи хьэлэлщ, уи анэ узригъэфа быдзышэу. Иджыри къэс дыноуэу зэшэзэпIэ ущыдмыщIакIэ, абы и нэмыщIыжауэ мыри ныщыпхущIыдгъукIэ-тIэ, пIырегу, дызэгурыгъаIуэ – егъэлеяуэ укъыдэмыIэ. Дауэ щымытами, дызэхуэдэ муслъымэнщ, дызэхуэдэ адыгэщ, адыгагъэ тIэкIур мыIейуэ жаIэу щытащ пасэрейхэм. Мэуэ икIуэрабгъуу, умыгъэузыщэу. Уэри зэзэмызэ жей, дэри дыгъэтынш. Псори пхузэщIэкъуэнкъым. Хьэуэ къыхэбгъэкIмэ, уи Iэпэ-лъапэр шхэрэ – узэсэ сэгъейщ – абы щыгъуэ хэт иш ухуейми къэдыгъу, ауэ ди шэщ щIэтхэм укъемыIусэ закъуэ. Хьэкъ уэттар уи гуфIакIэ дэлъщ, зы мэлыфэ тIэу трахыркъым, уи хьэлэлщ, жытIащи дыхущIегъуэжыркъым, уегуакIуэмэ, Псыхуабэ щифыж, нэхъ къапщтэмэ, Тэрчкъалэ куэпэчхэм ятегъэкIуадэ. Дэ абы дыщIэфыгъужыркъым икIи дыщIэнэцIыжыркъым. Дызытешыныхьыр уэттами тфIэпшхами укъыщцыфIыкIыу нэхъри нэпсей, хьисы ухъуу хьэщэхурыпхъуэм хуэдэу укъыдэIэмэ, жыдоIэри аращ. Абы щыгъуэ пщIэну щыткъым, дящыщ гуэр жейм емызэгъыу урихьэлIэу, кIыфIым абы уэ адрей хьэкъ зэдмытахэм укъыхицIыхукIыфрэ – къэуалыжьыр уи натIэ къищIынри зыми хуэIуакъым. Абдежым – къытхуэгъэгъу. Зы гыныгъуэ щхьэкIэ тхьэмыщкIэу ежьэжын къытхэткъым. Уи нэм къеIэмэ, и псэм еIэ, жаIащ а нетIэрей пасэрейхэм. Абы напэр зищIысри тIэкIу уигу къигъэкIыжынщ. ПщIэну щыткъым – абдеж уаукIыпэнкIи хъунущ. ИтIанэ утыншыжауэ бжы, уIэгъэ уащIрэ – ари уи насып джэшщ. Зыгъэпсэху, хэт ищIэрэ узыщIэгупсысыкIыжыпэу цIыху ухъужынри хэхакъым. Ауэ къыптрамыгъахуэм е фочыжьыр бзэщхъурэ уаIэщIэкIмэ, етIуанэрей гъуэгужьщи, уунэхъуащ: е къэвдыгъуар фхузэрымыгъэгуэшыжу уи ныбжьэгъу гуэрым узыIэщIилъхьэжынщ, е бэлэрыгъа пфIэщIу зэпкуа гуэрым укъытригъэбэгэнщ. Дапщэрэ къимыхущыхьами, аращ дыгъужь хьэщхьэрыIуэм и натIэр...

Жанхъуэт псэлъэнкIэ Iэзэт. Ар тIэкIу щызэпыум, Адэмыр, гушыIэрэ и фIэщрэ къыпхуэмыщIэу, жиIащ:

– Уа, Жанхъуэт, а шыдыгъухэр дэ дыкъэзыгъэщIам къигъэщIащ, ахэри шхэн, псэун хуейщ. Уэр дыдэм убзыщIыркъыми – тыншкъым абы я гъащIэр. Псэ зыIут псори зэщхьщ: я ныбэ измэ, щхьэхы-

нэщ, я ныбэ нэщIмэ, жыджэрщ. Танэ цIыкIу зырыз... СлIо, Iэщ, мэл щыщыIэкIэ, дыгъужьи щыIэнщ...

– Дауэ, дауэ, тхьэр зи ужь имыувэн, нэхъ иныIуэу упсэлъэфыркъэ? – жиIащ Мусэ дэгу. Ар икIи бзэгурэф мащIэт.

– Тхьэ гуIэ, Адэмыр жиIэм сэ пэж хызолъагъуэкIэ, – къахэпсэлъыхьащ зэгуэр зрапэсу зыхагъэхьэу щымытами, шыдыгъу цIэр зытеIукIа Хьэмырзэ. – Абы нэхърэ нэхъ шынагъуэрэ нэхъ IэщIагъэ хьэлъэрэ щыIэ сытми. ВакIуэр и нэ илъагъуху мэлажьэри, жэщым зегъэпсэху, и хьэуазапIэ егъащхьэ, Iэхъуэм былымыр игъэзэгъэжамэ, нэху щыху зэрегуакIуэщ. Мыр... Умышынэу нэгъуэщIым и шэщым ущIыхьэу уанэш къыщIэпшын жыхуэпIэр. Ар зыгъэунэхуам...

– Ыы, бгъэунэхуащ си узыгъуэ лажьэ. Вым ещхьу, зэрышыр бжьакъуитI зэрытемытымкIэ къэпщIэф къудейуэ хьеуаныжь гуэр къэбыфэ хъужауэ КъалэкIыхь бэзэрым мыжьыкъым я деж къыщищэхуащи...

– Лъаркъэ мы Мусэ кхъуэ дэгум и тхьэкIумэр жан хъужауэ, и бзэгу щэлъахъэ илъ хуэдэ зэрызелъафэу къиужьгъыр. Тхьэр згъэпцIащ, а уи цыджаным къакIэрыхуа брулыжьым шыдыгъу сщIэркъым, хьэIуцыдз къудей еIусэмэ, жылэм зебгъэщхьу хьэкъ яхэплъхьэну уи щхьэ хъэрахъэм къихьа мыхъумэ! Сыт уэ ущIэгузэвэну узезыхуэр?

– Догуэ, догуэ сыт мы дудакъым аргуэру хъуцацэу къивыр?

– Аращ, мис а зэхыумыхарщ къэзвыр, кхъуэ дэгу, – кIияпщ Хьэмырзэ-шыдыгъу, – ар лIыгъэшхуэщ дэнэ, уанэш къэбдыгъуну. Тхьэ гуIэ иджы куэдым япхъу яхуэмыхъумэж, яш зэрахъумэм ещхьу, – къэщIэгъуейщ а яужь къыжьэдэлъэта псалъэхэр Хьэмырзэ-шыдыгъу хуейуэ жиIарэ имыщIэжу губзыгъагъэшхуэ фIэкIа нэгъуэщI къримыхыу къыхилъхьарэ, ауэ ар занщIэу хущIегъуэжри, и бзэгум едзэкъэжат. Хьэмырзэ-шыдыгъу и гупэм и къамэдзэ жудитIу жьэдэхар тхуалэкIэ къыдэкIуэтеяуэ, зыIуригъэлъэдэнукъэ иджы мыр мыбы, жыпIэну Iэлу Ислъамджэрий лIы къандыргъеишхуэр къихутащ:

– СыкъэзыгъэщIар згъэпцIащ, кхъуэ къуий, уи жьэ фIейхэр пхузэщIэкъуэнумэ, зэщIэкъуэ, армыракъэ «пхъу» псалъэр зэхэпхмэ, узэпхъуэкIыу укъэзмыгъанэмэ! Плъагъуркъэ мы кхъуэ...

– КхъыIэ, мы Алыхьым муслъымэным хьэрэм тщищIа гъуамэм и цIэр...

– Аращ сытми, ХьэжылантIэ, иреубыд мы кхъуэ... хьэ бэгум и жьэ фIейр, хьэвейкIэ псыхьа хуэдэ, – жиIащ Ислъамджэрий, а псалъэ гуемыIухэр ХьэжылантIэ ефэндымрэ Жанхъуэтрэ зэрызэхахым щхьэкIэ щIегъуэжауэ, Iиман къихьыж нэхьей, гъуэрыгъуэу еплъурэ. Ислъамджэрий апхуэдизу къэзыгъэтэмакъар псоми ящIэрти, Iэжьэгъу хъуну зыкъизытIахэми мыдрейхэми ар емыкIу ящIакъым. Уеблэмэ Хьэмырзэшыдыгъу нэхъ къуаншэу къалъытащ: апхуэдизрэ цIыхум и гур щIэгъур къыпэпIэтыныр псэжьыгъэщ.

Ислъамджэрий лIы зэтесщ, уэркъ гуэгъухэм ефIэкIыу унагъуэ хъарзынэщ, хужаIэу жылэм дэст. Ауэ абы и щхьэр и хъыджэбз нэхъыщIэм зэ къыфIэхыгъуэу къыфIихащ: ар фызышэшхуэу здригъэшам зы жэщ фIэкIа щамыгъэIэу гуфэ пцIанэм тесу къыхуашэжащ, и щхьэтепхъуэр жьым трихащ, ягъэпудащ, жаIэри. Лъэпкъым тачтау ящIынтэкъэ, арщхьэкIэ щыхьэт зиIэм сыткIэ упэувыфын, къикI

щымыIэу уасэри иратыжащ, нэчыхьри якъутэжащ. Нобэми Зулий зыгъэулъияр езы тхьэмыщкIэми къахуиIуатэркъым. ХьэжылантIэ ефэндым бзаджэнаджэ уз къеуэлIащ, цIэ къегъэтын хуейщ, – унафэ ищIри пщащэ хъарып цIыкIур хьэзаб мыухыжым хидзащ. ХьэжылантIэ цIэ къызэрыригъэтыр куэдым яригъэлъагъуркъым, зылъэгъуами тхьэ ирегъаIуэ ар ямыIуэтэжыну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы ищIэ, илэжь псори псыхэкIуадэ хъунщ, ар цIыхум хахьэжмэ, кърихьэлIа Iыхьлыхэм нэмыщI нэгъуэщI зыгуэрыр абы щыгъуазэ ящIмэ. Сэбэп хуэмыхъумэ, зыгуэрым и бзэ хуэмыIыгъауэ аращ. А псори Алыхь Iуэхущ. Абы укъимыщIэу зыри пхуэщIэнукъым, зыри къыпщыщIынукъым.

А шынагъэ иным тхьэ яригъаIуэрт икIи яригъэгъэпэжт цIэ къегъэтыкIэр дунейм къытрамыгъэхьэну. Ауэ, итIанэми, абы и кIапэ-лъапэ цIыхум я деж нэмысауэ щыттэкъым. ИкIи абы жахьилыр нэхъри игъэшынэрт, ХьэжылантIэ и зэфIэкIыр Iэджэу игъэбагъуэу. Абы цIэ къимытыну зызэкIуэцIызыгъанэм и Iэбжьанэлъэбжьанэм пхъэ ласкIэ щIигъэлъадэрт, и лъэдакъэм жэзычкIэ еуэрт, и жьэлъэтIанэр къыIуишурэ мастэпэбдз хиIурт. А псор япэм щыIауэ тщIэжыркъым, жиIэу зыгуэрым шэч къытрихьамэ, ХьэжылантIэ и жэуапыр хьэзырт: япэм цIыхум шейтIаныр зытрагъакIуэртэкъым, шынагъэ ягу илът, зинэ ящIэртэкъым, Iэджэ. Бзаджэнаджэм игъэшынащ, жыхуаIэм зы цIэ гуэр къыжьэдитхъыу, ар тхылъымпIэм тритхэу игъэса иужькIэ, ХьэжылантIэ хъужа зыфIищхэри щыIэт. Ауэ Зулий къригъэIуэтэну зи яужь итыр абы къехъулIакъым. ИкIи абы нэхъри ерыщ иригъакIуэурэ хъыджэбз тхьэмыщкIэм гупщIэуз къригъэщтащ. Иджы пшапэр зэхэуэу цIыхухэр зэрызэгъэж нэхъ пIалъэ имыIэу, Зулий унэм къафIыщIожри, къуахъуэ-псыхъуэр къигъэхъейуэ мэкIий: «ХьэжылантIэ къэвмыгъакIуэ! КъэвмыгъакIуэ мыгъуэ, сыхуейкъым!». Ноби апхуэдэщ Зулий. ХьэжылантIэ иджы жиIэр аращ, Зулий хъарыпым и акъыл щызэтемысыжкIэ, абы псори Алыхьым къыхуигъэгъуащ, апхуэдэ щIыкIэкIэ, ар нэхъ къабылу къищтащ, икIи абы зи цIэ ибзыщIым зыкъиумысыжмэ, ар жыхьэнмэм кIуэнурэ Зулий жэнэтым и курыкупсэм къихутэнущ: делэ хъуам гуэныхь телъыжккъым.

Абы сыт щыгъуи ХьэжылантIэ щIигъужырт апхуэдэ къэхъукъащIэхэр куэдрэ бгъэныщкIуну мыфIу. АрщхьэкIэ Хьэмырзэшыдыгъу хуэдэхэм загъэделэIуделафэурэ къажьэгъуэшхыжмэ, нэхъ къащтэ. АбыкIэ нэгъуэщIым и гуэныхь къытрахыуи ящIэркъым. Аращ атIэ, дунеижьыр гуэныхь къэхьыпIэщ.

Апхуэдэ уазым Ислъамджэрий и губжьри езы ХьэжылантIэ и гужьгъэжьри тIэкIу щигъэтIысым, зыгуэрым жиIащ:

– Жанхъуэт, сыт атIэ дыкъыщIызэхуэсам и унафэр? Пэж дыдэу, хьэкъ тыныр жылэ куэдым хабзэ яхуэхъуащ.

– Аракъэ атIэ сэ жысIэр: ди хабзэ дэ зедмыхьэжмэ, хэт тхузезыхьэнур? – зыхуэмышыIэ пщтырафэу, псчэуIу нэпцI зищIри къыхэпсэлъыкIащ Хьэмырзэ-шыдыгъу гуэрыр. Абы адэкIи пищэнут, арщхьэкIэ ар Адэмыр зэтригъэувыIэри, кърригъэжьари жьэдигуэжыну хыхьащ:

– Уа, Хьэмырзэ, сыт хабзэ? Дэнэ къипха? Дапщэщ ар хабзэ щыхъуар? Хабзэ жыдоIэри сыт хуэдэ бзаджэнаджагъэри ди хабзэ дахэмкIэ щIыдоуфэ. Хьэмырзэт иджы хабзэ къэзымыублэжар...

– УтемыгуплIащэт, укъытримычыт уэри, Адэмыр, – жиIащ иджыри къэс псалъэмакъым хэмыхьа ХьэщIэхуэфI Мысост. Ар лъхукъуэлIым къыхэкIами, лIакъуэлIэш куэд къызэзынэкIа лIы пхъашэт, мышынэт, зекIуэлI шу закъуэу, щакIуэ ахъырзэману къэгъуэгурыкIуэрт, абы и адэшхуэ Дамыщыкъуэхэ я пщIантIэдэт – азату щыта Жанхъуэт и адэшхуэр дунейм щехыжым щхьэхуиту иутIыпщыжам, и лIыгъэм, и зэфIэкIым щхьэкIэ, и Iуэхур имыгъэтIылъауэ пищэу, игъэбагъуэу. Мысост я лъэпкъ хабзэу уанэш дэгъуэ иIэт, арат ар мы гупым щIызыхашари. Абы инэмыщIауэ, ар шыдыгъухэм ятеплъэ хъуртэкъым, мызэ-мытIэу яжьэхэуат, я лIыгъэм нэмыщIауэ я хьилэшыгъэри здынэсыр ищIэу, щрагъэлейм и дежи зарыгъэцIыхужу.

ХьэщIэхуэфIым и къэпсэлъэкIэмкIэ Хьэмырзэ-шыдыгъу къыдэщIыну арат. Ар Дамыщыкъуэ Жанхъуэт игъэщIэгъуащ. Мыбы кърихьэлIа псоми ар нэхъ зыщыгугъар Мысостт, кърыгъэжьар къыдиIыгъыну, къыдиукъуэдиину. Япэхэм шыдыгъухэм щхьэкIэ езы Жанхъуэти хьэкъ иту щытат, ар бэзэр Iуэху имыщIу. Ауэ хамэ къэралхэм зи шылъэ нэзыхуса, ипщэри ищхъэрэри, къуэкIыпIэри къухьэпIэри зэлъэзыгъэIэса Мысосткъэ ар щIэзыгъэдэIуар адрей къэралыгъуэхэм зы пащтыхь яIэу, абы дзэ зэришэу, тутнакъэщхэр иIэрэ къэралым щызекIуэ хабзэр зымыгъэзащIэ, абы ебакъуэхэр абы щаIыгъыу, зэхэтыкIэ дахэ яIэу жызыIар. Жанхъуэт Мысост Iэджэрэ игъэунэхуащ, абы и лIыгъэм, къыхуаIуэтэжа къудей мыхъуу, езыри ирихьэлIащ. Сыт атIэ ар нобэ щIэпсалъэ дыкъуакъуэр?



* * *

Ар Жанхъуэт игу зэи ихужыркъым. Шэджэм ныджэ къуажэжьым дэсхэу Бэвыкъуэхэ я хьэгъуэлIыгъуэшхуэт. И анэшым я деж Жанхъуэти щыIэт, ди пхъурылъхур, жаIэри здахьынумрэ здагъэтIысынумрэ ямыщIэу. Пщыхьэщхьэ кIыфI хъуауэ нэхъыжь ефэ-ешхэхэм я деж Мысострэ нэгъуэщI зы щIалэрэ щIашащ батырыбжьэ кърырагъэтыну. Махуэм и кIэмастэм и щхьэр къыпаудауэ арат хьэмэрэ шы ягъэджэгуат, Жанхъуэт IэщIэгъупщыкIыжащ, и тэмэмыпIэр ищIэжыркъым. Сытми, ар хъуахъуэри бжьэр Мысост хуишиящ. Мыдрейм и Iэби и жыIи зы ищIащ:

– Дамыщыкъуэ и къуэ, уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, къысхуэгъэгъу, ауэ, кхъыIэ, зы лъэIу пхузиIэщи къысхуэщIэ: ныщхьэбэ мы бжьэр сэ къызэрызэптамрэ къыщызэпта зэманымрэ зыщумыгъэгъупщэ.

Жанхъуэт игъащIэми гурыщхъуэщIтэкъым, ауэ мы зэм абы игу къэкIащ: щIалэр фадэм зэпкърихащ. Арати блэкIащ. А жэщым Жанхъуэт и нэгу Мысост къыщIэхуэжакъым. Нэху щауэ, Дамыщыкъуэ и къуэри яхэту, зигу къэжана нэхъыжьхэр тIэкIу жьы къабзэм хэту къафэхэу Жанхъуэт гуэрым Мысостыр къыжьэхэджэрэзащ:

– Дамыщыкъуэ и къуэ, къеплъыт мыдэ укъыщыфэм мы си Iэгуфэр плъыжьу зэрыщIэзудыжам. Ауэ сэр щхьэкIэ тэмэм дыдэу умыщIэмэ, е къыздумылъэгъуамэ, е си жьэкIэ бжезмыIамэ, зэи шэсыпIэ уимыхьэ, узиуэчылу тхьэ умыIуэ, тхьэгъэпцI хъурейщ, къуахъуэну укъэнэну ухуэмеймэ. Пэжщ, сэ щIалэ дэпсэлъейхэми сащыщкъым.

Жанхъуэт и Iупэм къэсат: «Хьэмэ къилъхуа, суришкIахъуэгъу уфIэщIрэ», – жиIэну, арщхьэкIэ и пащIэгъуэшхуитIым щIэгуфIыкIри хьэщIэщымкIэ иунэтIащ. Махуэр гуфIэгъуэу кIуащ. ЩыхьэгъуэлIыгъуэкIэ хъарзынэтэкъэ, ауэ шэджагъуэ нэужьыфI хъуауэ Жанхъуэт зыхэс гупым къыхашащ, еджэри. Уэрамым зэрыхьэрий гуэр къыщыхъуат.

Куэбжэпэм щызэхэт шу зытхухым Жанхъуэт и къуэнакъ полковник Псыхуабэ дэсыр яхэтт. Зы адыгэ фащэ зыщыгъ щIалэм и Iэпэр IупщI дыдэу Мысост и дежкIэ къишийуэрэ жиIащ:

– Мес, морац, мис а пащIэшхуэм бгъэдыхьэр!

– Оу, полковник! Петр Христофорович! Къеблагъэ, къеблагъэ, сытым укъытхуихьа? Къыдэфшэт, и лъэрыгъыр фубыдрэ къевгъэпсыхыркъэ, – и IэплIэр ущIауэ мо зигу къэжана Жанхъуэт хьэщIэм пежэжьащ, къыбгъурыт Мысост жиIэми зыщIэлъэIуми емыдаIуэу.

Мысост Жанхъуэт къызэринэкIри полковникым къыбгъэдэхутащ, абы и шы IумпIэр иубыдри пщIантIэм къыдишащ, шхуэIу тхьэгъум и пщэIуэкIэ шхуэщхьэфэр зы IэмкIэ иубыдщ, адреймкIэ лъэрыгъыпсыфэр иришэхри, лIы дыщэ дамэм худэплъеящ:

– Къепсых.

– Мис аращ, аращ, – жаIащ зыжьэу шу гъусэхэм.

– АтIэ, мырамэ, фубыд, – унафэ ищIащ полковник шым куэдрэ тесам, и лъакъуэхэр зэщIэмыхьэу Жанхъуэт и дежкIэ плъэуэрэ.

Мысост, зыри къэмыхъуа нэхьей, шы къэпщIэнтIауэ тхъурымбэр къызэхуэхым и шыныбэпххэр къигъэлалэщ, шхуэIур къыжьэдигъэхущ, жьэгъупсри къигъэтIасхъэри, шыфIэдзапIэм бгъэдишащ, яубыду Iэпхлъэпх зыщIыну яужь къит лIыхэр имылъагъуу фэ зытригъэауэурэ. ШхуэмылакIэр щыхыбжьэу щIа фIэдзапIэм фIилъэри, абы Iэдэбу зыкъигъэзэжащ, итIанэ и къамэр кърипхъуэтри, бжыхь джабэм зридзылIащ:

– Фыкъызбгъэдэмыхьэ, фи псэм фыхуеижмэ! Сэ сыщIэцIывэжакъым. Япэ къызэIусэм и ажалыр къэсащ.

ЦIыхум Мысост мазэныкъуэу къаувыхьащ. Абы зыгуэр къыдэщIынуми, дамэтелъ цIухэм Iэнкун ищIырт: адыгэхэр дамэтелъ зытелъ фащэм йохъуапсэ икIи щощтэ куэд щIауэ.

– Полковник, Петр Христофорович, сыт къэхъуар? – Жанхъуэт и къуэнакъым IэплIэ хуищIынути, Iуэхум и къекIуэкIыкIэр гурыхь щымыхъуауэ, ари дыщэ дамэхэм къагъэуIэбжьауэ хьэщIэм и Iэр IитIкIэ еубыд.

– Мы щIалэм ныжэбэ кIуам...

– Мы ныжэбэ кIуами, – игъэщIэгъуащ Жанхъуэт, къэхъуар имыщIэми.

– Мы ныжэбэ кIуам, – къытрегъэзэж полковникым, зэрыщымыуар щIитхъэу.

– Полковник, фэ зыгуэрым фыкъигъэжэкъуауэ сэ шэч сощI. Мы щIалэм дыгъуэпшыхь сэ си IэкIэ, – Жанхъуэт зэрыпсалъэм хуэдэурэ и бгъэгущталъэ жыпым и дыжьын сыхьэтыр кърихат абыкIэ псори игъэбелджылыну, арщхьэкIэ, Мысост дыгъуэпшыхьрэ нышэдибэрэ жиIахэм егупсысыжри, емыплъу ирилъхьэжащ, – мис мы псори си щыхьэтщ, батырыбжьэ естащ, нышэдибэщи, нэмэзхэм и деж Iэгу еуэу сыкъигъэ-

фащ. А тIум я зэхуакум Псыхуабэ унэсу укъэсыжын щхьэкIэ дамэ птетын хуейщ.

– СщIэркъым сыт ептами, сыт тетами, ауэ ныжэбэ кIуам мы щIалэм Арзарян и тыкуэныр икъутащ.

– Дауэ? – къэуIэбжьащ щытхэр. – Ар зыгуэрым хагъэзэрыхь, ягъэунэхъунущ щIалэр, – гузавэрт псом хуэмыдэу Мысост зи напщIэ телъ лъхукъуэлI щауэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ.

– Арзарян...

– Ермэлы гъумми? – щIэупщIащ зы.

– А ермэлы ныбэфышхуэр ара, жэм лъхуэщIа нэхъей.

– Убыд уи жьэр, – хуилъащ абы Жанхъуэт. – Догуэ, уи щыкъу адэми?

– Си щыкъу адэм, – ткIийуэ жиIащ полковникым.

– Петр Христофорович, пэж дыдэу мыр зыгуэрым хывогъэгъуащэ.

– Хэдгъэгъуащэркъым икIи хэдгъэзэрыхьыркъым. Ар сэ фIыуэ соцIыху. Мес и унэри, – жиIащ зэкIэлъигъэпIащIэу пхъэрыр мыбы къэзыша адыгэ щIалэм. Абы, пэж дыдэу, Мысост къилъэгъуат, абыи къыщимынэу, хьэ щтауэ щIигъэIат, ауэ, зыщIэгупсысыкIыжри, ермэлы гъумыр зытес уэрамымкIэ дидзыхащ.

Мысост хэкIыпIэ иIэжтэкъым. Ар иджыпсту е япхыу дашын хуейт е заIэримыгъэхьэу къамэмкIэ хуэщIэр ищIэу и лIыгъэм текIуэдэжыну арат. ИтIанэ Бэвыкъуэхэ я хьэгъуэлIыгъуэр нэщхъеягъуэкIэ иухыжынут, апхуэдэуи цIыхум къахэнэнут: Бэвыкъуэхэ я нысашэм щыгъуэ жаIэрэ кърагъажьэу е яухыжу, гъеижьым, мацIэр къыщыкIуа гъэм, зэрыжаIэхэм ещхьу. Мысост яубыдынкIэ хъуну и тхьэкIумэ щицырхъэм, Бэвыкъуэхэ я нэхъыжь дыдэ Хьэжмэстафэ Жанхъуэтрэ полковникымрэ ирыригъэджащ:

– Сэ илъэсищэм сыщIигъуащ, си щIалэ цIыкIу, – жиIащ абы, и набдзэ тхъуахэм къыщIэплъурэ полковникым къыхудэплъейуэ. – Уэри нэхъыжь уиIэу къыщIэкIынщ, адэ-анэ уапIащ, тхьэм куэдрэ пхуигъэузыншэхэ, тхьэм я жьауэ куэдрэ ущIигъэт, ягъэ кIынкъым укъэзылъхуахэм, фи нэхъыжьхэм я хьэтыркIэ, мы си пхъурылъху Жанхъуэт урикъуэнакъыу зэрыщытым щхьэкIэ си гуфIэгъуэр нэщIэбжьэу цIыхум схуахыумылъхьэ. Нобэ гъубжщ. Мы махуэр ди лъэпкъымкIэ фIыкъым...

– Гъубж, бэрэжьей иIэкъым абы, цIыхур щыдыгъуэкIэ, убыдауэ лъэхъуэщым егъэшэн хуейщ, адэкIэ и суд ящIэнщи, е Сыбырым ягъэкIуэнщ, е хуэфащэ тралъхьэнщи ягъэтIысынщ, – жиIащ полковникым лIыжьым и гузэвэгъуэм, я лъэпкъым теIукIыну псалъэ мыщхьэпэм ар зэригъэдзыхэм гу лъимытауэ.

– Еуует, еуует, – и щхьэ гъур фэ пIащIэм къызэпхыпс лъынтхуэ фIыцIэхэмкIэ къэдыхьам ещхьым еуэжырт Хьэжмэстафэ, – ар дауэ ухъу, мы щIалэм и гуфIэгъуэ слъэгъуащэрэт, жысIэрти, тобэ, щхьэ иджыри къэс сыпсэуа, ди лIахэм сэращ иджы зи бгъэдыхьэжыгъуэр. Сыт сэ абы яжесIэнур? Си нитIкIэ слъагъуу щIалэ ди пщIантIэм Iэпхлъэпхыу дезгъэшащ, хьэмэрэ лъыр къыкIуэцIыжу ди хьэгъуэлIыгъуэм хуезгъэшащ... Еуует, еуует. Дэнэ щыIэ си къамэр? – лIыжьыр хуумыгъэфэщэну псынщIэу къыщылъэтри, и пIэр здыкIэрыт блыным чы Iунэм фIэдзауэ фIэлъ гъуардэ къамэжьыр къыфIипхъуэ-

тащ. Полковникыр къаскIэри, къикIуэтауэ и кIэрахъуэм тоIэбэ. Абы гу лъызыта лIыжьым жеIэ:

– Арами хъунщ, дыщэ дамэ, къих а уи Iэщэри сыукI, ухуеймэ мис си къамэр, мэ! – Хьэжмэстафэ жудищ зытель къамэдзэ гущIэгъуншэр и жанымкIэ иубыдри, и кIымкIэ полковникым хуишияещ. – Мэ, убыд, сыкъыумыукIауэ, минрэ си пхъурылъхум урикъуэнакъми, сэ узихьэщIэми удэзгъэкIынкъым, си лъэпкъ зэпэщым я напэр тозгъэхыу, си хьэгъуэлIыгъуэ лажьэ зимыIэ щIалэ хъарзынэ хозгъэшу, ар хабзэкъым. Мэ, убыд!

ЛIыжьым апхуэдиз губжьрэ нэмыплърэ и нэгум къищырти, Жанхъуэт къэгузэвэжат, мыбы зыгуэр имыщIащэрэт, жиIэу. Адыгэхэм я хабзэ зыщIэ полковникми мурад ищIащ лъэпкъым я нэхъыжьым худичыхыну, ауэ ар апхуэдэу щIищIыр лIыжьым зэрихьэтырри имыбзыщIыну. Абы хэту, Псыхуабэ къикIри джакIуэ шу къэсат: ермэлым и тыкуэным ущIэгузэвэн къыщIахатэкъым, дэдзей-къедзыхи зы дыщэ Iэлъын, мыщIэ ису. Езы Арзаряни мыдрейхэми ягъэщIэгъуащ абы и тыкуэным хъугъуэфIыгъуэу, налкъутналмэсу щызэхуэхьэсам цIыху зэрыблэкIыфар. Хуагъэфэщат ар зыгуэрым игъэщтауэ. Полковникым телъыджэ щыхъуат и щыкъу адэм и тыкуэным щIыхьар зимыгъэкIуэду хьэгъуэлIыгъуэм хэту къызэрырихьэлIар. Мы Iуэхум мыгурыIуэгъуэ гуэрхэр зэрыхэлъым ар куэд щIауэ игъэчэнджащэрт. Ауэ ищIэжыркъэ ермэлы гъумыр гуIэгъуэр телъу къызэрыхуэжар, тыкуэныр яхъунщIащ, жиIэу. ЩIахам, дауи, ар щIэупщIакъым. ПсынщIэу шым зридзщ, гъусэ ищIхэри къежьащ. Иджы мис. Сыт атIэ цIыхур щэбгъэпIейтейри, тыкуэн щIэпкъутэри, зыгуэр къыщIумыхынумэ? Е гу лъатауэ ара, хьэмэрэ шынэжа, е чэф иIа? А упщIэхэр Псыхуабэ кърахат, ауэ абыхэм я жэуап дэтхэнэ зыри пэжтэкъым. Пэжыр ермэлым и пхъурылъху, Жанхъуэт и къуэнакъ Петр Христофорович и хъыджэбз гъэфIэн илъэс пщыкIуий хъуа Катя тхьэIухуд, Екатеринэ Петровнэ жиIар арат:

– Ар щIащIар лIыгъэщ!

Абы щыхьэт техъуат езы Мысости, къызэремыхъулIа, зэрыщIимыгъэнэфамкIэ зиумысыжурэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, Мысост игъэунэхуар езым и лIыгъэр аратэкъым, ар абы ищIэжырт, атIэ и шым и кIуэкIэрт. Зэгуэр, пхъэрыр мыбы къэзыша бзэгуцэ щIалэри яхэту, шыдыгъухэр къызэрыгъэгубжьщ, зэрыгъэчэнджащэхэри, баз зэпихьэным нэсат, зы жэщым Псыхуабэ узыхьу зимыгъэпсэхуу укъэзыхьыжын шы щыIэкъым, жаIэри. Мысост абы яхэттэкъым, ауэ якIэщIэдэIухьа къудейуэ арати, зыфIимыгъэIуэхуу зы шыдыгъу нэхъ щхьэщытхъу и цIэ ириIуэри жиIащ: «Ухуеймэ, баз пихьэ абы и шым, и шы къарэм ар пэщ хуэмыхъуу икIунщи къимыкIужмэ». Арати, щIалэхэр зэриуштри, бази зэпригъэхьэжат шы зырызкIэ.

– Абы къыхэкIащ дыгъуэпшыхь сыщIолъэIуари, нышэдибэ уи губгъэн къыщIэсхьари, щыхьэту укъэзгъэувыну. ЯпэщIыкIэ мо цыхурыхужьыр, – Мысост пхъэрым яхэт адыгэ щIалэ хашэу мыхэр мыбы къэзышамкIэ плъащ, абы и нэкIум щIэубжьытхэ хуэдэ, – щIэзгъэIащ, ар щыхьэт схуэхъужын сфIэщIри. ИтIанэ, сегупсысыжри, ермэлы гъумыр узэрицIыхугъэфIыр сигу къэкIыжащ. Арат си гугъэр, мыхэр къэкIуэххэну сщIакъым: мо баз зэпихьахэр зыщIызгъунщ, Жанхъуэт

ныжэбэ кIуам батырыбжьэ къызэрызитари, нышэдибэ Iэгу сеуэу къызэрызгъэфари жиIэжын хуэдэу гъусэ сщIынщи, мы Iэлъыныр зейм и деж дыкIуэнщ – ар абы щыфIадыгъуа жэщыр ищIэжынкъэ, жысIэри. Псори зэфIэкIа иужькIэ, сигу илът: шыдыгъум къыфIэсхьа шыр зыгъэзэкIуэжыпщIэу ермэлы гъумым къыхуэзгъэнэнщи, си шым и зэфIэкI згъэунэхуауэ сыкъэкIуэжынщ. АрщхьэкIэ, къызэхъулIакъым. Уэркъ шыдыгъу къудейкъым иджы щыIэр, уэркъ хашэхэри къэунэхуащ, ар мыхабзэу, уэркъ мыхашэу нобэ къыздэсми жаIэ щхьэкIэ. Ухашэрэ зыгуэр къыпхуашиймэ, ари Iей атIэ? – Мысост щIигъэIа щIалэм еплъурэ зэхэтхэр дыхьэшхащ, ар и фэм ирагъэпщхьэжыным нэсауэ. Уэркъри лъхукъуэщори абы хуэарэзытэкъым. Пэж дыдэм ухуеймэ, Мысости жеямэ и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым абы пхъэр къыкIэлъишэу къэкIуэну.

– Аращ, пащIэ ятетми, фыз бзэгуцэм нэхърэ нэхъ Iей уэркъ щауэхэм уахуэмызэу Iуэху щIэгъуей хъуауэ къыщIэкIынущ дяпэкIэ. Уэркъ хашэркъым, жыхуаIэр фи фIэщ фымыщI, – щIигъужащ Мысост.

– Апхуэдэу псори зэрумыгъэхь, лIыгъэм хэтщ пэжу ущытынри, – жиIащ, тэрмэшым Мысост и псалъэхэр хузэридзэкIа иужькIэ, полковникым. – Ауэ етIуанэ гъуэгу уи лIыгъэрэ уиш и зэфIэкIрэ щыбгъэунэхунум и деж сэ хъыбар сыгъащIэ – сыбдэIэпыкъунщ.

– Хьэуэ, иджы сэ зыгуэрым къыздащIэу Iуэху сыхыхьэжынкъым, уащхъуэ мывващхъуэ кIанэ, – жиIащ Мысост.

– Iэу, Iэу, апхуэдэу тхьэ умыIуэ, – гузэващ Хьэжмэстафэ лIыжьыр, и лIахэр къыщеупщIам и деж псори дэгъуэщ, жиIэу жэуап ит зэрыхъунум щыгуфIыкIыжрэ и гур псэхужауэ.

– НакIуэт, атIэ, апхуэдизыр зэпызычыфа уи алъпым дегъэплъыт, – жиIащ полковникым, пэж дыдэу, ар фIэгъэщIэгъуэну, – дэ дишхэм мыбы дыкъахьэсыфа къудейщи, замыгъэпсэхуауэ тхъуий зэпачыфынукъым.

– Тхьэ соIуэ, абыи загъэпсэхунщи, фэри феблэгъэнкIэ, ди хьэгъуэлIыгъуэм ухэтынщ, тIэкIуи укъытхуэхьэщIэнщи укIуэжынщ, – жиIащ Жанхъуэт.

Мысост и шыр бом щIэтт, щIэгъущхьэжауэ; ныжэбэ кIуам зэпича гъуэгуанэм гуэбэн иригъэщIауэ фэ теттэкъым. Пхъэрыр къэзыша щIалэр шэщым щIыхьэну щеIэм, шыр къапхъуэщ дзапэкIи, абы и пыIэр щхьэричащ. ЦIыхухэр ину зэщIэдыхьэшхащ. Мысост и шым хамэ зыбгъэдимыгъэхьэу игъэсат. А хьэлыр Жанхъуэт а махуэм къищтат икIи къыдэзыщIэ щымыIэу и пцIэгъуэплъым езым бгъэдимышауэ нэгъуэщI зримыгъэкIуалIэу ищIат.

– Жьэмщхьэм, вы уфIэщIрэ абы щIэтыр, – жиIащ зыгуэрым.

– Мысост, уи шым сыт и уасэ, къызэпщэн? – щIэупщIащ полковникыр.

Мысост пыгуфIыкIа мыхъумэ, жэуап иритакъым. Ар полковникым дэтхэнэ зы псалъэми нэхърэ нэхъыфIу къыгурыIуащ икIи нобэ къэхъуа-къэщIахэр абы куэдрэ хурикъуащ тепсэлъыхьыжыну Псыхуабэ здэкIуэжами Арысейм щигъэзэжами. ЦIыхугъэм, блэкIам, дунейм ехыжахэм пщIэ яхуэщIын хуейщ, ар унагъуэм, къэралым ис цIыхухэм я тхыдэщ, я щIыхьщ, я напэщ, жаIэу псалъэмакъ къэхъеямэ, Петр Христофоровичым игу къэкIыжырт Хьэжмэстафэ лIыжьыр, абы

и лIахэм щхьэкIэ и псэр итыну хьэзыру къызэрыщылъэтар. Апхуэдизу ахэр щигъэпэжкIэ, ар езыри блэкIа, тхыдэ хъунущ, ауэ и щIэблэм зэи ящыгъупщэнкъым. И щIэблэ, и Iыхьлыр къэгъани къару лъэпкъ зыпкърымылъыж а лIыжьыр зылъэгъуам, абы епсэлъам ар кIыхьыр кIэщIмэ щыгъупщэнкъым, ихъумэнщ. ИкIи апхуэдэу нэхъыбэ зыхъумэфыр, зыIыгъыфыр аращ лъэпкъщ, цIыхущ, жыпIэу узэджэнур.

Дзэм къулыкъу щызымыщIэж Петр Христофорович Мысост щхьэкIэ а хъыбарыр кърigъэжьэхукIэ абы ипхъу Екатеринэ Петровнэ и тхьэкIумэр тегъэхуауэ едаIуэрт и адэшхуэ Арзарян и тыкуэныр лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэу якъутащ жиIэу, ар пэжу къызэрыщIэкIар. Екатеринэ щыхъыджэбз дэсым и пщIыхьэпIэм мызэ-мытIэу Мысост щыхьэщIат, уегуакIуэмэ, ар зэ Жанхъуэт къелъэIуат апхуэдизу шууей мышынэ Мысост я деж къишэу иригъэцIыхуну. АрщхьэкIэ Жанхъуэт дэлэл пхуэхъунт сытми, урыс хьэлыр имыщIамэ, зигъэгусэ зэрыхъунур хъыджэбз гъэфIам ириIуэкIри абы жиIат:

– Апхуэдэ Iуэхухэм щхьэкIэ нэгъуэщI дэIэпыкъуэгъу къэгъуэт.

Екатеринэ Петровнэ унэ ихьэу щыхьэр гуащэ зэфIэкIышхуэ зиIэхэм ящыщ щыхъуами, IэфIу игу къигъэкIыжырт Псыхуабэ щигъэкIуа зэманыр, игъащIэм имылъэгъуами, абы и гум Мысост зы плIанэпэ цIыкIу гуэр зэрыщиубыдар, Жанхъуэт абы щхьэкIэ щыжриIэм, гуэгушыхъушхуэ нэхъей зэрызигъэпщар. А псори щIалэгъуэ дахэм и лъэужь жант, пщэдджыжь салъкъыным хуэдэу гуакIуэу, къабзэу, узыIэпишэу. Уеблэмэ зэгуэрым французхэм я деж кърашауэ шагъыр шампанскэ ефэхэу «тост», «тост», – жаIэу щызэрыгъэкIийм, Екатеринэ Петровнэ Мысост и цIэр зэуэ и гум кърідзати, абы лъандэрэ шагъыр шампанскэри «тост» псалъэри Мысост и лIыгъэм епхауэ а гуащэм Iэджэрэ игу илъащ.



* * *

А Iуэхугъуэм иужькIэ Мысост сыт хуэдэ лIыгъэ зэримыхьами, аркъудей и зы кIапэ къэхъеятэкъым, ермэлы гъумым хуэдэу зи гуфIакIэ хуабэ куэдым тIэхъуфэхъуэгъу къащIами. Ар Iэджэм къыщыщIидзырт, уздимыгугъэххэм абы и гугъу къыщыпхуащIу, и лIыгъэм и хъыбар ущыщIагъэдэIуу. ИкIи арат Дамыщыкъуэ и къуэм ауи щIыхуимыгъэфэщар Мысост шыдыгъухэм ящышынэу, абы иш хуэмыхъумэжыну, абы щхьэкIэ хьэкъ ищIэну. Жанхъуэт и гугъа псоми заублэрэкIащ. «АдыгэлI щыIэжкъым, – зэзэмызэ игу къэкIыу и щхьэ щыфIиудыжкIэ, – сыт щхьэкIэ?» – жиIэу зэрызигъэундэIужу щытари нобэ бдзэжьейм хуэдэу IэщIэцIэнлъащ. ЩищIалэгъуэм дэпсэлъей къищIыкIыну, щхьэхуещагъ тIэкIухэри имыхьэрэмыну Мысост щхьэкIэ игугъами, иджы къэсыху Жанхъуэт игу абы ебгъатэкъым. Ар цIыху зэтетт, губзыгъэт, тэмакъкIыхьт, хьэлэлт, и лей уи дежкIэ къигъакIуэ мыхъумэ, зыгуэр къыфIэсхьащэрт е къыфIэсшхащэрэт, жимыIэу. Хабзэ и IуэхукIэ яужь ихьи, зэи уигъэукIытэнкъым, и тIысыпIи, и щытыпIи ищIэжу апхуэдэщ, нэхъыжьым яхуэжыIэщIэщ, нэхъыщIэм я гугъапIэплъапIэщ. Мысост хуэдэ ящIыну, мащIэм я щIалэ цIыкIу абы и цIэр фIаща? А псор ищIэрти арат Жанхъуэт Мысост и псалъэ адэкIэ къыпищахэр нэхъри телъыджэлажьэ щIыщыхъуар.

– Уи псальэ фIыкIэ уIыгъ, Жанхъуэт, узэпызуд сфIощI, ауэ зылI дзэ хъуркъым. Мы зи гугъу тщIыри дыгъуасэ къежьа хабзэкъым, ар Адэмыр хабзэу имыбжыну хэтми. Хьэкъ щIэныр хэкIыпIэу сэ сыбжыркъым, нэгъуэщI зыгуэрхэри къэбублэ хъуну къыщIэкIынщ, ауэ мызыгъуэгукIэ бжэгъу уи нэм къыщIэуэр умылъагъуу зыпщI щхьэкIэ, ар нэхъ пагуэ хъуркъым. Шыдыгъум я Iуэхур щхьэзакъуэ Iуэхукъым. Ар мэхъчэмэм къыIэщIэхауэ суд пащхьэм илъхьэн хуейщ е... шыдыгъум диш едмыгъэдыгъун щхьэкIэ...

– Абы ядыгъунур пехьэжьэ яхуэщIауэ етын хуейщ, – Мысост и псалъэхэр нигъэсри, Жанхъуэт дыхьэшхащ. – Аращ ХьэщIэхуэфI Мысострэ ЕмыщIэ Хьэмырзэрэ адыгэ хабзэщ жыхуэфIэр! СыхулIи апхуэдэ адыги, апхуэдэ адыгэ хабзи! ДыщIыху гъэсауэ, адыгагъэ, цIыхугъэ, лIыгъэ тхэлъу адрейхэм ядгъэгугъэн щхьэкIэ: «Уи псалъэ фIыкIэ уIыгъ», «Си Iэ фIыкIэ нуIусэ», – жытIэурэ зыдогъэIэсэ, зыдогъэфIытIлы, а дызэIусэм езым и Iэр ди гуфIакIэ жыпым зэрынэсар зыхэдмыщIэ зытщIу, ар нэгъуэщIхэм къызэрыддалъагъум хуэдэххэурэ дыбзыщIыну дыхэту.

– Сыт атIэ тщIэнур, Жанхъуэт? Уэ унэхъыжьщ, дыгъэIущ, цIыхум жыIакIуэу уахэтщ...

– УигъэIущынщ, – къызэщIищIат Мысост Жанхъуэт «сыхулIэ», зэрыжиIам къигъэIэлауэ, арщхьэкIэ зызэтриуIэфIэжри пищащ: – Нэхъыжьыр щIэнэхъыжьыр и щхьэ къихьэ псор жиIэну аракъым, атIэ пэж жиIэн щхьэкIэщ.

– Уэ зэрыжыпIэмкIэ, сэ сыпцIыупсщ, ара? – къэгубжьыным нэсат Жанхъуэт, ауэ абыи зишыIащ. – Хъунщ атIэ. Сэ фэ фызгъэIущыну, фыгубзыгъэ дыдэщ. КъимыдэкIэ, лIыжь ягъэIущыркъым, лIыжь яущий. Ауэ абы фыхуейуэ, фыхуэныкъуэу сэ слъагъуркъым. Ирехъу апхуэдэу. Догуэ, а шыдыгъухэм мыр мащIэIуэщ, къытефлъхьэ, жаIэмэ-щэ? Дауэ абы щыгъуэ зэрыфщIынур? Фыз хуэдэ фылъаIуэу е псэжь нэхъей фыдауэу фыщысыну?.. Мыпхуэдиз къыщIывмыгъумэ, фи шым фыпыкIауэ флъытэ. ...Хьэуэ, тхуригъэкъуркъым, диIэкъым, гущIэгъу къытхуэщI... Еууей, бетэмал. Хъарзынэщ атIэ, дызэгурыIуащ. Сыарэзыщ, жызыIэм ирещIэ хьэкъ. Сэ сыпэрыуэркъым. Тхьэм и цIэмкIэ соIуэри сыкъохыж, фи мылъкур зыхь псым фи пыIэжьри кIэлъыхэвдзэмэ, апхуэдэу щхьэ фщIа жысIэу сынывэупщIмэ. Ауэ сэри схузэфIэмыкIын къыспэвмыубыд. Сэ дыгъужь плъыру къэсщтэнукъым. НетIэ Адэмыр сыт къригъэжьа: мэл щыщыIэкIэ, дыгъужь щыIэн хуейщ, жиIэу. АтIэ дыгъужь щыщыIэкIэ, щакIуэхэр кIуэдыжын хуейуэ ара? Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, сэ зинэкIэ сыкъалъхуащ, цIыхум мэкъуи мэши къафIэмыIуэхужу, шыдыгъу, хьэжьвакъэжьышхыу емыжьэжмэ. Аращ икIи дызыхуэкIуэр. ИтIани адыгэр докIуэд, жыдоIэ. ЩIапIэ щIэкIуадэр къытхуэкIуэн хуеящ иджыри къэсыхукIэ. СлIожь атIэ, шыдыгъухэм лIыгъэ яхэлъщ, Хьэмырзи и жыIауэ. Дэ IэлъэщI зытетлъхьэжми хъунущ. ЛIыгъэщ, зыгуэрым иш закъуэ...

– Жанхъуэт, уэ узыгуэркъым, уиIэри шы закъуэкъым, – мэгушыIэ Мысост, ауэ Жанхъуэт иджы къызэщIэплъэIуащ, зыхущIрагъэгъуэжын псалъэ гуэрхэри къыжьэдэлъэтыкIынкIэ шынагъуэу.

– ... Шы закъуэщ, си мылъкум ар щизэхуэдитIкIэ. ЛIыгъэ! Феуэ атIэ, тхьэр фэ вгъэпцIащ флъэкI къэвгъанэмэ. Ауэ си щхьэкIэ, си

унагъуэбжэр абы дыхуэсщIыжынумэ, тхьэр нахуэу згъэпцIащ си лъэпхъуамбыщIэ тезгъаплъэмэ. Абы я гугъэр! Адыгэ хабзэ... Адыгэ хабзэри кхъузанэм щIэгъэкIыпхъэу къыщIэкIынущ иджы. Ежьужь, куэнцапIэ, хуэнщIей куэд хищIагъэнущ. Ар си дежкIэ къыщыщIредзэ. Куэду захуэщ зылI зэрымышуудзэр, – Жанхъуэт ябгэу Мысост еплъащ, – ауэ зэгъащIэ, ХьэщIэхуэфI и къуэ, япэм жаIэу щытащ: дзэм я нэхъ инри е зы шыукIэ кIапсэщ, е зы фочыпэпэбжщ. Сахуэгъэзащ псоми, си пыIэжьыр яхуэгъэтIысащ! – Мысост зыпэплъар Жанхъуэт жиIат. Ар езыри ерыщ екIуэу, шыдыгъу хъыжьэ гуэрхэри хъийм иригъэкIыну арат. Абы гу лъызыта Адэмыри пIащIэу къэпсэлъащ:

– Тхьэлъанэ умыщI, кхъыIэ, Жанхъуэт, пщIэну щыткъым, уи шыр...

– СщIынущ, сщIакIэщ, ухуеймэ! Иредыгъу си шыр, лIыгъэ зиIэм. Зэпытрэ зэкIэсу укIуэ, лIыгъэкIэ сфIахьмэ! Тхьэри, Алыхьри, ди лIауэ мы щIы фIыцIэжьым...

– Тобэ, тобэ, жыIэ, Жанхъуэт. Тобэ, тобэ Iистофриллахь, – къэгузэващ ХьэжылантIэ, – апхуэдизу диным упэщIэмыувэ, уи щхьэ илъ пщIэркъым.

– Сэ диным сыпэщIэувэркъым. СлIо, шыдыгъухэр иджы дин хъуауэ ара? – къэгубжьыпащ Жанхъуэт. Абы иужькIи Дамыщыкъуэм и къуэм Iэджэрэ яхущIитхъуащ шыдыгъухэм. А псалъэмакъым щхьэкIэ ар Iэджэми ягъэкъуэншат, жьэнахуэжьщ, Iэбэмэ, лъэмыIэсыжу и пцIэгъуэплъым хущIагъэIуджэнщ, жьы хущIрагъэхунщи псибли хурагъэсыкIыжынщ, жаIэу. Адрейхэри абы къыщхьэщыжат: пэж дыдэу залымыгъэкIэ, еруугъэкIэ уагъэшынэу хьэкъ уагъэщIари пфIадыгъупари зыкъэ. Адыгэ напэм, зэпэплъытмэ, етIуанэр нэхъ къезэгъыу къыщIэкIынущ, уеблэмэ.



* * *

Жылэдэсым ящIэрт, дауи, Дамыщыкъуэ Жанхъуэт къызыкъуэгушхукIыр. Абы и пцIэгъуэплъыр, езыми зэрызиумысыжти, зы лъэныкъуэт, адрей и мылъкур нэгъуэщI зыт. ИкIи афIэкIа Iуэху имыIэу Жанхъуэт къуршым щхьэдэхщ, Куржым кIуэри лIищ къишат, жьэмардэу къраIуар ярита и шым мывэ IущIам къыхэщIыкIауэ, чэщанэм ещхьу шэщ быдэ хуригъэщIын щхьэкIэ. Абы мащIэ лэжьыгъэ ягъэбэта, мащIэ мывэ джеижь ягъэхъея, ар зэгуауду, яIущIу блыным хагъэзэгъэхукIэ. Абы сэхуу ягъэсамрэ къуэкIийм плIэIукIэ пшахъуэу къыдахамрэ, тобэр зыщIэн, вэрэвийр зэрыгъэлъэгуажьэу яхуимычынт.

ЯщIащ мис апхуэдэххэу шэщыр, мыпIащIэу, гупсэхуу, мывэ зэхуаку къэс сэху зэхэпщар берычэту даупцIэрэ трацIэлэжу. Иджы топкIэ еуэ, уегуакIуэмэ. Упэлъэщынкъым, уезэгъынкъым аркъудей. Шэщым унагъэсыххэн сытми танэ хуэдиз хъу Жанхъуэт и хьэ джафитIым. Уатхъынщи угъэтIылъыжынщ. ЛIы къэрабгъэ хьэ бзаджэкIэ ерыщу жаIэ. Ар Дамыщыкъуэ и къуэжьым щраIуэкIам, и жагъуэ ищIыну е къэгубжьыну ягугъати, хьэжь банэу къилъытакъым. Быдэ и анэ гъыркъым, бэлэрыгъ хутыкъуэщ, аращ Жанхъуэт и гъащIэр зытеухуар.

3 Заказ №2723

Иджы а псом и щIыIужкIэ Жанхъуэт и пцIэгъуэплъми, Мысост и шым ещхьу, зы хамэ зыбгъэдигъэхьэркъым, ишхынущ зэрыщыту, фIалъэкIэ щIым щыщ ищIынущ. Жанхъуэт къыщIишрэ яритмэ, икIи Iэсэжьщ, икIи жыIэдаIуэщ. Абы щхьэкIэ куэдым шэч къытрахьэ апхуэдэу шы жагъыну къыщIэкIынкъым, жаIэу. Ауэ Жанхъуэт игурэ и щхьэрэ зэтелъщ. СлIо, езыр чыбжэгъу унэ щIэсмэ, и шыр мывэ гуэным исщ, абыи и закъуэкъым. Псом нэхърэ нэхъыщхьэжыр мыращ. Жанхъуэт и шэщымрэ и унэ шындэбзиймрэ зэтащ. Абдеж хэгъуэгубжэ цIыкIу пхыгъэмбащ. Абы езым и гъуэлъыпIэр къыIутыжщ. ИкIи шэщым ущIыхьэн щхьэкIэ Жанхъуэтрэ абы и щхьэгъусэмрэ уебэкъуэн хуейщ.

Дамыщыкъуэ и къуэм и гъуэлъыпIэр хэгъуэгубжэ шэщым хуригъэщIам къыIуигъэувауэ цIыхум къыщащIам, къыщIэнэкIахэт: «Жанхъуэт и шымрэ и фызымрэ я зэхуакум дэлъу мэжей», – жаIэри.

Хэти сыти къреужьгъ, ауэ ар и атэлыкъыжь тхьэмыщкIэ дунейм ехыжам, и хьэдрыхэ нэху тхьэм ищI, и чэнджэщым текIынкъым: бэлэрыгъауэ, жейм ухэт хуэдэ, умыпсэу. ЛIым и гъащIэри лIым и напэри бетэмалщ зэлъытар.

ЦIыхум къафIэщIынкIи хъунущ Жанхъуэт и шэщым щхьэкIэ иригъэлеиIуауэ. Аращ абы къыхуэгупсысар. Хэт кIыхьщ, жиIэнщ, хэти кIэщIу къыфIигъэнэнщ. ЦIыхур сыт щыгъуи цIыхущ. Жанхъуэт и пIэм йотэджыкIри хэгъуэгубжэ цIыкIум и хьэлъкъыр Iуегъэпкl, шэщым щIохьэри, шэщыбжэр и кIуэцIымкIэ зэрыгъэбыда бжэIулъэмрэ пхъэрыгъажэмрэ ирех, пцIэгъуэплъыр къыщIешри уанэ трелъхьэ. Ежьэмэ, шым тесщ, къигъэзэжамэ, аргуэрыжьщ. Апхуэдэу фIэнэхъ гупсэхущ Жанхъуэт. Шэщыбжэр быдэу егъэбыдэж, хэгъуэгубжэ цIыкIумкIэ къыщIокIыж, хьэлъкъыр IуегъэпкIэжри и пIэм йозэгъэж. Хэт хъэуан фIыуэ елъагъу, хэти фонащэ къыхех. ЩIыбым удэту Жанхъуэт и шэщыбжэм укъамыщIэу узэрезэгъын Iэмал щыIэкъым. Пэжщ, шыр Iуси псыи хуейщ. Дауи, ахэр унэмкIэ, пIэкумкIэ щызэрахьэркъым. Абы щхьэкIэ шэщ гупэ блыным зы бжьамийрэ зы хьэкхъуафэ цIыкIурэ хэщIыхьащ. ХьэкхъуафэмкIэ шэщ кIуэцIым щIэт шхалъэм Iус дагъэщащэ, бжьамиймкIэ чейм псынэпс щIыIэ хагъахъуэ. Мэкъур чылътырыгум къыдэлъу плIанэпэм щыщIэщIащи, пэрыхьэтщ икIи лъабжьэкIэ хэутэн ищIыркъым. Шыри мамырщ, ар зыгъашхэри гугъу ехьыркъым. Псом хуэмыдэу иджыпсту: лъэрыгъыщIэ фалъэм ещхьу лъэгудыгъуэ куухэр, сэкъат зиIэнкIэ хъуну шы лъэбжьанэхэр шыгъу шэкудэ хуищIу игъэбыдэн щхьэкIэ шэщ лъэгум хьэуазэ щIэуфэ ирилъхьэу, абы шыгъушыпс хиутхэжу пцIэгъуэплъыр бжьыхьэ зекIуэм хуигъэхьэзырын мурадкIэ мы гъэмахуэ шылэ, гъудэбадзэм я етэгъуэм щигъэувыжам. Махуих-блым шэщыр кърингъэтхъун, IэщIэлъыныр зэрыригъэхъуэкIын папщIэ зэ Iуихыну арат иджы Жанхъуэт и шэщыбжэр. ТхьэмахуитIкIэ апхуэдэурэ кIуэнут. Абы иужькIэ пцIэгъуэплъыр пщэдджыжькIэрэ къыщIишурэ Iэдэжу кърншэкIынут, псым хишэу, игъэпскIыу. ИтIанэ пщэдджыжьми пщыхьэщхьэми къыщIишурэ игъэджэгунут, зыгуэр игъэшэсурэ лъэхъулъэущу кърригъэкIухьу, илъэщI, иIуэт, итхъунщIрэ игъэувыжу. Апхуэдэурэ мазэ дэкIа иужькIэ шым лы зытрилъхьэр щэ мыхъуу къару, бланэ хъун щхьэкIэ махуипщI хуэдизкIэ хуплъ фIэкIа мэкъуи, гъа-

ши, хьэи иригъэшхынукъым. Хуплърэ псынэпс щIыIэрэ. Ари махуэ къэсыхукIэ и жьэр ямыутIыпщыщэу къагъажэу, къэгъэжэгъуэ къэс и гъуэгур нэхъ кIыхь ящIу, и шхуэмылакIэри нэхъ траутIыпщхьэу. А щIыкIэм тету вагъуэбэр жыг щхьэкIэм щыхэплъэм и пэIуэ къихуэу, мо махуэ плIыщIым щIигъукIэ ягъэшха, зызыгъэпсэхуа пцIэгъуэплъыр шы хьэзыр щагъэунэху джэгукIэм хигъэхьэнт, абы къыщигъэжэнти, итIанэ сыткIэ ухуейми уи ней щыхуэт абы...

... Ауэ Жанхъуэт а псоми хагъэкIыжащ. МахуитIым къриубыдэу. Арат абы и шыр зэригъэуврэ дэкIар. Игъэшхэну игъэува шым и деж дакъикъэ къэс сыт щхьэкIэ щIыхьэнт икIи щIэплъэнт, ар а махуитIым Жанхъуэт игъэпIейтеякъым, уеблэмэ шэщым и гъунэгъуу сабийхэри щамыгъэджэгуну, езыхэри щымыIэуэлъэуэну пщIантIэм дэсхэм елъэIут. Жанхъуэт и лъэIур зищIысыр абыхэм ящIэ – ар умыгъэзащIи еплъыжыт, хьэбжьыдзэу уагъэлъэнщ.

* * *

ЦIыхум ямыщIэ щыIэкъым. Ягъэхъыбар и шэщыр щригъэщIагъащIэм шыдыгъухэр зэрыгъэчэнджащэу Дамыщыкъуэ и къуэжьым и шыр зэрыIэщIагъэкIыным егупсысахэу икIи екIуэлIапIэ, я щхьэ хамылъхьэу, къащыхуэмыгъуэтым, теурэз ухъу а къуазгъуныжьыр, абы и пцIэгъуэплъым фIэкIа дунейм тетыжкъэ, жаIэу зэбгрыкIыжауэ, зылъэмыIэса жызумым мыхъу дзы хуэзыщIу ежьэжа бажэжь цIыкIум ещхьу. Иджы ягъэвууэ жаIэ: си пыIэжьыр шыдыгъухэм яхуэгъэтIысащ, я ней нэмыщI сыхуейкъым, – Жанхъуэт къэгубжьу тхьэлъанэ зэрищIрэ ахэр къызэрыгъэгубжьыжу баз зэпихьахэу, Дамыщыкъуэ и къуэм и шым и лъэгу щIэмыплъахэу нэгъуэщI Iуэху щхьэкIэ темыхьэулеикIыну.

Шыдыгъухэм, дауи, зи гугъу ящIыр Жанхъуэт и шэщыр Iэмэпсымэ гуэрхэмкIэ якъутэу абы щIэт шыр къыщIашыныркъым. Абы щхьэкIэ абыхэм я напIэ хуэдэнукъым. Гугъур гу къыплъамытэу, абы утемыкIуадэу, шыр зыIэрыбгъэхьэу, лъэныкъуэ ебгъэзынырщ, и кIапэ къыщIэмыщу. Арыншамэ, зыгуэр хутыкъуауэ къыптеплъэмэ е хашэ гуэрым укъилъагъумэ, уи напэр текIащ, уи щхьэр ихьащ е хуэдиблкIэ уагъэпшынэнщи, иужькIэ пхуэмыгъэгъущыжын бжьыгъэу уи напэм къытенэнщ. Мы зи тIуалэм хуимытыжхэри! Дэтхэнэм и бзэгур бэлътоку хужьыбзэкIэ къыхуипшын? Хэт бзэгуфIэщ, хэти хашэщ. Хашэ. Ахэр хашэкъым, напэншэщ, армыхъумэ. Шыдыгъухэр мылажьэу, я Iэ зэтедзауэ тIысыжмэ, я жьэр ущIауэ зэрылIэнур ящIэжыркъым. Хъуэжэ ещхьу, зытес къудамэр пхъэхкIэ пахыж. Аращ атIэ – уэркъ хашэркъым, а зыри гуапи. Я кIуэдыр къикIатэкъэ, псалъэм и хьэтыркIэ, Темыркъан сымэ а шэшэным и хакIуэр къыщадыгъуам, Жанхъуэт хэшауэ щытамэ.

А шэшэным и шэщри мывэ зэтеупщIэт, пхъуантэм ещхьт, уегуакIуэмэ. Ауэ ар щхьэхуэу, и щIыбыр псыхъуэм къыхуэгъэзауэ, ипщэкIи ищхъэрэкIи чэдрэщIрэ, хэкужьу зэщIэкIауэ апхуэдэти, цIыхузэгъуэкIт. Шэшэныр, пцIы хэмылъу, щыгугъащ и шэщым и быдагъымрэ и пщIантIэмкIэ удэмыхьэу абы екIуэлIапIэ имыIэу езым къызэрилъытэжамрэ. АрщхьэкIэ шыдыгъур щIэшыдыгъур аракъэ езыр – Iэмал имыIэу, екIуэлIапIэншэу адрейхэм къалъытэм зыри зыщымыплъа бзаджагъэ гуэр къыхуагупсысыну. Шэшэным и шыр къы-

щадыгъум жэщым псыхъуэ кIуэцI защIэкIэ бгъэдыхьащ, блыныр сапэ нэхъыщхьэ къамыгъэсэбэпу зэпкърахри – макIуэ щIыкIэ, хьэрэкъуэрэ дыхьэжахэр къэгъуэтыж, ухуеймэ. Арати, къэсыжахэщ. Псори зэфIэкIауэ, пхъэри щымыIэу къыщалъытэм, шокъу жиIэу Жанхъуэт яIууащ, жьыуэ щIэтэджауэ щакIуэ дэкIыу. ЛIыфIщ ар, хабзэ ещIэ. Япэ зыкъригъэщри жиIащ:

– Темыркъан, сэр щхьэкIэ фымыгузавэ. НэгъуэщI къыфтемыплъэмэ, сэ сышынагъуэкъым. Уэркъ хашэркъым.

ИкIи пхъэмбей бэным хуэдэт. А щIыкIэм тету шэшэным и хакIуэ ахъырзэманыр щIэнащ, и хьэпи, и шхыпIи ямыгъуэтыжу. Ауэ иджы Iуэхур езы Жанхъуэт и деж нэсащ. Мы цIыхум я жьэр щIахуэмыIыгъымкIэ хэт еупщIын? Хъунщ иджы, хьэкъ умыщIэнумэ, Iэмал имыIэу жылэ Iуэху щIын хуей? Щэху цIыкIуу зым е тIум жеIи пыкI. Хьэуэ, псори гъэбэтэн, гъэукхъуэн хуейщ, ерыщ уекIуэу, адрей лъэныкъуэми ар нэрыгъыу егъэубыдын, натIэрыуапIэ егъэщIын хуейщ. Жанхъуэт и шэщым сыт имыбыдагъми, IэкIэ щызэтралъхьакIэ, зэтепхыж зэрыхъунур щхьэ имыщIэрэ? Пэжщ, ар нэхъ къупынщыпынщ, ауэ, итIанэми, иныжьым и псэр зыдэлъ пхъуантэм и IункIыбзэIухри къагъуэтыфащ, щIы зэпачщ, хьэри-бгъэри ягъэувыIэри, бабыщри къаукIри, абы и хулъэм кърахыфащ а IункIыбзэр. Жанхъуэт и шэщыр дунейм и пхащIэм щыIэ атIэ? Хъарзынэщ, зыбгъэбыдащ, танэ хуэдиз хъууэ хьэхэр уогъашхэ, абыи ущыфIыкIыжауэ езы шыр хьэм нэхърэ мынэхъыкIэу бгъэсауэ жаIэ. АтIэ тхьэлъанэ пщIыуэ укъимытхъутхъукIыу уи пIэ хуабэ ухэлъыжмэ, нэхъ тынштэкъэ. Хьэуэ. ДыщэкIым хуэдэу зи Iуэхум хуэIэпщIэлъапщIэ Темыркъан сымэ я напэр техын хуейщ, абыхэм я лIыгъэр здынэсым цIыхум шэч къытрегъэхьэн, лъэпкъым хабзэ яхуэхъуа Iуэхугъуэм кIуауэ шыдым ещхьу пэщIэувэн хуейщ.

Жанхъуэт и псалъэхэр шыдыгъухэм я деж зэрынагъэсам ещхьыркъабзэу, шыдыгъухэм я псалъэри Жанхъуэт и деж къагъэсыжат. КъэщIэгъуейт а шыдыгъухэм зыгуэр якIэщIэдэIухьарэ езыхэм ящыщ ар иIуэтэжарэ. Нэхъ пэжынур етIуанэр арагъэнут, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, шыдыгъухэм я щIагъыбзэр къызыгурыIуэ куэд бгъуэтынутэкъым. Дауэ ар мыхъуами, Жанхъуэт тхьэ зэриIуам ещхьу, Темыркъани иIуауэ жаIэ. Уеблэмэ нэхъ гуащIэжу, щыпкъэкIэ.

– Мыр зи щыпкъэ, – Темыркъан, къалътыншыкъым хуэдизыр зи нэкIум, щытхэр зэхиплъыхьщ, и сэшхуэжьым теIэбэри ткIийуэ жиIащ жаIэ, – Жанхъуэт и гъэриблыр къысIэрымыхьауэ губгъуэм ит бжьо кIэрыутIыпщи семыIусэн.

– Хывыбгъэ, хывгъашхэмэ-щэ, – щIэупщIащ, жаIэ, зы. Абы къикIыр шыр шэщым щаIыгъмэ, жиIэу арат.

– Зэрыджэ пычми ара? – къыхелъхьэ адрейм. Абы къикIри гурыIуэгъуэт Темыркъан и дежкIэ, абы щыпкъэкIэ иIуа тхьэр зэрыджэпс-лъы щхьэкIэ игъэпцIынукъэ, жиIэу арат.

– Сызэрыхуэзэщ, хуеймэ ирешэтIэугъуэбл, – жиIащ Темыркъан, зы щхьэкIи зэрызэфIэмынэнур IупщI ищIу. Дауи, абы дежкIэ шэтIэугъуэблыр нэхъыфIт. Абы къикIыр Жанхъуэт зэрыджэ пычым и гугъу хуащIа иужькIэ шынэу и шыр зыгуэрурэ зэкIэщIиутIыпщыкIа, IэщIэкIа хуэдэу ищIу Темыркъан гугъу емыхьыщэу Iэригъэхьэну арат.

АрщхьэкIэ апхуэдэ Жанхъуэт иджыри къызэрамылъхуар къищIэжа нэхъей, абы щIигъужащ жаIэ:

– Сэ иджыри срихьэлIакъым адыгэлI, апхуэдэм и деж зи тхьэкIумэ цIыв изыгъапщхьэ. Сыхуэзащ, ямыщIэ, зэхамых нэпцI ящIурэ япхъу езыгъэхь.

– Я фыз я лъэпагъ ирашу-щэ?

– СщIэркъым, пцIы супсыну.

– Алыхь, сэ сощIэмэ атIэ.

– Ар фыз зыхуеижу къыщIэкIынтэкъым, – Темыркъан къалъ-тыншыкъ хуэдиз хъу и нэкIушхуитIыр зэIубзащ гуфIэу, ауэ абы и пэ къуршыр зыгуэрым иубыдауэ иришэкI нэхъей, и пщэм нэхуцIапцIэ хигъэкIри, шэсыжыну ежьэжат, зыгуэр щыкIэлъыджам:

– Темыркъан, табу зыхуэсщIыжу бжызоIэ: Жанхъуэт и шыр укъамыщIэу зыIэрыбгъэхьэфмэ, сиш сызытесыр уанэри зэрытелъу, шхуэри зэрыпщIэхэлъу узотри уи хьэлэлщ. Сэ абдеж щыщIэдзауэ пхъэIэщэкIыр соубыд е Iэхъуэ баш къызощтэ.

– Сэри.

– Сэри, – даIыгъащ, жаIэ, мыдрей псоми зы мычэму, абыкIэ Темыркъан нэхъри щIагъэсту. Шыдыгъухэм яхэтынкIэ хъунутэкъым Темыркъан и лIыгъэр зи нэм щIыIухуу телъ. Ар Жанхъуэт къиукIмэ е фIыуэ къигъэпудмэ, – хэт имылъагъунрэт Темыркъан и пэ къуршыш-хуэр Жанхъуэт бэлътоку хужьыбзэкIэ къыхуилъэщIрэ а бэлътокур ятIэм лъэдакъэкIэ хипщэжу, – ар зимыжагъуэн яхэтынут шыдыгъу-хэм. Ауэ Темыркъан щIалэ делэкъым. Пэжщ, ар езыри Жанхъуэт ещхьу ягъэжэкъуагъэнущ. Мобы ещхьу, езыми тхьэ иIуащ. Сыт атIэ, еплъынщ, хэт и бжыкI нэхъ лъагэми. Япэ къезыгъэжьар езыр аращ. Апхуэдэу гупсысэурэ Темыркъан щыпкъэу къищта и сэшхуэжьыр зэпэбаш папщIэу иубыдри, шыдыгъу псоми я тхьэрыIуэр, абы, Темыркъан, Жанхъуэт и пцIэгъуэплъыр къидыгъумэ, псоми дыгъуэн зэрыщагъэтыжынумкIэ, къабыл ищIащ. КIэщIу жыпIэмэ, Темыркъан Жанхъуэт и шыр къытемыплъэ, къамыщIэIауэ щызыIеригъэхьа махуэр шыдыгъухэм я IэщэгъэтIылъыжт.



* * *

Шыдыгъухэм я унафэр ХьэщIэхуэфI Мысост щызэхихым, япэщIыкIэ и фIэщ ищIатэкъым. Ауэ иужьыIуэкIэ Темыркъан «Сэ си тхьэ Жанхъуэт хуэдэхэм щхьэкIэ згъэпцIыркъым», – жиIэу езым и тхьэкIумэкIэ щызэхихым, къэгузэващ. Пэжщ, Жанхъуэт сымэ щахуэзам, Мысост ауи гу зылъригъэтакъым абы ищIаIауи зэхихаIауи.

– АтIэ, Жанхъуэт, хьэкъ стынукъым жыпIэурэ зыпхъунщIэри, шыдыгъу къомым я алмэсты щхьэцхэр уи пхъэвыпIэм къибгъэху-таи, – жиIащ Мысост, гушыIэурэ. – Иджы абы я псэри уи IэмыщIэ илъщ, хуэсакъ уи пцIэгъуэплъым.

Мысост и псалъэхэм шыр хъумэн къудейтэкъым къикIыр, ар я нэхъыжьым и гъащIэм тешыныхьащ. Шыдыгъур унэидзыхьэ кIуэм нэхърэ нэхъ Iеижщ, ар зы щхьэкIи зэфIэнэнукъым. АрщхьэкIэ Мысост и лажьэ Хьэмырзэ и Iуэхутэкъым.

– Тхьэр согъэпцIри, Жанхъуэт, ар мы Iэмал хъарзынэтэм. Уи шыр Темыркъан и жыIауэ шэтIэугъуэблу ептрэ адрей шыдыгъу къомым IэтэзэщIэбгъэж яхуэпщIатэмэ. Дытыншыжатэкъэ итIанэ? Ауэ тхьэлъанэ пщIар... Ар ХьэжылантIэ зыгуэрурэ зэримыгъэзэхуэжыфыну пIэрэт.

– ЗэрыжыпIэмкIэ, Хьэмырзэ, тхьэ сымыIуамэ е ар ХьэжылантIэ и фIыщIэ, и IэзэгъуэкIэ дгъэзэкIуэжыфамэ, си пцIэгъуэплъыр шыдыгъухэм фишхэм щхьэкIэ хьэкъыу езбгъэтынут.

– Хьэуэ, Темыркъант зозгъэтынур. Ар Темыркъан Iэрыхьамэ, мыдрейхэр езыр-езыру къыхэкIыжырти, Темыркъан закъуэ зыгуэрурэ дыгурыIуэнт, и анэр игъэлыгъуэж.

– ЩысIуэжынщ, Темыркъан хуэши, а уи къэбыфэжьыр ауэ пIихмэ, зэрипэсу, – жиIащ Ислъамджэрий, Хьэмырзэ зэгуигъэпыну Мусэ дэгу дежьу нэхъей.

– Аращ ар езыри зыщыгугъыр. И шыр адрей шыдыгъухэм кIэщIашынкIэ хъунущ, абы сыт я хэплъыхь. Ауэ Темыркъан Хьэмырзэ и къэбыфэжьым хуэдэхэм щхьэкIэ...

– АтIэ, Адэмыр, Мысости жиIащи, уи псалъэ фIыкIэ уIыгъи...

АрщхьэкIэ, а Жанхъуэт и жьэм дыщэ къыжьэдэкIынуми имыщIэу, Хьэмырзэ гуэрыр къыхэуащ:

– Псом нэхърэ нэхъыфIыжыр мырат: Жанхъуэт и пцIэгъуэплъыр шыдыгъухэм, Темыркъани яхэту, яIэрымыхьэу нэгъуэщI гуэрым идыгъуатэмэ. Мис арат лъэщ хъунур.

– Ар сыт щхьэкIэ?

– АтIэ уэри зыгъэ зызэман ушыдыгъуащ, Хьэмырзэ, иIэркъэ?

– Зи щхьэкIэр арат. Темыркъан пцIэгъуэплъыр Iэрымыхьэу лъэпхъуэмбыщIэкIэ мыIэбэну тхьэ иIуа? ИIуащ. Адрейхэм Жанхъуэт и шыр ядыгъумэ, мыдыгъуэжыну зэпэбаш ящIа? ЯщIащ. Мис арати, псоми дыгъуэн щагъэтыжынут.

– Уи щхьэр къыфIыкIи уэ къодаIуэм, Хьэмырзэ, сыту...

– СлIо, слIо? Абы тхьэ зэхуаIуащ. ДыгъуэшхдыгъуэлI нэхърэ нэхъ зи тхьэ зыгъэпэжрэ зи псалъэ емыпцIыжрэ щыIэкъым. Абы тхьэ яIуар зэрагъэпцIу, Iэпэлъапэсыс мэхъури, занщIэу яубыд.

– Дауэ хъунт, тобэ! – жиIащ и фIэщ дыдэу Ислъамджэрий.

– ТхьэгуIэ, пэжмэ, – жиIащ Жанхъуэти, и фIэщыпсу. – Абы удэгушыIэ хъунукъым, тхьэ зыгъэпцIыр тхьэ игъэпцIам зэгуиудынущ.

– Алыхьым и цIэмкIэ, къурIэнымкIэ зыIуэхэр аращ нэхъ Iеижыр, апхуэдэхэр е занщIэу зэгуеуд, е пкъыуэ мэхъури, итIанэ щIым зытрадзэурэ малIэ...

– Уа-а, нэгъабэ ищхъэрэ къуажэм ныбэуз бзаджэм ихьащ, жыхуаIэм тхьэ игъэпцIу зэгуиудауэ армырауэ пIэрэт? – щIэупщIащ Ислъамджэрий, зэм Жанхъуэт, зэми ХьэжылантIэ еплъурэ.

ХьэжылантIэ езыр арагъэххэт зыхуейри, уафэм дэкIуейри къехыжащ абы шэч зэрыхэмылъымкIэ.

– Iэгъу, дауэ хъунт! – зыжьэу ягъэщIэгъуащ Адэмыррэ Мысострэ икIи ХьэжылантIэ иIуа тхьэм зэрызэгуимыудам щхьэкIэ абы жиIар псоми я фIэщ хъуащ.

– Абы щыгъуэм, уи шым хуэсакъ, Жанхъуэт, – жиIащ Мысост и закъуэ, жьэ мыгъуэ уишхыдыкIауэ, уи жьэ ущыхуимытыжкIэ уи гъащIэр

хъумэ къригъэкIыу. ХьэщIэхуэфIыр, пэж дыдэу, иригузавэрт Жанхъуэт и тхьэ IуэкIэм зы бэлыхь къимыкIащэрэт, жиIэу. Дамыщыкъуэ и къуэжьыр лIы губзыгъэу, цIыхум жыIакIуэу яIэу, иджыри къэс къэгъуэгурыкIуащ. Ауэ Мысост нобэ и нэгу щIэкIащ ар пасэрей адыгэ лIыгъэмрэ хъыжьагъэмрэ ятхьэкъуауэ, абы я пщалъэмкIэ гъащIэм зэрыбгъэдыхьэр. ИкIи Жанхъуэт абы хущIрагъэгъуэжынущ. Абы хуэдэкъым шыдыгъухэм зракуу щIадзар. Япэм пщым и къамышы къудей еIэбыртэкъым, Исмел пщэIушэ и хакIуапщIэ псо, шыхъуэр яукIри, бгъуэтмэ къащтэ. И хьэпи и шхыпIи ягъуэтыжакъым. Кхъуэр зыщышынэн щыщымыIэм и деж, Iуащхьэм докIуей. Шыдыгъухэр зыщышынэн мысыхьэткIэ адыгэхэм яIэкъым. Напэ, укIытэ япэм жаIэрти, абы щхьэкIэ къызэтеувыIэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу. А Исмел пщэ Iушэ и Iуэхур урыс судым я пщэ ирилъхьати, зыри къикIакъым. Зыр зым щIиуфэу, уэркъ хашэркъым, бзэгузехьэу цIыхум захэдгъэIуэнукъым, жаIэурэ, йокIуэкI. Шыдыгъухэр зыхуейр ар дыдэр аращ. Зи щхьэ пкъуэлъу зи лъэ пкъуэкI, жыхуаIэм нэхъей, яхэтщ цIыхум замыгъэIейуэ. КъаумысыхукIэ ялъэкI ящIэ, къаумыса иужькIи яхузэфIэкI къагъанэркъым. Ящихъумэфыну пIэрэ Жанхъуэт и шыр абыхэм, зэупщIыжат а махуэм Мысост, шэчышхуэ къытрихьэу.

* * *



ИкIи ар и гум къигъэпцIатэкъым. Жанхъуэт и пцIэгъуэплъыр хуэхъумэжыфакъым, сыт хуэдиз зыпэлъытыныгъэрэ быдагъэрэ а Iуэхум химылъхьами. Дуней зылъэгъуа нэхъыжьхэм яфIэтелъыджэт Жанхъуэт хэгъуэгу хьэлъкъ цIыкIур IуигъэпкIыу шэщ нэщIым щыщIыхьам, къытехуэу зэшэзэпIэ зэрымыхъуар. КъыщыщIа псор и акъыл нэмысыщауэ «шыр, шыр», – здыжиIэм, ар бжэIулъи пхъэрыгъажи зэрымылъыж, ауэ сытми къегулIа шэщыбжэр Iуиуду щIыбым дэлъадэу, кIий-гуоуэрэ и гур игъэпщэхын и пIэкIэ, хэгъуэгубжэ цIыкIум къыIулъэдэжри, абы къеныкъуэкъуащ Iэджэрэ. ЗэрыпIащIэ, зэрыгузэсэжым къыдимыгъэхуэжу, зэм и щхьэмрэ и лъакъуэ ижьымрэ, зэми и щхьэмрэ и лъакъуэ сэмэгумрэ хэгъуэгубжэ зэв цIыкIум зэуэ къыздыхуихьмэ, къыдэмыхуэм, аргуэру зызэрихъуэкIрэ къытригъазэм, мыхъуурэ Жанхъуэт зыкъомрэ щытащ. ИтIанэ нэгъуэщI къыхуэмыгупсысыжу, и щхьэр яужьу хьэлъакъуиплI зищIри къыщIэпщыжащ. Ар къыщызэфIэувам, жаIэ, хьэдэ фIэкIа зэрыпщIэн щыIэтэкъым, апхуэдизкIэ и фэр пыкIати. «Шыр, шыр», – арат Жанхъуэт ищIэжыр.

– Зэпытрэ зэкIэсу си адэр здэкIуам адэкIэ шыр укIуи! Фыжэ ефэндым, ХьэжылантIэ и деж, – кIиящ Жанхъуэт и анэжьыр. – А Жанхъуэт, а си щIалэ цIыкIу, а си псэр зышхын, а зи узыгъуэр кIуэдын, уи щхьэ и щхьэузыхь ухъуи, зумыкъутэжыт, – Жанхъуэт и щхьэ тхъуар и анэм и куэщIым ирилъхьащ. «Шыр, шыр», – щигъэтыртэкъым абы. – Зумыкъутэж, жысIа, си щIалэ цIыкIу. Уи щхьэр псэущи, тхьэшхуэм и шыкуркъэ! Си Жанхъуэтышхуэ, уэ узэфэну псымрэ узытесыну шымрэ иджыри куэдыжьи, зыIыгъ, си тIасэ, емыкIущ, ауэрэ зумыщI, – фызыжьым и Iэпхъуамбэ гъурхэм, пхъэIэбжьанэ нэхъей, Жанхъуэт и щхьэц пIащIэ хъуар зэIащIэрт, зэм щхьэфэм зыхакъузэу, зэми тхьэкIумакIэхэм я деж щыпэщащэу. Абы Жанхъуэт ягъэундэIуащ, и жеин

къагъакIуэу. Ауэ ар мамыр зыщIу тезыгъэуауэ цIыхум къалъытэр ефэнды ХьэжылантIэ къэсу абы зэребжа, зэрепщар аращ.

Жанхъуэт хъыжьэу заулрэ щылъащ апхуэдэу. Гузэвэгъуэшхуэр къалъэIэсауэ Дамыщыкъуэ лъэпкъ пIащэри, езы унагъуэри, хьэблэри щхьэщытт къыртыжу абы. Къэхъуар, пцIэгъуэплъыр зэрадыгъуар цIыхум къафIэIуэхужтэкъым, лIы губзыгъэм зыгуэр къыщымыщIащэрэт, и акъылыр зэмыкIуэкIащэрэт, жаIэу гузавэу. Зыкъом дэкIауэ, Жанхъуэт, сымаджэжьыпкъэу, ерагъыу къызэфIэуващ. Щытхэр къыкIэлъыплъу ар шындэбзиймкIэ екIуэкIри и хьитIым еджащ:

– Мыщэ, КIагуэ! Мыщэ, КIагуэ!

АрщхьэкIэ хьэхэм зыкIи хэIущIыIу зыкъащIакъым. Жанхъуэт и макъым къимыкIIа фIэщIыжауэ и тэмакъыщIэр щеч иджы жыпIэну ину кIиящ аргуэру. Ауэ хьитIри пщIантIэм дэлътэкъым. ЯпэщIыкIэ псоми я гугъащ хьэхэр шыр ядыгъун и пэ къыихуэу яукIауэ е дашу ягъэкIуэдауэ. Жанхъуэт гъэужьу зы Iэтэ щхьэгуэжь цIыкIу зэрыт мэкъуэщымкIэ ихьащ, хьэхэм ар тIысыпIэ ящIу зэрыщытам егупсысурэ.

– Оу-уу, хьэщхьэрыIуэ хъунхэ, зи хьэдэр хьэм я хьэдэм халъхьэжынхэ! – кIиящ Жанхъуэт икIи ауэ къыфIиуда бжэгъу щхьэкIэр игъэдалъэу хьитIым яжьэхэлъэдащ. Ауэ танэ хуэдиз хъу Мыщэми КIагуэми, IупщI дыдэу къыдэплъея мыхъумэ, загъэхъеякъым. А тIум я лъакъуэ зэхуакум даубыдэу къафIыдэхужу, дагъэбыдыхьу къафIыдэцIэнлъыжу фадэ зэрефэ бжьакъуэ цIуушхуэ зэрамыщIэж зырыз яIыгът. Жанхъуэт КIагуэ и дзэлыфэр къыхуитIа щхьэкIэ къимыгъанэу ар зэлIалIэ бжьакъуэ джэмыдэжьышхуэр къиштащ. Ар пэж дыдэу фадафэ бжьакъуэт, зыгуэрым и дамыгъи тетат, ауэ трагъэлыгъукIыжащ, ари яфIэмащIэ хъури икIи траупсыкIыжащ, къамыцIыхун хуэдэу. Бжьакъуэм фIыуэ иубауэ лы цIынэ илът. Мыщэ игъэкIэрахъуэу иIыгъри апхуэдэт. И Iупэ дыдэм Iулъа лы Iыхьэ зырызыр яшхауэ иджы адэкIэ пэкIи жьэкIи, лъакъуэкIи емызэгъыу хьитIым бжьакъуэхэр ягъэджэрэзу яIыгът, Дамыщыкъуэхэ я пщIантIэр дэнэ къыщына, дунейм зиIубыжами къафIэмыIуэхуу.

– ХьэщхьэрыIуэ хъунхэ, шхынщIэлIэу фызэрылIэр сщIамэ, мэл фхуезгъэукIынти, – жиIэри Жанхъуэт хьитIым къанлыуэ елъэпэуащ, бжьакъуэ иIыгъыр яреутIыпщ. КIагуэ нэхъыбэ лъэIэсагъэнути къугъыу, пщIэууэ бжыхьым елъэри ежьэжащ, Мыщэ и кIэр и бэкъум дикъузэри цIыху Iувым яхэлъэдащ, адэкIэ джэд, гуэгушхэр игъащтэу куэбжэмкIэ дэжащ.

Иджы зыгуэрхэр гурыIуэгъуэщ. ПцIэгъуэплъыр зэрадыгъуам уд Iуэхуи, нэщыпхъуи, пэшэгъуи хэткъым. Шыдыгъум, псом япэрауэ, хьитIыр къигъэпцIащ. Абы шэч хэлъкъым. Ауэ дауэ ар унэм зэрыщIыхьар, дауэ Жанхъуэт и пIэ зыхэлъым ебакъуэу шэщым къызэрыщIэхутар, шыр зэрыщIишар, итIанэ шэщыбжэр зэрыIухам хуэдэу къигъанэу, ауэ сытми къригулIыжу хэгъуэгубжэ цIыкIур зэригъэбыдэжар? Апхуэдизыр ящIэху Жанхъуэт дэнэ здэщыIар? Дапщэщ ар къыщыхъуари? Ныжэбэ кIуар ара, хьэмэрэ дыгъуэсжэщ? А жэщитIыр аращ Жанхъуэт и шэщым щIэмыхьэу блигъэкIар. Егупсысыжри, дыгъуэсжэщу трагъэкIуащ, арагъэнущ икIи: шывейхэр упщIыIупащ, псыр

чейм изыбзэщ, нышэдибэ хагъэхъуар къыщхьэдэжэбзэхащ. Апхуэдэщ хьэкхъуафэм дэлъ Iусри, зыри хэIэбакъым, фэ зэрытетымкIэ.

Жанхъуэт и щхьэр фIеудыж, дэнэ атIэ ар дыгъуэсжэщ здэщыIар? ЗыщIыпIи щыIакъым. ЩIалэ нэхъыщIэр къызэрыт тхьэмахуэ зэхуакум нысащIэм и деж жэщгъуэлъу и щхьэгъусэр макIуэ, езы Жанхъуэт и закъуэ лэгъунэм щIэлъщ. Пшапэр зэрызэхэуэу, техьэулеикI щымыIэу, мэгъуэлъыж: жэщым и кIэщIыгъуэ дыдэщ, вагъуэбэр гъавэм къыхэплъащ, лэжьыгъэр куэдщ, жьыуэ цIыхум зыщиужь зэманщ. Пэжщ, зи ныбжь хэкIуэтам, сыт и жей. Хелъафэри тIэкIу мэщхьэукъуэ, къызэщоужри зегъэкIэрахъуэри пIэм хэлъщ, и дзажэ пхъэдзакIэ щIэдза нэхъей, емызэгъыу. Апхуэдэхэм и деж укъэтэджу щIыбым ущыщIэкIыни къыхэхуэни, атIэми яужь зэманым Зулий тхьэмыщкIэ яхуэмыIыгъыжу жэщкIэрэ кIийуэ уэрамым къафIыдэлъэдэрей хъуащ, хуабэм, щIэхыу къихьэну шылэм епхауэ къыщIэкIынщ. Дыгъуэсжэщ, хьэмэрэ вэсэжэщ? Вэсэжэщщ, нэхъ жыжьэ яфIежэхауэ псыхъуэм къыщаубыдыжащ. Дыгъуэсжэщ, Жанхъуэти мо мазэгъуэнэху дахэм илъагъуу, ирагъэкIу щымыIэу къашэжащ. Уеблэмэ япежьэри, Зулий тхьэмыщкIэ едэхэщIащ, и щхьэфэ Iэ дилъащ, фIэпсэкIуэду. Ауэ а зэман кIэщIым, мазэри Iурихыу, цIыхури уэрамым къыдэужьгъауэ дэту хэт шы зыдыгъуфынур, къидыгъуауэ, къыщIишыпауэ щIыи, къытемыплъэIауэ дэнэ здынишэсыфынур? Ар зыми къабыл ящIакъым, езы Жанхъуэти яхэту. ЩIыб имыкI щыIэ, абы ещхьщ ари.

ИтIанэ цIыхум щIэрыщIэу къытрагъэзэжащ а Iуэхур шейтIан IэщIагъэншэу, нэщыпхъуэншэу зэфIэкIакъым, жаIэри. Жанхъуэт дэнэ щищIэрэ, псалъэм и хьэтыркIэ, шейтIанхэм жэщым унэм къыщIашу щIыбым дагъэтарэ дамыгъэтарэ. Ар ящIэу цIыхум ялэжьынт, шейтIаным зыкърагъэгъэпцIэнт? Хьэмэрэ жин тетыр зи пэшэгъу цIыху щыIэу жаIэ. Абы къуимыщIэфын мы дуней щIыIум теткъым, нэ тхьэм кърызимыгъэщкIэ жыIи елъэIу армыхъумэ. Нэхъ пэжынур а жин тетыр арагъэнущ, сыту щымытами. Абы и IуэхущIафэ и кIапэ къэхьейркъым. Арыншамэ, мы зы жеипэ жэщым Жанхъуэт и шым хуэдэ щIэгъэна хъунукъым. Абы и шэщым ущIыхьэу, шыр къыщIэпшу. Зридзу ежьэжами зыгуэртэкъэ иджы абы щыгъуэми. Хьэуэ, пщэдджыжьым хэгъуэгубжэ цIыкIум и хьэлъкъыр зэрыIугъэпкIар зыгуэрым имылъагъун щхьэкIэ, псори зэрыщытауэ къафIигъэщIыну игъэбыдэжащ. ПщIэну щытыххэкъым, абы хэгъуэгубжэ Iуэху лъэпкъ зэримыхуагъэнкIи хъунущ. СлIо, жин тет и пэшэгъумэ, зы дамэдазэ гуэркIэ ар дигъэпщщ, бжэIулъэри пхъэрыгъажэри ирыригъэхри – макIуэ щIыкIэ, ежьэжащ. Абы щыгъуэми, шыри тесри зыми къамылъагъун щхьэкIэ нэщыпхъуэ джанэ щатIэгъамэ, уи ней щыхуэ дунейр къутэжыху.

– ТхьэгуIэ, умыщIэ иджыпсту дымылъагъуу къытщыдыхьэшхыу къытхэтми, ярэби, тобэ Iистофриллахь, Жанхъуэт, апхуэдэ бзаджэнаджэ, уд, жин Iуэху гуэрхэр хэмыту, хэмыпщIауэ пIэрэ мыбы? Мэуэ щIэх-щIэхыIуэурэ бисмиллахьи рахьманиррахьим, жыIэн хуейщ, ар нэхъыбэрэ жыпIэныр зэранкъым, – игъэIущырт зэхэтхэр ХьэжылантIэ.

– Тхьэм и цIэмкIэ пхуэсIуэнщ, жысIэу, жызоIэкIэ, ефэнды. Ауэ ар бзаджэнаджэ, жин Iуэхумэ, сэ дауэ мыпхуэдэу сыкъызэтрагъэна? Удщ, жыпIэнущи, уд ди жылэ дэмысыжу жызыIар уэратэкъэ? Хьэмэрэ аргуэру къэунэхуа?

– Инш Алла, ар пщIэнукъым, къэунэхуагъэнкIи хъуни. Ар дэ дагъащIэ, къыдэупщIурэ къэунэху уфIэщIрэ? Бзаджэнаджэ щIыжаIэр аращ, упщIи чэнджащи хэмылъу бзаджагъэ зэрехьэри.

Абы хэту Ислъамджэрий, Адэмыр, Хьэмырзэ, Мысост сымэ къыдыхьащ. Абыхэм Жанхъуэт и Iэр яубыдащ: «Уи насып тхьэм химыхкIэ, пхуэщын тхьэм къуитыж», – жаIэурэ. Зыгуэр жэри дыгъужьыхуэ къихьащ. Абы ефэнды ХьэжылантIэ ебжри, мафIэм пэридзащ, абы кърихышхуэ щымыIэу, уд, жин Iуэхур тригъакIуэу, ар тригъэчыныхьу. Псалъэмакъым Хьэмырзи къыхыхьащ:

– Догуэ, Жанхъуэт, уэ къэнтIопIкIэ е IущхьэкIэ жейнэд, жеибэ уамыщIауэ пIэрэ? Ар ягъэсу умыщIэу къыпщIагъэуамэ, укъэмыушыжу зы жэщ-зы махуэкIэ уигъэжеинущ.

– Алыхьу тэхьэла арагъэнмэ, а Хьэмырзэ жыхуиIэр, – зэкуэфэуэжащ Жанхъуэт и щхьэгъусэр Iугъэлыгъэу. – Пщэдджыжьым пIэр Iусхыну сыкъыщыщIыхьам, сэ зы Iугъуэ мей си пэм къиуати, симытхьэлэну си фIэщ хъуакъым. Аращ, алыхь...

– Аджыдэ, сыту уимытхьэларэт, – зэгуэпащ Жанхъуэт, и фызыр псалъэмакъым къызэрыхэIэбар хуимыдэу. – Сэ дыгъуэспщэдджыжь нэхъ жьыуэ зызужьу сыкъэтэджауэ сщIэжыркъым, – щIигъужащ абы, а зэрызэгуэпам хуэдэурэ.

– Ари пэжынущ, ари пэжынущ, – къэгуфIащ Хьэмырзэ. – Уэ япэщIыкIэ Iугъуэм утригъэмэхыкIри, итIанэ укъызэщыужауэ аращ.

– Уа мы Хьэмырзэ зыгуэрхэр ещIэ. Хэт апхуэдэу уэ шы къызыфIэбдыгъуар, Хьэмырзэ? – щIэупщIащ Мысост, и фIэщрэ гушыIэрэ пхузэхэмыгъэкIыну. Абы щхьэкIэ Хьэмырзэ и пэр гъатхэ танэ гуууэ иIэтащ.

– АтIэ псори аращ, ауэ пцIэгъуэплъым хамэ дауэ зыбгъэдигъэхьа, ар хэт къыджезыIэфынур? – къэпсэлъащ зы лIы пэгъым.

Абдежым Жанхъуэт и жэщ пыIэмрэ и тэджлеймрэ зэрыбзэхар къащIащ.

– ГурыIуэгъуэщ, – жиIащ Хьэмырзэ гуэрым, – Жанхъуэт, а уэ къозыкуам уэ пщIэри ещIэри сэ сщIэри щIыгъужщ. СлIо, шым кIыфIым уэ укъызэрыщицIыхур уи мэрщ, уи пщIэнтIэпсымэрщ. Мис ар дыгъущ, дыгъу ухуеймэ! – ехъуэпсащ Жанхъуэт и шыр зыдыгъуам Хьэмырзэ. – Уи тэджэлей игъащIэм къыппкърыкIа пщIэнтIэпсыр зэщIэзыфар щыгъмэ, Жанхъуэт, уи жэщ пыIэр щхьэрыгъмэ...

Хьэмырзэ адэкIи Iэджэ жиIэну къыщIэкIынут, ауэ пщIантIэм шищ гъуэзыр къащхьэщихыу щIэщIауэ фитон къыдэлъэдащ. Ар Псыхуабэ къикIауэ арат, Петр Христофорович къигъэкIуауэ. Фитоным зы щIалэ къелъащ, хьэ гъэса и Iэдэжу. ЩIалэр зыщIэупщIэшхуи щымыIэу шэщым щIыхьащ, абы хьэм мэр къыщригъащтэри, щхъуэжьым унафэ хуищIащ лъыхъуэну. ЯпэщIыкIэ хьэ напщIэ джэхужьыр гушхуауэ ежьащ, ауэ Жанхъуэт и Мыщэрэ КIагуэрэ къыздихуар ямыщIэу хьэ мыцIыхум зыкъградзри, иIыгъри зыIыгъ щIалэ цыхури зэрагъэхь пэтащ. Ерагъыущ а тIур хьэр ирамыгъэшхыу зэрыщхьэщахуар. Абы иужькIэ хьэ гъэсам и кIэр и бэкъум къыдимыхыу, дэнэкIэ хъырц къыщыIумэ, и тхьэкIумэр игъэкIыу, ауэ зыгуэрхэр къилъыхъуэ, къигъуэт нэхърэ и щхьэр ихъумэжмэ нэхъ къищтэ хуэдэу фэ тетт, икIи сыт хуэдэ унафэ ткIий къыхуамыщIами, хигъэхьэщакъым. ЯпэщIыкIэ шэщым къыщри-

шэжьа лъэужьыр езы Жанхъуэт бгъэдишэри, абы и цей къуащIэр иубыдащ, псоми ауан закъригъэщIу. ИтIанэ абы нэрыгъыу Хьэмырзэ иубыдри, зыкъомрэ игъэгузэващ: «Ыр, ыр, хьэщхьэрыIуэ хъун, умыщIэххэу уагъэунэхъунукъэ мы хьитIым я кум къыдэкIам, Iуш, Iуш мыр што, тхьэр згъэпцIащ, сабэр къыхезмыгъэхмэ, узыхуейр арамэ!» – жиIэурэ зэсэбауэу къижыхьу. Хьэмырзэ къыщыпыкIам, псори дыхьэшхыу абы Мысост зрипщытат, арщхьэкIэ езы щхъуэжьыр зэрытемыгушхуэщам и щыхьэту абы и лъейм едзакъэ хуэдэу ищIщ, щIегъуэжри щIалэ сырыхум и лъабжьэм, еша нэхъей, зыщIигъэукIуриежащ и бзэгу тхьэмбылыфэшхуэр къеплъхэм къахуридзри. Аращ хьэ гъэсам и Iуэхур здынэсар. Ауэ щIалэ къэкIуами, ар къэзыгъэкIуами я жагъуэ мыхъун щхьэкIэ Жанхъуэт унафэ ищIащ и уэтэрым щыблэкIыжкIэ фитоным жьагъэ гуэрхэр хурагъэтIысхьэну.

ЦIыхуми, сытыт, Жанхъуэт къыхуэгузэвэну я къалэнти, къыхуэгузавэхэри зэбгрыкIыжащ, и насып тхьэшхуэм химыхыну къыхуэхъуахъуэу, ауэ хьэ гъэсам зыри зэрыхузэфIэмыкIамрэ ар Мыщэрэ КIагуэрэ бжьынэм ирагъэпщ зэрыпэтамрэ нэхъыбэу тепсэлъыххэурэ.

Пщыхьэщхьэм пшапэр зэхэуэпауэ Жанхъуэт и деж зы шу мыцIыху къыщепсыхащ. Ар хашэт. Щыхьэту жаIэри, Ислъамджэрийрэ Адэмыррэ къашащ. НэгъуэщIкIэ хэIущIыIущэ защIакъым, хашэм и лъэIукIэ. Абы жиIащ:



– Жанхъуэт, уи хъыбар, уи IуэхущIафэкIэ сэ фIыуэ узоцIыху. Сэ си цIэ, сыкъызыхэкIакIэ сыкъыхыумыгъэзыхь. Сэ мыр си IэщIагъэуи щыткъым. Ауэ дыгъуэсжэщ уиш ядыгъуауэ зэхэсхати, зыгуэрурэ лIы щIагъуэм щхьэпэ хуэхъумэ, жысIэри слъэгъуар бжесIэну сыкъыдыхьащ. Дыгъуэспщэдджыжь жьыуэ Джэрпэджэж бгъуэнщIагъыжьым зыш щIашэри щагъэпщкIуащ. Ныжэбэ кIуам щIашыжыну пIэрэ жысIэурэ ар си гуращэу сеплъэкIуати, щIашыжакъым, атIэ... яхъуэжауэ аращ. Зыгуэрым нэгъуэщIыш нишэри, абы щIэтар щIишащ. Ар, дауи, нобэ псори къыщIэплъу зыми къыщIишыжакъым. Ар ныжэбэ... Пшапэр зэхэуащ, зывмыгъэгувэ. Уигу пыкI къызэт, а Джэрпэджэж бгъуэнщIагъыжьым шы къыщIэвмыгъуатэмэ, си пэр фэзгъэупIэнщ къэзгъэзэжынщи...

– КъыщIэдгъуатэмэ, уэттынщ, – жиIащ Ислъамджэрий, арщхьэкIэ Жанхъуэт идакъым. Хашэм жэмыщIэ дэгъуэ дихури дэкIыжащ.

Жанхъуэт хашэ къызэрыхуэкIуар жылэм яхэIуэри, аргуэру къызэхуэсыжахэт, ауэ кIыфI хъурт, пIэщIэн хуейти, щхьэусыгъуэ ящIурэ нэхъыбэр зэбграгъэкIыжащ.

– А-а, иджы ар мылъку хэхыпIэ ящIыну псэжь Iэджэ къэкIуэнщ уи деж, Жанхъуэт, кхъыIэ, тIэкIу зэгъэзэхуауэ бгъэдэт мы псэкIэ ущIэщIауэ зэбгъэпэща уи мылъку тIэкIум, – жиIащ Хьэмырзэ щыдэкIыжым. Ар зыгуэрым зэрыщыгуфIыкIыр хуэмыбзыщIу бзэрабзэрт. Уеблэмэ абы Мусэ дэгуи гу лъитат. Абы Хьэмырзэ кIэлъиутIыпщащ:

– СлIо, Хьэмырзэ, уи хьэм бажэ къиубыда нэхъей, уи Iупэхэр зэтехьэжыркъыми. Сызэрыхуейуэ Жанхъуэт и шыр ядыгъуащ, иджы шыдыгъуу къэнэжар Темыркъан и закъуэщ, абы си къэбыфэжьыр зэрипэсынукъыми къысхуэнэжащ, жыпIэу ара?

– Уи жьэм банэ Iураулъэфи, уэ кхъуэ дэгум. Уэ узыгъэувыIэн щыIэкъым. Уигу гъэзагъэ иджы, сэ си къэбыфэжьыр сиIэжкъым...

– ТхьэгуIэ, Хьэмырзэ, уи къэбыфэжьыр здэкIуар хэт ищIэн, ауэ Мусэ жиIэм пэж хэлъ сфIощIкIэ, угуфIэ си гугъэщ Жанхъуэт и шыр зэрадыгъуам щхьэкIэ, – жиIащ Адэмыр.

– Iэу, тобэ къэхьыж, Адэмыр. Ар дауэ уигу къэкIыхха? – Хьэмырзэ гузэрыдзэ ищIу къигъэзэжат, ауэ Адэмыр щIилъэфыжащ:

– СыгушыIауэ аращ, Хьэмырзэ, уи фIэщыбзэ хъуаи, гушыIэ къыбгурыIуэжыркъэ?

Адэмыр и псалъэхэр нэхъри кIэщI езыгъэщIар Ислъамджэрий нащхьэIущхьэ къыхуищIар арат: кIыфI хъупащ, хашэм жыхуиIам кIуэн хуейщ, мы щхьэгъавэр бутIыпщыжмэ хъуркъэ? – арат Ислъамджэрий и тэрмэшым къригъэкIыр. Ар езыр Iыхьэлейм икIауэ ирипагэрт Жанхъуэт и хашэ щыхьэт зэрищIам икIи а Iуэхум зыкъригъэлынутэкъым.

ЛIитIым я нащхьэIущхьэм гу лъимытэххауэ, Хьэмырзэ кIэбгъу зищIри дэкIыжащ. Псом яужь къинар Мысостт. Адэмыррэ Ислъамджэрийрэ абы хузэгуэпырт зэрыщIэмыкIыжым щхьэкIэ. Зыгуэр къыхуагупсысынути, Мысост и акъыл жаным щышынэхэрт. НэхъыфI дыдэу абы къалъытар зыри жамыIэу щысмэщ. ЩемыпсалъэхэкIэ, ищIэн хуейкъэ. Аращ адыгэ хабзэр: гъусэ ямыщIынум блэкIрэ пэт йоджэ, псэлъэгъуу зыхуэмейм и упщIэ жэуапыншэу къагъанэ. Жанхъуэт хашэ зэриIар а Мысост иригъэщIэнутэмэ, щыхьэту къищтэнтэкъэ? КъыщимыщтакIэ, абы зыри щыжримыIакIэ, Ислъамджэрийрэ Адэмыррэ Мысост епэгэкI хъунущ. Щрес хамэгу-хамащхьэу, абы фIэкIа гукъэкI щимыIэкIэ, жаIэри а тIур зыгуэрхэм щхьэкIэ зэхъуцацэу щIадзащ, арщхьэкIэ Жанхъуэт и къыщIыхьэжи и жыIи зы ищIащ: 

– Мысост, узэзгъэжьащ, узгъэгуващ. Iуэху щыIэти нэзгъэжам уагъуэтакъым. Хашэ щыхьэт мы Ислъамджэрийрэ Адэмыррэ я гъусэу усщIыну арат. Мы тIум къыбжаIагъэнщ (Мысост щысхэм еплъри пащIэкIэ щIэгуфIыкIащ) – сэ хашэ сиIэщ, абы дыкъимыгъэпцIамэ, си пцIэгъуэплъыр зэрахъуэжа шыр Джэрпэджэж бгъуэнщIагъыжьым щIэтщ. Иджыпсту цIыхур мызэгъэжыпэ щIыкIэ абы дынэмысмэ, ар щIашу ежьэжынри ухакъым.

– Дэ дыхьэзырщ, – жиIащ Ислъамджэрий, Мысост и дежкIэ мыплъэу.

– Сэрыншэуи хъуну къыщIэкIынщ, Жанхъуэт, ар, сыт абы псоми щытщIэнур? – и бзэгум къыпылъэтащ Мысост, а жиIэр зэрылейр ищIэжми.

– Айдэ мыгъуэт иджы, зыкъысхуигъэгусащ, – дыхьэшхащ Жанхъуэт абы и хашэ щыхьэтхэм я щытыкIэм зыри химыщIыкIыу, ауэ Мысост дэнэ щыIэми къэвгъуэт жиIэу, ар къэмысауи хашэр зэриутIыпщыжам щхьэкIэ мыдрейм гузэрыдзэ ищIа фIэщIыжу. – Iуэхушхуэщ мы адыгэ хабзэм зыдебгъэкIуну. ЗанщIэу ухилъэфэнущ, хэпкъуэнущ. Хъунщ, сынэхъыжьми сыщыуащ иджы, къысхуэгъэгъу...

Адэмыррэ Ислъамджэрийрэ зэгуэпырт Жанхъуэт мо и кIэри и пэри Дамыщыкъуэхэ я пщылIу щытам, лъхукъуэщо щхьэхуиту зэраутIыпщрэ дыгъуасэ фIэкIа мыхъуам зэреубзэм щхьэкIэ. Ар дыдэр аракъэ иджы лъхукъуэщор бгъэкIэсмэ, уанэгур уфIещтэ, жыхуаIэр. Ар тIуми ягу илът, ауэ зыми и жьэ къекIуакъым. Мысост апхуэдэ ехъуэни, и гъащIэм узэфар Iубыгъуищу къыпщигъэхъунщ.

– Хъунщ, хъунщ, Жанхъуэт, жызмыIэн жысIащ, уэращ къысхуэзыгъэгъун хуейр. ФынакIуэ фэ, фи шы-уанэ щыхьэзыркIэ, сэ сыныфлъэщIыхьэжынщ.

Ар жиIэри, Мысост Жанхъуэт и унэм къыщIэкIыжащ. ПщIантIэм нэс абы езы Жанхъуэт къыдэкIуэтащ, итIанэ пщэфIапIэмкIэ къыщIэжа щIалэ нэхъыщIэм Мысост куэбжэми къыдишыжри, и гъуэгум ибг къэсыху мащIэкIэ зыкъыкIэригъэхуауэ сэмэгурабгъур иIыгъыу игъэкIуэтэжащ, хъунщ иджы гъэзэж, жиIэу хуит ищIыхукIэ. Мысост и гъэщIэгъуэныпIэт Джэрпэджэж бгъуэнщIагъыжьым шы щIэту жызыIэу къэкIуа хашэр, ар илъэгъуамэ, гуапэ щыхъунут. Ауэ зэрихьэлIакъым. Адыгагъэри пагагъэри хузэхыхьэжу тIэкIу зигъэкъиинyну мурад ищIами, абы иджы и гуапэт а бгъуэнщIагъыжьым кIуэуэ цIыхухэр зэрагъэгугъакъуэм, къызэрагъэпцIэфым еплъыну. Апхуэдэурэ гупсысэ пэтми, шынагъуэ лъэпкъ щымыIэну къилъытэми, Мысост и Iэщэ-фащэр псори зыкIэрилъхьащ, уеблэмэ гъуэмылэ гуэрхэри къиштащ: узыхуэзэнур хэт ищIэн, жиIэри.

ТIэкIу зэрыгувам, адрейхэр нэсауэ къежьэнкIэ зэрыхъунум щхьэкIэ Мысост и шым елъэдэкъэуащ. Джэрпэджэж бгъуэнщIагъыжьыр гъунэгъу тIэкIут, псым зэпрыжи аращ. Мысост фIэгъэщIэгъуэныпэр лIы хуэдэлI ар увыIэпIэ зэрищIарт. БгъуэнщIагъыжьыр сабий джэгупIэщ Iэджэ мин щIауэ. Пэжщ, яужь зэманым ХьэжылантIэ и фIыщIэкIэ абы цIыхур апхуэдизу щыпэкIужыркъым. Ефэндым зэрыжиIамкIэ, Зулий тхьэмыщкIэм бзаджэнаджэ зэран къыщыхуэхъуар, ар щагъэделар а бгъуэнщIагъыжьыр аращ. Ар мажусий IэщIагъэхэм ящыщщ, дауи. Мис а нэгъабэ мыхъу абы и щыпэ гъэм Джэрпэджэж бгъуэнщIагъыжьым и деж тхьэшхуэ гухьэж, жаIэу жьы ямыIэу, щIэ ямыщIэу, щIалэ къэмынэу, хъыджэбз жамыIэу махуэм жэщ хъухункIи, жэщым нэху щыхункIи зэрызелъафэу зэрагъэкIуам къикIа Iуэхущ а Зулий и мыгъуагъэр. КъащIэ а жэщым ар зезылъэфар? Дэтхэнэ щIалэр ара? МыщIалэхххэу, бзаджэнаджэ, шейтIан, алмэсты къекIуэлIами ищIэжыркъым. Аракъэ, цIэ къыщригъэтми, абы иужькIи «бгъуэнщIагъыжьым, бгъуэнщIагъыжь зэпытырыкIуэрабгъур къызыхуэкIуэныр», – щIыжиIэр. Абы адэкIэ зыри къыпищэркъым. ИщIэжуи узиIэ, бзаджэнаджэм псори IэщIахри ежьэжащ.

Апхуэдэ хъыбархэм цIыхур ягъэшынэрт, атIэми жэщ къэс ар ящимыгъэгъупщэжу псоми ягу къигъэкIыжырт тхьэмыщкIэ хъуа Зулий и кIий макъым. Абы щхьэкIэ сабийхэми мызыгъуэгукIэ Джэрпэджэж бгъуэнщIагъыжьыр ябгынат, махуэкIэрэ гъуэрыгъуапщкIуэ, жэщкIэрэ хьэримолэ щымыджэгужу. ИкIи цIыкIухэм фIыуэ ялъагъуу щыта щIыпIэр зэрабгынэрэ а джэгукIэ дэзыхьэхыу щытахэри нэхъ кIащхъэ хъуат. НэгъуэщIыпIэхэм а джэгукIэхэр апхуэдизу щыгъэщIэгъуэн хуэдэтэкъым, узыIэпишэртэкъым. Ари ХьэжылантIэ и гуапэ хъуащ. Сабийхэр кIуэ пэтми шымэром нэхърэ фIыцIагъэм нэхъ дехьэх, абы гу хуэзыщIам и пащIэр нэхъ IуэнтIэгъуафIэщ. ПащIэ IуэнтIэныр зи бзэгу яIуэнтIа цIыхум нэхъ хэзэгъэнут, жьыр къыщепщэр зымыщIэ чыхум хэтхэм нэхърэ.

Мысост Джэрпэджэж бгъуэнщIагъыжьым нэхъ хуэблэгъэхукIэ и гур нэхъри пIейтейрт. ГъащIэшхуэ дыдэ имыIэми, сыту куэд игу къигъэкIыжа абы нобэ, ныщхьэбэ. БгъуэнщIагъыжьыр зеиншэ хъуам

ещхьщ. Езым и сабиигъуэри и щIалэгъуэри абы пыщIащ. Езым и закъуэ? Зэрыжылэу аращ. Я лIахэри апхуэдэу щытагъэнщ. Иджы ХьэжылантIэ ар нэрыгъыу иубыдащ. ЦIыхум зыгъэпсэхупIэу, джэгупIэу, нэгузыужьыпIэу яIэр къащытепхкIэ, абы ягу щыщыбгъэкIкIэ, я гушхуэныгъэр, я дыхьэшхыр, я гъащIэр къатепхым ещхьщ. Мысост сыт щыгъуи ХьэжылантIэ теплъэ хъуртэкъым, иджы аргуэрыр къыхэхъуащ.

КIыфIым къыхэIукI шы лъэмакъыр щызэхахым, Жанхъуэт сымэ лъэныкъуэ зрагъэзащ. Абы япэщIыкIэ я гугъащ шу къакIуэр Джэрпэджэж бгъуэнщIагъыжьым зиш щызыхъуэжыну яужь итыр арауэ. АрщхьэкIэ абы гу лъызыта Мысост, лIищыр имыгъэгузавэу, япэ ищащ:

– Мыр слIо, Жанхъуэт, фынэсакъыми?

– Дыножьэ, лIэун, псори дызэгъусэмэ, нэхъыфIкъэ? – жиIащ Адэмыр, зи гур икIа макъкIэ.

– Абы шууэ девмыгъэкIуалIэу дишхэр мыбдеж шыщхьэзэфIэдзэ щыдвгъэщIи...

– Хьэуэ, Ислъамджэрий, уэ уи шыр Жанхъуэт и шым теплъэхьэну мурад уиIэмэ, сыппэрыуэркъым, ауэ си шыр мыбдеж апхуэдэу къэзгъэнэфынукъым, – жиIащ нэхъ макъ зэпIэзэрыткIэ Адэмыр.

– Оу, яхьын уфIэщIрэ?

– СфIощI, уэлэхьэ. СлIо уи гугъэр?

– Уемыныкъуэкъу, Ислъамджэрий, пэжщ а Адэмыр жиIэр. Хэт атIэ шыхъумэу къэдгъэнэнур? – щIэупщIащ Жанхъуэт.

– Фыхуеймэ, сэ сыкъэнэнщ, – жиIащ Мысост, нэхъыжьхэм я жагъуэ имыщIын щхьэкIэ.

– Хьэуэ, мыдэ Адэмыр къренэ, – Жанхъуэт лIы, зигъэцыджми, къэрабгъэ цIыкIум и гум къиишхыдыкIащ. Абы жеIэ:

– Уэлэхьэ, сыарэзыкIэ, фщIыр си унафэщ, ауэ... Хъунщ атIэ, хъунщ, сыфхуэшыхъуэнщ, ар иужькIэ Ислъамджэрий къызимыхъуэныжынумэ.

– Сыт жыпIэр, зиунагъуэрэ? Сабий сыхъужа уи гугъэрэ? Дящыщ гуэр къыщынэн щыхуейкIэ... Уеблэмэ мыр нэхъ дзыхьщIыгъуэджэу си щхьэкIэ къызолъытэ. Пэжкъэ, Мысост? – Ислъамджэрий, езым къызэрыфIэщIыжымкIэ, Мысост и жагъуэ ищIат нетIи иджы ифI зыкърherшэжу арат.

– Ахей, – жиIащ Мысост, и Iупэхэр зыми ямылъэгъуами ауану зэтежри, – мыбдежым мор шы, мыр шы, жаIэу уанэшиплI къыдогъанэ, абы уегупсысмэ, слIо а бгъуэнщIагъым щIэтынкIэ хъунур? Шы бэгу гуэр...

– Iэу, пцIэгъуэплъыр арамэ-щэ, апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ? – и жагъуэ ищIащ Жанхъуэт.

– Хьэуэ, Жанхъуэт, пцIэгъуэплъыр аракъым. ЩIэтар щIашауэ, яхъуэжауэ жиIакъэ хашэм, – къыдощI Мысост гуэрым Ислъамджэрий.

– Ари пэжщ, хъунщ атIэ, фынакIуэ, – жиIащ Жанхъуэт.

– Фымыбэлэрыгъхэ, шыдыгъухэр бзаджэщ. Хэт ищIэрэ гуп хъуу-уэ къакIуэмэ, шыр къыщIевмыгъэшу зы къахэвукIыкIи, абы адрейхэр къевгъэIуэтэнщ, – ежьахэм уаз ярет Адэмыр.

– Уи псэщ жиӀащ ар, букӀа иужькӀэ адрейхэр къызэребгъэӀуэтэнур, абы и гугъэр зэхэпхыркъэ, – ину дыхьэшхыу къыщӀидзащ Ислъамджэрий, ауэ Жанхъуэт къыхуэхъущӀэри, щым ищӀащ.

Ислъамджэрий япэ иту, Жанхъуэт абы кӀэлъыкӀуэу, яужьыр Мысост иӀыгъыу ахэр Джэрпэджэж бгъуэнщӀагъыжьым нэсащ. КӀыфӀым бгъуэнщӀагъ щӀыхьэпӀэр нэхъри хофӀыцӀыкӀ. ЗэщӀэдэӀукӀхэм, шы пырхъ макъ зэхахащ. Шэч хэлъкъым, бгъуэнщӀагъым шы щӀэтщ. Жанхъуэт и гур мащӀэу къызэрыгъуэтыжащ: теувауэ пӀэрэ и пщӀэгъуэплъым и лъэужь? Ар яхъуэжауэ зэрахъуэжар мыбы щӀэтмэ, гува-щӀэхами а шым зыгуэр къылъыгъуэзэнщ. ИтӀанэ... Жанхъуэт и гупсысэр нигъэсатэкъым Ӏэуэлъауэ, лъэс лъэмакъ щызэхихам.

Щыми лъэныкъуэ зрагъэзащ. КъыкӀэлъыплъӀауи, шынагъуэ гуэр щыӀэнкӀэ хъунуи и гущхьэ къэмыкӀыу бгъуэнщӀагъым лӀы гуэр щӀыхьащ, дзэщхьэлкӀэ фий нэпцӀ зищӀу. Абдеж къуэгъэнапӀэм здыкъуэсым Ислъамджэрий къыздищта уэздыгъей пхъэдзакӀэ гъурыр пигъанэри къызэфӀэуващ. БгъуэнщӀагъым щӀыхьар Ӏэпхъуэшапхъуэу зеуащ, абы и ныбжьыр зэм зы блыным зэкӀэщӀэшауэ кӀэридзэу, зэм адрей блыным шейтӀан дыдэм ещхьу къыкӀэрыщу. ИтӀанэ ныбжьыр кӀуэдащ – лӀым къуэгъэнапӀэ къигъуэтри, мывэ псыӀэм зыкӀэриудыгъуэу етӀысэхат. Къэхъуар къыгурымыӀуэу бгъуэнщӀагъым щӀэт шыми Ӏэуэлъэуэн щигъэтащ, абы и нитӀыр вагъуэу къоцӀу. Ислъамджэрий мывэ дзакӀэм зэрыкъуэтым хуэдэурэ нэхур бгъуэнщӀагъым щӀрегъадзэ:

– Хэт мыбы щӀэтыр? Уи Ӏэщэр хыфӀэдзи къыщӀэкӀ, дэ щы дохъу! – яужь псалъэхэм щхьэкӀэ Мысост укӀытауэ Жанхъуэт еплъащ.

– Плъэгъуа лӀыхъужь? – жиӀащ Жанхъуэти щэхуу.

БгъуэнщӀагъым щӀэсым зигъэхъейркъым. Ауэ щӀыӀэ техьэгъуэм зэрихуэм ещхьу, зыгуэрым и кӀэкуакуэ макъ тхьэкӀумэм къэщтэ, здэжэн зымыгъуэту плӀанэпэм даубыда хьэ шынэкъэрабгъэжьым хуэдэу зызыгъэукӀурияуэ гуӀэ, пщӀэу нэпцӀ зызыщӀ лӀым еплъурэ бгъуэнщӀагъым щӀэт шыми и тхьэкӀумэхэр игъэкӀащ щтэӀэщтаблэу. КъыфӀэщӀагъэнщ имыщӀэурэ хьэ къыкӀэщӀэзэрыхьауэ.

– Хэт жысӀакъэ мыбы щӀэсыр? Дэ щы дохъу, фокӀэщӀ зырызи тӀыгъщ, – кӀиящ Ислъамджэрий аргуэру.

– Сс-сэ-ра-а-ащ, сэ къамэ фӀэкӀа скӀэрылъкъым. Фыкъызэмыуэ, фыкъэзылъхуар фщӀэжмэ...

– КъыщӀэкӀ мыдэ нэхум.

– СынокӀуэ.

Ислъамджэрий уэздыгъей дзакӀэр лӀым и нэкӀум хуихьащ. Жанхъуэт илъагъур нэфӀэщӀ игугъауэ и нитӀми щӀоӀуэтыхь, Мысост ину дыхьэшхащ, Джэрпэджэж бгъуэнщӀагъыжьри жэщ кӀыфӀри къигъэпсалъэу. Абы я пащхьэм Хьэмырзэ-шыдыгъу зипӀытӀ-зихузу итт.

– А теурэз махуэр зыхуэкӀуа, мыбы уи хьэдэр хьэм къихьа, мыбы щыпщӀэр сыт? – жиӀащ Жанхъуэт, ишри щыгъупщэжауэ дыхьэшхым къызэщӀичын къудейуэ зызэтриӀыгъэу.

– Шы-ы, си шыр... Къэбыфэжьыр...

– А хьэдагъэ къэбыфэжь, хьэдагъэ къэбыфэжьыр зыхуащӀын, Жанхъуэт и пщӀэгъуэплъыр дэнэ здэщыӀэр? – мэпӀащӀэ Ислъамджэрий.

– ...Схъуэжат, сщIэркъым. Уа, Ислъамджэрий, щхьэ укъысщиша, сщIэркъым сэ Жанхъуэт... Схъуэжащ, бжесIакъэ? Схъуэжащ...

– Хэт зэпхъуэжар?

– ... Къэбыфэжьыр.

– Хэт зэпхъуэжар къэбыфэжьыр? – щIэупщIащ Мысост, и нэпсхэр илъэщIыжурэ, – тхьэм уигъатхъи, дыбгъэтхъащ. Хэтщ жыпIа?

– СцIыхуркъым, Мэздэгу бэзэрым дыщызэхуэзэри...

– Уи адэу цIэм игъэлIам и пыIэжьыр къэгъэпцIэж абыкIэ. Уэ уи деж нишэу къуихъуэж хъуртэкъэ абы?

– Ислъамджэрий, си адэр щIым къыщIумылъэфыж, сыкъэзыгъэщIар згъэпцIащ уи нэвагъуэр уэзмыгъэлъагъужмэ! Мис итIанэ сыкъэпщIэнщ, хэт цIэм ихъуэкIуами, хэт игъэувыIами.

– Уа, былым, уи шы хъуэжыныр Жанхъуэт и пцIэгъуэплъыр щадыгъуам иребгъэхьэлIауэ ара? Зэ Iэжьэкъур иумыч. ПщIэрэ уэ, ахъмакъ, нобэ къэкIуа а хашэм Жанхъуэт и шыр зэрахъуэжа шыр мы бгъуэнщIагъым щIэту къызэрыджиIар?

– Дауэ, дапщэщ? Хашэ, бэзэрым, идакъым, бгъуэнщIагъым, къэбыфэжьыр, дауэ? – Хьэмырзэ апхуэдизкIэ хэзэрыхьыжати, псалъэхэр ауэ сытми къыжьэдэлъэт къудейуэ арат.

– Къэгъанэ, Ислъамджэрий, ар, – жиIащ Мысост, Хьэмырзэ Iуэху хэхуар фIэгуэныхь хъуауэ. Насыпыншэм махъшэм тесми, хьэр къодзакъэ, – игу къэкIащ Мысост, – еплъ мы псор къызэрекIуэкIым.

– Абы иджыпсту къыпыпхын щыIэкъым, модэ шыр Iэдэж щIыи фынакIуэ, – Жанхъуэт Адэмыр къыздагъэнамкIэ игъэзэжащ. Ислъамджэрий зэгуэпурэ бгъуэнщIагъым щIыхьэри, шы гуэр къыщIишащ, ар и Iэдэжу псом яужь иту макIуэ. Ар нэхъри зэгуэзыгъэудыр мы Мысостт. Лъхукъуэщо пэтрэ уэркъым нэхърэ нэхъ Iейуэ зещI. Мы Жанхъуэти гъэщIэгъуэнщ, сыт ар апхуэдизу Мысост щIыщышынэри, абы щIыщысхьри?..

Пщэдджыжьым къызэрыщIэкIамкIэ, Хьэмырзэ и къэбыфэжьыр мэкъуэщ нэщIым итт. Хьэмырзэ япэщIыкIэ абы бгъэдэлъадэри, и пщэм зришэкIащ: «КъэкIуэжащ», – жиIэри гуфIэу. ИтIанэ жэщ кIуам зыхэта бэлыхь къомыр игу къэкIыжащ, къэзыувыхьа цIыхум къахэплъэжри, щхьэжагъуэу щIигъужащ: «КъэкIуэсэжащ».

– Къэбыфэжьыр къыщыкIуэсэжакIэ, мыдрейри кIуэсэжауэ пIэрэ? – ауан хэлъу къопсалъэ Ислъамджэрий. Псоми Ислъамджэрий и пщIантIэмкIэ ягъэзащ, Жанхъуэт и шыр зэрахъуэжа шым (иджы абы шэч къытрахьэжыртэкъым – Хьэмырзэ и къэбыфэжьыр зыщIыпIи мыкIуауэ дэтщ) еплъыну. ПщIантIэм цIыху Iув дыхьар щилъагъум, Зулий тхьэмыщкIэ и щхьэц тIэкIур зыжь и анэм зыкъыIэщIиудри, унэм къыфIыщIэжащ: «Сыхуейкъым, сыхуей мыгъуэкъым, къэвмышэ, къэвмышэ а ефэндыр», – жиIэурэ. ХьэжылантIэ къаблэмкIэ зигъазэри тхьэм, уафэм и Iэр хуишиящ: «Агъуузубиллахьри менишайтIанрэжим», – Iущащэу жиIэри. ИтIанэ ар Ислъамджэрий хуилъащ, ем узэрихуэу мы шыр уи деж къэпшащ, уи Iуэхуу хэлъыр сыт, къэгубжьауэ.

– Жанхъуэт шэ жиIат. Жанхъуэт, мес езы Жанхъуэт, ухуеймэ, еупщI.

Зулий тхьэмыщкIэ IэпцIэлъапцIэ Iейуэ, и щхьэц бапхъэм жьыр щIихуу ищхъэрэкIэ яфIежэхащ. Абы яужь и анэр гуIэжу

итт, фымыгъакӀуэ, кхъыӀэ, щыхупӀэр къигъэунэхуащи, иукӀынущ, фымыгъакӀуэ, жиӀэу.

ЩӀалэ нэхъ жэрхэр лъэщӀыхьэри, ар къаубыдыжат, ауэ яхуэмыӀыгъыу заӀэщӀеуд. ЗэщӀэбубыдэнущи, хъыджэбз зи ишэгъуэщ, емыкӀущ, арыншамэ мо къару зыхэлъ, екуэку гуэр, зышыӀэныгъэ зымыщӀэ цӀыхубз хъарыпыр зы щхьэкӀи зэфӀэнэркъым, мэпӀастхъэ, мэдзакъэ, зеукӀыж. Сытми, Ислъамджэрий нэсри и пхъур имыгъэпӀэтӀауэу зэщӀиубыдащ, ар, и пщэмрэ и куэбзэпситӀымрэ и Ӏэ лъэщхэр щӀигъэлъадэщ, зэригъэубыдыжри, къапхъэным дэлъым ещхьу, щӀым къытриӀэтыкӀащ. Насыпыншэт а адэри, а хъыджэбзри. Абы фӀэкӀа нэгъуэщӀ цӀыхум ягу къэкӀакъым. Зулий унэм щыщӀаубыдэжым, псори Хьэмырзэ-шыдыгъу дежкӀэ плъащ, иджы уи чэзущ, жаӀэ хуэдэ. ХьэжылантӀэ тӀэкӀу къызэрыгъуэтыжауэ унафэ ищӀащ Ислъамджэрий и шэщым щӀэт шыр къыщӀашыну.

Хьэмырзэ и къэбыфэжьымкӀэ къихъуэжауэ зытригъэчыныхь шы къарэр тхьэ хужыӀэу жыпӀэмэ, шы Ӏейуэ щытауэ къыщӀэкӀынутэкъым. Щолэхъушым ещхьу, ар щхьэ цӀыкӀут, и пэр мышияуэ, атӀэ щӀэкъауэ, ипкъкӀэ зэфӀэмыгуауэ, атӀэ кӀыхьу. Ауэ ар фаджэ дыдэт, щолэхъуми, бэчкъанми, жэрыщтыми къыпхуэмыцӀыхужыну. Къарэм и кӀэбдзитӀми и блэгъукӀитӀми цы темытыжу къуий хъуат, зым дамыгъэ тридзэмэ, адрейм икъутэжурэ. Шыдыгъу Ӏэджэм, дауи, упщӀэ псыф тралъхьэмэ, абы гъущӀ гъэплъа ираубыдылӀэжурэ а шым и куэщӀыфитӀми и блэгъущхьитӀми дамыгъэ зыбжанэ къыхагъэжьыкӀыжат. Хьэмырзэ и теплъэр пхурикъунут шыдыгъухэр щхьэ щӀыбкӀэ ирифӀэбгъэжыну щхьэусыгъуэу, жиӀэжауэ щытащ а махуэм щхьэкӀэ иужьыӀуэкӀэ Жанхъуэт. ИкӀи ар щыуагъэнутэкъым.

ХьэжылантӀэ, Адэмыр сымэ я гурыщхъуэр Хьэмырзэ и дэтхэнэ зы псалъэми хагъахъуэрт. ЗигъэделэӀуделафэу абы къуищӀэфынур пщӀэркъым. ЛӀым я нэхъ икӀэм гухъу накӀэ щӀеуд, адыгэлӀым я нэхъ мыгъуэми Ӏуэхугъуибгъу игу илъщ. Ар псалъэмакъым хэзылъхьа Ислъамджэрий Ӏуэхур нэхъри щӀигъэстащ. ХьэжылантӀэ абы хъущт, жиӀэри еплъащ. Ефэндым, дауи, ищӀэрт Ислъамджэрий Хьэмырзэ фӀыуэ зэримылъагъур, псом хуэмыдэу яужь зэманым къыщезэгъми къыщемызэгъми абы и пхъур, Зулий, къыпиӀэту, абы щхьэкӀэ къыхуэпсалъэу зэрыщытым щхьэкӀэ. ХьэжылантӀэ шэч къытрихьэртэкъым иджыпсту Хьэмырзэ и пэр хущахуэрэ игъащӀэкӀэ хузытемыхыжыну цӀыхум я пащхьэм щагъэпудмэ, Ислъамджэрий и гуапэ зэрыхъунум. Ауэ ефэндыр пӀащӀэртэкъым. Абы и мурадтэкъым, дауи, мыпхуэдэ Ӏуэху зэхамыӀуэу цӀыхум блригъэгъэкӀыну. Дэтхэнэ зы щӀэпхъаджэми, ар щыӀэу къэбгъанэ хъун, щыщымыӀэм и деж къэулъэпхъэщын хуей мэхъу, ХьэжылантӀэ жахьилым дерс къахрегъэх. Аращ абы и лъабжьэр зэригъэбыдэр, цӀыхум я фӀэщ зызэрищӀыр. Ислъамджэрий «ЛӀым я нэхъ икӀэм гухъу накӀэр щӀеуд», – зэрыжиӀам щхьэкӀэ абы къиужьгъыжар пхурикъунтэкъэ? Ар зымыщӀэ жылэм ини цӀыкӀуи дэсыжкъым, итӀанэми щӀэрыщӀэжти, ХьэжылантӀэ егъэнысщкӀуж, къежьэгъуэшхыж, цӀыхури йодаӀуэ а уазым, дерс къыхах.

Зулий тхьэмыщкӀэ иужькӀэ куэд дэмыкӀыу, ХьэжылантӀэ и деж зы уэркъ лӀыку къыщепсыхат: моращ, мыращ, уи зэфӀэкӀ хэлъу ди молэм чэнджэщ къызитати, си щхьэр къосхьэлӀащ, си хъыджэбз ягъэде-



4 Заказ №2723

лащ, зыгъэделари фэи лыи темылъу къэмыхъупс ефа гуэрти (Хьэмырзэ феплъ иджы, унэжын, абы елъытауэ лIы къуданкъэ, зи унэ бэгъуэн), лIащ. Ар ящIа, уэндэгъу хъуа иужькIэщ къыщаумысар. Иджы нэчыхь иIэкъым.

ХьэжылантIэ и щхьэр фIиудыжынтэкъэ, зикъутэжынтэкъэ. Алыхьыр зэрыадыгэ лъэпкъыу къыдэбгынущ, къыдэуэнущ, дыкъэсэхыжынущ, жиIэурэ. ИтIанэ лIым еупщIащ и лIакъуэм щхьэкIэ. Абы и адэм и адэжым, абы и адэжым и деж щыщIидзэри, еIэбыхыурэ ебланэм нэсащ, зэфIэмынэу, куэдрэ игу къызэригъэкIыжым и щыхьэту псынщIэу.

– Плъагъурэ, – жиIащ итIанэ ХьэжылантIэ, – уэ уэркъ унагъуэ, адыгэ унагъуэ нэс урапIыкIащ. Уи блэкIар бощIэ, абы я напэ, я нэмысыр аращ укъезыхуэкIри. АтIэ а зинэкIэ къалъхунум, тобэ, уи унагъуэ къралъхуэнум хэт и цIэ ириIуэнур? Нэчыхьыншэ адэр адэкъым. ПцIы бупсынумэ, лIам телъхьэ, жиIащ. А щIалэр ара абы и адэр, хьэмэрэ нэгъуэщI. Фи хъыджэбзым фыкъигъэпцIамэ-щэ? Зинэ... Дин Iуэхур щыгъэти, цIыхунагъ къудейкIэ егупсыс: къэзылъхуа зымыщIэжым емыкIурэ напэтехагъэрэкIэ фIэкIа, хэт сыткIэ щыгугъа игъащIэм. Ар нэгъуэщIми и пэрмэнкъым.

– АтIэ сыт и Iэмалыр?

– Мыбы Iэмал щхьэхуэ иIэкъым. Хабзэр хэт и дежкIи хабзэщ. Уи пхъум и быдзыщхьитIыр уэ дзасэкIэ бгъэлыжын хуейуэ аращ хабзэр.

Апхуэдэ адыгэ хабзэ щыIэу имыщIэми, уэркъылIым зыри жиIакъым. ХьэжылантIэ абы нэхърэ куэдкIэ нэхъыжьщ, абы ищIэу къыщIэкIынщ.

– ИкIи ар иджыпсту къагупсыса хабзэкъым, – пещэ адэкIэ ефэндым, – уи хъыджэбзым емыкIушхуэ илэжьащ. Абы и быдз кумылэхэм шэ къыщIэмыкIыу зэхэкIэжын щхьэкIэ абы и быдзыщхьитIыр уэ бгъэлын хуейщ дзасэ гъэплъакIэ. Зинэм нэхърэ нэхъ хьэзабыжщ нэчыхьыншэу къалъхуар бгъэшхэну, упIыну. Апхуэдэхэр къэбгъэхъумэ, лъэпкъыр зинэ щылъху защIэу къызэхэнэни, унэIут, псэжь псэукIэр хабзэ тхуэхъуни. Тобэ, ялыхь, абы дыщыхъумэ адыгэ тIэкIур, муслъымэныр.

Апхуэдэу езым къигупсысым ХьэжылантIэ хабзэ щыфIищыфыр иджы и закъуэтэкъым икIи, пэжу, къэбублэр хабзэщ, зэрыжаIэм ещхьу, иужькIэ ар хабзэу цIыхум яхыхьэрт. Уэркъ лIы ябгэм ХьэжылантIэ и унафэм дигъэху щымыIэу игъэзэщIащ, абы щхьэкIи, гъатхэ техьэмэ жэжыну, жэмыщIэ къабзэ ефэндым къыхуригъэхуащ, и фIыщIэр щымыгъупщэу.

Ар цIыхум ягу къыщIигъэкIыжар Хьэмырзэ фIэкIа шэрей зимыIэр, Ислъамджэрий къыдежьууэ зыгуэрым зэрыжиIаргщ. ЦIыхум ищIэнур и шэрейкIэ къэщIэгъуейщ.

Арати, Хьэмырзэу плъагъум и Iуэхур ягъэвууащ. ХьэжылантIэ, Ислъамджэрий, Адэмыр сымэ ар зэрамыгъэдзэкIамэ, къызэрамыгъэдзэкIыжамэ.

Жанхъуэт и шыр къидыгъуауэ къызэрыхуагъэфэщэххам япэщIыкIэ иригушхуэну, абы щхьэкIэ хашэ къэкIуауэ зэрыжаIа къудейр и напщIэ трилъхьэну зи мурада Хьэмырзэ, зи Iуэхур кIуэтэхукIэ шыпхэ зэрыхъум кIасэIуэу гу лъызытэжам, иджы и IумкIэ джэдыкIэ игъажьэрт. Хьэмырзэ ирахъуэныжынтэкъэ дыгъуэпшыхь Жанхъуэт ирита чэнджэщхэри, ар къэнтIопкIэ бгъэжей зэрыхъунури. Уеблэмэ Iущхьэмэ щIэбгъауэмэ, бгъалIэ хъунущ, жиIэри Ислъамджэрий пцIы

иупсащ, ауэ абы зыри пэрыуакъым. Ари Хьэмырзэ жиIауэ пхыкIащ. Апхуэдэххэурэ, Хьэмырзэ игъащIэ лъандэрэ ищIари илэжьари сэтей къащIащ. Дзыгъуэ гъуанэ дихьа къагъэнакъым. Iуэхур хеящIэм я пащхьэ иралъхьэну яухащ. Дауи, абы ХьэжылантIэ щыхэткIэ, Хьэмырзэ сытурэ зимыгъэбзаджэми, сытурэ зримыIуэнтIыхьми, дэкум хуэдэу къиумысынщ. Мыхъужыххэмэ, Зулий ещхьу шыр зрихъуэжам и цIэр къригъэтынщ.

Псори цIыхум ябзри ядыжащ, арщхьэкIэ Хьэмырзэ шыдыгъуу, и пцIэгъуэплъыр зыдыгъуар арауэ Жанхъуэт и фIэщ хъуртэкъым. Абы жиIащ:

– Зэ фымыпIащIэ, Ислъамджэрий, ХьэжылантIэ. Зэ фымыпIащIэ, тIэкIу дызэIувгъэплъ.

* * *

ПцIэгъуэплъыр зэрадыгъурэ махуих дэкIауэ, Жанхъуэт шыуанэ зэщIригъалъхьэщ, Мысост гъусэ ищIри ежьащ, лажьэм ирихужьа нэхъей, Темыркъан шыдыгъум и деж а тIур щепсыхащ. ШыфIэдзапIэм уанэ ятелъу шитI кIэрытт, зы шытхъуэрэ зы брул зэкIужрэ. Фэ зэрытетымкIэ, ахэр зэфIэтыным иригъэзэшат, хьэ мэжэщIалIэм ещхьу я жьэр чэзууэрэ яущI, я лъакъуэхэр зэблахъу. Жанхъуэт сымэ зытес шыхэр щыбгъэдашэм, а тIум щыщ нэпцI защIащ, фIалъэхэмкIэ сабэм хэуащ.



ШитIыр щилъагъум, Жанхъуэт и жагъуэ хъуат: Темыркъан хьэщIэ иIэщ, псалъэмакъыр къикIыну къыщIэкIынукъым. Ар езыр и закъуэ Темыркъан хуэзэну арат. Мы шыхэм ятет фэмкIэ, хьэщIэхэр икIи пIащIэу пхужыIэнкъым. Ефэ гуп яхэхуэмэ. Арат иджы Жанхъуэт къызыхуэтыжыр. Ауэ ихъуреягъкIэ даущыншэщ, ефэ-ешхэ щыIэ хуэдэкъым.

ПщIантIэм къыдыхьахэр щхьэгъубжэнэф цIыкIумкIэ къыщицIыхум, Темыркъан езым и щхьэкIэ къыщIэкIащ ахэр иригъэблэгъэну:

– Оу, еблагъэ, еблагъэ, Жанхъуэт, фIэхъус апщий, Мысост. ФынакIуэт, фынызщIыхьэт. НакIуэ, накIуэ занщIэу, Жанхъуэт, – Темыркъан апхуэдэурэ здыжиIэм, и нэ дыджхэмкIэ Мысост епыджащ. Абы, дауи, ищIэрт мы лIы пагитIыр и унагъуэ къизыша Iуэхур. Жанхъуэтрэ Мысострэ хьэщIэщымкIэ щIишэри, Темыркъан унафэ ищIащ хьэщIэныш яукIыну, мысыхьэткIэ хьэзыру щыIэIамэ, къахьыну – махъсымэ, шхын гъущэ гуэрхэр. АрщхьэкIэ Жанхъуэт идакъым. Шы фIэдзапIэм кIэрыт уанэшхэм къызэрагъэпцIам, Темыркъан и хьэщIэщыр зэрынэщIым щыгуфIыкIыжауэ абы къыщIэкIуа Iуэхур занщIэу кърйгъэжьащ.

– Хьэуэ, Темыркъан, уи жагъуэ умыщIыну дызэгурыгъаIуэ, си ерыскъы йолъэпауэ, жыпIэу. ПщIэркъэ, си щхьэр мафIэм хэлъщ, си хьэтыр къэплъагъумэ, сынолъэIунут. Ярэби, Темыркъан, ар сабиягъэ хуэдэу мэхъу, губгъэн сумыщI, ауэ къыпIэщIэмылъэгъуауэ пIэрэ си шыр? Гупсысэ лажьэм уи деж сыкъихуащ. ПщIэмэ, къызжыIэ, уэрами умыбзыщI, шыри уи хьэлэлу уэстынщи, уи щхьэц налъэ къудеи згъэхутыкъуэнкъым. Си адэ лIам и псэр си щыпкъэу тхьэ пхуэсIуэнщ абыкIэ, ауэ мы си гур гъэпсэху.

Жанхъуэт игъащIэм иджыпсту нэхъ зеиншафэ, тхьэмыщкIафэ къытеуатэкъым. Ар Мысост фIэгуэныхь хъуащ, ауэ Темыркъан щайуэ кърйдзауи фэ теттэкъым. Шыдыгъу IэтащхьэкIэ кърашэкI Темыркъан

апхуэдэхэм щхьэкIэ зэфIэнэ цIыхутэкъым. Ар лIы бзаджэт, гурбияныжьт. ШынагъэкIэ къигъанэмэ сщIэркъым армыхъумэ, цIыхугъэ, напэ жыхуэпIэхэм щхьэкIэ ар къызэфIэнэнутэкъым. Темыркъан къаугъэ фIыуэ илъагъурт, хьэргъэшыргъэ хэбгъэтыну кIуапIэ иIэжтэкъым. Абы фадэ и нэрыгъыу апхуэдэтэкъым, ауэ хуэзауэ ебэкъуэнутэкъым.

Иджыпстуи Мысост къыщIихьащ Темыркъан къыIурицыцыкI фадэмэ гуащIэр. Абы и щыхьэтуи шыдыгъум и нэкIущхьитIыр, лъы къащIэлъэдауэ, тхъуэплъхэт, и жьэр мыувыIэу псалъэрт, зигъэбысым жумарту, и хьэщIэхэм лъэгущIыхь захуищIыну жиIэу. Темыркъан зэрычэфыр Жанхъуэт зы лъэныкъуэкIэ и гуапэ хъуащ: фадэм цIыхум и бзэгур къетIатэ, фадэм гум илъыр къреху. Ауэ нэгъуэщI зы лъэныкъуэкIи шыдыгъур псэлъэрей щыхъуакIэ, абы и щхьэ щытхъугъэм, и щIалэфIагъым, адыгагъэрэ цIыхугъэу хэлъым (Жанхъуэт игу къэкIхэм щхьэкIэ «хьыI» жиIэри пыдыхьэшхыкIащ, Темыркъан абы щIидзауэ ирикъутэкIырт) дауэ зыщыпхъумэну, аратэкъым мыбы Жанхъуэт къэзыхуар.

– Жанхъуэт, сэ сышыдыгъущ, сэ сыуэркъщ. Си адэри шыдыгъуащ, абы и адэжри аращ. Ухуейуэ щытмэ, сэ абы срогушхуэ. Уэркъыр щIэуэркъыр е зыгуэр къидыгъуну е уэ уэщхьу зыгуэр фIадыгъуну аращ. Сытеплъэ хъуркъым тхьэмыщкIэм. Сыт ар? Ар алыхьым къиужэгъуащ. Е уедыгъунущи, зыри иIэкъым, е къэбдыгъуар ептми, дахэ-дахэу хуэшхыркъым. БгъэнынщкIуу жьэдэплъхьэн хуейуэ аращ.

– Хэт апхуэдизу епту зыхуэмышхар? – ауану щIэупщIащ Темыркъан зэрыхьейнатIэр фIыуэ зыщIэ Мысост.

– Уэ, щIалэ, сэ узоцIыху. Уэ уи жьэр убыд, сэ сызэпсалъэр мы Жанхъуэтщ. Нэхъыжь псэлъэну хуитыжкъым иджы. Жанхъуэт, уи шыр, уи пцIэгъуэплъыр сэ къысIэрыхьамэ, уи фIэщ щIы, уэ зыкъозмыгъащIэу, нэгъуэщI щхьэусыгъуэ гуэр сщIынти, тхьэлъэIу сщIынтэкIэ. А уи шыр, ар иджыри хуэдэ бадзэуэгъуэ жэщым къэбдыгъуу тхьэмахуэкIэ къахуэмыгъуэтыну щIэбгъэнэн жыхуэпIэр. Ар, Жанхъуэт, мыбдеж щыткъым. Иджыпсту дунейр нэрэ, жьэрэ, тхьэкIумэрэщ. Дэтхэнэм уфIэкIын? Уи фIэщ щIы, – Темыркъан зэтеувыIэри къэхъеящ, вы бжьыщIэмыхьэ нэхъей, и щхьэр иутхыпщIри пищащ: – Уи фIэщ щIы уэ, Жанхъуэт, мы тхьэмахуэ зэхуакум уэ нэхърэ мынэхъ мащIэу сэ уи шым сылъохъуэкIэ, сыщIоупщIэкIэ. Ауэ мысыхьэткIэ аркъудей зыгуэр зыщIэ срихьэлIакъым. Си ныбжьэгъухэм я гугъэр аращ, уи шыр сэ къэздыгъуу лъэныкъуэ езгъэзауэ. Мес абы и щыхьэтыр. Мес а фишхэм я гъусэу шы фIэдзапIэм кIэрыт шытхъуэмрэ адрей брулымрэ. А брулыр къыщыддыгъуам, ар пхъэидзэкIэ зылъысам гуфIэгъуэу иIар плъэгъуатэмэ, Жанхъуэт, сыкъэпщIэнт ар тыншрэ мытыншрэ – уиш нэгъуэщIым и шыфIэдзапIэм баз щхьэкIэ фIэбдзэу уежьэжыныр. Ари илъэс тесакъым. Шы зыгъуэт нэху тещхьэркъым, жыхуаIэр аращ.

– Илъэсыр нэху темыщхьауэ ара атIэ иджы? – дыхьэшхащ Мысост гуэрыр.

– Уа, щIалэ, уи жьэр пхуэубыдыркъэ. Сыкъыщумыгъэш. Сэ нобэ Жанхъуэт си хьэщIэщ, сытэмакъкIыхьщ...

– Си закъуэкъым уи хьэщIэр, Мысости уи хьэщIэщ, – жиIащ Жанхъуэт.

– АтIэ аращ, пэжщ. Ауэ, уэ, Жанхъуэт, мы щIалэм дэплъэгъуар сыт? Щхьэ къыздеплъэфэкIрэ?

– Темыркъан, жумыIэн жумыIэт иджы. Иумыгъэлей. СыкъыщIэкIуам хыумыщIыкIIамэ, уи махуэ фIы ухъу.

– Ерэхъу, ерэхъу, Жанхъуэт. АтIэ нетIэ сыт жысIа мо шы фIэдзапIэм кIэрытхэм щхьэкIэ. Ар сэ сыдэмысу къепсыххэри езыхэр лъэсу дэкIыжауэ аращ. Ар тынш атIэ? Ауэ дэ апхуэдэу баз дызэпихьат. Иджы узэмыдэIуэн узогъэдаIуэ. ИкIи мо шитIым я закъуэкъым мыбы къашар. Уи шыр зэрадыгъурэ мы пщIантIэм сэ шыуэ дезгъэшыжар хэплъыхьауэ зы хакIуапщIэ хъунущ, Жанхъуэт. Ахэри сытым хуэдэшхэ. Ауэ сэ ар си напэм къысхуегъэзэгъынукъым. Абы я фIэщ сщIащ уи шыр сэ къэзмыдыгъуауэ, уэри уи фIэщ щIы. Къэздыгъуащэрэт, Жанхъуэт. Уи шыр ядыгъури, сэри къэсщIащ, ар сэ къысIэрыхьауэ щытамэ, си щхьэр лъагэ зэрыхъунур, ар си напщIэ зэрытелъынур. СепхулIауэ жызбгъэIэрэ, сэ а уи шыр зыдыгъуам сохъуапсэ. Ар япэу, сэ сиетIуанэу шыгъажэм сыкъэсам ещхьщ. Ари куэдкIэ сыкъыкIэрыщэтауэ. Ар блэкIа Iуэхущ, – Темыркъан зэ зэпыущ, хэгупсысыхь хуэдэу ищIри, пищащ: – БлэкIащ ар, Жанхъуэт, ауэ яужь зэманым уи шыр мыхъуу, уэрат сызэщэр. Уи шым щхьэкIэ, уэ сыт къызэпщIа?

– Уи фIэщуи? – щIэупщIащ Мысост, Жанхъуэт еплъурэ. Темыркъан и гур къэжанауэ псэлъэрей хъуами, абы я зэплъыкIэр и нэджыджым къытемыщу къэнакъым. Сыпсэлъэкъуащи сырепсэлъакъуэ, жиIэ нэхъей, абы кърigъэжьэжащ.

– СлIо, ХьэщIэхуэфIхэ фимыфIэщу Iуэху влэжьыфрэ? Сэ си Iуэхум Iэпэдэгъэлэл къыхэкI хъунукъым. Зыгуэрым удихьэхыну фIыщ, ауэ зыгуэрым ущитхьэкъуам и деж абы къикIуэт щыIэжккъым. Удихьэхами, «уэгъу, джэмыдэжь», жыпIэмэ аращ. Ущитхьэкъуам и деж абы джэмыдэжьи пщIэгъуалэжьи езэгъыжынукъым. Хэт ищIэн, Жанхъуэт, а уи шыр зыдыгъуам IуэхугъуэфIитI илэжьагъэнущ. Япэрауэ, уи гъащIэр къихъумащ, етIуанэу, сэри лIыукI сищIакъым. Хьэ хей умыукIи, фыз хей иумыгъэкIыж, жыхуиIэм ещхьт сэ си Iуэхур. ЛIы хей... АрщхьэкIэ уэ иджыпсту улIы хейуэ къыщIэкIынукъым. ЛIым жиIа псалъэм е IэщIэщIа Iуэхугъуэм щхьэкIэ жэуап итын хуейщ. ЛIы хей...

– ИгъащIэм зы лIы хей...

– УмыукIауэ жыпIэну ара, ХьэщIэхуэфI и къуэ Мысост? Аращ, сыкъэумыс. СлIо, лIыукIкIэ, къанлыкIэ укъызэмыщ, тхьэр пхуэзгъэпцIащ...

– Хъунщ, хъун, Темыркъан, хэт атIэ уэ къощыр? Псори тэмэмщ, – жиIащ Жанхъуэт, шыдыгъур игъэундэIуу. АрщхьэкIэ Темыркъан къитхъутхъукIыу щIидзат, щыпсалъэкIэ Iупсыр къыIурыщэщу, и пэ къуршышхуэмрэ и нэкIу къалътыншыкъ хуэдиз хъухэмрэ зэм шэхуу лъыр щIэкIыу, зэми тхьэмбылыфэу къыщIэлъэдэжу.

– СлIо, Мысост, уэ уи дохъутэм дэлъыр бэрэжьей фочыжьу ара? ТхьэгъэпцI ухъу нэхърэ лIы букIмэ нэхъ къабылу къыщалъытэ зэманщ иджыпсту. Ауэ къэумыс, къыумыумысауэ лIыукI щыIэкъым. ЩыIэщ кIуэд, псым итхьэлэ, дыгъужьым, хьэIуцыдзым яшх. КIуэи къэлъыхъуэ, къащIэ абы и кIуэдыкIэ хъуар. Къэбгъуэтрэ ар зыIэщIэкIуэдар, сэрамэ, уилъ къэсхьауэ, сыкъуаншэу плъытэрэ, умыгъэгъу...

– Напэр-щэ?

– Мысост, иджыпсту, уэрэ сэрэ дауэгъу дызэхуэхъунукъым. Уи лъыжь стелъкъым, си лъыжь птелъкъым. Ауэ, ухуеймэ...

– Уа сыт къевгъэжьа гуэрыр? НэгъуэщI мыхъуми фыукIытэ...

– Хъунщ, хъунщ, Жанхъуэт, унэхъыжьщ, жыпIэр унафэщ... А

напэр аракъэ псори уэзыгъащIэр. Е напэ, е лIыгъэ, е мылъку. НэгъуэщI сыт щыIэ? Зыри, хьэуэ, уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, Жанхъуэт, цIыхубзи... Ари щыIэщ. Аращ, слIо нэгъуэщI? ЦIыхум, лIым гъэунэхукIэ Iэджэ иIэщ. Ар япэр мылъкущ, итIанэ цIыхубзщ. А тIум ямыгъэудэфар, адэкIэ макIуэ. Ар щIыхьщ, пщIэщ. ЩIыхьрэ пщIэрэ къызэрахьыр лIыгъэщ, Мысост, умыщIэмэ, зэгъащIэ.

– Берычэт бесын, – жиIащ Мысост, ауану и пащIэкIэ щIэгуфIыкIри.

– Аращ, атIэ, си бжьыр зыдыгъуа. Ар зэгъащIэ. Сэ тхьэгъэпцI сымыхъун щхьэкIэ, Жанхъуэт и шыр сыт зыIэрыгъэхьэкIэ хъуами зыIэрызгъэхьэнут. Ауэ зыгуэр си япэ къищащ. Е нэхъ Iумахуэщ, е нэхъ Iэзэщ. Иджы тхьэгъэпцI сымыхъун щхьэкIэ сэри си IэщIагъэм, мис фыщыхьэтщ, сыкъыпэрыкIынщ. Нобэр си акIэ упсыж ирехъу. Мо шитI фIэдзапIэм кIэрытхэри зейм яшэжынщ. Ахэр зыкIэ гуфIэнухэщи, Жанхъуэт и шыр сэ къызэрызмыдыгъуфам щхьэкIэ, ей-и! Аращ, лIыгъэм хуэфащэ пщIэ хуэщIын хуейщ, тхьэ хужыIэу жысIэнщи, уи жагъуэ умыщI ар, Жанхъуэт, а уи шыр уэ нэхъри сэ нэхъри а зыдыгъуам нэхъ хуэфащэщ. Зыумысыжын хуейщ. СлIо уэ уи гугъэр, гъэмахуэ жэщыр зы жеипэ фIэкIа щымыхъум а уи пцIэгъуэплъым и хъумэкIэр и хъумэкIэу, ар къэбдыгъуу тхьэмахуэ зэхуаку псокIэ щIэбгъэнэн жыхуэпIэр... Тхьэуэ сыкъэзыгъэщIа, а шыр сэ сысейуэ щытамэ, и анэ зригъэфа быдзышэ хужьу хьэлэл хуэзмыщIтэмэ, иджыпсту къыдишэу къызитыжами. Ауэ щыхъукIэ, Жанхъуэт, уи щхьэр иумыхьэх, уэ къозыкуам лIыгъэ иIэщ. Ар сэ бжызоIэ. ИгъащIэм а зы Iуэхум фIэкIа имылэжьами, абы афэрым хуэфащэщ. Ар къэлъытапхъэщ, лIыгъэр лIыгъэщ, яужь зэманым зыкъомым гъащIэр жыпрэ гуфIакIэкIэ япщу щIадзами. ГъащIэм и пщалъэр напэрэ лIыгъэрэщ. ИкIи сохъуапсэ лIыгъэ зыхэлъ Iуэху дахэу зэфIэзыгъэкIыфым. ЛIыгъэр дамэ Iейкъым. ЖыпIэ хъунщ: абы и дамэм хуэдэ сэ щхьэ стемытрэ? Ауэ апхуэдэм ухущIэджэ хъунукъым, Жанхъуэт. СлIо уэ къыпщыщIар? Шыдыгъухэм укъытхущIэджэри, уи шыр хэплъхьащ. Шыдыгъухэм хьэкъ-къуэды ягъэуvауэ аракъым. Тхьэуэ нобэ дызэзыгъэпсалъэ, Iэджэми къызжаIащ, Iэджэми къызатыну си яужь къитащ, ауэ иджы къыздэсым зы цIыхум лъэхъуэмбыщIэ къеIызмыхауэ. Ар пэжт, Жанхъуэт, а уэ жыхуэпIа шыдыгъур мыпсэзэпылъхьэпIэтэмэ, мылIыгъэзэхэгъэкIыпIэтэм. Иджыри аращ, уегуакIуэмэ, си гугъэр: сэ сымыцIыху гуэрым, ауэ «си пыIэр яхуэгъэтIысащ» – жыхуэпIар зэхихыу уэри дэри дигъэунэхуауэ. Плъагъункъэ зыгъэзызэман и кIапэ къыдридзеймэ.

– Тхьэр игъэпцIащ атIэ зыщIэм, – жиIащ Жанхъуэт, къэтэджыжурэ. Мысости зыкъиIэтыжащ. Темыркъан кърigъэкIуэкIа къомым хэплъэжурэ абы иджы и фIэщ дыдэ хъуат шыдыгъум яужь дыдэу къыщагъэгубжьам жиIауэ жыхуаIэ псалъэхэр: «Жанхъуэт зэфэну псыр къызэрыжэнур бжьыхьэ зекIуэ ищIыну и пцIэгъуэплъым шэсу дэкIыхукIэщ».

– Хьэмырзэ щхьэкIэ хашэ сиIэщ, – жиIащ ауэ сытми Жанхъуэт гуэрым.

– Ар къысщыгъупщати. Зэхэсхащ ари. Жанхъуэт, ар пщIэну щыткъым. Сэ апхуэдэ Iэджэм сарихьэлIащ. Хьэмырзэ ар къыуищIэфынкIи хъунущ. Ар Iэшмэкъугуу, хэвыхьу, дэпсэлъейуэ плъагъу щхьэкIэ, бзаджэнущ. Ар щIыжысIэр укъигъэуIэбжьу, игъащIэкIэ хуумыгъэфэщэну Iуэху илэжьыфу щытащи аращ. Сегупсысыжати, абы

гъэщIэгъуэну хэлъри – къащIэмэ, гушыIа нэхъей, трелъэфэжыф, къамыщIакъэ, абы щыгъуэ упыкIащ, зыкIэщIиупщIащ.

А щIыкIэм тету Хьэмырзэ и кIэным зиIубащ. Ар зэрыублэрэкIыпар нэхъри белджылы щыхъуар Мысост Жанхъуэт еупщIа иужькIэщ:

– Догуэ, Хьэмырзэ щхьэкIэ а Темыркъан жиIар уи фIэщ хъуа?

– Сэ нэгъуэщI къысхуэнэжакъым, Мысост. Темыркъану си гум шэч ищIырти, аракъым. Сэ сыпщкъым, дыщыуати, жаIэу си шыр къысхуашэжыну. Хьэмырзэщ сэ хашэ щIызиIэр. Зыкъиумысыжрэ, си пцIэгъуэплъыр здашам, зрихъуэжам и лъагъуэ сытригъэхьэрэ – сигу щIэгъунщ, сетхьэкъункъым.

– Арыншэмэ-щэ?

– Ар мыхъумэ, хеящIэ, мэхъчэмэ, ефэнды щыIэщ, абы я Iуэхущ.

– Сыт щхьэкIэ, пащтыхьышхуэм суд щIапIэ...

– А-а, псори аращ. Я бэлыхь дэни хаIуну хьэзырщ. Ауэ щыхъукIи а урыс судым зыпызыщIауэ къызэрыкIаIа иджыри срихьэлIакъым. ЗэрыфIыр аращ: хэлъхьэрэ Iулъхьэрэ.

– Апхуэдэу жумыIэ, Жанхъуэт. Абы, псалъэм и хьэтыркIэ, Хьэмырзэ хузогъэфащэ жыпIэкIэ Iуэху къаIэтынукъым, тэмэм дыдэу ящIэн хуейщ...

– Ар тэмэм дыдэу сщIэмэ, хеящIэ суди зэрызбгъэщIыжынур сыт? Тхьэр згъэпцIащ, и къурмакъейр субыдынщи, къыжьэдэзмыгъэпкIыжмэ.



Мысост Жанхъуэт фIыуэ илъагъурт, ауэ абы фIыуэ илъагъур мы иджыпстурей Жанхъуэтыртэкъым, атIэ лIы губзыгъэ, лIы зэтес, гупсысэ гъэтIыса зиIэт. Иджыпсту Жанхъуэт зэзыгъэкIуэкIагъэнур Темыркъан чэфым къиужьгъа къомыр арагъэнут е и шыр IэщIэкIыпауэ Жанхъуэт къызэрилъытагъэнурт. Мы тхьэмахуэ зэхуакум, Темыркъан и деж къэмыкIуэху, ар зыгуэрым щыгугъам шэч хэлътэкъым. Иджы а гугъэ налъэ цIыкIури зэпычащ. ЛIы зи напэ трахам, зиш зыфIадыгъуам нэгъуэщI къыхуэнэжыркъым, лажьэ псори Хьэмырзэ тригъащIэу, къикIыр кърырекI жиIэу, абы и пэщхъыным лъы пцIар кърыригъэхуныр мыхъум. Ар нэхъ тэмэму къелъытэ Жанхъуэт, «зыдыгъуар имыщIэу и шыр фIашхащ», – къыхужаIэ нэхърэ.

– Уа, Жанхъуэт, пэж дыдэу къызжыIэт, уи фIэщ хъурэ уи шыр Хьэмырзэ идыгъуу ихъуэжауэ? – къытригъэзэжащ Мысост гуэрым.

– НтIэ, – зэгуэпауэ жиIащ Жанхъуэт, ар и фIэщ зэрымыхъум зызэрихъунщIэр, и щытыкIэр щыхьэт техъуэу. Мысост нэгъуэщI зыгуэри жиIэну и жьэ къэсат, ауэ Жанхъуэт псэлъэну зэрыхуэмейр кърыгъэлъагъуэу, шы зытесым щIопщ уэгъуэ хьэлъэ ирихри иригъэлъащ, и зэгуэп псомкIи къуаншэр зибг ис алащэр ара хуэдэ. Жанхъуэт, пэж дыдэу, цIыкIуфэкIуу зэгуэпыртэкъым. Ем къихуа ар мы Темыркъан и дежи. Махъсымэжь зэрыта чейуэ, джэдкъазым хуракIутами ямышхыжу щIэлъ, фIэIурымейр къызыкIэрицэцыкIым псалъэ къыпысхынщ, жиIэри къэкIуащ. Делагъэм делагъэ къешэ. Абы фIэкIа шэрей зимыIэм адыгагъэмрэ цIыхугъэмрэ, лIыгъэмрэ напэмрэ зищIысхэм щхьэкIэ Жанхъуэт уаз къриту иджыри къэс бгъэдэсащ. Иджы аргуэрыжьщи, Мысост йодаIуэ, абы шыбгъэ зыкърырегъалъхьэ. ЕмыкIукъэ а псори? ЕмыкIущ, Жанхъуэт и щхьэ хуимыгъэфэщэжу. Уиш, узытес уи уанэш пфIадыгъуауэ. Ари къыпхуэмыгъуэтыжу, и лъэужьыр гъущыжауэ. Дыгъужьыжьым ишхыжамэ нэхъыфIти а пцIэгъуэплъыр, ар Хьэмырзэ зэрихъуэжауэ жыхуаIэ фаджэмкIэ

яхъуэжащ, жаIэу и хъыбар Iу нэхърэ. Щымыхъужыххэми езы Жанхъуэт и напэри текI нэхърэ нэхъыфIщ «и шыр щIэнакъым, ауэ зыIэщIэкIуэда напэншэм заригъэумысакъым», – жаIэмэ. А Хьэмырзи, Хьэмырзэ-шыдыгъу. Бетэмал, ари. КъакIуэрэ уи ерыскъы ишхыу, къытригъазэрэ, уи шыр пкIэщIишу. Гуэныхь трилъхьэмэ-щэ? Мы-Хьэмырзэмэ дауэ хъуну? Сыт щхьэкIэ хашэр, Джэрпэджэж бгъуэнщIагъыжьыр... Хэзэрыхьат Жанхъуэт Iуэхум. Ауэ ар си щхьэ кърикIуащ, жиIэу зыхуигъэфэщэжыну игу техуэркъым. АдыгэлIым иш фIэкIуэдамэ, псори фIэкIуэдащ.

* * *

Къулъшыкъушхуэнэсауэмэхъчэмэсудымхэтхэр, ХьэжылантIэ ефэндыр я пашэу, Жанхъуэт и хьэщIэщым щIыхьащ. Япэм, гъэмахуэу, зыгуэр хейрэ мысэу зэхагъэкIыну, псы Iуфэм Iут дзэлыжьищым я лъабжьэм щызэхуэсхэрт, арат хейщIапIэу яIэр. ЖаIэрт а жыгыжьищыр цIыхум тхьэ имыгъэпцIыным, Iуэхур зэрыщытыр пэжу къиIуэтэжыным сэбэп хуэхъуу. ИкIи къуажэм зи лъэ вакъэ изылъхьэр нэху зэрыщрэ абы щыпэкIурт, Хьэмырзэ и тхьэIуэкIэм едэIуэну; нэхъ тэмэмыIуэу жыпIэмэ, ини цIыкIуи къыщIызэхуэсар Хьэмырзэ, Зулий тхьэмыщкIэм ещхьу, ХьэжылантIэ цIэ кърригъэтынущ, Жанхъуэт и пцIэгъуэплъыр зрихъуэжар кърригъэIуэтэнущ, жаIэри арат. Ар куэд щIауэ цIыхум хъыбару яхэлът, Хьэмырзэ е цIэ къитынущ, е абы и IуфакIэр уэркъ ябгэм и пхъум и быдзыщхьитIыр зэригъэлам ещхьу IурагъэжьыкIынущ, жаIэри. Я щхьэ къэмысамэ, лъыпэр, абы щыщтэу, щышынэу защIми, зыфIэгъэщIэгъуэныр сыт щыгъуи мащIэкъым. ИкIи жылэдэсыр нэхъри щIэпэкIур, щIэетар адыгэхэм жылэр къыщIэплъу чищэ еуэу, уIэгъэ традзэу хеящIэм зэрамыдэрт, лIыр апхуэдэ IуэхукIэ зэрамыгъэпудырт, абы сыт хуэдэ къуаншагъэ бгъэдэмылъами.

Иджы къамыублэ щыIэкъым. КъыщаублэкIэ, ари хабзэ хъуну къыщIэкIынщ. Ар япэу зрихьэлIари плъагъуркъэ – Хьэмырзэ. НэгъуэщI зыгуэру щытамэ, цIэ къебгъэтын дэнэ къыщына, уи нэвагъуэр уигъэлъагъужынкIэ хъунут, уи Iэбжьанэ лъабжьэм пхъэласкIэ щIэсIунущ, жыпIэрэ убгъэдыхьэмэ. Хьэмырзэ сыт, къэрабгъэжь мыгъуэщ, къытралъхьэр и хьэлъэщ. Иджы цIыхубзхэм ещхьу цIыхухъухэми цIэ кърагъэту Хьэмырзэ и деж къыщыщIадзэмэ, аргуэрыр ежьащ. Дапщэщ къыслъысын, жыIи зызэхуэпшэу щыс. Адыгэ дунейм къытенэжыркъым. Ар дауэ? ГъущI гъэплъа, дамыгъэ, нэпкъыжьэ, Iэджэми Iэджэу кърагъэкIуэкI мы Хьэмырзэжь мыгъуэм и Iуэхур. Iэщ, былым хъуа тхьэмыщкIэр? Езы Жанхъуэти адыгагъэ лъэпкъ бгъэдэлъыжккъэ? Хьэмырзэ Iэпхлъэпх умыщIауэ апхуэдэ лей зылъигъэсыну пIэрэ? Абы иужькIэ ар дауэ зэрыпсэужынур? Езыр къэгъани, и лъэпкъым сытыр я напэу дунейм тетыну? Я лIахэм сыт жиIэу ябгъэдыхьэжыну?

А псор зыгъэхъыбар, зэрыгъэчэнджэщ цIыхум итIанэми фIэгъэщIэгъуэнщ къэхъуну зыпэплъэр. Псом хуэмыдэу фызхэр Iугъэлыгъэ Iейуэ псалъэрт, жаIэрт Хьэмырзэжь мыгъуэм и нэкIум имыплъэфыну, абы щыгъуэми нэхъыбэ къызэхуэс мыхъумэ, къэкIуахэр зэбгрыкIыжыртэкъым. Сабийхэр жыг щхьэкIэхэм

фIэтIысхьат, балигъхэм зэрыхуагъэфащэкIэ нэхъ увыпIэфIу ялъытэм пэIэщIэ защIыртэкъым, хеящIэхэр я пIэ зэризагъэу, жэуэ псори ялъагъун хуэдэу увыну. Апхуэдэурэ цIыхум дзэлыжьищыр зэрыт щIыпIэр къауфэрэзыхьырт, джэджьей ещэу уэгум ит бгъэжь къэухьышхуэ дыдэ езымытым ещхьу. Языныкъуэхэми жаIэрт дзэлыжьищым и щхьэIуэкIэ щагъэс куэншыбым ауэ сытми мафIэ щIамыдзауэ, ар ХьэжылантIэ и унафэу.

Дауи жылэдэсыр имыгъэлъэгуажьэкIынрэт. Хьэмырзэ мазэ еным щIигъу пIалъэу иратат, Жанхъуэт и шыр зрихъуэжам и цIэр къимыIуатэмэ, абы кърикIуэнум егупсысыну. Шыр къимыдыгъуауэ щиукъуэдийкIэ, я лъэпкъым цIыхухъу балигъыу исыр тхьэрыIуэ щыхьэту къреув. ИтIанэ абы и цIэкIэ къуажэм мор нэхъ лIыфIщ, жыхуаIэу тIу къыдрыреши, абы хеящIэм я пащхьэ тхьэ щраIуэ Хьэмырзэ Жанхъуэт и шыр къимыдыгъуауэ. АрщхьэкIэ Хьэмырзэ къыщхьэщыжыну, абы щхьэкIэ тхьэ иIуэну жылэм къыдэкIар Мысост и закъуэщ. Абыи ХьэжылантIэ дзы гуэрхэр къыхуигъуэтри пригъэхащ. Ар гугъу ХьэжылантIэ и дежкIэ. ЯпэщIыкIэ абы жиIащ, зи лIакъуибгъу зымыщIэж, къэзымыбжыф тхьэрыIуэ щыхьэт мыхъуну. Мысост лъхукъуэщо унагъуэ зэрыхъурэ куэд зэрымыщIам щхьэкIэ ищIэу къыщIэкIынкъым, жиIауэ арат. АрщхьэкIэ апхуэдэ адыгэ хабзэ зэрыщыIэм щыгъуазэ Мысост зэфIэмынэу кърибжэкIащ и блэкIа, дунейм ехыжахэм я цIэр. Нэхъыжь щытхэри абы щыхьэт техъуэжащ. ИтIанэ ХьэжылантIэ къыхилъхьащ Мысост джаурхэм япыщIауэ, абы я деж щыхьэщIэу, нэщIрэ нэмэзрэ къримыдзэу зэрыщытыр. Абы лIыжьхэми езы Мысости зыри падзыжыфакъым. Арати, Мысост и тхьэрыIуэм къимыкIIауэ къыщIригъэдзащ ХьэжылантIэ. Ар зыкIи Хьэмырзэ къыщхьэщыжыфакъым, цIыхухэр игъэшынэу ефэндым едэуами.



Зи гур шынагъэм имыутIыпщ жылэдэсхэр заIэтурэ IукIыжырт, уеблэмэ, а Мысост ефэндым щедэуа махуэм. ХьэжылантIэ жиIэрт гъейри, емынэри, талори цIыхум езым къиулъэпхъэщыжу. Дуней былымым дехьэх, шейтIаныр зытрегъакIуэ, адэкIэ къэнэжа щыIэкъыми, диным йобакъуэри аращ. Зым и ягъэр щэм йокI. Апхуэдэ зэманым зыгуэрым папщIэ тхьэрыIуапIэ уихьэн щхьэкIэ куэдым егупсысын хуейщ. НэхъыфI дыдэр уи ныбэ нэщI уи Iэр телъынырщ. Аращ псом нэхърэ нэхъ къабылыр.

Зыгуэрым къыхилъхьащ щIэщыгъуэу Хьэмырзэ цIэ къыщрагъэтым и деж занщIэу чищэ еуэну, ар зыгъэзэщIэнури Ислъамджэрийуэ. Абы цIыхур нэхъри щIигъэстат. Языныкъуэхэм жаIэрт Ислъамджэрийрэ Хьэмырзэрэ зэныбжьэгъужьхэщи, Ислъамджэрий хигъэхьэщэнкъым, нэфIэщIу зытришащIэурэ зэфIигъэкIынщ. Адрейхэм ар ядэртэкъым. ЖаIэрт абы Ислъамджэрий зэрызэгуигъэпар зэ къыдэхыжыгъуэу Хьэмырзэ-шыдыгъу и фэм къыдихыжыну. Iэджэми я нэгу къыщIагъэхьэжат зэгуэр, зыгъэ-зызэман жылэм я пащхьэм и деж чищэ зэрыщеуауэ щытар. Тырку Iэсчэрт, тэтэр сэмэнт, хьэмэрэ къумыкъут ар, ящIэжыпэртэкъым. Ауэ абы щыгъуи а зауэлI уанэ мыгъуэ тезылъхьам шы къидыгъуауэ арат. Ари хэт иш жыпIэркъэ? Жанхъуэт и адэшхуэм. Я гугъащ абы щыгъуи и напэ хуигъэфащэу лIы иригъэубыду дауэ чищэ и щIыфэ къыдригъэхын, жаIэри. АрщхьэкIэ аркъудей зэфIэнакъым, и напIи игъэхуэлакъым. Пэж дыдэу, адыгэлIым и шыр фIадыгъуа иужькIэ гущIэгъу иIэжу къыщIэкIынукъым.

А псом иужькIэ уи нэгу къыщIэгъэхьэжыгъуейкъым хуабэвэ-

хыр щхьэусыгъуэ ищIу мэхъчэмэр Жанхъуэт и хьэщIэщым ХьэжылантIэ зэрихьар цIыхум я жагъуэ зэрыхъуар. ПщIэнтэкъым абы зы бэлыхь яфIэкIуэдауэ, трахауэ фIэкIа. АрщхьэкIэ ХьэжылантIэ жиIар унафэщ, абы пыплъхьэжIа хъунукъым.

ЩIэхыу, жылэр къыщIэплъу, Хьэмырзэ Жанхъуэт и хьэщIэщым къашащ. Кхъэм дэта нэхъей, ар бгы упцIэт, къамэ къудей кIэрымылъу. Тэджэлей гъуабжэжьыр цIыхубз джанэ лалэу теутIыпщхьат. Сыту куэд иIыгъ къамэ-бгырыпхым. Хьэмырзэ зэфIолэл, мыкIуэмытэщ. Абы и цыр уащ. ЦIыхум ягу къэкIар и щхьэ нэса хуэдэ, Хьэмырзэ-шыдыгъу и бгырыпхыр залымыгъэкIэ зэщIрагъэтIэтыкIами, и тэджэлей джанэр зэпитхьэлыкI щIыкIэу и IитIыр и шхужьым иригъэуващ. ИкIи абы и теплъэм занщIэу зихъуэжащ, жьы къыщIэуващ, лIэнми лIыгъэ хэлъщ, жиIэ хуэдэ.

Хьэмырзэ хьэщIэщ бжэщхьэIум щебакъуэм, псори щым хъуащ. ХьэжылантIэ и псалъэ гуэрхэр къэIуащ. ЦIыхум «хуэму, фызэ-рымыгъэкIийт», зэрыжаIэм нэхъри Iэуэлъауэ къиIэт мыхъумэ, сэбэп пылъытэкъым. ИтIанэ зыгуэр кIиящ:

– ХьэжылантIэ, уи жьэм ущымысхьу нэхъ иныIуэу жыIэ!

ИкIи, пэж дыдэу, хьэщIэщым щIэтхэм я макъыр нэхъ зэ-хэпх хъуащ. Ислъамджэрийрэ Адэмыррэ къурIэным теIэбэхэри ещыхьэтылIащ Жанхъуэт хашэ зэриIэмкIэ. Хьэмырзэ Джэрпэджэж бгъуэнщIагъыжьым зэрыщилъэгъуар Мысости ибзыщIакъым. ИтIанэ ХьэжылантIэ къэпсэлъащ аргуэру:

– Хьэмырзэ, уэ тхьэ уэзгъаIуэркъым. ПщIа псом ищIыIужкIэ, тхьэгъэпцI ухъумэ...

– Уа, ефэнды, уа, Жанхъуэт, уа, жылэ, сывмыгъэунэхъу. АлыхькIи, къурIэнкIи, чытапкIи тхьэ фхуэсIуэнщ сымылъэгъуауэ сэ а шы зи гугъу фщIыр!

– Тобэ, тобэ жыIэ, Iимансыз, Iиман зимыIэ! – кIиящ хъийм икIауэ ХьэжылантIэ. – Уи дэджэгуэгъу уи гугъэж ар. Ы? Уэ шейтIаныр зытекIуар укъызогъанэри, а шыр зымылъэгъуарэ зымыцIыхурэ мы ди жылэми къедзами щыбгъуэтынкъым. Сымылъэгъуа-а! Тобэ къэхьыж, узэгуиудынщ.

Хьэмырзэ-шыдыгъу и Iуэхур езым аргуэру зэIищIэжат. Жанхъуэт и пцIэгъуэплъыр сымылъэгъуа жыпIэу жылэм ущыщу тхьэ пIуэнри, ХьэжылантIэ и нэкIум менлыр текIыжащ, и щхьэ къуийм ирихам цы къикIэжащ, жыпIэу букъуэдийри зыт. ЦIыхум ар емыкIушхуэ ящIащ, уеблэмэ Хьэмырзэ иджыри къэсыху яфIэгуэныхьу ягу щIэгъуамэ, иджы ар ягъэкъуэншащ. Бжэ дыдэм деж щыт гуэрым бзаджагъэкIэ тхьэ зэраIуэ щIыкIэм и хъыбар къыхидзащ: «Зыгуэрым жэм къиды-гъуауэ зarigъэумысыртэкъыми, тхьэ ирагъэIуэн хуей хъуат, жи. АтIэ арати, мо хьилэшым и къуэрылъхур къызыхаха гущапIэм захригъэп-хащ, закъыхригъэтIэтыкIыжри кIуащ, жи. ИIэ, атIэ, мы къурIэным IэпхъуамбиплIымкIэ къытеIэби тхьэ къытхуэIуэ, къыщыхагъэзы-хьым, мыдрейм тIэкIу зрилъэфыхьщ, зригъэлъэIу хуэдэу ищIщ, теIэбэмэ, зэгуиудынущи мэшынэ, иджыпсту зыкъиумысыжынущ, жаIэурэ щытхэр игъэгугъэри, и напIэ къудей мыхуалэу къурIэным теIэбащ, хьэмэрэ нэгъуэщIу, щIэупщIэури жиIащ, жи: «АлыхьымкIи мы къурIэнымкIи тхьэ фхузоIуэ а жэм зи гугъу фщIыр дэнэ къыщы-на, гущапIэм сыкъызэрыхатIэтыкIрэ зым и джэд къудей къэзмыды-гъуауэ. ПцIы супсмэ, яллыхь, мы си пIэм сумыхкIэ». Арати, тхьэм

щызэгуимыудакIэ къидыгъуакъым жаIэри жэмыр яфIишхащ. «Абы тхьэри игъэпцIакъым», – жиIащ зыгуэрым и фIэщыпсу.

А щIыкIэм тету Хьэмырзэ-шыдыгъу и Iуэхур дунеижь хъыбарым, гушыIэм хуэкIуэжащ. Хэт ищIэнт, иджыпсту Хьэмырзэ зы мыгъуагъэ къыщыщIамэ, делэ хъуамэ е и гур зэгуэуду къытехуэу лIамэ, ефэндыми цIыхуми зэрыжаIэнур арат: тхьэгъэпцIти, иIуар къыхуэмыгъуу апхуэдэу хъуащ.

Хьэмырзэ зыгуэрым зрипщытагъэнут, ар ину къэкIиящ:

– Фыкъызбгъэдэмыхьэ, алыхьыр си биякъым зы мыгъуагъ фэзмыщIэмэ!

Ауэ IэпхъуамбэкIэ сытыт абы ищIэфынур, Iэщэ, къамэ къудей иIыгътэкъым. КъурIэнкIэ тхьэ щрагъаIуэкIэ, дурыскъым Iэщэ яIыгъыну. Аращ ХьэжылантIэ псори зыхуигъасэри зыхуиущийри.

– Абы ищIар, абы ищIар, – зэкIэлъагъэпIащIэу жаIащ бжэм пэгъунэгъухэм.

– Сыт? Сыт ищIар, ей? – нэхъ жыжьэ щытхэр къытричу, лъапэпцIий зыздащIым, щIоупщIэ. Хьэмырзэ тхьэмыщкIэм, сокIуэдри сокIуэд, жиIа, пхъуэри ХьэжылантIэ и Iэлъэныкъуэ башыр къыIэщIиудащ, ар ефэндым трешащIэ, ауэ хьэджэсэ папцIэу башым икI ефэндым къыIэщIэнам ар къызэтригъэувыIэри щэIуу етIысэхащ.

– Уа, ХьэжылантIэ и башым и кIуэцIым хьэджысэ илъу къыздрехьэкI, –игъэщIэгъуащ зым.

– АтIэ ар пхуэбэлэрыгъын уигугъэрэ? Апхуэдэ Iэджэм Iууа къуийщ ар, – жиIащ адрейм.

– Мис иджыщ, – и IитIыр зыр зым дилъэу къопсалъэ бжэм пэгъунэгъур. ИкIи умывэмэ, укъигъэчэну гуIэ макъ къэIуащ: «Уэуэу, мыгъуэ!» Къэхъуар дахэ-дахэу къахуэмыщIэу ХьэжылантIэ пхэщIыщхьэкIэ тIысу хьэщIэщым къыщIэлъэтащ. Ар Мысост къигъэлъеяуэ арат. И фэр шэхум хуэдэу пыкIауэ Мысост Жанхъуэт зыхуигъэзащ:

– Жанхъуэт, уи шыр къэзыдыгъуар сэращ, ауэ мо лъы фIей напи Iупи зимыIэхэм, – Мысост и нитIыр бзаджэу ХьэжылантIэ телындащ, – мы Хьэмырзэ тхьэмыщкIэ тралъхьа бэлыхь лажьэр трезгъэлъхьэну аратэкъым къыщIэздыгъуар. АтIэ нэгъуэщIщ. Сэ ар иджыпсту тэмэм дыдэу бжесIэфынукъым, ауэ мы ди зэхэтыкIэр ди зэхэтыкIэмэ...

– Алыхьыр си биякъым мы жылэр щыхьэту уи кIуэцIыр къизмыгъэхумэ, – ХьэжылантIэ Iэкъуэшакъуэу къызэфIэувэжри, зыми ямылъагъуу зэрихьэ, нетIэ Хьэмырзэ хэIущIыIу къищIа хьэджысэр и башым кърigъэлъэтри, екIэпцIэ пхъафэ зытрагъэнышкIуэу шэхъумпцIэ фIыуэ зыщахуэжам ещхь абы и менлы нэкIур нэхъри уфIыцIауэ шынагъуэу Мысост хуэкIуэу ежьат, арщхьэкIэ лъхукъуэщо гупым кIуэцIрамыгъэкIыжу ягъэлъэпэрапэри, аргуэру джэлащ.

– Уи, алыхьым къиукIынхэ, сывоукIри, ар фэ къыфхуэгъункъым. Къыпхуэгъункъым ар уэ, ХьэщIэхуэфI и къуэ ныкъуэделэжь, къыпхуэгъункъым. Алыхьыр шы щIакъуэ тесми къыплъэщIыхьэнщ, джаур фасикъыжь. УмыпIащIэ уэ мыдэ, умыпIащIэ, – ХьэжылантIэ гъуметIымэу здэщылъым зыри едаIуэртэкъым. Псоми яфIэгъэщIэгъуэнт Мысост Жанхъуэт и шыр къызэридыгъуа щIыкIэр.

– Жанхъуэт, уи шыр си бом щIэтщ. Ар къыщIэздыгъуам хуей щыIэмэ, жысIэнур мыращ: адыгэм шы фIыуэ долъагъу, ауэ шы щхьэкIэ зыр зым ещакIуэу, кхъуэпIащэм ещхьу, дызэхэтыну, абы щхьэкIэ ерыщ дызэхуекIуэну сфIэемыкIущ. Сэ лъэпкъ зыкъом соцIыхури,

къэралыгъуэ хъухэри ежьэжащ, мэбагъуэ, мэпсэу, малъхуэ, мапIэ. Си щхьэм къызэритIасэмкIэ, мы ди екIуэкIыкIэр ди екIуэкIыкIэнумэ, зыми ямылъытэж жьгъей-фэгъейуэ, щIэлъым ещхьу дунейм дыкъытенэжыну аращ. Абы иджы, иужьыIуэкIэ сегупсысыжагъэнщ, ауэ ар пэжщ. Нэхъ зэпкърыхауэ ухуеймэ, уи шыр, уи пцIэгъуэплъыр къыщIэздыгъуар мы зыр аращ: Темыркъан узыIэщIилъхьэну тхьэ зэриIуар. Мы ди зэхэтыкIэр ди зэхэтыкIэмэ, уэ абы укъелынукъым. Куэдрэ къэхъуркъым цIыхугъэр, адыгагъэр бзаджагъэм щыпэлъэщ ди зэманым. Ар апхуэдэу щIэхъури гурыIуэгъуэщ. Мо ХьэжылантIэ хуэдэхэр адыгэ хабзэм куэдрэ хэвгъэпщэфIыхьмэ, адыгэ щыIэжынукъым, атIэ никъуэдыкъуэрэ гупщIэуз зэфыкI защIэу къызэхэнэнущ. Феплъ яужь зэманым къэхъуа къудейм. Ислъамджэрий и арэзыныгъэ хилъхьэри, Зулий тхьэмыщкIэ делэ иригъэщIащ...

– Ар алыхь Iэмырщ, алыхь Iэмыр, нэжэсыр зыхуэкIуэн, – къэкIиящ ХьэжылантIэ.

– ... Модрей уэркъ ябгэм и пхъум, мэл жьагъэ нэхъей, нэпкъыжьэ трыригъэдзащ, ари фIыщIапщIэу жэмыщIэ кърату.

– Тридзащ, хабзэти. НытIэ, зинэ защIэкIэ къалъхуауэ дыкъызэхэнэмэ нэхъыфI? Алыхьым щхьэ ущымышынэрэ? Алыхь Iэмырым уфIэкIынукъым.

– ... Алыхь Iэмырым укъигъэувыIауэ ара мы Хьэмырзэ и Iэпэр щIэпшэу бгъэгуIа иужькIэ? – дыхьэшхащ Мысост.

– Ахей ара! АтIэ уэ сыкъэбгъэувыIа уигугъэжрэ? Алыхьыр хуеямэ, уэ улIурэ лIыгъэ уиIэт абы къегъэгъази. Мыбдеж уэ укъезыхулIари, а уи напэр джылу мы цIыху хейм телъ хьэзабым щхьэкIэ укъэзыгъэдзыхэу укъэзыгъэпсэлъари, шыр къызэрыбдыгъуамкIэ зыкъызэрыбумысыжари алыхь Iуэхущ, тIасэу сиIэ. СлIот атIэ уи гугъэр. Сыт уи гугъэ нетIэ Хьэмырзэ иIуа тхьэм тIомпIщ, жиIэу щIызэгуимыудар? Ар дэ дымыщIэ щхьэкIэ, алыхьым ищIэрт, Хьэмырзэ зэрымыкъуаншэр, арэфым хуэдэу къуаншэр уэрауэ зэрыщытыр. ИкIи нэгъуэщI Iэмал игъуэтакъым Хьэмырзэ и Iэпхъуамбэр щыщIэсшам укъигъэувыу, абы укъигъэдзыхэу зыкъыуигъэумысыжын нэмыщI. Ар пщIэрэ уэ?

– Куэдщ мыр, ХьэжылантIэ. Мы Мысост Жанхъуэт и шэщым зэрыщIыхьа щIыкIэр къыджегъэIэ, – зэпиудащ ефэндыр щIалэ хъуапсэнэкIу гуэрым.

– Уа, пэжу, дауэ щIыхьа?

– Дауэ ущIыхьат шэщым, Мысост? – щIэупщIащ Жанхъуэти, ХьэжылантIэ жиIэмрэ Iуэху къекIуэкIымрэ хузэмыгъэзахуэу. Мысост тIэкIу зрилъэфыхьри, ХьэжылантIэ пидзын жэуап зэримыгъуэтынур и фIэщ хъужа иужькIэ, Жанхъуэт зыщIэупщIар белджылы ищIащ:

– Зулий тхьэмыщкIэр сымыщIэххэу къыздэIэпыкъуащ. Темыркъан тхьэ зэриIуэрэ сэ сигу ислъхьат мы Жанхъуэт и шыр къыIэщIэзмыгъэкIмэ, текIуэдэнущ, жысIэри. Ауэ ар къызэрызэхъулIэнур сщIэртэкъым. ЖэщкIэрэ къыщыщIэкI сытым сеплъакIуэрт, пщыхьэщхьэкIэрэ къызэрыгувэр зэзгъащIэрт, ауэ утегушхуэн хуэдэтэкъым. ИтIанэ гу лъыстащ Зулий тхьэмыщкIэ кIийуэ уэрамым къыдэлъэдэхукIэ Жанхъуэт хуэмышэчу къыщIэкIыу, абы Iэджэрэ кIэлъыплъу. А жэщым Зулий IэубыдыпIэншэ дыдэу хьийм яфIикIат. Мо мазэгъуэ нэхум хьэри бгъэри кIэрыщIа, жыхуаIэм ещхьу ар щыхупIэм яфIэжэрт. Хэт ищIэнт, жэщыр егъэлеяуэ уэмти, игу мыгъуэр бампIэу къыщIэкIынт. Сыплъэмэ, Жанхъуэтри ежэжьащ. Аращ, жылэ, аращ. А пцIэгъуэплъыр сэ къысIэрымыхьамэ, фегупсысыт: Те-

мыркъан зыIэщIигъэкIынутэкъым. Ари Жанхъуэт хьэкъ имытыну зэриукъуэдиям щхьэкIэкъым нэхъыбэу, атIэ тхьэлъанэ ищIам щхьэкIэ. АтIэ ар зэхэтыкIэ? Фегупсысыт абы. Фегупсысыт мы ди гъащIэм. Пщыр пщыщи, пщы Iуэху зэрахуэ, уэркъыр уэркъщи, аращ. Апхуэдэурэ лъэпкъыр дызэрызехьэу Зулий тхьэмыщкIэм ещхьу щыхупIэм дыхуокIуэ, дыхуожэ, къэувыIэ дымыщIэу. Зэ еплъыгъуэкIэ...

– Уа щIалэ, пщыри уэркъри бгъэIущыжыну уэ дэнэ укъыздикIар? Уи кIэри уи пэри мэкъуэщым нэсыркъым уэ, си лIакъуэр сощIэж жыпIэу зыкъытхуэбгъэщIагъуэми. ДощIэ дэ апхуэдэ лIакъуэр...

ХьэжылантIэ зыри зэремыдаIуэр щилъагъум, Мысост пищащ:

– Зэ еплъыгъуэкIэ ди гъащIэр хъарзынэщ. Адыгагъэ тхэлъщ, нэхъыжь-нэхъыщIэ дощIэ, кIэщIу жыпIэмэ, допсэу хъарзынэу, мо уэс зытелъ къуршыжьым ещхьу, ди зэхэтыкIэм и къуакIэри бгыкIэри джафэу тлъагъуу. Абы и шытххэри, и уэсыбэ сэтейхэри тфIэдахэжщ. Ар дыдейщ, фIыуэ долъагъу. Ауэ, итIанэми, а ди гъащIэ къуршым телъ уэс джэбыныр тедвгъэхи девгъэплъыжыт. Ар е щыхупIэщ, е къуэладжэщ...

– НасыпыфIэ ухъуи, Мысост, – жиIащ Жанхъуэт, псалъэ дыгъэлхэм гумащIэ къащIарэ ар Темыркъан и шэ щхьэрыуам къызэрырагъэлам иригуфIэрэ пхузэхэмыгъэкIыу. – НасыпыфIэ ухъу, си шынэхъыщIэ. Сыщыбгъэуакъым, – Жанхъуэт Хьэмырзэ бгъэдыхьэри IэплIэ иришэкIащ. – АдыгэлI, напэ зиIэ, лIыгъэ зыхэлъ щымыIамэ, уэри сэри дыкIуэдатэкъэ, Хьэмырзэ. Къысхуэгъэгъу, си къуэшыжь. Лей уэсхащ, къысхуэгъэгъу.

Мысост адэкIэ щыгугъат Жанхъуэт цIыхум яхэпсэлъыхьыну, ХьэжылантIэ, Темыркъан сымэ хуэдэхэм я нэр бгъаплъэ мыхъуну унафэ ткIий къащтэн щхьэкIэ жылэ-жылэкIэ гъуо зэбграгъэкIыу хасэ ящIыну, а хасэм лъэпкъым къэралыгъуэ къезыт хабзэ, унафэ къыщащтэну, ХьэжылантIэ сымэ «мыжьыкъ суд» зыфIащу хьэм ирагъэхьыр щыпхагъэкIыну. АрщхьэкIэ апхуэдэ лъэпкъ къэхъуакъым. Ди унафэ, ди суд дэ тхуэщIыжыркъэ, – зэрыжаIам къытенащ. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, муслъымэнымрэ джаурымрэ зэрауштурэ псори лъыкIэпсыкIэ зэрыгъэхъунущ. Ар лъы щIэжкъым, зы лIакъуэцIэ адрейм иукIмэ, зэфIэкIыу, ар лъэпкъ зауэщ, лъэпкъ ухщ, лъэпкъ гъэкIуэдщ.



Ауэ цIыху цIыкIум Мысост зэгупсысыр зыуи къридзэ хуэдэтэкъым. Абы яфIэгъэщIэгъуэну зытепсэлъыхьыр Жанхъуэт и шыр Мысост Iэзащэу къызэридыгъуфарт. Мывэ пхъуантэм къыдихащ, джэдыкIампIэр имыкъутэу, джэдыкIэ кугъуэр зыIэригъэхьащ. Абдеж зыгуэрым жиIащ, Мысост нэщыпхъуэ имыIэу пIэрэ, жиIэри. Ар зи тхьэкIумэ ицырхъа ХьэжылантIэ, Мысост лъэныкъуэегъэз зищIауэ зэрилъагъуу, жахьилым щхьэтеч дыдэ имыщIу яхилъхьащ: Мысост и зыщIыкIамкIэ ар жин фIыцIэхэм, шейтIанхэм япыщIагъэну шэч ищIу. Нэщыпхъуэ имыIэми, абы пэшэгъу гуэрхэр хухэтщ. Арыншамэ, Зулий лъэбакъуипщIкIэ Iужар къаубыдыжыху Жанхъуэт и пцIэгъуэплъыр дауэ мывэ шэщым къыщIэпшу лъэныкъуэ зэребгъэзынур? Ар пцIыщ.

ХьэжылантIэ жиIэр хэкъузауэ жиIэрт, ауэ иукъуэдиищэртэкъым. Псом ящхьэр цIыхум ягу шэч къэгъэкIынырщ. Ар зэкIэ. ИтIанэ ХьэжылантIэ и мурадыр къехъулIащ: илъэсищ япэ мафIэ зэхуакум дагъэсхьа удым и гъуэгум Мысост тришэнщ. Iэмал имыIэу, икIи мафIэ зэхуакум. Пэжщ, иджыри къэс щыIакъым цIыхухъу уд. Ауэ ягъэ кIынкъым, удым сыти зещIыф: джэду, хьэ, блэ. Хэт атIэ абы цIыхухъу зимыщIыфу жызыIар? Зэрыдмылъэгъуам къыикIыркъым апхуэдэ

щымыIэу. Дгъэунэхункъэ. Къелмэ, удкъым, дыщыуащ. Къемылмэ... Деплъынщ хэт лъы фIейми, хэт хьэбыршыбырми.

Ефэндым и нэгу къыщIыхьащ пыжьей банэ гулъэшхуэхэр лъэбакъуэ блырыбл нэхъ я зэпэмыжыжьагъыу хъурейуэ егъэтIылъэкIауэ абы и кум лъэбакъуибл зэбгъузэнатIэ IэнэщIу иIэу. ХьэжылантIэ а утыкум Мысостыр ирешэри кърензэ, езым банэ егъэтIылъэкIам гъуэрыгъуэурэ мафIэ щIедзэ. А банэ гулъэ псори ису яжьэ хъужыхукIэ дэтыфу къелрэ, ягъэунэхуащ, удкъым. Ауэ иджыри къэхъуакъым абы къела икIи къэхъуну къыщIэкIынкъым.

ХьэжылантIэ и гупсысэр Мысост къызэпиудащ. Ар Жанхъуэт и пцIэгъуэплъым, теIулIам ещхьу, уардэу тесу цIыхум къахыхьащ. Шыри лIыри апхуэдизкIэ бжьыфIэт, дахэт, зэкIужти, нэхущ вагъуэм ещхьт – куэдрэ уеплъыну зэрымыфIыр пщIэми, уи щхьэр лъэныкъуэкIэ пхуемыIуэнтIэкIыу узыIэпишэу узригъэплъу. Хьэмырзэ зыхэта хьэзаб псори щыгъупщэжауэ, гуэгуш анэжь къашыргъэм щышынэу уэм дэплъей нэхъей, и нитIыр гъуэрыгъуэу щIиукъуанцIэурэ Мысост еплъырт, зэрехъуапсэр имыбзыщIу. Сыбийуэ шым къызэрыридзыхрэ шыдрэ къыдыррэ нэхъыщхьэ мышэса ХьэжылантIи еплъащ Мысост зыкъомрэ. Абы шур зэм зэрыщытым хуэдэу илъагъурт, зэми Мысост и щхьэр мафIэ бзийм къыхэщырт.

– Мысост, а пцIэгъуэплъыр уи анэ узригъэфа быдзышэ хужьу хьэлэл пхузощI, – жиIащ Жанхъуэт и фIэщу.

– Хьэуэ, Жанхъуэт. АдыгэлI и уанэш итыркъым. А хабзэр зыщIэм кърататами, къыIихыркъым. Узыншагъэ дахэр уиIэу тхьэм куэдрэ утригъэс, тхьэм гу зэщывигъахуэ. Къысхуэгъэгъу, мы зэзакъуэм уи Iизыншэу уи шыбг сызэритIысхьар. Шым, адыгэ уанэш къабзэм темысIамэ, зыгуэр къыхуэту къысфIощI, дыгъэр зэпэплIимэу къыкъуэкIым ещхьщ, – Мысост гуапэу пыгуфIыкIащ.

ПцIэгъуэплъым жаIар къыгурыIуа нэхъей, умэзэхащ, итIани и пIэ имызагъэу ибгъу зырызыр чэзуурэ цIыхум къахуегъазэ, ауэ бгъэрыщIэ, уанэ, джэрыщIэ сытхэм кIэрылъ дыжьын быжи, мети, саут тхыпхъэщIыпхъэкIэ сея Мысост и къамэ бгырыпхи, и хьэзыр Iупи, и Iэщэфащи бадзэуэгъуэ дыгъэ жьэражьэм цIуугъэнэу пэлыдыркъым. Псори жумарту Iэдэбщ. Шым и щхьэ гъурыр лъагэу егъэкI, лIым и бгъэр уардэу зэлъыIухащ, нарт щауэм зыкIи къыкIэрымыхуу. ПцIэгъуэплъым и нэ псыIэшхуитIым уэгу щхъуантIэр къощ, иджыпсту зиIэту пшэ хужь Iэтэм хыхьэжыну зэхуэфIщ. Абы ибг исыр сыт хуэдэ шынагъуэми IэщIихыну хьэзырщ. «Хьэзыру пIэрэ?» – игу къэкIащ ХьэжылантIэ. А сыхьэтыпцIэм ищхъэрэкIэ гуIэ, кIий макъ къиIукIащ:

– Уо, жылэ махуэ хъун, сунэхъужа мыгъуэщ, фымыгъакIуэ, фылъэщIыхьи, хьэтыр щыIэмэ, фубыд! МакIуэ, мажэ, нэса мыгъуэщ! – ар Зулий тхьэмыщкIэм и анэрт. Мысост пцIэгъуэплъым елъэдэкъауэри, лъэтам ещхьу ищхъэрэкIэ, щыхупIэжьымкIэ игъэзат. АрщхьэкIэ къыкIэрыхуащ пцIэгъуэплъ дыдэри. Ар зыщхьэщылъэда бжьэпэр нэщIт. Уеплъыхмэ, къурш дзакIэ гуэрым Зулий тхьэмыщкIэ и бостей плъыжьым и къуащIэр фIэлъщ, нысашэ хьэгъуэлIыгъуэм къыхуфIадза бэракъ плъыжьым ещхьу.

ФЫРЭ-КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

# ЧЭРЭЧЭ

*Тхыдэ роман*

## *Гуащэлэпс*



Гуэным къритхъунщIыкIыжа гуэдз тепщэчым къуищынэмыщIа, нэгъуэщI шхын зыри зэрамыIэжыр анэшхуэм зэрыжриIэнур къыхуэмыщIэу, бгъэнышхьэ унэ джабэм кIэрыт рыгуэмкIэ[1] хуэм дыдэу иунэтIащ илъэс пщыкIуплI зи ныбжьын хъыджэбзым. АдэкIэ зэрыхъунур хузэхуэмыгъэхъуу, и нэ фIыцIитIыр напIэпщхэм щIахъумэпауэ, нэщхъейт ар. Лъэгуажьэ зэрытыпIэм нэс щхьэц фIыцIэ кIыхьышхуэр еухуэнэхарэ, Iэпкълъэпкъ лантIэ псыгъуэм и дахагъыр бостей фIыцIэ лалэм щIигъапщкIуэу, и лъэр илъэфырт пщащэм. Зэман гуащIэм, мэжэщIалIагъэм, къэралыгъуэм къытепсыха бэлыхьым гъунапкъэу иIэр, и щхьэцыпэм къыщыщIэдзауэ лъынтхуэкъуэпсым[2] хыхьэжу, игъэунэхуат абы. И адэмрэ и дэлъхухэмрэ зекIуэ ежьащ, и анэр уз зэрыцIалэм ихьащ, гъэтIылъыгъэхэр къыIэщIэухащ, анэшхуэр жьы хъуащи, и лъэм къримыхьэкIыжу пIэм хэлъщ... Къапщтэмэ, апхуэдэхэр Хьэтейм щыкуэдщи, гуIэгъуэжьыр езым и закъуэ къызэрытемыпсыхар къэщIэжри, зыщхьэщегъэу. Ауэ мы щIы хъурейм а фызыжь закъуэращ щиIэххэри, ари щхьэщыкIмэ, дауэ хъуну Хьэцацэ?! Сытеуакъэ щыжиIэм, а гупсысэр къыкIэщIозэрыхьыжри, аргуэру угузэвэнумэ къеблагъэ!

Къэралым алыджхэр къатеуащ. Ахэр лейзехьэ цIэрыIуэщ. Хьэцацэ гу къызэрылъатэуи, хаутэнущ, лей кърахынущ, ядыгъунущ хьэт пщащэ набдзэ къуращэр. Аращ жиIэр анэшхуэм. Пщащэр щогугъ и адэмрэ и дэлъхухэмрэ узыншэу зекIуэм къикIыжыну, текIуэныгъэр къахьауэ хьэтыдзэр къекIуэлIэжыну, мы иужьрей мазэхэм лъэпкъым ишэча гугъуехь псори иIуэтэжыну.

– А хъыджэбз! Дэнэ ущыIэ? – унэ Iушэ цIыкIум къыщIэIукIащ гузавэ зэпыту и иужьрей тхьэмахуэхэр езыхьэкI анэшхуэм и джэ макъыр.

– Мыдэ гуэдзыр сохьэж, нанэ! Зэ... – щабэ дыдэу пэджэжщ, рыгуэм и тетIысхьэпIэм хуиту зытригъэзагъэри, мывэ щхьэлым гуэдз IэмыщIэ ирикIутащ Хьэцацэ.

Щхьэлым и кIыр игъэджэрэзыху къыкIэщIэщIэщэщ хэжыгъэр тепщэч куум зэрилъалъэм и нэр теплъызауэ здэщысым, Хьэцацэ и щхьэц

---

[1] Рыгуэ – мывэ щхьэл цIыкIу, хур, гуэдзыр IэкIэ иракIутэу.
[2] Лъынтхуэкъуэпс – лъынтхуэ псыгъуэ дыдэ. /Капилляр.

---

*КIэухыр. ПэщIэдзэр етхуанэ номерым итщ.

Iувыр зыгуэрым и Iэпщэм иришэкIри, къыщилъэфащ. Хъыджэбзыр кIиймэ, анэшхуэр игъэщтэнущ, фызыжь гужьеяр къыщIэкIыну къежьэнурэ, мы къатеуахэм дыркъуэ ирадзынущ. А псори зэкIэлъыкIуэу Хьэцацэ и щхьэм щыблэу ирижэри, узыр и кIуэцIымкIэ пхыкIрэ лъэпхъуамбэхэмкIэ щыхэкIыжми, зыхуигъэшэчащ, мыкIийуэ. И нэгу дахэ хужьыр напIэзыпIэм къэуцIыплъарэ, езыр гужьеяуэ, Хьэцацэ и нэ фIыцIитIым кърегъэжыхь, къебгъэрыкIуам Iуплъэну и щхьэр зэрехьэ. Къыщызылъэфами щхьэцыр быдэу иIыгъщи, зыкъыхуIэщIэудыркъым. Арыххэу, Хьэцацэ ижьырабгъукIэ лIы гуэр къыкъуокIуэтри, пщащэм и пащхьэ къоувэ. ЕтIуанэм зэримыутIыпщщ.

– Уэр нэмыщI унэм хэт щIэсыр? – хьэтыбзэ къутакIэ жеIэ Iэщэфащэм зэщIэузэда зауэлIым.

– Зыри! Зыри щIэскъым! Си закъуэщ! – жи хъыджэбзым, гужьеяуэ. – Шхын фыхуейуэ арамэ, мы гуэдз Iэмыщ Iэращ щыIэххэри, къафщтэ.

– Уи закъуэ дауэ укъагъэна-тIэ, уэ узидахагъ?! УзыхуэмызапхъэурихьэлIэмэ-щэ?! – гущыкIыгъуэу мэдыхьэшх лIы чэфынэр.

– Сыт фызыхуейр? Сэ зыри сиIэкъым жысIакъэ! – зыщIэзыубыдам зыкъыIэщIиудыжыну, Хьэцацэ зеудэ.

Пщащэм зиудэху, модрейми нэхъ быдэжу зэщIекъузэри, и щхьэфэр тритхъыным хуэдэу хеш. КъапэщIэхуа хъыджэбзыр ерыщщи, зэрымыкIийм нэхъри къегъэбырсей лIитIыр.

– Мыбы нэхъ къуентхъыфI щыдгъуэтынтэкъым мы Iэгъуэблагъэм, – гъунэгъу дыдэу хъыджэбзым къыбгъэдокIуатэри, лIым и гъусэм зыхуегъазэ. – Еплъыт мыр зэрыдахэ! Атэрыс игу ирихьынущ, дауи. Ауэ, дигу пыкIыу, дауэ еттыну?! Дэ тхуэфащэкъэ тхьэIухудыр?!

– А-а, напэншэ! УтIыпщ си хъыджэбз закъуэр! – щIакъуэ башыр къигъэIэпхъуэ-къигъэIэпхъуэу, и лъэ хузэщIэмыхыжыр ерагъыу кърихьэжьауэ, зэрыхъуххэкIэ нэхъ псынщIэу къолъэбакъуэ анэшхуэр.

Алыджым и Iэблэм зыкъыкIэрищIауэ, щIакъуэ башыр къытезыкъутэ фызыжьым лIыр йодэмэпкъауэри, жыжьэу Iуедз, щхьэкIэ щIым техуэжу.

– Нанэ! Нанэ! Си нанэ сыт епщIар, тхьэхэм я нейр зыщыхуэн?! – зиукIыжу Хьэцацэ кIийми, алыджхэм зыри хуаIуэхутэкъым зызымыгъэхъеиж ныуэжьым.

– Тхуэфащэщ-тIэ! Къэралыгъуэр къэзызэуар дэращ, ди пщышхуэм унафэ иту ди щIыбагъ дэтыху, – арэзы тохъуэ адрейри.

А псалъэхэм игъэгушхуа лIыр къопхъуэри, напIэзыпIэм зэгуетхъ Хьэцацэ и бостей бгъафэр. БалигъыпIэ иува хъыджэбз ныбжьыщIэм и Iэпкълъэпкъ пщтырыр Iэ пхъашэкIэ щызэхишытIэм, ар фIэгущыкIыгъуэрэ хуэмышэчыжыххэу, пщащэр лъэгуажьэкIэ къыдоуей, и пащхьэ къитым и щахэм техуэуи, къызэфIегъащхьэ. АрщхьэкIэ и щIыбагъ къыдэтым Хьэцацэ и пщэ хужь кIыхьым Iупэ псыфкIэ зыкIэреукIэ, и цыпэхъур[1] щIыфэ щабэм хэуэу. ЛIитIым я зыр лъэгуажьэмыщхьэу щысщ, и щахэр иIыгъыу, гурыму. Пщащэм зыри къызэрыдэмыIэпыкъунур къыгурыIуащи, кIийурэ и къарур имыухыжу, бзаджащIэхэм къазэрыIэщIэкIыну щIыкIэр зэхуегъэхъу. Хьэцацэ и нэ фIыцIитIыр еуфIыцI, и дзэ хужь цIыкIухэр зэтрекъузэри, мэз джэдум хуэдэу къызопхъуэкIри, къыIэрыхьэр къричу, ифыщIу,

[1] Цыпэхъу – цы пхъашэ.

пIастхъэу щIедзэри, зыгуэрурэ къыIэщIокI етIуанэм. ЩIопхъуэ. Ауэ, зыщIыпIи нэмысу, лIыр къыкIэлъосри, иреуд. Лей къызэрытехьэнуми, анэшхуэр псэууэ къызэрамыгъэнэнуми шэч къытрихьэжыртэкъым пщащэм. Абы и гум зишхыхьыжырт, хузэфIэкIамэ, къатеуа лейзехьэхэр зэпкъритхъынут. Зы мыхъужми, зы пхъэ дакъэжь къызэрыIэрымыхьэ. Хьэцацэ мэIэбэрабэ. Дунеижьым зы мывэ хъуреи къытемынэжа хуэдэ, зыри игъуэтыркъым. Арыххэу «щкъуатх» макъ кIэщIыр къэIури, Хьэцацэ къыщхьэщыува алыдж гущыкIыгъуэм и нэкIур щIопщIым зэприхулыкIащ, и кIыхьагъкIэ лъыр къыдэхуу. И узыр нэсу зыхищIэну хунэмыса зауэлIым къэхъуар къыгурымыIуарэ, и щхьэфэм къежэхыурэ и нэм щIэлъэдэж лъыр ирилъэщIэкIыу щызэплъэкIым, зыгуэрым джатэр къиишэщIри, алыджым и пщэм къыщыщIэдзауэ и бгъэчым нэс бгъунжырыкIуэу къриупщIэтэхащ. И ныбжьэгъум къыщыщIам къриуIэбжьауэ, етIуанэр къыщыщылъэтыжым, бжыкI папцIэр къэлъатэри, къызэрыщылъэтам нэхърэ нэхъ псынщIэжу щIым хигуэжащ.

КъыздикIари къыздихуари имыщIэу, Хьэцацэ къыщхьэщыува шууеищым я зыр къелъэщ, и щIакIуэ пIащIэр зыщихри триубгъуащ зи бгъафэ пцIанэр зэщIиубыдэжауэ, зыгъэпщкIуу, щIым щылъ пщащэ цIыкIум. Хъыджэбзыр къызэфIигъэувэжри, щIэупщIащ:

– Зыгуэр узрэ?

ЩIакIуэр къеубгъуэхарэ щхьэрыхъуэныр зи пэбгым нэс къеуфэха шууейхэр зэрыцIыхубзыр итIанэщ Хьэцацэ къыщыгурыIуар. ИщхьэрэкIэ къыкIуэцIрыкIа мэуэтыдзэм апхуэдэ куэд яхэтауэ илъэгъуати, пщащэм къищIащ ахэр зэрынэрыбгейр.

– Нанэ, нанэ, зо! Си нанэ! – кърата упщIэм нэхърэ лъэныкъуэкIэ ирадзэкIа анэшхуэр игъэнэхъапэу, абы щхьэщылъэдащ Хьэцацэ.

Фызыжьым укъищIэртэкъым.

– Си нанэм зыгуэр иращIащ. Къысхуэгъэушыркъым, – и щIыбагъ къыдэтхэм зэм-зэм къахуеплъэкIащ пщащэ цIыкIур, нэкIэ лъаIуэу.

ЩIакIуэ къытезыубгъуар фызыжьым щхьэщыхьэщ, и пщэ лъынтхуэм IэпхъуамбитIыр триубыдэри:

– Зыгъэбыдэ! – жиIащ.

– Сыт абы къикIыр? Сыт къикIыр? – алъандэрэ иIыгъа нэпсыр уэру Хьэцацэ и нэкIущхьэм къытелъэдащ.

– ЛIащ, – зигъэкIэщIащ нэрыбгейм. – IукIуэт. Унэм щIэсхьэжынщ.

Нэрыбгей псыгъуэм, зыуи къыщымыхъуу, фызыжьыр IэплIэкIэ къиштэри, унэмкIэ игъэзащ. Хьэцацэ абы и ужь щиувэм, мыдрей фыз шухэри къепсыхри кIэлъыкIуэтащ.

Хьэцацэ гъуэлъыпIэ лъапэм тест, анэшхуэм и хьэдэ щIахъумам телъэщIыхьу, макъыншэу гъырэ, и нэпсыр ирилъэщIэкIыу.

– Куэд щIа алыджхэр къызэрыфтеуэрэ? Сыт хэпщIыкIыр? – щхьэрыхъуэныр зыщхьэщигъэкIуэтри, щабэ дыдэу щIэупщIащ нэрыбгей щхьэцыплъыр.

Хьэцацэ зыри жимыIэу зыкъиIэтщ, бжэкъуагъым къуэт шэнтитIыр утыкум къригъэувэри, нэхъыжьыIуэу фэ зриплъа цIыхубзитIыр игъэтIысащ.

– Къысхуэвгъэгъу, фызэрызгъэхьэщIэн зыри сиIэкъым, – щэху дыдэу жиIащ пщащэм, гъыурэ къытебэга и напIэр иIэтри.

Ажалым къыIэщIахами, щхьэзакъуэ дыдэу дунейм къытена пщащэм сыт хуиIуэхут нэрыбгейхэр зыщIэупщIэм?!



5 Заказ №2723

– Уи гъыныр щыгъэти, мыдэ къызэдаIуэ иджы. Дэ уи жагъуэ тщIынукъым. Хы адрыщI дыкъикIащ, алыджхэр къазэрыфтеуар къэтщIати. Куэди дохъу. Уилъ пщIэжыну ухуей? – пищащ щхьэц плъыжьым.

Хьэцацэ и щхьэр ищIащ, арэзыуэ.

– КъызэрызгурыIуамкIэ, уи закъуэ дыдэу укъэнащ... Мо напэншитIым уапэщIэувэну лIыгъэ къызэрыплъыкъуэкIамкIэ къэблэжьащ зы щIыхь – къытхыхьэ нэрыбгейхэм. Ухуеймэ! Ди IэщIагъэми уедгъэсэнщ, – жеIэ адрей нэрыбгей сырыхум.

– Сэ зыри слъэкIыркъым, фэ фхуэдэуи сышэсыфынукъым, – и дамэр дрешейри, хощэтыкI пщащэр.

– Хьэщхьэвылъэхэм закъыIэщIэбудыфаи! Хъыжьэу, ерыщу укъыщIэкIащ, ушынакъым. Си цIэр Удынэщ, мыр сипхъу закъуэрщ. Ди гъусэр нэрыбгейхэм я щхьэгуащэрщ. Уи псэм къищтэмэ, ди гъусэу накIуэ, Мэчанэ узыхуей ухуигъэзэнщ, – цIыхубзыр хъыджэбзым щхьэщохьэри, и дамащхьэм тоIэбэ.

Хьэцацэ зыкъиIэтщ, щхьэщэ ищIри, щыпкъэу жиIащ:

– Зыгуэр къызгурыIуэ сызэрыхъурэ зауэм дыхэтщ. ХэщIыныгъэрэ гукъеуэрэ фIэкIа сымылъагъуу сыкъэтэджащ. Иджы си сабиигъуэ дахэм и фэеплъу къысхуэнэжа си анэшхуэ закъуэри къаукIащ бийхэм. ЗыгуэркIэ силъ сщIэжыну зы гугъэ кIапэ щыIэххэмэ, ар зыIэщIэзгъэкIынукъым!

– ДызэгурыIуащ! – жиIэри, хъыджэбз псыгъуэ лъагэм и нэгум Удынэ гуапэу иплъащ. – Иджы къызжеIэт, дахэ, сыт къыщекIуэкIыр къалащхьэм?

Мэчанэ шэнтым тест, пщащэр зэпиплъыхьу, абы жиIэнум пэплъэу. Атисэ щхьэгуащэм и щIыбагъ къыдэтт, и тхьэкIумэ лъэныкъуэр Хьэцацэ жиIэм, етIуанэр щIыбымкIэ етауэ.

– Апхуэдэ хъыбархэр къытхуэзыхьэсын лIы къинэжакъым хэкум, псори зауэм Iутщ. Джатэ зыхуэIыгъ зы щIалэ цIыкIуи къамыгъанэу, псори ягъэшэсащ. Уеблэмэ сэ нэхърэ нэхъыщIэжщ си дэлъхури, здашащ нэхъыжьитIым ящIыгъуу, – жи пщащэм. – Ауэ, лIыжьхэмрэ жыпиуэхэмрэ зэIэпахыу зэхэсхар мыращ... Хьэтхэр зекIуэм зэрежьэу, мыхэр къухьэпIэмкIэ къыщыттеуауэ жаIэ. ТхьэмахуитI ипэ алыджхэр къэсащ Хьэтуссэм. Къалащхьэр яхъумэну къагъэна уардэр[1] кIуэрыкIуэм тету ирахри, пщым и унагъуэр гъэру яубыдащ. КъызрикIуа гъуэгум, къуажи, къали, жыли къамыгъанэу, яхузэтекъутэр щызэтракъутащ, ягъэсащ, цIыхухэр зэтраукIэурэ къыкIуэцIрыкIащ. Мис мыпхуэдэу къаущыхьурэ, бзылъхугъэхэр ядыгъу иджы, – и дамэр дригъэуеящ Хьэцацэ.

– Нэрыкъ дыкъыщыдыхьам щыгъуэ абы зыми зыри хищIыкIыртэкъым. Иджы еплъ... – и куэм тоуэри, къытехьауэ и щхьэр егъэкIэрахъуэ Мэчанэ.

– НэжьгъущIыдзэр къызэрыкIуэцIрыкIым и хъыбар намыхьэсыжауэ пIэрэ алыджхэм я деж? – щIоупщIэ Атисэ, бжэр дамэдазэ ищIауэ, щIэплъурэ.

– Къэралым дыкъызэрихьар ищIэми, дыкъызэрыблэгъам зыри хищIыкIыркъым. Мэз защIэкIэ дыкъыкIуэцIрыкIащ, – шэч къытримыхьэу жеIэ Мэчанэ.

[1] Уардэ – мыбдеж: дзэ лIэужьыгъуэ. /Полк.

– СщIэркъым сыт хуэдэ гъуэгукIэ фыкъэкIуами, ауэ сэ фи хъыбар къырахьэкIыу зэхэсхакъым. ЦIыхухэр шынащи, зекIуэжыркъым, езы алыджхэращи, я ныбэр из яхуэмыщIыж нэхъей, гъэтIылъыгъэхэр зэтрашхыхь, я ефэ-ешхэр зэпыуркъым. БыдапIэми я гъэтIылъыгъэхэр яухауэ къыщIэкIынущ: пщафIэхэр гузэвэху, лъэIуакIуэ къагъакIуэурэ, жылэм диIэIамэ, хах. Хьэтыдзэр къэралым и гъунэм щыIэщ. Иджыпсту щIымахуэщ, гъуэгуанэр хьэлъэщи, мазэ пIалъэ иIэщ ахэр къалащхьэм къэсыжыным. АпщIондэху я къару къызэрагъэпэщыж хъунщ алыджхэми, – зи гугъу ищI зэрыпхъуакIуэхэр фIэгущыкIыгъуэу, и нэщхъыр зэхиукIащ Хьэцацэ.

Удынэ тэлайрэ мэгупсысэри, пщащэм зыхуегъазэ:

– Жыжьэ къалащхьэр?

– Лъэсу махуэ гъуэгуанэ дэлъщ. ИпщэкIэ уехмэ, угъуэщэнукъым. Пэжми пцIыми сщIэркъым, ауэ Хьэтусилэ и щхьэгъусэ нэхъыщхьэр – ди гуащэшхуэр – алыджхэм я пщым пщафIэ ищIыжауэ, Iэнэзехьэу зыщхьэщигъэту жаIэ. Гуащэм а псори щIишэчыжыр тхьэм ещIэ. Ауэ мы дунейм теткъым ар зытегузэвыхь гуэркIэ къэмыувыIэмэ, апхуэдэ напэтехыр и фэ дигъахуэу зэрыпсэун! Тутхьэлий и щтэращтэхэмрэ бын нэхъыщIэхэмрэ зэтраукIэнкIэ къагъэшынэу арагъэнущ.

– ГурыIуэгъуэщ. Арат зэхэсхыну сызыхуейри. ДыкъызыкIэлъыкIуари ар дыдэрщ. Еуэ-тIэ, фызыжьыр щIэдвгъэлъхьэжи, девгъажьэ. Догувэ абы фIэкIмэ, – жи Удынэ.



* * *

Удым и удыгъэракъэ и Iэщэ нэхъыщхьэри. НэжьгъущIыдзэр зэрыщыту къуэкIыпIэм намышэсмэ, къызытекIухьам мыхьэнэ зэримыIэжыр къагурыIуэрти, джатэ къихакIэ алыджхэм япэщIэувэу зыкъэрамыгъэукIыу, бзаджагъэкIэ яхуэукIыр хагъэщIыну траухуат Удынэрэ Мэчанэрэ. Абы папщIэ ныбжькIэ нэхъ щIалэIуэу хъыджэбз зыбжанэ нэрыбгейхэм къыхащыпыкIщ, къызэрыгуэкI пщащэу къахуапэщ, гущхьэдэсу хьэт лIыжь гъусэ къыхуащIри, шыгум кърагъэтIысхьащ. Мэуэт гуащэмрэ нэжьгъущIыдзэм и гъуазэмрэ сыт жамыIами, Хьэцацэ яфIэкIуащ нэрыбгейхэм ящIыгъуу.

– Мы хъыджэбзхэм ягурэ я щхьэрэ зэрызэтелъыр болъагъу, я зыIыгъыкIэмкIи къыбощIэ къызэрыгуэкI пщащэу зэрыщымытхэр. Щтарэ зэщIэкIэзызэу зы яхрет, – щыжиIэм, унафэщIхэр арэзы хъуащ.

– Фэ езым фощIэж фщIэнур... Фызэрынэсу, Дэдей къэвгъуэти, ди Iуэху зыIутыр къыгурывгъаIуэ, – жеIэри, Удынэ чысэ зырыз къаIэщIелъхьэ нэрыбгейхэм. – Зым лъэмыкIми, фи зыхэзым мыр гуащэм Iэрывгъэхьэ. ЗэхэщIыкIыгъуэу жефIэ мыр дзыхь зыхуищIхэм яIэригъэхьэу, быдапIэм шыуану къыщагъэкъуалъэм тIэкIу-тIэкIуу хакIутэну. Нэхъыбэ зыIухуэр игъэлIэнущ, нэхъ мащIэ зышхыр жейм зэрихьэу, зыри къыгурымыIуэжу тэлайкIэ щытынущ. Щхъухьым пигъэхур пыхуащ, адрейхэр дукIыну аращи, флъэкI къэвмыгъанэ. Пщым и унагъуэр зэрыфхъумэн яужь фит. Щхъухьыр алыджхэм яIухуа нэужь, чэщанэм и щхьэ дыдэм мафIэшхуэ щыфщI. Махуэу фыкъызэфIэкIмэ, Iугъуэ фIыцIэ вгъэу. АбыкIэ къэтщIэнущ дынызэрежьэн хуейр. Сыфщогугъ, хъыджэбзхэ! СыныволъэIу: зэи хуэмыдэжу набдзэгубдзаплъэу фыщыт, фызэрыIыгъ.

Нэрыбгейхэм я щхьэр ящIри, лIыжьым шхуэмылакIэр шыбгым триутхыпщIащ.

* * *

Мывэ хужькIэ къещIэкIауэ щыта быдапIэм и дыхьэпIэр зэхэкъутат. МафIэс шынагъуэ зэрыщыIам и щыхьэту, блынхэр екIуэкIыу кIэгъуасэт, щIыдагъэ кърақIыхри бжэ абрагъуэр ягъэсащи, яжьэу къелъэлъэхыжауэ, быдапIэм жьыуейр щызэпреху.

– Дахащэу щыта Хьэтуссэм лейуэ къытехьам еплъ! Хьэщхьэвылъэщ мыхэр. ЦIыхугъи щIыхьи яIэкъым. Быдзышэм и пIэкIэ делэ гын ефэу къэтэджа нэхъей, цIыху Iейщ алыджхэр, – и щхьэр игъэкIэрахъуэри, и щIыбагъ къыдэсхэм къахуеплъэкIащ гущхьэдэсыр. – Фысакъ, тхьэмыщкIэ цIыкIухэ! Фысакъ!

Шыни гузави зымыцIыху нэрыбгей ябгэхэм а псалъэхэр зыуи къазэрыфIэмыIуэхуам зыри хэзымыщIыкI лIыжьым фIэгуэныхьт зыми щымыщу мы зэхэвэзэхэжьэм хэкIуэдэну къыщыхъу пщащэ тхьэIухуд цIыкIухэр. Шыгум бэIутIэIуншэу ис бзылъхугъэхэм ящыщ зы лIыжьым къыхуеплъэкIри, гуапэу пыгуфIыкIащ.

– ХъумакIуэхэм даIэрыгъэхьи, адэкIэ зыгуэр дыхъунщ, ди адэ! – гъунэгъу дыдэ зыхуэхъуа дыхьэпIэ абрагъуэр зэпиплъыхьу жиIащ абы.

– КъызэдаIуи, уигу иубыдэ жысIэр! – Хьэцацэ дежкIэ еплъэкIащ нэрыбгейхэм ящыщ зыр. – Уи ягъэкIэ мы Iуэхур зэхэзэрыхьмэ, си IэкIэ устхьэлэнщ, уи пIэ укъизмыгъэкIыу! КъыбгурыIуакъэ?! ДызэрызэгурыIуам утемыкI. Сыт къэмыхъуами, сыт къыдамыщIами, лей жумыIэ!

Хьэцацэ нэрыбгейм и нэгум хуиту иплъэри, и щхьэр ищIащ.

– КъызэтеувыIэт! – и Iэр иIэтри, шыгум къыпежьащ хъумакIуэхэм ящыщ зы. – Сыт къапшэр?

– ИщхъэрэкIэ щыIэ жылэм хъыджэбз зыбжанэ къыдэнащ щхьэзакъуэ дыдэу. Шхыни гъэсыныпхъи къаIэщIэухащи, сфIэпсэкIуэдщ. Ди пщым игу дыхьэмэ, лей къатехьэнкъым, жызоIэ, – Удынэ къызэригъэIущам хуэдэу жэуап итащ гущхьэдэсым.

– Арамэ, фыкъыдыхьэ. Пщым цIыхубзыр и пэрыхьэтщ, ауэ дэри куэд дохъу, – и гъусэхэм захуигъазэри, ину дыхьэшхащ алыджыкъуэр. – ЩIэфщыкIыт шыгур!

Къэрэгъулхэм шыгумрэ пщащэхэмрэ къыщапщытэм, язур къэпсэлъащ:

– Шэщым щIэсу япIауэ ара мыхэр? Сыту мэ Iей къахихрэ! МодэкIэ, пщафIэхэр здэщыIэмкIэ, шэ занщIэу. Абыхэм фагъэлъагъунщ зыгъэпскIыпIэр. Армыхъумэ, ди пщым и пащхьэ теплъаджэрэ бамэр къыфкIуэцIицыцыкIыу фиувэмэ, фэри дэри дыкъелынкъым!

Нэрыбгейхэри арат зыхуеиххэр.

– Мы делэ гупым ефэнрэ бэгъуэнрэ фIэкIа Iуэху ямыIэу зэхэсщ. ДызэримыгугъэауэI, ди Iуэхур тынш хъуну къысщохъу... НэжьгъущIыдзэхэр къазэрекIуэлIами щыщ хащIыкIыркъым. АфIэкIа гупсысэ убгъэдэмылъу, дауэ къэралым узэрытеуэнур?! – игъэщIэгъуащ нэрыбгейхэм ящыщ зым.

– Щэхуу! – нэщхъкIэ къыхуеплъэкIащ абы нэгъуэщI зы.

– Дызэрынэсу, гуащэр къыдогъуэтри, щхъухьыр Iэрыдогъэхьэ. Ауэ пщым и пащхьэ драмышэу хъунукъым икIэщIыпIэкIэ. ХъыджэбзыщIэхэм къытхэплъэн хуэдэу дыщIашамэ, дыкъикIат, – Iущэщащ ещанэр.

Гуащэр пхуэгъэгъуэщэнутэкъым... Зэпымычу зыгуэр ищIэми, IэлъэщI фIыцIафэр щIэпхыкIарэ, лъэныкъуэщIыIу[1] гъуабжэм нэхъыщхьэ щымыгъми, и зыIыгъыкIэмкIэ, плъэкIэмкIэ, псори къызэредаIуэмкIэ ар зэрыгуащэр наIуэт. Дуней псом зи цIэр къыщацIыху Хьэтусилэ пщышхуэм и быдапIэм алыджхэр щепсыхарэ, унагъуэм цIыхубзу исыр унэIут ящIыжауэ, Атэрысрэ дзэзешэхэмрэ яхуэпщафIэу, яхуэIэбэу къырахуэкIыу ирихьэлIащ нэрыбгейхэр.

Апхуэдэ напэтехрэ икIагъэрэ зышэчауэ зы гуащи дунейм тету къыщIэкIынтэкъым. Арами, зиIыгът. Зыгуэрым ежьэрт, гугъэрт. Ауэ, гуащэм и нэпсыр хуэшыIакъым, «ищхъэрэкIэ кърашa тхьэмыщкIэ цIыкIухэм» зыкъыхуагъазэу, къызыкIэлъыкIуа дыдэр щыхуаIуатэм.

– СщIэрт сэ зэгуэр фыкъызэрысынур! Сыт щIауэ дынывэжьэрэ! – и гур псэхужауэ хэщэтыкIащ Дэдей.

ЦIыхубз нащхъуэ щхьэпэлъагэм и фIэщ мыхъуж нэхъей, къеувэкIауэ щыт нэрыбгейхэм я нэкIум зырызыххэу иплъэурэ, зрикъузылIэрт. Гуащэр, и щIалэгъуэм абы нэхъ дахэ хэкум зэримысар къапщIэу, уардэт, нэхутхьэхут, ныбжьыфI зэриIэр гурыIуэгъуэми, лэдэх[2] щIагъуи и напэ хужьым темылъу, гурыхьт. Дэдей и Iэгур пхъашэми, зэмыса лэжьыгъэ хьэлъэм зэгуригъэтхъами, щабэ дыдэу телъэщIыхьырт къалъихьа хъыджэбзхэм я напэм.

– Дэнэт щыпщIэр? – игъэщIэгъуащ пщащэхэм ящыщ зым.

– МэуэтхэМ ящIыгъуу къэкIуа нэрыбгейхэм я гъуазэм къызжиIат щежьэм. «Дзэр зэрежьэу, алыджхэр къыфтеуэнкIэ шынагъуэщ, зыфIыгъ икIи, сыт къэмыхъуами, гугъэр хыумыхыж. Алыджхэм нэхъ хьэбыршыбыррэ гущIэгъуншэрэ мы дунеижьым илъэгъуакъым, ауэ зышыIэ. Сыт къывамыпэсми – укъыщимытхъ. Ди гуащэр сцIыхуужрэ къыфщыщIа гузэвэгъуэр и тхьэкIумэ ицырхъэмэ, и цIыхухъум и щIыб зы бзаджащIэ къыдигъэувэнукъым. Къэсынурэ, дауэ имыщIами, ди ужь къиувэр зэтриукIэнущ!», – къызжиIат Ассей. Аращ иджыри къэс мы напэтехыр щIэтшэчыр, – и нэпкъ лъагэм къытелъэда нэпс пщтырыр ирилъэщIэкIащ Дэдей.

Пщащэхэр зэплъыжащ, къэуIэбжьауэ.

– Мыр щхъухьщ, гуащэ! IэфIыншэщ, мэи щхьэи иIэкъым, ауэ щхъухь лъэщщ. Алыджхэм яIумыхуэу хъунукъым. Нэхъыбэм ялъэIэсмэ, къытхуумыщIа щыIэтэкъым, ауэ, Iэмал имыIэу, пщымрэ абы и дзэзешэхэмрэ егъэфэн хуейщ. Я нэхъыщхьэхэм я лъэр щIэхумэ, зауэлIхэри къызэрыгъэгужьеинущ, – кIэщIу къиIуэташ тIасхъэщIэххэм я нэхъыщхьэм.

– ГурыIуэгъуэщ, дахэ. ЦIыхухъу къызэрытхэмытым щхьэкIэ, гурыщхъуэ къытхуащIыркъым, хуитуи дыщызэхэзокIуэ быдапIэм. Лэпс яхуэдгъэвэнщ ныщхьэбэ. Шыуану диIэр къетхьэжьэнщи, быдапIэм дэсхэри, шэтыр зыгъэуvауэ губгъуэм исхэри «дгъэхьэщIэнщ». Ауэ дрикъуну пIэрэ?

– Урикъунущ. Шыуанышхуэ къэс бжэмышхым и Iыхьэ плIанэ хэкIути, абы ирихыр хэщIмэ, къэнэжым зыгуэр етщIэнщ. КъищынэмыщIауэ, шагъырми хэпкIутэ хъунущ, – бзаджэу пыгуфIыкIри, и щхьэр ищIащ нэрыбгейм.

– ЩIыунэм шагъыру щIэтым хезгъэкIутэнщ-тIэ. Я жьэпкъыпэм къежэхыу, зэпымычу йофэ гущыкIыгъуэхэр. Щысхь яхуэфащэ-



[1] ЛъэныкъуэщIыIу – пасэрей бостей лIэужьыгъуэ.

[2] Лэдэх – нэкIум телъ зэлъагъэ. /Морщина.

къым абыхэм, – и макъыр йощэтэх Дэдей. – Дэ абыхэм дагъэлъэгъуа икIагъэм, ди бзылъхугъэхэм иращIам и ужькIэ, силъ сымыщIэжауэ сыпсэуфынукъым, сызэгуэудынущ!

– Пщым и пэшым зыгуэрурэ дыщIегъашэ. Ар псэууэ тIэщIэкIмэ, си Iуэхущ!

– ИIэ-тIэ, псынщIэу зыкъэвгъэпскI. Бостей къыфхуезгъэхьынщ. Зывгъэхьэзыр. Сэри си Iуэху и ужь сихьэжынщ...

* * *

Хьэтусилэ и пщы-пэшыр зэриубыдар и фIэщ мыхъуж нэхъей, Атэрыс, щIэнам хуэдэу, къыщIэкIыртэкъым, зауэлIхэми яхыхьэртэкъым, къихьэхуа быдапIэм и Iэгъуэблагъэри къызэхикIухьыртэкъым. Абы и щхьэм илъыр нэгъуэщIт... И шхыныр къыхуахь, цIыхубзхэр щIэщыгъуэ-щIэщыгъуэу хузэрахъуэкI, шагъырыр Iэнэм текIыркъым, дунеижьыр зыгъэгызу щыта къэралыгъуэр иубыдащи, ехъулIауэ ебж. Сыт нэгъуэщI?! Загъэпсэхунщи, я зекIуэм пащэжынщ – къуэкIыпIэмкIэ хьэтхэмрэ ащырхэмрэ щызэроукIри, зауэм и кIэм ирихьэлIэмэ, къанэIамэ зэхикъутэнщ.

Цы Iуданэ псыгъуэкIэ джа джанэ хужь Iэхуитлъэхуитыр и лъэдийм теуэрэ и бгъэгур къыдэщу бгъафэр тIэтауэ, шагъыр плъыжьыр къызэжэх дыжьын гухъунэр[1] IэщIэту, быдапIэм кърашэлIагъащIэ хъыджэбзхэм яхэплъэу щытт Атэрыс. Абы и нэ щIыхупсхэр пщащэхэм гъуэрыгъуэурэ ятриубыдэрти, я щхьэм къыщыщIэдзауэ я лъапэм нэсыжу зэпиплъыхьырт дэтхэнэри. Дыгъэрыс[2] мащIэ зиIэ лIыку зэIэщIэлъым гуакIуэу уIуплъэрт, и набдзэ фIыцIэ Iувым къыщIэгуфIыкI нэ щIыхуитIым удахьэхырти. Толъкъун щабэу и натIэм къещэтэха щхьэц фIыцIэ Iувым и Iэпхъуамбэхэр хигъэлъадэщ, дрилъэщIейри, къыпыгуфIыкIащ алыджыпщыр. Къапщтэмэ, апхуэдизкIэ ар теплъафIэти, зэрихьэу жыхуаIэ икIагъэхэр хуумыгъэфащэу, узыщIигъэгупсысыкIыжырт.

Бжэм зыгуэр къыщытеуIуэм, Атэрыс и пэбзийхэр зэIыкIыу хэщэтыкIри, и жьакIэ кIэщIым хэтIэхъуащ.

– КъыщIыхьэ! – жиIащ абы.

– Пщыхьэщхьэшхэр къахьащ, зиусхьэн, – зигъэкIэщIащ хъумакIуэм.

– КъыщIэфхьэ...

Гуащэм къалэн зэрыхуащIауэ, апс[3] зэпэплIимэм лэпс хъандырэ[4] лъахъшэ, лы гъэва тепщэчышхуэ, шагъыр кхъуэщын иту къыщIихьэри, Iэнащхьэм тригъэуващ.

– Зыбгъэгуваи, гуащэ! – жеIэ Атэрыс, и анэ и ныбжьын цIыхубзым хуемыплъэкIыххэу.

– ЩIыIэ къэхъуащ. Шэтырым щIэсхэм загъэхуэбэжынщ, жысIэри, куэду дыпщэфIащ нысхьэбэ, – щыпкъэу педзыж абы Дэдей.

– Куэд щIа си зауэлIхэм гумащIэ уазэрыхуэхъурэ, – и гум зыгуэр щIыIэ-щIыIэу къэкIам хуэдэу, зэщIэувыIыкIащ алыджыр.

[1] Гухъунэ – ираф гуэр зэрыт кумбыгъэ. /Чарка, бокал с каким-то напитком.

[2] Дыгъэрыс – мыбдеж: дыгъэрыжьэ хъуа фэ. /Загар.

[3] Апс – хьэкъущыкъу лIэужьыгъуэ. /Поднос.

[4] Хъандырэ – къуитI зытет кхъуэщын быхъу лъахъшэ. /Горшок.

– Уэ ухьэщхьэвылъэми, хьэтхэр хабзэмыщIэкъым! ХьэщIагъэр ди лъэпкъым и набдзэщ, – щыпкъэу жэуап итщ, и щхьэр лъагэу иIэтри, бжэмкIэ игъэзащ гуащэм.

– Гуащэ! – Атэрыс и макъым зыщригъэIэтым, зи щIыб къэзыгъэза цIыхубзыр зэщIэувыIыкIащ.

Абы къыгурыIуакIэт алыджыпщым гурыщхъуэ зэрищIар, быдапIэм къыщекIуэкIым жейбащхъуэнэкIэ хэмыплъами, зыгуэр зэрыщызэIуащэр щIыфэкIэ зэрызыхищIар.

– Къэгъази, мо лэпсым еIубыт!

Ар зэрызэхихыу, бжэ блыпкъым ит хъумакIуэм сэжьейр кърипхъуэтри, хьэзырыххэу къиувыкIащ. Дэдей зимыгъэхъейуэ щытт, и напIэр едзыхауэ, адэкIэ жиIэнумрэ ищIэнумрэ зэхуигъэхъуу.

– Уэракъэ жыхуэсIэр, цIыхубз?! Къэгъази, мы къытебгъэувам еIуб! – гуащэм, имыхабзэу, игурэ и щхьэрэ зэрызэтелъым гурыщхъуэ иригъэщIат алыджми, хигъэзыхьыпэу, хэкъузауэ жиIащ.

Гуащэм зыкъигъазэщ, Iэнэм тет хъандырэм икъу зрызыр иубыдри, моуэ и Iупэм хуехь щыжыпIэм, пыджэн хьэзыру, гъунэгъу дыдэу къыбгъурыува хъумакIуэм и нэкIум ирикIащ лэпс къэкъуалъэр. ЩIалэм жиIэнуIауи хунэмыс щIыкIэ, хъандырэр и щхьэм фIикъутыхьыжри, хъумакIуэр къызэфIигъэмэхащ цIыхубзым. Арыххэуи, кърагъэувэкIа нэрыбгейхэм къаухъуреихьащ алыджыпщыр. Щхъухьыр щыпхымыкIакIэ, къэнэжыр Iэпщэрат.

– Бжэр ешалIэт, гуащэ, – жиIащ зы хъыджэбзым.



Хьэцацэ, щтарэ блыным зыкIэрикъузылIэжауэ, щытт, зыхуэмыгъэхъейуэ. Атэрыс, еса-есауэ, и джабэ сэмэгумкIэ пхъуащ, джатэм кIэлъыIэбэ нэхъей. Абы щыгъупщэжат Iэщэр зэрыкIэрымылъыр, джанэ закъуэкIэ зэрыщIэсыр. Ауэ щыхъум, Атэрыс и Iэщхьэ пылэлыр дрилъэфейщ, къеувэкIахэр иджыри зэ хуиту зэпиплъыхьщ, пыгуфIыкIри, и Iэр ищIащ:

– Япэ уэгъуэр фыфейщ! – жиIэри.

Алыдж лъэпкъхэм я пщыжу щыхахакIэ, къаруушхуэрэ гупсысэ куурэ хэлъу къыщIэкIынут лIым... Абы къыгурыIуакIэт къебгъэрыкIуахэр зыщыщри, къызыкIэлъыкIуари. Ауэ, и пащхьэ къит хъыджэбзитхур ныбжькIэ щIалэ дыдэми, IэмащIэлъэмащIэми, нэрыбгейщ! Нэрыбгейхэм яхузэфIэкIри зэгуэр ягъэунэхуат алыджхэм.

Япэ къэпхъуа хъыджэбзыр Атэрыс пщэфэцкIэ иубыдщ, лъагэу и щхьэщыгум щиIэтри, мыдрейхэм къахиутIыпщхьащ. Ар апхуэдизкIэ къару щIэлъу идзати, зытехуэжа хъыджэбзитIыр ириудри, блынми зэрегулIыжат. Ахэр къыщылъэтыжыху, лIы балигъ Iэчлъэчым и пащхьэ къиува хъыджэбзым и гуфIэIум[1] техуэу IэштIымкIэ кIуэцIыуащ, зэрифIэщкIэ. Арыххэуи, пщащэм и кIуэцIфэцIыр зэхакъутауэ кърathхъым хуэдэу къэузщ, жьы къыпиубыдри, къызэфIэмэхащ. ИришэлIа бжэм зрикъузылIэжауэ, гуащэр абы кIэрытт. Пэшым щIэжыну игу илъыххэтэкъым, нэрыбгейхэм я кIуэдыр си кIуэдщ, жыхуиIэу, зригъэнауэ щытт.

Удын зылъэмыIэсауэ зы нэрыбгей закъуэт утыкум итри, абы дежкIэ зыщидзым, Атэрыс и щхьэм апс Iувыр зыгуэрым къытрикъутащ. Пщым гъущIымэ къыIурыуащ зэуэ. Ар, пщтыррэ шыугъэу, щхьэфэм къыкIэщIэжа лъым и мэрт. Ундэрэщхъуарэ ещэнауэу, алыджыр

[1] ГуфIэIу – тхьэмбыл-тхьэмщIыгъу зэкIэрыщIамрэ ныбэмрэ зэпигъэщхьэхукIыу цIыхум иIэр. /Диафрагма.

хуэм дыдэу дэІэбейри, и нэкІу дахэм къежэха лъыр ирилъэщІэкІащ. КъызэплъэкІмэ, гужьеяуэ блыным кІэрыта пщащэ щхьэц кІыхьым тІууэ зэгуэщІыкІа пхъэ апсыр ІэщІэлъу, и дамитІыр дэшеярэ и нитІыр къижу, Атэрыс и щІыбагъым къыдэтт. Танэ губжьам хуэдэу гъуахъуэу, абы дежкІэ зыщидзым, къыщыпщыжа нэрыбгейхэм ящыщ зыр пщым и пщэдыкъым дэуэри, и лъэр щІиудащ. Лъэгуажьэмыщхьэу утыкум къитІысхьа, ныкъуэкъэмэх хъуа лІыр лъапэ защІэкІэ кърахуэкІащ нэрыбгеиплІым, къежэри. Етхуанэм зыкъимыщІэжауэ щылът. Сыт хуэдиз удын ирамыдзами, Атэрыс зиІыгът. Ар псэууэ къэтэджмэ, фІы зэрыщІамыхынур къагурыІуат псоми.



**Ащырхэр Цэпкъ быдапІэм йобгъэрыкІуэ.**

– Къэвмыгъэтэдж! Шордакъым ивмыгъэхьэ! БыдапІэм дэсхэм ар къащІэмэ, псори кІуэдащ! – жи гуащэм, игу щІэпхъуар къилъэтынкІэ шынэ нэхъей, и бгъэгум и ІитІри телъу.

Абы хэту, хъумакІуэм зыкъищІэжщ, ІэщІэхуа сэжьейр къипхъуатэри, хигъэлъэдащ гуащэм и ныбэм. Дэдей, ажалыр и пащхьэ къиувэу игъэщтам хуэдэу, и нитІыр къыщихуарэ кІиин хьэзыру, и жьэр зэтехауэ, къэзыукІам и нэгум иплъащ. Ауэ гуащэр даущыншэу щещэтэкІым, пщым зезыдза нэрыбгейхэм хъумакІуэр къахэлъадэри, япэу къыпэщІэхуам и щІыбагъ къыдыхьэщ, и натІэр щиубыдыкІри, хъыджэбзыпщэ кІыхьым сэжьей жаныр дилъащ. Пщыр зэІэпахыу кІуэцІызыкъухь нэрыбгейхэм занщІэу къагурыІуакъым къэхъуар. ФІагъэжа я ныбжьэгъум и пщэм къриутхыкІ лъы пщтырыр уэшхыу къащыхэшхэм, къэнэжаищым хъумакІуэм зрадзащ. Ауэ, щІалэр ІэпсынщІэу къыщІэкІри, и пщэ гурыгъыр зэраудын и пэ къихуэу, иджыри зы нэрыбгейм и дзажэ зэхуакум хигъэтІысхьащ и сэр, мыдрей тІуми я лъынтхуэшхуэхэр зэщІигъэхуащ.

Нэрыбгейхэр теплъэкъукІа щІыкІэ, алыджыпщыр, къарууэ иІэр зэхуихьэсыжарэ Іупс плъыжьыр къыжьэдэжу, шордакъымкІэ пщырт,

хьэлъакъуиплIу. ФIагъэжа нэрыбгейм и лъыр зи нэкIущхьэм трипхъа Хьэцацэ апхуэдизкIэ гужьеяти, и щхьэцыпэ нэгъунэ пыкIэзызыкIыу, и Iэпкълъэпкъыр зэридзэрт. Абы игу къэкIыжащ гуащэм жиIар: «Шордакъым ивмыгъэхьэ! БыдапIэм дэсхэм ар къащIэмэ, псори кIуэдащ!» Нэрыбгейхэр уIэгъэ хьэлъэ хъуащи, лъыр уэру ящIокI, пщыр шордакъым нэсыпащ... Зыгуэр щIэн хуейт. Хьэцацэ зыкъищIэжщ, напIэзыпIэм зидзри, нэгъуэщI зыри къыхуэмыгупсысу, и щхьэц еухуэнэхар пщым и пщэм иридзэри, къеIащ. Къарууншэ хъуа лIыр къызыщхьэпрыIэбыкIырт, зэщIэзыубыдам и тIасхъапIэ иубыду, зыкърригъэутIыпщыжын и гугъэу. Зэм-зэм Атэрыс хъыджэбзым и нитIым гъунэгъу щыхуэхъум, IэпхъуамбэшхуэхэмкIэ ахэр ирипIытIащ. Узыр мастэпэ мин бжыгъэу Iэпкълъэпкъ псом пхрыкIми, Хьэцацэ иутIыпщыртэкъым алыджыр. Хуэмышэчыжыххэ щыхъум, гущIыхьэу къэгурымащ пщащэр.

Абы ирихьэлIэу нэрыбгеитIыр къепщылIэщ, Хьэцацэ къррагъэутIыпщыжри, алыджыкъуэм и IитIыр иращIыкIащ. Къупщхьэ къутам и узыр гуащIэкъэ... Ауэ Атэрыс зы «Iыхьи» хужыIэжыртэкъым – абы и къурмакъейм хъыджэбз щхьэцыр идзат, Хьэцаци ар зэрифIэщкIэ ишэщIати, лIыр игъэбауэртэкъым. Хьэт пщащэр ерыщу къыщIэкIащ – алыджым зыудэн щигъэту, и «пырхъ» макъыр увыIэху къигъэлэлакъым «кIапсэр».

Iэщэншэрэ мафIэсым зэрыхэувар быдэу къагурыIуэжу, быдапIэм къебгъэрыкIуа нэрыбгеитхури щIым щылът. Пщым и IитIыр зыкъута хъыджэбзхэм, зым и куэр, адрейм и блэгущIэ лъабжьэр зэщIагъэхуауэ, лъыр уэру къапыжырт.

– Чэщанэм дэкIуей, Хьэцацэ! Бгъуэту хъуар зэтелъхьи, мафIэ едз! ПсынщIэу... Псын... – псалъэр хунэмыгъэсу, и жьэр Iурыхуащ лъыуэ щIэтыр зыщIэжа нэрыбгейм.

ЕтIуанэр псэлъэжыххакъым. Къаруэ хэлъыжари, зэману къыхуэнэжа напIэдэхьеигъуэри хилъхьат иужьрей уэгъуэм.

Хъыджэбзым и нэм хъарпшэру фIэкIа ялъагъужыртэкъым. НэрыбгеитIым зы мащIэ тIэкIу заIэжьэжатэмэ, Хьэцацэ и нитIыр ирищIыпэну хъунт алыджыпщым. Ар шынэрт, ешат, и нэр къиузыкIырт, щIисыкIырт. ХуэмыгъэувыIэу къыщIэж нэпсым игъаплъэртэкъым. Арами, мы гуIэгъуэ псори щIашэчыжар, апхуэдиз хьэдэ щIызэтралъхьар нэрыбгейхэм яужь дыдэу къыхуащIа унафэрати, чэщанэм дэмыкIуейуэ хъунутэкъым. Уардэунэм щIэсхэр шхагъэнущ, ауэ щыхъукIэ, я нэхъыбапIэр лIащ е мэжей... Зыри зэран къыхуэхъун хуейкъым. Пщащэм и нэгум щIэкIа псом гужьеигъуэ иригъэуващи, и гур зэгуэудыным хуэдэу къоуэ. И лъэр ерагъыу зэблихыу йожьэ, зэщыджэу, здэкIуэр имылъагъущэу, Iэбэрабэу. КъыщIыхьэпIэм деж фIэлъ пхъакъуэр[1] къещтэри, блыным кIэрыту йожьэ Хьэцацэ.

* * *

Удынэ къыхуэгъэсыртэкъым зэрызэгурыIуа мафIэр къыщыблэнур. НыбжьыщIэ защIэу къыхищыпыкIа нэрыбгейхэр апхуэдэ Iуэху шынагъуэкIэ зэрыригъэжьами хущIегъуэжырт. Щысхьырт, ауэ нэгъуэщIу хъунутэкъым. НэхъыжьыIуэ игъэкIуамэ, я жыр IэпкълъэпкъымкIэ, я зыIыгъыкIэмкIэ, плъэкIэмкIэ занщIэу къащIэнут

[1] Пхъакъуэ – уэздыгъэ папщIэу ягъаблэ пхъэласкIэ. /Лучина.

ахэр зэрынэрыбгейр. И бын хуэдэщ тхури. Хьэцацэ тхьэмыщкIэ цIыкIур-щэ?! Я къару яхуримыкъуамэ-щэ? ТIасхъэщIэх зэрахыхьар имычэзууэ къащIамэ-щэ?! Гузавэм игъэбауэртэкъым гуащэр.

– Мес! Мес! МафIэ! Плъагъурэ, Удынэ?! Афэрым, си хъыджэбзыфIхэ! ФызгъэфIэжынщ, тхьэм къысхуищIэмэ... Фынежьэ! – джащ Мэчанэ, нэрыбгейхэм зыщагъэпщкIуа мэзыжьым джэрпэджэжу и макъыр къыщыIуу.

Мэзым щызэхэзекIуэ дзэшхуэм Iэнкун ищIа псэущхьэхэмрэ къуалэбзухэмрэ щIагъэлъэту, къызэрехьэжьащ нэжьгъущIыдзэхэр. Аддэ жыжьэу къыщыблэ IэпапIэ цIыкIур я гъуазэу, абыкIэ зэрыхьырт нэрыбгейхэр. Шы лъэдий псыгъуэхэр лъэху, мафIэр нэхъ гъунэгъу къохъури, цIыхубз ябгэхэм я джатэжьхэр къралъэф, бжыкIхэр нэхъ быдэу якъуз. ЩIыхъей шынагъуэ къэхъуа хуэдэ, шы лъэ макъыр нэхъ ин къызэрогъэхъу. БыдапIэмрэ абы и Iэгъуэблагъэмрэ щызэгъэжа алыджхэр къызэщIохъае... Абыхэм къагурыIуэркъым жейбащхъуэм къыщIимыутIыпщыр, языныкъуэхэри къыщIэмыушыххэр.

Зэхэзехуэн хъуа, зыри къызыгурымыIуэж зауэлIхэм зэрыгъэкIийуэ къахэлъадэщ нэрыбгей мин тIощIри, алыджыкъуэхэр хуиту зэтраукIащ. Зауэ губгъуэм зи щхьэр изыхыфхэр шэсщ, къызэрыкIуа гъуэгум теувэжхэри, къызэмыплъэкIыу кхъухьэпIэмкIэ яунэтIащ.

## *ДэжыггъалIэ*



Хьэтейм и къуэкIыпIэ щIыналъэхэм ящыщ Цэпкъыр Фырат и сэмэгурабгъум тест. Хьэт къэралыгъуэмрэ абырэ я зэхуакум псы дэжми, хьэтыпщхэм я дамэгъу пэжу къэгъуэгурыкIуа щIыналъэм сытым щыгъуи зиIэтырт, къэралым и тетым Iуэхушхуэ кърихьэжьэху. Хьэтусилэ мы зы гъуэгуми щыгугъат Цэпкъым и пщыр, апхуэдиз пщIэ зыхуищIыр, къыкъуэувэну, ауэ МытIэ лъэныкъуэ зригъэзмэ нэхъ къищтэри, Хьэтейм иритатэкъым и дзэр. Абдежым къыщычат пщышхуэмрэ МытIэрэ я зэхуаку дэлъ дзыхьыр. И дамэгъур хигъэзыхьыну и дзэр шами, Хьэтусилэ, Iэмалыншагъэм къыхэкIыу, и щхьэр ирихьэлIэн хуей хъуат Цэпкъым и тхьэмадэм. Мыдрейри, хуей-хуэмейми, къэралыгъуитIым я зэпэщIэтыныгъэм хэпщIа хъуащ.

Цэпкъ и Iэшэлъашэм хуэзэу Фырат зы тIыгу цIыкIу щыхэIэтыкIат. Абдеж псым и чэнжыпIэти, хуиту ущызэпрыкIыфырт. Хьэтусилэрэ Алэдамэрэ зэрызэгурыIуам тету, мэуэтыпщым и нартыдзэр щIыгъуу ипщэкIэ ехщ, Фырат зэпрыкIри, ащырыдзэм ебгъэрыкIуащ. Хьэтусилэ хьэтыдзэм я пашэу ищхъэрэкIэ дэкIуейрэ Цэпкъ деж къыщызэпрыкIыу, зэхуагъэува пIалъэм ирихьэлIэу ищхъэрэкIэ ащырхэм къащытеуэн хуеят. ЗэрызэгурыIуар къайхъулIатэмэ, ащырыдзэр, уэрдыхьум ираубыдэу, зэтраукIэнут хьэтхэмрэ мэуэтхэмрэ.

МытIэ хьэтыпщым къыхуищIэжыфынур арати, дзэр игъэхьэщIэщ, гъуэгум зэхиукIа хуарэхэр яхузэрихъуэкIри, иригъэжьэжат. Моуэ зыдоукъуэдий щыжаIэм, щIэплъыпIэмкIэ дзэшхуэ къызэрыхьу къыщIэкIри, хьэтхэр зэщIэувыIыкIащ. Хьэтусилэ занщIэу къыгурыIуакъым, уи нэр здынэплъысыр къигъэуфIыцIу, ипщэкIэ къикIыр зищIысыр. Хьэт гъуазэхэм къэхъуар къащыгурыIуэм, къикIуэти-къэгъази ямыIэу пежьэри, хэлъэдащ ащырыдзэм. КIыфI къатехъуэху зэрыукIарэ хьэтхэм хэщIыныгъэшхуэ яхьу икIуэтыжри, Цэпкъ быдапIэм дэтIысхьэжахэщ. МытIэ зэрымыщIэкIэ зауэм

хэпщIати, хьэтхэм къакъуэувэн хуей хъуащ. Абы къыхэкIыуи, и быдапIэр биидзэм ищтэнкIэ шынагъуэт.

Апхуэдэ щIэщхъу къызыщыщIа хьэтыпщыр гуIэжырт. Хьэтусилэ и дзэр зэрызэхакъутам и закъуэтэкъым къефыкIыр. АтIэ, хьэтыдзэм щыгугъыу, ащырхэм ипщэкIэ къащытеуа мэуэтхэр Iисраф ящIащ жиIэурэ, и щхьэр фIиудыжырт. Нартхэр дэIэпыкъуэгъуншэу утыку къринащ... Хэт ищIэрэ абыхэм я натIэ хъуар?!

ТхьэмахуэкIэ зыгъэпщкIупIэм исащ хьэтыдзэр – уIэгъэ хъуахэр къызэфIагъэувэжу, я къару къызэрагъэпэщыжу, зыкърагъэщIэжу. Абыхэм къагурыIуакIэт кIуапIи-жапIи зэрамыIэжыр.

Бжьэхуц пытхъахуэ-пытхъахуэу уэм къех уэс щабэр шхыIэн Iуву тегъуалъхьэрт Цэпкъ быдапIэм. Уафэм хьэтхэр фIэгуэныхь хъуауэ, фхуэсщIэжыфынур мыращи, иужь дыдэу дахагъэмрэ къабзагъэмрэ гу щыфхуэж жыхуиIэу, ихъуреягъкIэ чэсейфэхур кърigъэтIылъэкIат. КъуакIэбгыкIэр зэрыщыту, нэр тепщIыпщIэу, дыжьыныхущ. Псы макъыр къос быдапIэм, уимыгъэжейуэ. Цэпкъ и губгъуэжьхэр илъэсыным хуэдэу къиуауэ къыпщохъури, уегъэшынэ. Фырат и пIалъэр зымыщIэр, тегушхуэу, псым къыхыхьэнукъыми, быдапIэм и зы джабэр шынагъуэншэщ, я щIыбагъми, гу лъамытэу, бий къыдэувэн хуейкъым.

«С-с-с» жиIэу, Iущащэ щабэ щIэту къещэтэх уэс дахэм теплъызэрт Тутхьэлий и нэр. Зэми хьэлъэу хэщэIукI лIыжьым зыкърigъэщIэжырти, гужьеяуэ щхьэщылъадэрт.



Жьэгум дэлъ мафIэм хъуаскIэ хэлъэтурэ къигъащтэрт зи псэ еджэу телъ хьэтыпщыр. Абы и бэуэкIэм уи гур дэузырт, апхуэдизкIэ хьэлъэу, кууэ хэщэтыкIырти. ТемэхыкIым, зыкъищIэжурэ гугъу йохь. МылIэ-мыпсэууэ, хьэдрыхэрэ дунеягъэмрэ я зэхуаку дэна хьэдэджадэм хуэдэу, нэщIащэ фIыцIэщ, Iупэ щхъуантIэщ Хьэтусилэ.

– Мы зы гъуэгум щыхупIэм дещэтэхыну къысщохъу, Тутхьэлий. Арагъэнщ сэ лIэгъуей сыщIэхъуар – си лъэпкъыр зэрыбзэхыжыр си нэгу щIэкIын щхьэкIэ, – гугъу ехьыпэу къыдришеящ пщым. – Абы нэхъ шынагъуэ сыт щыIэ пщым дежкIэ?! Нэхъ Iей дыдэу цIыхум къигупсыса укIыкIэм нэхърэ нэхъ гуащIэжщ мыр... Апхуэдиз гъащIэ хэслъхьауэ, псори выл-балыджэу[1] къыщIидзыжыну? Хэкум къинахэрщэ?! Дауэ хъуну цIыхубэр?

Пщыжьым и пкъым зэпрыхулыкIауэ телъ уIэгъэхэр щапхыкIами, хущхъуэ ирахьэлIами, лъыр хъыдан гъуабжэм къыкIуэцIривыкI зэпытт. Хьэтусилэ и лъыр пцIэтэкъыми, адэкIи къахуэмыгъэувыIэу щIэкIмэ, куэд зэримыхьыжынур наIуэт. ЛIыжьыр къарууншэ дыдэ хъуат, хъыршырузри[2] къыпкърыхьати, и Iуэхур щIагъуэтэкъым. Тутхьэлий езым сэкъату телъымрэ узу пкърытымрэ щыгъупщэжауэ, и псэм еджэу телъ и адэм щхьэщыст, пщыжьым и узыр тIуащIэ зыщI Iуэхугъуэм зэрытригъэгупсысыкIынур къыхуэмыщIэу, зэрытригъэун псалъи къыхуэмыгъуэту.

– Ащырыдзэм и гъуазэр псэлъэну къежьатэмэ, сыхуэзэнти, дызэгурыIуэфмэ, зыгуэрым дыкъытеувыIэнт. Зрелъэфыхь. Тхьэм ещIэ зэжьэр, – жиIащ пащтыхьыкъуэм, лIыжьым и натIэм къытрикIутэ пщIэнтIэпс щIыIэр хъыдан псыфкIэ ирилъэщIэкIыурэ.

– Зэжьэр гурыIуэгъуэщ, щIалэ... Дзэм и ныкъуэр псым къикIауэ къыдэкIуей хъунщ, быдапIэм и лъэныкъуитIымкIи

[1] Выл-балыджэу – зыри къимыкIыу, мыхьэнэншэу.

[2] Хъыршыруз – мыбдеж: тхьэмбыл уз.

къыщцыдэбгъэрыкIуэу дызэтраукIэну. ИтIанэ Ашэрэд хуиту кIуэцIрыкIынщ къалащхьэми, си адэжьхэр зытеса тахътэр иубыдынщ, – щIэщэIухьурэ псалъэрт Хьэтусилэ.

– Сыт тщIэнур, ди адэ? Сыт сщIэн хуейр? – гужьеигъуэ иуват пащтыхьыкъуэри, зыкIи мыукIытэу чэнджэщ лъыхъуэрт.

– Тхьэунэм сыщыщыIэм, си вакъуэ адэм сызэригъэIуща псалъэхэр си тхьэкIумэм итщ иджыри къэс. НыбжесIэнущи, къызэдаIуэ... Мы дунейм теткъым ажалым нэхъ ныбжьэгъу пэж, Тутхьэлий! Ажалыр сытым дежи тщIыгъущ. УкъызэплъэкIмэ, уи ужь итщ, зиущэхуауэ. Улъэпэрэпами, ураудами, уи гущIыIум бийр къиувами, зэи умышынэ! Сыту жыпIэмэ, ажалыр уи щIыбагъ дэтыху мэIущащэ: «Сэ сыплъэIэсакъым иджыри! Ауэ щыхъукIэ, уи чэзур къэсакъыми, тэдж! Тэджи, зауэ. Уи щхьэр иумыхьэх, уи гур умыухыж, лIыгъэ зыхэгъэлъ. Псоми Iэмал гуэр иIэщ, сыт хуэдэ Iуэхуми хэкIыпIэ иIэщ, сэ пыIэгъуэ сисыху!» Ар сигу илъу сыкъэсащ нобэм, аращ сызыгъэгушхуар. Иджы къыслъэIэсащ ажалыр, къысщIехьэ и мэ гуащIэ щIыIэр, сыщIоплъэ и нэ фIыцIэ щIэншэм, схуэзанщIэу къэуващи. Ауэ уэ, Тутхьэлий, гугъэр хыумыхыж. Зэи уи гугъэр хыумыхыж, ажалыр уи пащхьэ къиувэху! ЛIыгъэ зыхэгъэлъ! – Хьэтусилэ хьэлъэу бауэрт, хэпырхъыкIыу.

Пащтыхьышхуэм и иужьрей псалъэхэм пэрымыуэу, хуиту игъэпсалъэрт и къуэми. Хьэтусилэ и Iэпкълъэпкъыр апхуэдизкIэ къезауэрти, и IэпхъуамбэжьыкIэ нэгъунэ хуэгъэхьейртэкъым.

– Iущхьэ шэпс ефэ, зиусхьэн. IэфIу ужеинщ, зыбгъэпсэхунщ, узри пщхьэщихынщ, – фэлъыркъэб цIыкIу IэщIэту пщым къыщхьэщыувэри, щэху дыдэу жиIащ Арнэут.

ЛIыжьым нэкIэ жэуап итащ, и щхьэр хуэмыгъэхьейуэ. Хущхъуэм зы Iубыгъуэ хигъэщIри, жей куум хилъэфащ хьэтыпщыр.

– Сыт тщIэнур, ди адэ, – и къыщIыхьи, и щIэупщIи зы ищIу, и адэм къыщхьэщыуващ Лулимэс.

Тутхьэлий и къуэ нэхъыщIэр къипкI-къилъу, IэубыдыпIэншэу, щхьэзыфIэфIу, иныкъуэхэм дежи жыIэмыдаIуэу къэхъуати, пщым хэлъын хуей хьэл-щэн дахэхэм зыри химыщIыкIыу къыпщыхъурт. Абы и нэ фIыцIэ хъуреитIым къригъэжыхьрэ, къикIукI-никIукIыу унэкум къиувамэ, езыр зэрыхуейм хуэдэу зыгуэр къехъулIатэкъыми, ирибампIэу арат. И пэ папцIэр Iэ ижьымкIэ пилъэщIыкIыурэ, и нэр ихузу хэгупсысыхьамэ, зыгуэр и щхьэм къищхьэрыуауэ, ар зэхуигъэхъуу арат. Сыт зэхуимыгъэхъуами, ар имыгъэзэщIауэ, псэху иIэтэкъым. Лулимэс, щхьэ хъурей пщэ кIэщIыр, псэлъэрейтэкъым, ауэ, имыхабзэу, и бзэр къитIэщIри, и адэм зыхуигъэзащ:

– МытIэ и дзэр зэрыщыту къыдитми, хьэтхэри лъэ быдэкIэ дыувыжми, мобдеж къэтIысауэ щыс биидзэм зэи дытекIуэнукъым. Пэжщ, дыдэсыфынущ быдапIэм, шхыныр духыу, мэжэщIалIэм дызэтриукIэху, ауэ сыт дэ ди фейдэуэ абы хэлъыр? ДыкIуэрэ, Ащырым и лIыкIуэм депсалъэмэ, мынэхъыфIу пIэрэт?

– Сыт жепIэнур, Лулимэс? Ар псэлъэну къэкIуа уи гугъэрэ, къэралыгъуэм зауэлIу исыр кърищажьэу? ПсалъэкIэ и зэманыр игъэкIуэдынукъым абы, хьэтхэми зыкIи къытхуейкъым. Ар зыхуейр Хьэтейрщ, хьэтхэр имысу. КъыбгурыIуэрэ? Ашэрэд дамэгъу лъыхъуэркъым, – жэуап щыпкъэ иритащ абы Арнэут, я адэр зэрыхэгупсысыхьам гу лъитэри.

– АтIэ, лъэпкъыр зэтриукIэрэ лъэужьыншэу щIыгум дытрилъэсыкIмэ, нэхъ къапщтэу ара? НэхъапэIуэм Ашэрэд ди пщым

къелъэIуауэ щытащ, благъэ дызэхуэгъэхъу, дызэкъуэгъэувэ, жиIэри. Абы щыгъуэ тхьэмадэр арэзы хъуатэмэ, мы бэлыхь къомым дыхэттэкъым нобэ, – и IитIыр иIэтри, зиплъыхьащ Лулимэс, мы къытщыщIар плъагъуркъэ жыхуиIэу.

– Уэри сэри дыхэт, хьэтыпщым и унафэм шэч къытетхьэну?! Ар щхьэ жыпIэххэрэ? Илъэс мин бжыгъэ хъуауэ къэгъуэгурыкIуэ Хьэт къэралыгъуэр, кIуэуэ, дауэ зыгуэрым и дамэ зэрыщIэувэнур, Лулимэс? Ашэрэд, дызэгуэгъэувэ, жиIэу, лъэIуакъым зэи. «Си дамэм къыщIэувэ, къызгухьэ», – жиIэурэщ зэрыпсэлъар. Хьэтейм и пщышхуэм апхуэдэу уещауэ, хэт зи щхьэ пхуэзыгъэщхъынур? – идэртэкъым зэкъуэшитIым я нэхъыжьым.

– Мис-тIэ, къещамэ! Еплъ къыдащIам. Ащырым ихьэхуащ Бабылейри, Мэтэнейри, мыгувэу ищтауэ плъагъунщ Хьэтейри. Дыгъужьхэмрэ хьэIуцыдзхэмрэ дыкъаухъуреихьащ, ауэ фэ, набгъэм хуэдэу, флъагъуркъым зыри. Пагагъэм зевгъэхьурэ, докIуэд. Сыт къэхъунт Ащырейм дыгуэувамэ?! «Хьэтейм хуейщ, хьэтхэр имысу», – жыбоIэ... Алыдж лъы фIейхэр хуэмей уи гугъэрэ Хьэтейм? Ашэрэд, «си пхъур нысэу узотри, благъэ дызэхуэгъэхъу», – щыжиIам щыгъуэ, тхьэмадэми, ди адэми, уэри вдакъым! ТIури ещ, къызгуроIуэ. Ауэ, а тIум дахэдэу, ди Iуэхур нэхъ къыщыздикIынымкIэ зыддзамэ, мы гузэвэгъуэм лъакъуащхьэкIэ дыхэттэкъым нобэ, – къытехьауэ, и куафэм теуэри, хэщэтыкIащ Лулимэс.



– Щывгъэт! – щэхуу, хэкъузауэ жиIащ Тутхьэлий, и щIалитIым къахэплъэри. – Сыт блэкIам утепсэлъыхьыжкIэ?! Хъуатэмэ, жытIатэмэ, тщIатэмэ... БлэкIар блэкIащ. Фымыгужьей. Пэжщ Арнэут жиIар, Ашэрэд псэлъэну, дызэгурыIуэну хуеямэ, тхьэмахуэ хъуауэ дыдэсщ быдапIэми, зыгуэр къигъэкIуэнт. Дэ зыкIи къытхуеижккъым ар. Зыттми, зыдмытми, дызэхикъутэнущ. БлэкIащ Ашэрэд благъэу къыщытхуея лъэхъэнэри. Ар зыхуейр ди щIыналъэр аращ, адрейхэр псори щхьэусыгъуэу арат. Дауэ имыщIами, гъунэгъу къызэрытхуэхъуу, ди пщэм зыкъыщIидзэжыну игу илът абы. Дауэ имыщIами, къытхуэхъуащ гъунэгъу. Иджы къэнэжар, дызэтриукIэу, хуиту къэралыгъуэр иубыдынырщ.

– Арамэ, даукIынущи, даукIынущ. АтIэ, лIы хуэдэу, Iэщэ тIэщIэлъу зауэ губгъуэм дыщыукIуриймэ нэхъыфIкъэ, мыбдеж шхын щхьэкIэ дыдэлIыхь нэхърэ. Дызэжьэр къызгурыIуэркъым. Дыщывмыгъэс! Зыгуэр дывгъащIэ, – къытричырт Лулимэс.

– Ари пэжщ, щIалэ. Ари пэжщ. Ауэ... – гугъэ хэлъу къыдоплъей пщыкъуэр. – Мэуэтхэм сащогугъ иджыри. Алэдамэ и псэр пыту утыку дыкърине нукъым. Псым зэпрыкIамэ, мыбы къэс, нэхъыбэ дыдэу, зы тхьэмахуэ гъуэгущ дэлъыр, дяпэкIэ къэсын хуейщ. Аращ сызэжьэр.

– Уи пIэ ситамэ, мэуэтхэм сащыгугъыу зэманыр згъэкIуэнтэкъым, ди адэ. Ди цIыхухэм уз зэрыцIалэ къахыхьэмэ, ащырыдзэм и къалэныр игъэзэщIэнущ абы, – и щхьэр егъэкIэрахъуэ нэхъыщIэм.

– Пщэдей пщыхьэщхьэ хъуху дожьэри, мэуэтхэр къэмысмэ, етIуанэ махуэм лIыкIуэ згъэкIуэнщ Нынурт деж. ДыгурыIуэфмэ, дыгурыIуэнщ. ДыгурымыIуэрэ, хэкум хуэтщIэжыфынур аращи, – Хьэтейм дыдэкIуэдыжынщ, – жи пщыкъуэм.

АбыкIэ зэгурыIуэри, пщы унагъуэр и пIэ изэгъэжащ.

*БыдапIэм цIыхуу дэтыр пщIантIэм щызэхэтт, уафэм дэплъейуэ. Тутхьэлий къыгурыIуэртэкъым ахэр зэхуэзышэсари, щIызэхыхьари, зэжьэри, ауэ псэр, зы шынагъуэ гуэр зыхищIэу, пIейтейрт. Пщыкъуэм*

*и Iэщэ-фащэр имыгъуэтыжу, тэджэлей[1] закъуэкIэ къытехьащ шордакъым. Арыххэу, лъы уэшх пихуу щIидзэри, щIыуэпсым и къэхъугъэ телъыджэр зыхуихьынур къыгурымыIуэу, уэгум щыдэплъейм, Тутхъэлий игъэгужьейрэ щIигъэлъэту къызэрехьэжьащ къуалэбзууэ дунейм тетыр. Ахэр зэрыукIрэ зэрышхыу уэгум щызэрызехьэрт, лъы къапыжыр уэшхыу къежэхыу. ПщIантIэм дэтхэр я пIэм ижыхьа хуэдэ зэхэтщ, замыгъэхъейуэ. Псори къуалэбзу зэрыукIым йоплъ, абы къапыж лъыр я нэгум къытелъадэу. «ФызэбгрыкI! ФыкъыщIыхьэ унэм! ЗывгъэпщкIу!», – мэкIий Тутхъэлий, ауэ зыми зэхихыркъым пщыкъуэр. Къуалэбзу зэрызехьэм я макъыр кIуэ пэтми нэхъ ин мэхъу. Дунеижьыр къэуэным хуэдэу, хьэуар мэдджызджри, Тутхъэлий и тхьэкIумэхэр еубыд, хуэмышэчыжу. Арыххэуи, уэгум бзууэ итыр лIауэ къощэщэх...*

Тутхьэлий къаскIэри, къызэщыуащ. Пэшыр щIыIэтыIэми, пщыкъуэр къэбэкхъауэ, псыр къыпыжырт. Къарууэ хэлъыр пщIыхьэпIэ шынагъуэм хилъэсыкIам хуэдэу, ар зэщIэкIэзызэрт, бауэкIэщIт. Гужьеяуэ зиплъыхьмэ, щIалэхэр бэIутIэIуншэу мэжей, Хьэтусилэ хощэIукI.

– Сыт ухуей, ди адэ? – Iэбэрабэу, хэвыхьу щылъ хьэтыпщым щхьэщыхьащ Тутхьэлий.

– СынокIуэ... СынокIуэ зэ, мыдэ си лъэгуажьэлейр[2] згъуэтыжыркъыми аращ. Уемыжьэж зэ... Къызэжьэ... – Iуэщхъурт лIыжьыр.

Тутхьэлий абы и натIэм теIэбэмэ, плъыржьэрым зэрихьэрт.

– Арнэут, Лулимэс! Фыкъэушыт! – гужьеяуэ, щIалэхэм еджащ пщыкъуэр.

– Сыт къэхъуар? КъызэIыхьауэ ара? – арыххэуи къыщылъэтащ тIури.

– МафIэм ес. Шордакъым илъади, уэс къэхь. Плъыржьэрыр щхьэщыдмыхыу хъунукъым, – Хьэтусилэ тепхъуа шхыIэн бацэр трилъэфмэ, уIэгъэм къыщиудауэ, пщым лъы щIэкIырт.

Лулимэс шабзэшэм хуэдэу илъэдащ шордакъым. Нэхъ псынщIэжуи зридзыхащ, зыгуэрым зыщигъэпщкIу нэхъей.

– Къэхъей, щIалэ! Узэжьэжыр сыт? – и макъым зригъэIэтащ Арнэут, зиплъыхьу шордакъым итIысхьэжа и къуэшым зыхуигъазэри.

Лулимэс, зыкъимыIэту, гу къылъатэнкIэ шынэ хуэдэ, епIэщIэкIыу зыкърригъэбзэхыкIыжащ шордакъым, уэс IэмыщIэ уба IэщIэлъу.

– ДыкIуэдащ, ди адэ! СщIат сэ ди бысымым игу фIы зэримылъыр! ДыкIуэдащ, – и нитIыр къыщихуауэ, зыри имылъагъужым ещхьу и щхьэр зэрихьэу, адэшхуэм и натIэм уэсыр трилъхьэри, етIысэхащ Лулимэс.

– Сыт къыпщыщIар? Сыт плъэгъуар? – къэуIэбжьащ къуэш нэхъыжьыр.

– КъыдэпцIыжащ МытIэ. Заудыгъуауэ, шу гуп быдапIэм докI. Жэщыбгым ауэ сытми ежьакъым ахэр. ФIы ягу илъкъым. Флъагъунщ ар ащырыпщым гурыIуэу, димытмэ. ДыгурывгъаIуэ жысIатэкъэ... Иджы мес... Иджы мес! Дыгуващ, – и макъым зригъэIэтащ Лулимэс.

Арнэут, шордакъ бжэблыпкъым иувэри, и нэм кърригъэжыхьащ. Пэжт Лулимэс жиIэр. МытIэ шууей гуп щIыгъуу быдапIэм дэкIауэ, мыпIащIэу кIуатэрт. Аддэ жыжьэу мафIэ къыщоблэ – ащырхэм я гъуазэр къежьэу арагъэнущ. Хэт ищIэрэ ахэр зэрызэгурыIуэнур...

[1] Тэджэлей – пасэрей зауэлIхэм афэ джанэм и лъабжьэм щIалъхьэу щыта щыгъын.

[2] Лъэгуажьэлей – щыгъынигъуэм щыщ Iыхьэ, гъуапэ щIыкIэу дауэ, шууэ къыщакIухькIэ мыпIыщIэн щхьэкIэ лъэгуажьэхэм (гъуэншэджым и щIыIукIэ) фIалъхьэу.

Тутхьэлий и щхьэр къыфIэхуащ. И адэр малIэ, бысымыр къепцIыжащ, хьэтыдзэм куэд кIэрыхуащи, бийм зыуи къыщымыхъуу, къызэтриукIэнущ. ЗэфIэкIащ.

– МывэтIалэ! УмыпIащIэ... СынокIуэ... – и къуэш лIам епсалъэрт Хьэтусили.

* * *

БыдапIэр зэгъэжа нэужь Нынурт МытIэ деж хъыбарегъащIэ къиутIыпщри, Цэпкъ и пщыр дишауэ арат. Ащыр пщыкъуэм зэрыжиIэмкIэ, Цэпкъыр бэIутIэIуншэу хэкIыфынут Iуэхум.

– Псори нэрылъагъущ икIи гурыIуэгъуэщ, МытIэ: хьэтхэр зэрыхъун хъуащ. БыдапIэм щыбгъэпщкIуа зауэлI Iэбжьыбым папщIэ ащырыпщыр бий умыщI, щIыналъэри зэтыдумыгъэкъутэ. Уи Iуэху зыхэмылъым зыхыумыгъэлъафэ, – дыуэсафэ[1] къэкIуа нэхъей, лъэныкъуитIым я дэлэлу щытт Сауштэр.

ЩIыIэм емыса лIы гуп щIыгъут Мэтэнейм и тхьэмадэм, мыщафэ бацэхэр къешэкIарэ, пыIэ хуабэхэр я пэбгым нэс къекъухауэ. Шыхэр я пIэ имызагъэурэ уэсыр зэхаубэми, Iуврэ щабэ-щабэу къосри, лъэужьыр арыххэу хегъэгъуэщэж. ЩыщIыIэм деж хьэуар нэхъ хьэлъэщи, макъхэр жыжьэ щоIу. Ауэ щыхъукIэ, лIы гупыр щэхуу мэпсалъэ. Абы къыхэкIыуи, зэхуэзахэр уэршэракIуэ къызэрехьэжьа зэныбжьэгъужьу къыпфIощI.

– Зи хьэщIэ зыукIыж нэхъ напэтех щыIэ хъункъым. МыхъумыщIэу щыIэм я нэхъ икIагъэ дыдэр сывгъэлэжьыну къыспывоубыд! – идэркъым МытIэ.

– Хьэтейм и Iуэхур зэфIэкIащ, МытIэ. Уэри уощIэ ар. Дэ гуэныхь ттелъыжкъым. Хьэтусилэ къэдгъэдэIуэну яужь дитащ, ауэ зыри къикIакъым. Лажьэ уимыIэу, зэрымыщIэкIэ ухэпщIа хъуащ Iуэхуми, хэщIыныгъэншэу ухэкIыфынущ. Абы и мызакъуэу, уи щIыналъэм уритетыжу, Ащырейм укъыгухьэну хуит удощI. Хэдэ: е Хьэтусилэ дэщэщэж, е Ашэрэд дэщIэращIэ, – Сауштэр, тэрмэш къалэнхэр игъэзащIэу, Нынурт и псалъэхэр МытIэ къыхузэридзэкIащ. Езым къыбгъэдэкIыуи дыщIигъужащ: – Уэ щIы пшэр утесщ, уи губгъуэхэр къулейщ, уи мэзыр Iувщ, псыращи – ущыщIэркъым, уэгъу жыхуаIэр пцIыхуркъым. Дахэ дыдэу ущысщ. Ашэрэди къыгуроIуэ Цэпкъ къызэрыхуэсэбэпыжынур. Аращ уи гущIыIум къыщIимылъадэр, иджыри къэс уи быдапIэр щIызэхимыгъэщащэр. Хэплъэгъуэщ уи Iуэхур, МытIэ. Си щхьэкIэ укъызгуроIуэ. Ауэ делэрэ-лейуэ зумыгъэкIуэдыж. Мыхэр зыхуейр зы закъуэщ – Тутхьэлийрэ и щIалитIымрэ къыдэт. Хьэтусилэ зэрыхъун хъуащ, ар гурыIуэгъуэщ, уIэгъэ зэращIам тепщIыхьмэ. ЗауэлIхэм унафэщI яхэмытыжмэ, зыкъатынущ.

МытIэ къыгурымыIуэу щыттэкъым а псор. Цэпкъ и тхьэмадэри хуейтэкъым, къэралыгъуитIым я зэпылъыпIэм зэрыдэс къудейм къыхэкIыу, я зэхуакум дэкIуэдэну. Арами, зи щхьэ къезыхьэлIа пщы унагъуэмрэ хьэтыдзэм къыхэнэжамрэ мафIэм пэридзэну и напэм къыхуегъэкIуртэкъым.

– Пщэдджыжь хъуху гупсысэ. Пхуэзгъэувa пIалъэм ирихьэлIэу, мо куэбжэхэр зэIупхрэ пщыкъуэмрэ абы и къуитIымрэ

[1] Дыуэсафэ – нысэ лъыхъухэмрэ зылъыхъу хъыджэбзыр зейхэмрэ зэращIылIэ зэгурыIуэныгъэ. /Сватовство.

къыдумыгъэувыкIмэ, уи фIэщ щIы, сыпщымысхьыну! Уэ сынохъуцацэу мыбдеж щIымахуэр щесхьэкIыну гукъыдэж лъэпкъ сиIэкъыми, дахэкIэ дызэIэпыкIрэ – дэгъуэщ, дызэгурымыIуэрэ – сыкъызыкIэлъыкIуар къысIэрымыхьауэ сыувыIэнукъым. Уи лъэпкъыр хьэдэлъэмыжу изгъэтIылъыкIрэ пщы унагъуэм деж сынэса пщIондэ, сынэсынущ, – убзэныр иужэгъури, къытехьащ Нынурт.

– Уи пщыр дэнэ щыIэ? Апхуэдизу укъызыкъуэгушхукI уипщ ябгэр щхьэ сымылъагъурэ? – зеплъыхь МытIэ, Нынурт щIэнакIэу.

Ащырыпщыр дзэм зэрыхэмытам гурыщхъуэ езыгъэщIар МытIэ и закъуэтэкъым. Псоми гу лъатат ащырыдзэм дзэпщу яхэту жыхуаIа Ашэрэд ябгэр къызэрытым.

– КъэпщIэнщ ари мыгувэу. Сэ иджыри зыгуэрурэ укъызгурыIуэфынущ. Ауэ, Къаркъэмыш деж псым щызэпрыкIыу, уи къуухьэпIэ дыхьэпIэмкIэ къыщыптеуэну къекIуэкI уэрыр къэсмэ, зыри къоубзэжынукъым, – Цэпкъ и тхьэмадэр хигъэзыхьми, Нынурт и адэм къыщыщIамрэ зыщIиIэжьэмрэ къыгурыIуэртэкъым.

– Сыт мы сызыхэвдза мафIэр зищIысыр, Саущтэр? Зауэм сыхыхьэну сыхуеятэмэ, лъэныкъуэ зезгъэзрэт?! Уи щIыналъэри, узыгухьа пщыри...

– Укъытемыхьэт, МытIэ. И чэзукъым, – хъуэнэну къыдэзышей тхьэмадэр къызэпиудащ Саущтэр. – БыдапIэм гъэзэжи, гупсысэ. Пщэдджыжь уи куэбжэр зэIухи, Хьэтусилэрэ пщыкъуэмрэ къыдэт, щIалитIыр ящIыгъуу. Къыдумытрэ – уи жагъуэ умыщIыж. Уи щхьэ уемыгупсысыжми, уи жылэм егупсыс. Нынурт жиIар зэхэпхащ – ини цIыкIуи щысхьынукъым.

Зы псалъэ япимыдзыжу, МытIэ лъэныкъуэкIэ еубжьытхэкIщ, и шыр къриIуэнтIэкIри, быдапIэмкIэ иунэтIыжащ, епIэщIэкIыу. Зэрыдыхьэжу, ар шым къелъэщ, и щхьэрыхъуэныр зыщхьэричри, лъэныкъуэкIэ хыфIихуащ. МытIэ, къытехьауэ, зыхуэшыIэжыртэкъым. Абы и гум зишхыхьыжырт, зэгуэудырт. Зэрыува щытыкIэм къызэрикIыну щIыкIэр къыхуэмыщIэу, къикIукI-никIукIыу дэтт быдапIэм, къыIэрыхьэм еIунщIу, ещхьэфауэу, елъэпауэу. МытIэ и губжьыр зытрикъутэнрэ, кърапэса икIагъэр зэрызыщхьэщигъэунрэ игъуэтыртэкъым. Абы и щхьэц дыжьыныфэр кърифыщIыкIыжыным хуэдэу, и Iэпхъуамбэхэр хигъэлъадэурэ къеIэрт, зи щхьэм лъы дэуеям хуэдэу къызэщIэцIыплъауэ, мафIэм исырт. Имычэзууэ зи щхьэцыр тхъуа лIы лъагэр дзыгъуэ гъуанэм ипщхьэнут, зрагъэува шэджэлъаджэм[1] хэкIыпIэ гуэр къыхуигъуэтыфыну ищIатэмэ. МытIэ и Iуэхур хэплъэгъуэт. Нэху зэрыщу, дыхьэпIэбжэр Iуихыу, биидзэр къыдигъэхьэну зэми тегушхуэрт... Зэми хущIегъуэжырт.

Нэху щыху и напIэ зэтрилъхьакъым Цэпкъым и тхьэмадэм. Гупсысэу жьэгум пэрысащ. Куэд зэхуигъэхъуащ абы, куэдым и гур жащ. Ауэ, дауэ имыщIами, хьэтыпщымрэ и унагъуэмрэ зэримытын зы хэкIыпIи къыхуэгупсысакъым. Арами, и гум ирилъхьащ, напэмрэ щIыхьымрэ япэ иригъэщу, и хьэщIэхэм къащхьэщыжыну.

Тутхьэлийрэ абы и щIалитIымрэ жеижыфакъым. Ащырыдзэр къызэрыблагъэр я нэгу щIэкIыу, нэхущым бийр къэсри, быдапIэр къиухъуреихьащ. Iуэхур ябзри ядыжати, пщы унагъуэм къыхуэнэжыр зыт – жагъуэгъугъэгуфIэ замыщIу, иужьрей зэхэуэм лIы хахуэу

[1] Шэджэлъаджэ – мыбдеж: Iэмалыншагъэ Iуэху, зэрыхуейм хуэдэу ищIыну Iэмал зыхуимыгъуэт.

зыкъыщагъэлъэгъуэну. Пщыкъуэмрэ абы и щIалитIымрэ Iэщэ-фащэр зыпщIэхалъхьэри, я бгыр щIакъузэжащ, иужьрей зэхэуэм хуэхьэзыру.

– Тутхьэлий, псынщIэу! Къэсащ! Къэсащ ащырыдзэр! – бжэр Iуиудри, и нэщхъыр зэхэлъэрэ жэщ псом зэрымыжеяр и нэгум къищу, нэплъ хъужауэ, къыщIэуващ МытIэ.

– СощIэ... – зигъэкIэщIащ Тутхьэлий. – Тлъэгъуащ.

– Умыгузавэ, Тутхьэлий. Зэзгъэпсэлъакъым Нынурт. Фестынукъым. Си хьэщIэ схуэмыхъумауэ, дауэ си лIахэм я пащхьэ сихьэжын?! – МытIэ къыгурыIуат ащыр дзэзешэхэмрэ пщыкъуэмрэ зэраIущIам и хьэщIэхэри зэрыщыгъуазэр.



**Хьэтхэмрэ ащырхэмрэ зозауэ.**



Тутхьэлий зыри жимыIэу, и джатэр сампIэм иригъэлъэдащ, макъышхуэ иригъэщIу. Абы и нэм гъащIэ щIэтыжтэкъым, шыни щIэплъагъуэртэкъым. Ари, щIалитIри хуэхьэзырт нэхъ шынагъуэ дыдэм. Нэхъ Iей дыдэу цIыхуми, тхьэхэми, ажалми, бзаджэнаджэхэми къахуэгъэщIауэ мы дунейм тетым ящыщ ягъэунэхуати, зыкIи къыпхуэмыгъэуIэбжьыжыну гукъыдэжыншэт щыри. Зыри къафIэмыIуэхуж хуэдэт.

– Си дзэр хьэзырыххэщ. Дызэуэнущ дэри, – и хьэщIэхэм зыри хамыщIыкIыу, бийм зэрыхуэзэхха къудеймкIэ емыкIу къызэрихьар къыгурыIуэжат МытIи, ар зэригъэзэкIуэжыну щIыкIэр къыхуэщIэртэкъым.

Тутхьэлий и щхьэр ищIа мыхъумэ, зы псалъи къыфIигъэкIакъым. Абы и гур апхуэдизкIэ иудат, зыми жиIэр апхуэдизкIэ и фIэщ хъужыртэкъыми, МытIэ и хьэщIэхэр зауэм ишэ нэхъей, быдапIэм къыдишу, бийм Iэригъэхьэну къыщыхъурт.

6 Заказ №2723

– ФIыкIэ дызэхуигъэзэж, ди адэ! Напэ къабзэкIэ дызэIущIэжыну тхьэм жиIэ! – пщэдджыжьыпэм зи псэр хэкIа пщышхуэм щхьэщэ хуащIри, пщыгъуэр къызылъыса Тутхьэлийрэ пщыкъуэхэмрэ зэрыщIэхащ пэшым.

Хьэтейм IэщIэкIат и пщы уардэр. Iумпэм ящIарэ, адэ щытхъу зымыцIыхуа, анэ бгъафэм гу щызымыхуа... Унагъуэм илъ хуабагъэмрэ гуапагъэмрэ зыхэзымыщIа, абы щхьэкIэ гужьгъэжь имыIэу къэтэджа лIы бланэр, зэгуэр къэралыгъуэм и зэхэзэрыхьыгъуэмрэ гузэвэгъуэмрэ къыхэзышауэ щытар. Хэкум мамырыгъэ илъын папщIэ зи къаруи, гуащIи, быни, гъащIи щымысхьа пщы хахуэр. Игъэзэщlат абы адэ къалэнри, пщы къалэнри, къуэш къалэнри. Лъэхъэнэ кIэщIкIэ фIэкIа мамырыгъэр хуэмыIыгъами, и цIыхухэм яригъэлъэгъуат псэукIэ дахэ, тыншыгъуэ, щIэрэщIэгъуэ, зыIэтыгъуэ зэрыщыIэр. Дунейм и хабзэу къыдекIуэкI кIуэдыжыгъуэр къызэрыкIэщIэзырыхьари и ягъэтэкъым Хьэтусилэ. А хьэмтетыгъуэри кIуэдыжыгъуэри натIэм къизытха тхьэхэрат Хьэтейм и гъунэгъу щIыналъэхэр зыIэтари, бий къыхуэзыщIыжари. Ауэ щыхъукIэ, тхьэхэм я псэупIэм щызэхаубла джэгум и Iэужьщ мы псори. Апхуэдэу къыщIэкIынщ натIэм гъащIэр къызэрыратхэр, узыфIэмыкIыну, зыкIи пхуэмыхъуэжыну щыIэкIэ-псэукIэр зэраубзыхур.

Щылъщ Хьэтусилэ и хьэдэр... И нэгур нэхутхьэху къэхъужауэ, псэхужауэ, узым зыщIимышэу, нэпсыр имышыIэу, шынэр имыгъэпщкIуу.

Иджы унафэр къызыхуэнар Тутхьэлийщи, ирокIуэ ар пырхъуэм. Хэкъузауэ бакъуэу, и щхьэр Iэтауэ, занщIэу плъэуэ, щхьэгъубжэм удэплъмэ, ащырыдзэр къызэрызэхэувар плъагъуми, хуемыплъэкIыххэу.

Цэпкъ быдапIэм и куэбжэр зэIуахри, хьэтыдзэмрэ бысымым къигъэувамрэ зэщIыгъуу къыдэувыкIащ. Псори гурыIуэгъуэт, псори нэрылъагъут: хьэтхэр зэуэнут.

– Си гъащIэм мыпхуэдэу ерыщрэ делэрэ срихьэлIакъым, – и щхьэр игъэкIэрэхъуащ Нынурт. – Ерэхъу! Содэ апхуэдэуи.

– Ашэрэд къызэрымысым нэхъ сегъэгузавэ сэ, – пидзыжащ абы Саушчэр.

– Къэсмэ – къэсащ, къэмысмэ – дунейр шэрхъщи, мэкIэрахъуэ адэкIэ, Саушчэр, – къыпыгуфIыкIащ Нынурт, пщыгъуэр къылъысынкIэ зэрыхъунум къигъэгушхуэу.

Абы хэту, телъыджэлажьэ къэхъуащ... Фырат ныджэм шууей мыцIыху гуп къыдэкIщ, хуэм дыдэу хьэтыдзэм къыпекIуэкIри, Тутхьэлий и пащхьэ къиуващ. ЗэщIэкударэ, я нэкIур щIэхъумауэ, ахэр къызэрыпхуэцIыхун мы дунейм теттэкъым.

– Ащырейм и пщу Ашэрэд Ябгэ жыхуаIэжыр сэращ, – щхьэрыхъуэн Iувыр иригъэщэтэхри, псы уэрым узыншэу къикIа, гъуэгуанэ хьэлъэм зэхиукIа, уэдыкъуа пщым и нэщIащэ фIыцIэр нэхъ фIыцIэж хъуауэ къахэплъащ хьэтыдзэм.

Тутхьэлий и напщIи хэлъэтакъым, апхуэдизкIэ зыри къыфIэIуэхужтэкъыми.

– Ащырыдзэм фыхэплъи, фызыхэплъэж. IэмыщIэ хуэдиз фыхъуу аращ! Джатэр сампIэм къифхыну фыхунэсынукъым. Мы быдапIэри, Хьэт къэралыгъуэри къэтхьэхуагъэххэщи, зыкъэфт. Нобэ щыщIэдзауэ,

мыр ащыр щIыналъэщ, – жиIэри, и гуфIакIэм фэнжей[1] къыдихщ, ар щхьэщитIэтыкIри, Ащырейм къыздриха пшахъуэр къригъэщэщащ.

– Сыт мыбы жиIэр? – Лулимэс хуеплъэкIащ и къуэш нэхъыжьым.

– «Ашэрэдым» къиищынэмыщIа, зыри къызгурыIуакъым жиIа псом щыщу. Мырагъэнщ Ащырейм я пщыр, – къыфIэмыIуэхущэу жэуап итыжащ Арнэути.

– Мэ-тIэ, арамэ! – Лулимэс и лъейм дэупщIа щIопщ кIыхьышхуэр къиутхыпщIщ, лIы мыцIыхум фэнжейр зэриIыгъ и Iэм зришэкIыу, къеIэжри, шыплIэм къыдидзащ нэщIащэ фIыцIэр.

Арыххэу Арнэут шым къелъэщ, и джатэр кърилъэфри, уэсым кIуэцIрыщэтауэ, лъэгуажьэмыщхьэу щыс ащырыпщым и Iэ ижьыр IэфракIэм нэс пигъэщхъащ.

Нынурт и адэр къицIыхужати, къыIэрыхьауэ и гугъа пщыгъуэр зэрыIэщIэкIуэдыкIыжам ирибампIэу, абы къыдэкIуэуи, зауэр зэриухам иригуфIэу щытт. Ауэ Iуэхум апхуэдэу зыкъридзэкIыну и гущхьэ къэкIыххатэкъым абы. Ашэрэд, и макъым къызэрихькIэ кIийрэ и уIэгъэр Iэ сэмэгумкIэ фиубыдыкIыжауэ, щIым щылът. Гугъуехьым, щIыIэм, уаем, мэжэщIалIагъэм къелу, зи псэр мыбы нэс къэзылъэфэса лIым и гущхьэ къэкIыххатэкъым апхуэдэ икIагъэ кърапэсыну.

Нынурт, и жьэр Iурыхуауэ а теплъэгъуэ дыджым тэлайкIэ кIэлъыплъа нэужь зыкъиищIэжри, и щIыбагъ къыдэтхэм захуигъэзащ:

– Ипэ итиплIыр псэууэ фубыд. Псэууэ къысIэрывгъэхьэ! – ащыр пщыкъуэр и шым елъэдэкъауэщ, и джатэ кIыхьыр кърилъэфри зричащ.

Тутхьэлии, и щIалитIым ящIар яхуигъэдахэу, яхуеплъэкIщ, и щхьэр ищIри, нэкIэ зэгурыIуам хуэдэу, бийм къыпежьащ. Къэгъази икIуэти зымыщIэж хьэтыдзэр иужь дыдэу зауэрти, уIэгъэ хъуа хьэщхьэрыIуэ Iэлыр зэрыдзакъэм, зэрыфыщIэм, зэрыкъугъым ещхьт. КIуэдыжыпIэ иувати, дуней куэщIым дахэу, гукъинэжу икIыжыну арат абыхэм къахуэнэжыр. Хьэтыдзэм хэщIыныгъэшхуэ ихьми, апхуэдизкIэ гуащIэу зауэрти, зы хьэтылI укIуриин и пэ къихуэу ащырищ хигъащIэрт. ЛъэныкъуитIми я хьэкуэстэгухэр зэхэлъэдэжащи, зэрагъэхь щымыIэу, зэшхуэзэесу зозауэ.

Шэджагъуэ нэужь хъухункIэ зэхэуащ хьэтхэмрэ ащырхэмрэ. ИкIэм-икIэжым, Ашэрэд Ябгэм и хьэдэр шы лъапэкIэ къыщрахуэкI зауэ губгъуэм щызэрыукIхэр къызэтеувыIащ. Нынурт зыщIэлъэIуар ягъэзэщIат: Тутхьэлий и къуитIыр щIыгъуу яубыдат, Цэпкъым ипщри, пщэфэцкIэ яIыгъыу, чачэу хуалъэфырт Ащырейм я гъуазэщIэм.

МытIэ лъэгуажьэмыщхьэу ягъэувами, хьэт лIыхъужьхэр зэрызэфIэтт.

– Ухэдэну хуит усщIати, уи псэм фIэфIыр къыхэпхащ. Абы щхьэкIэ пхуэфащэри къыплъысынщ, – бауэбапщэрэ къэбэкхъауэ, и нэгум хуиту уригъаплъэу зи пыIэ бацэр дэзыгъэкIуэтея ащырыпщыр шыбгым зэрисым хуэдэу Цэпкъ и тхьэмадэм щхьэщыхьэри хуеплъыхащ.

МытIэ и жьэм лъы жьэдэзу жьэдэтти, лъэныкъуэкIэ еубжьытхэкIщ, зэрыпхъуакIуэм къыщIэнакIэу пыгуфIыкIри, и щхьэр ищIащ:

– ПщIэнуIамэ – щIэ!

[1] Фэнжей – фэм къыхэщIыкIа къэп цIыкIу.

– Уи пщым и пащхьэ лъэгуажьэмыщхьэу къитIысхьэ! – Нынурт Тутхьэлийрэ пщыкъуэхэмрэ ябгъэдэкIуатэри, къазэрыгурымыIуэр ищIэми, захуигъэзащ.

Хьэтыкъуэхэр щытт, Нынурт и лъэныкъуэкIэ къемыплъэкIыххэу. Ахэр зэрыпагэт, зэрыуардэт. Аслъэнымрэ кхъуэмрэ зэныбжьэгъукъым, зэпсэлъэгъукъым. Я щхьэ ирапэсыртэкъым, зыгъэикIэну я ужь къихьам хуеплъэкIыу, абыкIэ гулъытэ хуащIыну.

– Дэнэ щыIэ Сауштэр? – къызэплъэкIащ Нынурт.

Арыххэуи, и Iэблитыр яIыгъыу къагъэсащ, и жьафэр и тхьэкIумакIэм нэс еупщIэтэкIарэ зи бзэгур зи бгъэгум нэсу къилэлыр. Сауштэр апхуэдизкIэ уIэгъэ хьэлъэ игъуэтат, теплъаджэти, уIуплъэфыртэкъым.

– Iуфш мыр! Тэрмэш дыщимыIэкIэ, дызэрыхуейуэ тщIынщ. БыдапIэм цIыкIуи ини дэсу щывгъуэтыр зэхуэфхуси, зыщIыпIэ щIэвубыдэ, мы плIыр ут нэхъыщхьэм деж щыкIэрыфпхэ... – унафэ ищIащ Нынурт.

Арыххэу зауэлI зыбжанэм къаухъуреихьри, бжыкI папцIэхэмкIэ къакIуэцIыпыджэурэ, лIиплIыр быдапIэм дахуэжащ.

– Си адэм кърапэса икIагъэр зы джатэ уэгъуэкIэ зэфIэзгъэкIынукъым! ЛIэкIейуэ ирелIэ. ЦIыкIу-цIыкIуххэу къыгуэзгъэжынщ плIыми я лыр... – и щхьэр зэкIуэкIам хуэдэу, Iущащэурэ якIэлъыкIуэрт абыхэм Нынурти.

## *Уэздыгъэшыхь*



Зауэ губгъуэм зи щхьэр къизыхыфа зауэлI гуп, Фырат зэпрысыкIри къухьэпIэмкIэ яунэтIауэ, Хьэтуссэ ягъэзэжырт. Я щхьэр къыфIэхуарэ я напэр текIауэ хэкум зэрихьэжынур къахуэмыщIэу, зым и нэгум адрейр имыплъэжыфу, хуэм дыдэу кIуатэрт ахэр. Сытыт жыпIэнури?! Псори армырми гурыIуэгъуэт...

Хьэтейм и пащтыхьышхуэу Хьэтусилэр къыщаукIакIэ, пщыгъуэр къызылъыса Тутхьэлийрэ абы и къуитIымрэ бийм щиубыдакIэ, къэралыгъуэм гъуазэ щимыIэжкIэ, псори зэфIэкIат. Ащырейм ихьэхуащ къэралыгъуэр. Хьэтхэм къахуэнэжыр зыхьэхуам хэшыпсыхьыжу, лъэпкъыр дунейм текIуэдыкIыжынырщи, илъэс бжыгъэщ абы ихьынур. Ащырхэр къагъэIэпхъуэу къахэтIысхьэхущ и пIалъэр. АдэкIэ зи ныбжь къыптридзам и бзэр, и хабзэр, и щэныр къэпщтэнщи, нэхъыби ухуейкъым. Я щхьэр къыфIэхуауэ мы зекIуэм икIыжхэм я бынхэм я быныжхэм къалъхужынухэр нэгъуэщI жыпхъэм иту псэунущ, нэгъуэщIыбзэкIэ псэлъэнущ. Аращ лъапсэрых жыхуаIэжыр. Лъэпкъым и хьэл-щэнымрэ и хабзэмрэ зэрызэрихьэу щыта и бзэр Iурычи, нэхъыби ухуейкъым.

Апхуэдэ щIэщхъу къащыпэщылъкIэ, емыкIу пщIы хъуну пIэрэт зи адэ-анэм, унэгуащэм, быным, Iыхьлым, щхьэзакъуэ дыдэу унэм кърanахэм зэ Iуплъэжыну хуэпIащIэ зауэлIхэр?! Къэхъуа нэщхъеягъуэм и пэжыпIэр хэкум нэзыхьэсыжын, зауэ гуащIэм лIыгъэ щызыгъэлъэгъуа лIыхъужьхэм я хъыбар зыIуэтэжын, абыхэм уэрэд яхуэзыусыжын къэнэн хуейтэкъэ?! Мы блэкIа мазитIым хьэтхэм я нэгу щIэкIар, яшэчар, иужьрей пащтыхьышхуэмрэ абы и щIэблэ уардэмрэ зэрыкIуэдыжа щIыкIэр цIыхубэм яхэзыхьэн гуэр псэууэ къызэтенэн хуейтэкъэ?!

Гупсысэ куум зэщIиубыда зауэлIхэр зэщIэувыIыкIащ, ипэкIэ къахуэкIуэ дзэм хэплъэри. ГъащIэр яфIэмыIэфIыжрэ еша-елIауэ, ерагъыу зи псэр хэкум зылъэфыжхэр къызэхэуващ, сыт кърящIэми, хэт къызэрыхьми яфIэмыгъэщIэгъуэну. Апхуэдиз ныбжьэгъурэ лъэпкъэгъурэ къызрана зауэ губгъуэм зи щхьэр изыха зауэлIхэр мо къызэрыхь дзэ фIыцIэм къызэтраукIэми ядэрт.

– Гъуэгужь апщий! – дзэр къэсри, и пашэхэр япэ къищащ, хьэтхэм зыкъыхуагъазэу.

Хьэтхэм я пэIущIэр зэплъыжри, я гур къызэрыгъуэтыжа щIыкIэу, къэпIейтеящ, къэблэгъар нэжьгъущIыдзэу къыщащIэм.

– Упсэу апщий!

– Хэт фыхъуну? Дэнэ фыкIуэрэ? – ехьэкI-нехьэкI имыIэу щIэупщIащ зи щхьэрыхъуэным щхьэцыплъ къыкIэщIэплъ бзылъхугъэр.

– НэжьгъущIыдзэхэр фыкъэтцIыхуащ... Ауэ зэфIэкIащ псори. Фэр гуэрым фи щхьэр хэвмылъхьэу, вгъэзэжи нэхъыфIщ! – къэпсэлъащ зыр.

– Сыт абы къибгъэкIыр, цIыхухъу?! – етIуанэ бзылъхугъэм, и нэщхъыр зэхэлъу, и нэ къуэлэнхэр абы триубыдащ.

– Ди пщыр игъуэта уIэгъэхэм къелакъым, пщыкъуэмрэ и щIалитIымрэ гъэру яубыдащ, хьэтыдзэри къызэтраукIащ... ЯмыукIар – гъэрщ. Сыт нэгъуэщI къибгъэкIынур? Яхьэхуащ ди щIыналъэр. ЩыIэжкъым Хьэтейри Хьэтусилэ и щIэблэри, – и щхьэр къыфIэхуащ зауэлIым.

– Си фIэщ хъункъым ар! Пэжкъым! Мэуэтхэр-щэ? Мэуэтхэр фщIыгъуакъэ? – жи цыплъым.

– Тутхьэлий щIыгъуу Мэуэтейм сыщыIащ сэ, гуащэ! УкъэсцIыхужащ. Псори къызэрекIуэкIам щыгъуазэ ухуэсщIынщ, – жеIэри, ныбжькIэ щIалэ дыдэ зы зауэлI къыхокIри, Удынэ и пащхьэм къоувэ. – Къаркъэмыш дынэсыху тщIыгъуащ мэуэтхэр. Абдеж псыр куут, бгъуэти, ащырхэм лъэмыж къытралъхьэу щалъагъум, дзэзешэхэр зэгурыIуащ тIууэ заугуэшу, зыр ипщэкIэ, адрейр ищхъэрэкIэ къекIуэкIыу, ащырыдзэр къаухъуреихьыну. Лъэмыжыр зэфIэкIыху уэритIыр къекIуэкIыфынут. Мэуэтхэр Фырат бгъурыту ипщэкIэ ехащ, хьэтыдзэр ищхъэрэкIэ дыкъыдэкIуеящ, Цэпкъ деж дыщызэпрыкIыну. Ауэ ащыр унафэщIым, уплъэмэ плъагъуу, зы уэр Къаркъэмыш деж къыщинэри, и нэхъыбапIэр ищхъэрэкIэ къыдригъэкIуеяуэ къыщIэкIащ. Псым Цэпкъ деж узэрыщызэпрыкIыфыр Мэтэнейм и тетым яжриIауэ арагъэнущ. ДызэбзэджэкIыну зи ужь дихьахэр нэхъ бзаджэжу къыщIэкIри, хьэтыдзэмрэ ащырхэмрэ Фырат и адрыщI псыхъуэм дыщызэрихьэлIэри, дызэхэуащ. Хьэтхэр дыхагъащIэрти, быдапIэм дыдэтIысхьэжри, дыдэсащ тхьэмахуэкIэ. ЗэрыжаIэмкIэ, Тутхьэлий щыгугъырт мэуэтхэм псори къагурыIуэмэ, къэсу, хьэтхэр кърагъэлыну. Ауэ мэуэтхэм зыщаIэжьэм, ащырыдзэми быдапIэр къыщиухъуреихьым, дызэрыхъу дыхъуу дапэщIэуващ. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, ди къару къихь къэдгъэнакъым. Ауэ ащырыдзэр куэдкIэ нэхъыбэт. Уеблэмэ зекIуэм дыкъемыжьэ щIыкIэ зэрыхуэдгъэфэщам нэхърэ нэхъыбэт. ИкIэм-икIэжым къыттекIуэри, Тутхьэлии, пщыкъуэхэри, Цэпкъ и тхьэмадэри гъэру яубыдащ. Хьэтыдзэм къыхэнамрэ Цэпкъ цIыхуу дэсамрэ иращIам дыщыгъуазэкъым, гуащэ.

– Мэуэтхэри къэсакъым, ара? – и макъыр ехуэхащ Удынэ.

– Къэсакъым! – зигъэкIэщащ щIалэми.

– Пэжкъым! Пэжкъым ар! Си адэм и псэ Iуту цIыхур утыку къринэнукъым. Минрэ къагъэпцIами, илъ имыщIэжауэ, зауэ губгъуэм икIынукъым. Нэвгъазэ иджыпступцIэ! Нэвгъази, гъуэгур дывгъэлъагъу, мыбдеж фи псэр щыхэвныну фыхуэмеймэ, – къажьэхэлъэдащ абы Удынэ и щIыбагъ къыдэт пщащэр.

Гуащэр и пхъум зэран хуэмыхъуу игъэпсэлъащ, пэрыуэну и гущхьэ къэмыкIыххэу. Сыту жыпIэмэ, Атисэ захуэт, пцIыуэ зы псалъи хэлътэкъым абы жиIэхэм. Алэдамэ и вакъуэ адэмрэ и къуэшымрэ зэи утыку къринэнутэкъым. Мэуэтыдзэм щыщу зы зауэлI закъуэ е зы нэрыбгей фIэкIа къэмынами, хьэтхэм хъыбар гуэр къыхуамыхьу зыщагъэгугъынутэкъым.

– ФепIэщIэкIащ-тIэ хьэтхэр. Имычэзууэ фи гугъэр хэфхыжри, зауэ губгъуэр фыбгынащ. Хэкум къивнахэр зы мащIэ тIэкIукIэ фIыуэ флъагъурэ лIыгъэ фхэлъыр пэжмэ, ди япэ фиту нэвгъэзэнурэ, фи щIыналъэм апхуэдиз лей къезыхар зытевукIэнущ. Филъ фщIэжынущ! – хэкъузауэ жиIащ Удынэ, къытехьарэ и нащхъуэхэр фIыцIафэу къызэкIуэкIауэ къыщIэплъу.

Апхуэдэу тезыгъэгушхуэн псалъэ хъунт хьэтхэм къахуэтыр. Арыххэу, щIыдагъэ кърæкIыхыу, мафIэ щIадзэжам хуэдэу, къызэщIэлыбащ зи щхьэр къыфIэхуауэ ущхэр. Псалъэ лей къыхамыгъэкIыу, гугъэ нэхур къахэзылъхьэжа нэрыбгейхэм я пэ иувэри, Цэпкъ лъэныкъуэмкIэ заукъуэдиящ.

* * *



БыдапIэм и ут нэхъыщхьэм деж пкъоушхуиплI щыхатIахэм къуентхъ нэхъыщхьэу къаIэрыхьа лIиплIыр кIэрапхауэ кIэрытт, щIыIэ уаем хэту. Я унэжь щещэтэхыжа нэхъей, къалащхьэм къыдэтIысхьат биидзэр.

БыдапIэм узэрыдыхьэу ижьырабгъумкIэ кIыхьышхуэу зызыукъуэдия шэщым бзылъхугъэхэмрэ сабийхэмрэ щIаубыдати, я гъы макъыр, гущIэр ичатхъэу, къыщIэIукIырт. АдэкIэ шэщым къыпыт мэкъу гъэтIылъыпIэмрэ гуэнымрэ цIыхухъухэр щIагуэри, хъумакIуэ зэщIэузэдахэр ирагъэувэкIыжауэ, ащыр зауэлIхэм загъэпсэхурт. ЩIыунэмрэ хьэпсымрэ ихуэр ист.

Нынурт игу ирилъхьат Цэпкъ зы IэпапIэ къыхимынэу зэтригъэсхьэнуи, я къару къызэрыгъуэтыжу заIэтыжыхут и пIалъэр. Пэжт Арнэут жиIар: ащырыпщыр Хьэт щIыналъэрат зыхуейр, хьэтхэр имысуи, зыгуэркIэ упэрымыуэмэ, къэралыгъуэр зи инагъым псы иригъэжыхьыжынут. Ауэ хэтыт абы пэрыуэжынур?! Напэтехыу къыхагъэщIат хьэтхэр...

Утым деж щрапха лIиплIым якIуэцIылъ губжьыр апхуэдизкIэ къикъуэлъыкIырт я кIуэцIыкIыщIэми, уэшхи уэси зыхащIэжыртэкъым. Iэмалыншагъэмрэ гъащIэм и гущIэгъуншагъэмрэ мафIэ мыужьыхыжу зи IэпкълъэпкъыIм итIысхьа, щIэщхъушхуэ къызыщыщIа лъэпкъылIхэм я щхьэр зэкIуэкIыным нэсауэ гупсысэрт. Зыми къыпхуемыгъэгъэзэжынуми, зыри пхуэмыхъуэжынуми, я нэгу щIэкIа псоми къытрагъэзэжурэ ириплъэжырт. Мыбдеж мыпхуэдэу тщIатэмэ, мобдеж нэгъуэщIу дыщыпсэлъатэмэ... Нобэ мыпхуэдэ щытыкIэм имыхуэн щхьэкIэ блэкIам къыщыхъуахэм зыгуэркIэ зыпхуегъэхъуэ-

жыну зэрыщытар, уи щыуагъэкIэ Iэмалыфl зэрызыIэщIэбгъэкIар къыщыбгурыIуэжым деж абы уигъэпсэуркъым, уешх, уигъэбауэркъым.

Жэщым уаер мэятэри, псыи, къуакIи, бгыкIи, тафи егъэщт. ЦIыху Iэпкълъэпкъыр сытым щыщ, и гущхьэм къэбэкъауэр[1] къыщыуамэ?! Уэсым псыф ищIа щыгъынхэр зыщыщтхьэжа лIиплIым я нэбжьыцыпэхэмрэ набдзэхэмрэ сытхъур пищIэжарэ я Iупэхэр IурыущхъуэнтIыкIауэ нэху къекIащ. Жэщ ныкъуэ хъуху IуэмкIэ къыщыIуат сабий мэжэлIахэмрэ фыз гужьеяхэмрэ я гъы макъри, абы егупсысурэ уаер зыхащIакъым лIиплIым. Зым адрейм щигъэпщкIуж нэпсхэр Iэмалыншагъэм къафIыщIихурэ я жьакIэм хэлъэдэжу пкъом кIэрыта цIыхухъухэм иужькIэщ щIыIэм зэрисыр къащыгурыIуар. БыдапIэм щепсыхахэр жей IэфIым хилъафэу, гъэрыпIэ исхэмрэ щIыунэм щIаубыдахэмрэ щэху хъужа нэужьщ, щIыIэм, хьэм хуэдэу, дзэкъэн щыщIидзар.

Нэхущыр къахуэмыгъэсыжу щыса нэхъей, адакъэхэм я Iуэгъуэм ирихьэлIэу пщIантIэм къыдэуващ ащыр зауэлIхэмрэ абыхэм я гъуазэмрэ.

Жеймэ, къызэрымыушыжынур быдэу ящIэ пэтми, нэхулъэм зыкъыщызэкIэщIитхъым ирихьэлIэу зи напIэхэр хьэлъэ хъуа лIиплIым закъригъэщIэжащ пщIантIэм къыдэува зауэлIхэм я Iэуэлъауэмрэ псалъэмакъымрэ. КъуэкIыпIэмкIэ зыщызыIэт дыгъэм къыпих бзий гуащIэхэм псынщIэу къагъэщIытащ абыхэм я жьакIэм трищIа сытхъур. Гъатхэр хуэм-хуэмурэ къызэрыблагъэм и нэщэнэу, уафэ джабэмкIэ зыкъыщызыIэта «дыщэ топыр», хьэтхэр яужь дыдэу игъафIэ хуэдэ, гуащIэу къахуепсырт. Арами, жэщ псом щIыIэм идыкъа цIыхухъухэм я напIэр хьэлъэ-хьэлъэу фIэкIа къахуэIэтыртэкъым.

Шэщымрэ гуэнымрэ ипэIуэкIэ къыщIалъэфа хьэуазэмрэ мэкъумрэ цIыхухэр зыщIаубыдам и бжэIупэм щызэтралъхьэрт. ГурыIуэгъуэт ащырхэм я гум илъыр. Ар зэралъагъууи, я IэхэмкIэ кIэрыщIауэ утым щрапха цIыхухъухэм зэрыгъэкIийуэ щIадзащ:

– Абыхэм сыт я лажьэр, зинэкIэ къалъхуа гуп! Щывгъэт! Щывгъэт! – и макъым къызэрихькIэ кIийрт МытIэ.

Ауэ хьэтыбзэр къызыгурыIуэу зы цIыхуи яхэтыжтэкъым ащырхэм, хьэтхэми ащырыбзэр я щыпээхэхти, дэгурэ нэфрэ зэпэувам хуэдэт.

– ЖысIатэкъэ, МытIэ, укъыскъуэмыувэмэ, лIэкIей фызэрыхъунур?! – ягъэтIылъа хьэуазэм бгъэдэкIуэтащ Нынурт, пхъакъуэр IэщIэлъу.

– Хьэдрыхэ укъыщызгъуэта пщIондэ, уи фэм исхыжынщ уэ дэ ди нэгу щIэбгъэкIар! – и дзэ зэтеуэхэм къыдэпсэлъыкIащ Тутхьэлий, губжьым зэридзэу.

– IукI абдеж, IукI, жысIакъэ! Хьэм яшхыжын хьэщхьэвылъэ! – Iэмалыншагъэм игъэкъугъырт Лулимэс.

Зы псалъэ къызыгурымыIуэ ащырыпщым фIэдыхьэшхэнт гъэрхэм зэрызаукIыжри, бампIэм къызэрызэгуиудри. Нынурт бзаджэу пыгуфIыкIщ, пхъакъуэр зыIэпигъэхури, напIэзыпIэм мафIэр къэлыдащ.

– ЩIэвдзэ абыхэми! – унафэ яхуещI ащырыпщым, кIыхьу зызыукъуэдия Iуэмрэ гуэн щIыхьэпIэхэмрэ еувэкIауэ кIэрыт зауэлIхэм.

[1] Къэбэкъауэ – мыбдеж: «вулкан» жиIэу къикIыу аращ.

Ащыр зауэлIхэм зэпаIыгъыу чей фIыцIэжьхэр къахьщ, пкъохэр зытет лъагапIэм и лъабжьэм кIэщIалъхьа пхъэ дакъэхэм щIыдагъэр тракIэри, мафIэ ирадзыжащ арыххэу.

– Хьэтейм хьэдэр щыщIалъхьэркъым. АтIэ, ягъэсыж. Аратэкъэ?! – быдапIэ дыхьэпIэм деж щызэхигъэува ащырыдзэм къахыхьэжауэ, и нэщхъыр зэхэлъэрэ и гур хьэтхэм ятезэгъауэ, щытт Нынурт.

Ащырыдзэ гущIэгъуншэр абы и щIыбагъ къыдэтт, я напщIи хэмылъэту, а хьэкIэкхъуэкIагъэм кIэлъыплъу. МафIэ бзийхэр пхъэбгъу зэхуакухэм къыдэпхъукIыурэ и лъакъуэм къедзакъэми, Iугъуэ фIыцIэ Iувым имыгъэбауэми, хьэтыпщым и щхьэр лъагэу иIэтащ, и гуIэ макъ бийм захримыгъэхыну, и дзэр зэтрикъузэри. БыдапIэм укъыдэплъмэ, аддэ жыжьэу ипщэкIэ къыдэкIуейт мэуэтыдзэр. Къэсащ! Къэсащ Алэдамэ! Къызэригъэгугъауэ... Утыку кърииакъым... Тутхьэлий и гур къызэрыгъуэтыжауэ щыгуфIэм, Нынурт къэхъур къыгурымыIуэу къытехьащ.

– Месри уи ажалыр, емынэжь! – нэхъри къызэщIэблэ мафIэ гуащIэр къыфIэмыIуэхужыххэу, ину къэдыхьэшхащ Арнэут.

Мэуэтхэм я къэси я упщIати зыуэ, къэхъуар къызыгурымыIуэ ащырыдзэм къахэлъадэри, зэбграхуащ. Узижэгъуэнт Алэдамэ къызрихьэлIар: быдапIэм и ижьырабгъур зэрыщыткIэ мафIэм дрисейрт. Iугъуэ фIыцIэшхуэр Цэпкъ быдапIэм къыщхьэщыуvауэ, аддэ жыжьэу укъаплъэмэ, зы гуIэгъуэжь гуэр къызэрыхъуар къыуигъащIэу, уэгум щиуфэразэрт. Ащырыдзэр мэуэтхэм къапэуvауэ, быдапIэм дамыгъэхьэми, нэрылъагъут цIыхухэм лей къазэрытехьар. ПщIантIэ кIуэцIым деж щыкIэрапхэу, мафIэ зыщIадзыжар хэтми гурыIуэгъуэт.

– ФыкъеувэкIи, зифч хьэкуэстэгухэм! Лъэсыдзэм шабзэр къэфшэщI! – кIийуэ, зауэлIхэм яхэтт Нынурт.

Апхуэдэу Iуэхум зыкъызэридзэкIыну зи гущхьэ къэмыкIыхха ащырыпщым къыгурыIуэртэкъым къебгъэрыкIуа дзэр зищIысри къыздикIари.

– Iуэм щIаубыдахэр къыщIэвгъэкI! Зыгуэр фыпхрыкIи, Iуэм щIаубыдахэр къыщIэвгъэкI! – къызэпача гъуэгуанэми, мы зауэм халъхьа апхуэдиз гъащIэми мыхьэнэ имыIэу, къызыкIэлъыкIуэжар псэхэкIуадэ хъункIэ шынэу, мыувыIэжу кIийрт мэуэтыпщыр.

Ащырыдзэр кIуэцIрызыкъутыкI мэуэт пэрытхэм я пашэу быдапIэм и дыхьэпIэм гъунэгъу хуэхъуа Дыгъэмыс и тхьэкIумэм ицырхъат адэм жиIэхэри, зыщымысхьыжрэ псэху имыщIэу, и джатэр игъабзэу, шым нэхъри елъэдэкъауэурэ кIуэцIрикъутыкIырт. СэмэгумкIи, ижьымкIи къебгъэрыкIуэр ирилъэщIэкIрэ, къыпэщIэувэм и гущIыIум ирикIуэу кIуэцIрыкIа щIалэщIэр пщIантIэм щыдэлъадэм нэбгъузкIэ къилъэгъуащ, быдапIэм и къухьэпIэ бжэхэр хаудауэ, пщIантIэм нэжьгъущIыдзэр къызэрыдыхьэр. Дыгъэмыс къэуIэбжьынуи, къыздикIари къыздихуари ямыщIэу къэса нэрыбгейхэр зэпиплъыхьынуи зэман иIэжтэкъым: мафIэм Iуэбжэм зридзауэ, дрисейрт, абы щIаубыдахэри гъуахъуэрт.

– Iуэбжэхэр Iуфхи, псынщIэу къыщIэвгъэкI! – и гъусэхэм закъыхуигъазэу къызэкIиекIщ, кIуэрыкIуэм тету шым къелъэри, япэу зыхуэзэ Iуэбжэм къыщепсыхащ Дыгъэмыс.

Бжэм бгъунжырыщэу кIэрылъ хьэлъкъышхуэм уеIуси убгъэдыхьи мыхъуу мафIэм дрисейрт, Iуэм телъ бгъэныщхьэри арат. Дауэ мыхъуми, цIыхухэр мин бжыгъэкIэ щIаубыдауэ щIэтти, къыумыгъэ-

лу хъунутэкъым. Дыгъэмыс и щхьэ емыгупсысыжыххэу, хьэлъкъыр бжыкIкIэ Iуихщ, бжэр зэIуидзри, Iуэм щIэлъэдащ.

НэжьгъущIыдзэм япэ иту быдапIэм къыдэлъэда Удынэ илъэгъуат и щIалэр Iуэм зэрыщIэбзэхари, зэ теуэгъуэм къыхущIэхым хуэдиз цIыхубзрэ сабийрэ къыщIилъэфурэ мафIэм пэжыжьэу зэригъэтIылъри. А тхьэмыщкIэ цIыкIухэр Iугъуэм игъэмэхами, пщтырым игъэбампIэу, я гур зэгуэудами, мафIэ епхъуами хэт ищIэрэт. Ауэ Дыгъэмыс, и дамащхьэм дэпыр къытелъэлъми, и нэгур пщтырым къызэщIигъэцIыплъами, къызэтемыувыIэу тригъэзэжурэ, зи лъэм къримыхьэкIыжхэр къыщIихырт, лъэрытетхэр игъэгушхуэурэ къыщIигъэкIырт.

– Утым щрапхахэр къевгъэл псынщIэу! Ес мафIэм! ПсынщIэу къыкIэрыфтIэтыкI! Фэ гупыр мобыхэм фадэIэпыкъу, адрейхэр феуэ ащырхэм! – и макъым къызэрихькIэ джэурэ, биидзэм и адрей лъэныкъуэмкIэ къекIуэкIащ Ассей.

Ащырхэм кIуапIи-жапIи яIэжтэкъым. Ипэ жэщым тхъэжу зэхэсарэ, Хьэтейр зи IэмыщIэ илъу зи гугъа Нынурт ищIэнури здэжэнури имыщIэжу утыку къинати, и щхьэр зэкIуэкIа хуэдэ, и нитIым къригъэжыхьу зиплъыхьырт.

– Псэууэ сIэщIэкIынукъым... Дауэ сымыщIами, псэууэ сIэщIэкIынукъым... Си адэр къаукIащ абыхэм... – Iущащэрт ар, ихъуреягъкIэ къыщыхъу дунейкъутэжым и лъэр щIигъэхуарэ и Iэпкълъэпкъыр зыхимыщIэжу.



Нынурт гу лъитат нэрыбгей зыбжанэ лъагапIэм дэкIуеяуэ, пкъохэм кIэрапха я гъэр нэхъыщхьэхэр къызэрыкIэратIэтыкIым. Ар дыркъуэ зыхуэхъуа ащырыпщыр гъуахъуэрт, Iупсыр къыжьэдиупцIыкIрэ и нэ хъуреитIыр къихуным хуэдэу къригъэжу:

– Шабзауэхэ! Зывгъази, феуэ мо гупым! Псэууэ къевмыгъэх! Феуэ!!!

Абы ирихьэлIэу, зи лъэгур мафIэм щIижьыкIыу, ар зи гум хыхьэжа Лулимэс къэзытIэтэжа нэрыбгейм къытемахэри, абы и плIэм дэлъу, дэкIуеипIэм кърихьэхащ. Атисэ и сэжьейр зыдилъэ щIэп кIапсэр къедаIуэртэкъым. МафIэри гуащIэ къызэрыгъэхъуащи, абы фIэкIмэ, зытет пхъэр кIуэцIрыщIыкIыу дэпым хэхуэжынкIэ шынагъуэщ.

– Шабзэшэхэр къолъатэ! – гъунэгъу дыдэу къэIуащ.

– ЩIэфхъумэ пщыр! – жиIэри, къыхукIэрымытIэтыкIыу кIэрыт пащтыхьыкъуэм зришэкIащ Атисэ, ар шабзэшэхэм щихъумэу.

– Атисэ... Атисэ... – Арнэут и лъеитIыр щIисыкIарэ и лъэгур мафIэм зэрыщIижьыкIыр къыфIэмыIуэхужу, зэрифIэщкIэ къэкIиящ.

МэуэтыпщЫм ипхъу закъуэм и нэ фIыцIитIыр щIилъафэми, къызэтемыувыIэу кIапсэм еныкъуэкъурт. Атисэ зэран къыхуэхъу мэIу хъурейр и щIыбым иридзэкIауэ илъу къыщIэкIри, и плIэр нэхъ къызэтена мыхъумэ, и Iэбли, и лъакъуи, и кIэнтIыIуи, и джаби шабзэшэ хэлът. Арами, игъэзэщIат абы щхьэгуащэ къыхуищIа унафэр.

Тутхьэлий щIэзыхъума нэрыбгейм и щIыбыр пцIанэу къыщIэкIри, пхуэмыбжыну шабзэшэ IэплIэ къытещащэри, кхъузанэм хуэдэу зэприхулыкIауэ ещэтэхащ. Абы и пэ къихуэу кърягъэутIыпщыжа хьэтыпщыр пкъом къыщыкIэрыщэтым ирихьэлIэу къэса нэрыбгейм Тутхьэлий къипхъуатэри, ирилъэфэхащ. Къезыгъэла пщащэр Арнэут и плIэм дилъхьэри кьелъащ, пхъэбгъур кIуэцIрымыщэт щIыкIэ.

И щIыбым илъа мэIум шабзэшэ зыбжанэ къызэрызэтригъэувыIам и фIыгъэкIэ Атисэ зэшэзэпIэ хъуатэкъым, ауэ пщащэм игъуэта уIэгъэхэм къызэремылынур наIуэт.

Удынэ и кIуэцIым щыщIэр зыщIэр Псатхьэм и закъуэт. И щхьэгъусэми, и къуэми, ипхъуми египсысырт ар. Дэтхэнэм укIэлъыплъын, дэтхэнэм укIэлъыкIуэн. Гуащэм и нэм кърригъэжыхьмэ, Атисэ илъагъуужыртэкъым, Алэдамэ зэхэуэм и гуащIэгъуэм хэтт, Дыгъэмыс увыIэгъуэ имыIэу зыщIэлъадэ Iуэм и бгъэнысщхьэр исри къещэщэхыжати, щIалэри абы дэбзэхащ.

– Дыгъэмыс! Дыгъэмыс! – быдапIэм дэт зэрыгъэкIий макъым езым ейр къахэщ и гугъэжу, и тэмакъыр иритхъунщIэхыжауэ джэрт гуащэр.

Iуэм къыщIэнахэр, шэч хэмылъу, Iугъуэмрэ мафIэмрэ иукIат. Апхуэдиз лыгъейм цIыху псэууэ къыщIэнэныр пцIыт. Ауэ ажалым ипхъуэта цIыхухэр къыIэщIитхъыжыну пэщIэува мэуэт пщыкъуэм и чэзур къэсатэкъым. Нобэкъым. Ар къызыхуигъэщIа псори зыми ищIэркъым. Ауэ Удынэ и щIалэ пажэр ауэ сытми итыну хьэзыртэкъым.



**Ащырхэм Цэпкъ быдапIэр яубыд.**

Мэуэт гуащэм и щIакIуэ фIыцIэр хуабэм къигъэвыжа мылыпсым хикухьщ, псыр къыпыжу зытриубгъуэжри, къеплъэкI имыIэу Iуэм щIэлъэдащ. МафIэр къэблэгъэху блыным зыкIэракъузэурэ, Iугъуэм итхьэла цIыхубз къомым я бынхэр зэщIаубыдауэ, хэти гуIэгъуэжьым щихъумэу цIыкIухэм зытраубгъуауэ зэхэлът. Хэти и хьэдэр дэп хъужауэ, хэти, уэгъум щIы щхьэфэр зэрызэгуитхъым хуэдэу, я щIыфэр зэгуэтхъарэ лы плъыжьыр лэдэх зэхуакухэм къыдэплъу, мафIэм исауэ зэхэлът. Дыгъэмыс утыкум илът, Iугъуэм игъэмэхауэ. Удынэ абы щхьэщылъадэщ, и блэгущIитIым и Iэхэр кIэщIигъэлъадэри, и щIалэ пажэр Iуэм къыщIилъэфащ.

НэгъуэщI зыри къыфIэIуэхужтэкъым гуащэм. Апхуэдэ гузэвэгъуэм и бынып псэууэ къыхихати, гуфIэгъуэри гуIэгъуэри зэхуэдэу зыхэзыщIэ анэгур жьэмкIэ къыжьэдэпкIыным хуэдэу къеуэрт. Удынэ куэд дыдэ илъэгъуат, ишэчат, псэзэпылъхьэпIэ куэдми къикIат, ауэ а псори щигъэгъупщэжауэ, и къуэм щхьэщыст, гъуэгыу.

– Дыгъэмыс! Къаплъэт мыдэ!

ЩIалэм и щыгъыныр апхуэдизкIэ къэплъати, кIуэцIижьыхьыным хуэдэу Iугъуэ пихурт. Гуащэм епIэщIэкIыу щилъэфащ Дыгъэмыс щыгъыу хъуар, и щIагъщIэлъым нэс.

– И лыр мафIэм ес, гъэупщIыIужын хуейщ, – жиIэурэ, IэгукIэ мылыпсыр къиищтэурэ щIалэм и щIыфэм трикIэрт. – ГъэупщIыIун хуейщ, армыхъумэ и лыр кIуэцIрисыкIынущ.

Гуащэм илъагъужыртэкъым быдапIэр зыубыда ащырыдзэр, къанэ щымыIэу мэуэтхэмрэ нэрыбгейхэмрэ зэтраукIэу, Iуащхьэу къызэрагъэтIылъыжар. Зыри хуиIуэхутэкъым зы гуп яIэщIэкIыу, къуэкIыпIэмкIэ зэраунэтIами. Удынэ и дунейм тетыр цIыхуищт: и бынитIымрэ и щхьэгъусэмрэ.

Дыгъэмыс и щхьэр зэрихьэрт, зыкъищIэжауэ.

– ЦIыху Iэджи къыщIэнащ иджыри... Iэджи къыщIэнащ. СутIыпщ! – и щIыфэм мыбжьыбжьу зы IэпапIэ имыIэ пэтми, зыкъиIэтыну къеIэрт щIалэр.

– ЗэфIэкIащ, Дыгъэмыс! ЗэфIэкIащ. Зэ загъэ! А, си щIалэ, загъэ! – щIым иригулIыжырт ар и анэм.



Зэм-зэм Удынэ зыкъищIэжри, и щхьэр къиIэтащ. Аддэ жыжьэу Алэдамэ щытт, и щхьэр ехьэхауэ. Мазищым щIигъуауэ имылъэгъуа и щхьэгъусэм зэрыIуплъэу, Удынэ и гур псэхужащ. И щхьэгъусэр мы зекIуэм псэууэ имыкIыжыну къыщыхъуами, абы иригуIэу щIымахуэр ирихами, мес, псэут, узыншэт. Абы и закъуэ... КъызыкIэлъыкIуа текIуэныгъэр къахьэхуарэ биидзэм иубыда быдапIэр къыIэщIахыжауэ, гъэрхэр хуит къащIыжауэ, зэхэтщ нэжьгъущIыдзэмрэ мэуэтхэмрэ.

– Дэнэ щыIэ Атисэ?! – зэуэ и щхьэм дэуейри, къыщылъэтащ Удынэ. – Дэнэ щыIэ Атисэ? Флъэгъуа Атисэ?

БлэкIи-къыблэкIыжи щымт. Хэти и щхьэр щIегуэ, хэти и напIэр иредзых, хэти и Iупэр икъузу гуащэм къоплъ.

– Атисэ дэнэ щыIэ, зо?! – мэуэт гуащэр къэгужьеижащ аргуэру.

– Атисэ уIэгъэ хъуащ, – жиIащ абы къыбгъэдэкIуэта щхьэгуащэм.

Удынэ къыжраIар къыгурымыIуа хуэдэ, и нэщхъыр зэхэлъу еплъащ абы.

– Дэнэ здэщыIэр? – и тэмакъым къыщIэгъуэлъхьа тыкъырыр ирикъухын и гугъэу, и Iупсыр иригъэхри щIэупщIащ Удынэ.

– Мобдеж щылъщ. КIуэ. Сэ щIалэр зыхуей хуэзгъэзэнщ, – жиIэри, и дамащхьэм къытеIэбащ.

Удынэ и лъэр щIэщэту, зыIуплъэным щышынэу, ерагъкIэ лъэбакъуэ зы-тIу ича нэужь, къарууэ иIэр зэхуихьэсыжри, зричащ. Пщащэр щылът хэIубауэ, и Iэпкълъэпкъым шабзэшэ зыбжанэ хэлърэ езым укъимыщIэу. Абы зэрыIуплъэу, Удынэ и фэр пыкIри, и Iупэр щхъуантIэ къэхъуащ. Арат ар зыщышынар, арат абы ипхъу закъуэр нэрыбгейхэм зэрахыхьар щIыфIэмыфIыр. Арат, къызэрыщIэкIымкIи, анэгу тхьэмыщкIэр щIэпIейтеяр. Гуащэр, теплъэкъукIыу, гу зыщимыхуа, хуэфащэ гулъытэ зыхуимыщIа, зыщIэбэг щытхъу псалъэр къызыхуэмыгъэса пщащэ цIыкIум и гъащIэр Хьэтейм щхьэузыхь хуищIауэ щылът. Удынэ зэм и щхьэгъусэм йоплъ, зэми щIакIуэм телъу щIым

щылъым йоплъыж. Алэдамэ и нэщхъыр зэхэлъу щытт, и жьэпкъыпэр пыкIэзызыхьу, кIэщI-кIэщIу бауэрэ хьэуа зыжьэдишэм иримыкъуж нэхъей, и бгъэгум епхъуэу. Гуащэм лъэгуажьэмыщхьэу зригъэщэтэхри, Атисэ и щхьэм Iэ дилъащ. Пщащэр бауэрт.

– Шабзэшэхэр щхьэ къыхэвмычыжрэ? Егъэуз мыбыхэм Атисэ и Iэпкълъэпкъыр. Щхьэ къыхэвмычыжрэ? – къыхачыжмэ, нэхъ псынщIэжу лъыр къиутIыпщу, зэрылIэнур ищIэ пэтми, гуащэр гужьеяуэ къахудэплъейрт арыххэу къэса нэрыбгей Iэзэхэм.

– ЗышыIэ, Удынэ. Епсэлъэжи нэхъыфIщ. ФащхьэщыкI, – жиIэри, Iэзэхэм ящыщ зым Iуишащ пщы унагъуэр къэзыухъуреихьахэр.

– А сэ си тхьэмыщкIэ! А си тхьэмыщкIэ цIыкIу! Сыт мыгъуэр пхуэсщIэн?! Щхьэ мыгъуэ укъесшэжьат си хъыджэбз дахэ цIыкIур?! – и гур къратхъарэ, и бгъэгум жьыуейр щызэприхуу гъуанэшхуэ хъуа нэхъей, Удынэ и Iэпкълъэпкъыр къеузырт.

Абы и пкъым уз мыцIыху гуэр къитIысхьати, и куцIым хыхьэжауэ, къришхыкIым хуэдэт. Удынэ, лъэкIамэ, и гъащIэр тIэунейрэ итынут, ипхъу закъуэр псэууэ мы зауэм хэкIыну ищIамэ. Дэтхэнэ анэми, шэч лъэпкъи гупсысэ леи къыхимыгъэкIыу, и гъащIэр итынущ быным щхьэкIэ. Iэгъуэблагъэм цIыхуу итым игъащIэ псокIэ я тхьэкIумэ къинэу кIиину хуейт ар. Ауэ мэуэт гуащэм къекIурэт апхуэдэ зыщIыкIэр?! Зи псэ еджэу телъ тхьэмыщкIэри бгъащтэ хъурэт?!

– ЗыIыгъ! – гуащэм и щхьэр зэкIуэкIыным зы мащIэ фIэкIа зэримыIэжым гу лъитэри, щхьэгъусэм и дамэм теIэбащ Алэдамэ. – ЗышыIэ. ЕмыкIущ...

– Си анэ... – щэху дыдэу къэIуащ хъыджэбз хэIубам и макъыр. 

– Сыт, си дыщэ кIанэ? СынодаIуэ, си псэ закъуэ! – зригъэзыхри, и пхъум и щхьэфэм Iэ дилъащ Удынэ.

– КхъыIэ, зыри умыгъэкъуаншэ къэхъуамкIэ, уи щхьи умыгъэкъуэншэж! Хьэтыпщымрэ пщыкъуэмрэ къаукIатэмэ, я къуэпсыр гъужынут. Зэрыхъум хуэдэу сщIащ.

Удынэ а псалъэхэр щызэхихым, зыхуэмышыIэжу къыщиудащи, зэщыджэу магъ, макъыншэу.

– ЦIыхубзу щыIэм я нэхъ хахуэр си анэ дахэу, цIыхухъум я нэхъ лIыхъужьыр си адэ щабэу сытетащ дунейм. Сыфхуэарэзыщ. Гуауэ фщыхъун псалъэ зэхывэзгъэхами, къысхуэвгъэгъу! – и напIэр къыхуэмыIэту, къехьэлъэкIыпэу Iущащэрт пщащэр.

– Апхуэдэу жумыIэ, си псэ закъуэ! УзутIыпщынукъым. Сыхуейкъым... УзмыгъэфIэжауэ, гу пщызмыхуауэ... КхъыIэ, апхуэдэу жумыIэ, Атисэ, – зэгуэудырт анэгур.

– Уигу умыгъэныкъуэ, си анэ. Си напэм уи Iэр щабэу къыдэлъи, абы нэхъ фIыгъуэ къызитынкъым уафэм, – зэхэпх къудейуэ жиIащ Атисэ, псалъэм и кIэуххэр ишхыжрэ, и бзэр илъахъэу.

– А си нэ фIыцIэ цIыкIу. Си хъыджэбз хахуэ! Сытым хуэдэу си щхьэр лъагэу сыбгъэлъагъужа, си гу къабзэ. Пщы унагъуэм хуэфащэ дыгъэ бын! – Удынэ и пхъум и нэкIум Iэ дилъэщ, зригъэзыхри и нэкIубгъу къаплъэм ба хуищIащ.

ГъащIэр хуэм-хуэмурэ зыхэкI Iэпкълъэпкъ дийр игъэхуабэу, Удынэ хуэмыубыдыж и нэпс пщтырыр хъыджэбзым и нэгум телъадэрт.

– Си адэ! ЩIыIэм сес... – щыжиIэм, Алэдами зыхуэмышыIэжу зригъэщэтэхащ.

И нэплъитIыр игъэпщкIуу, ар хъыджэбзым щхьэщытIысхьэри, хузэфIэкIыххэр арати, Атисэ и плIэм и IитIыр трилъхьащ.

– Сэ узгъэхуэбэжынкъэ, си дахэ. Иджыпсту узгъэхуэбэжынкъэ, – жиIэу, гуащэр и пхъум щыбгъэдэгъуалъхьэм, иужь дыдэу Атисэ хьэлъэу хэщэтыкIри, зэгъэжащ.

Хъыджэбзыр къызэмылыну уIэгъэ зэрытелъыр ищIэми, гуащэр щыгугъырт телъыджэ гуэр къэхъуу, Псатхьэм Атисэ гущIэгъу къыхуищIыну. И Iэзэгъуэ къигъуэту, ипхъу закъуэр къригъэлыфыну. Псори нэрылъагъуми, хуейтэкъым Удынэ ар и фIэщ ищIыну. Пщащэм и псэр зэрыхэкIар, зэрымыбэуэжыр къыгурыIуа нэужь, Удынэ и щхьэр зэкIуэкIам хуэдэу, хъыджэбзым и щIыфэм шабзэшэу хэлъыр къыхичри, хьэдэр зрикъузылIащ. Анэм и быныр игъэудэIу нэхъей, зригъащIэу щыст, и нэр жыжьэ гуэрым хэплъызауэ.

– Жей, си псэм къыкъуэжа къудамэ цIыкIу... Игъуэ къэмысауэ пыщэщыжа си пщIащэ. Дуней псо и уасэу гу къабзэ. Хахуэу щыIэм я нэхъ хахуэ. ФIыгъуэу щыIэм я нэхъ лъапIэу Псатхьэм къызита. Сыту гуваүэ къызгурыIуэжа ар. КхъыIэ, къысхуэгъэгъу, си дыщэ кIанэ! КхъыIэ, къысхуэгъэгъу! – гуащэр имыгъэбауэрэ и тэмакъыр щитхъыным хуэдэу узу тыкъырышхуэ къыщIэгъуэлъхьащ и пщэм.

Ажалым къыIэщIаха хьэтыпщымрэ абы и къуэхэмрэ пIэм хэлът, я лъэгур мафIэм щIижьыкIарэ закъыхуэмыIэту. Езым и зэранкIэ мэуэт пщыпхъур зэрыкIуэдыжар Арнэут дыркъуэ щыхъуати, узу пкърытыр абы тIуащIэ ищIырт. Плъыржьэрым хэтрэ, и щхьэр зэрихьэу, мыувыIэжыххэу Iущащэрт ар, «Атисэ» фIэкIа къыжьэдэмыкIыу. И нэгум щIэкIыртэкъым пщащэм зыкъришэкIыу, и Iэпкълъэпкъыр хьэтыкъуэм шэпэIудз зэрыхуищIар, и нэ фIыцIэ пIащэхэр щIилъафэу зэрещэтэхыжар.



ПщIантIэм дэту хъуар нэщхъейт. ТекIуэныгъэр къахьами, зауэм и кIэр хьэдагъэт. Щхьэж и хабзэ къызэритIасэу и хьэдэ щIилъхьэжами, игъэсыжами, Удынэ ипхъу закъуэр хамэщI щыщIригъэлъхьэн идакъым. «Атисэ и закъуэкъым лъэпкъым тфIэкIуэдар, уэрэд зыхуаусыжхэм хуэдэу нэрыбгей, мэуэт Iэджи тIэщIэкIащ, хьэдэ псори ди зэхуэдэщ», – жиIэурэ Алэдамэ тригъэчыныхьами, анэгум хутегъэхуакъым ар мыбдеж къыщинэн. ПхъэкIэ бэнышхуэ зрыригъэIулIщ, щIы ирыригъэкIутэжри, пщащэм и хьэдэр абы дилъхьащ, хэкум здишэжу щыщIилъхьэжыну. Зэм и къуэ пажэм щхьэщысу, зэми щIыIапIэ щагъэувва бэным кIэрыту, я зэхуакур зэхикIухьырт гуащэм. НэгъуэщI илъагъунуи, епсэлъэнуи, шхэнуи гукъыдэж иIэтэкъым Удынэ. Абы и дунейр зыгуэрым гущIэгъуншэу зэхигъэщэщати, зыри фIэIэфIыжтэкъым, зыри хуеижтэкъым.

Жьэгум пэжыжьэу IуагъэкIуэта гъуэлъыпIэм иукъуэдиярэ и щIыфэм трищIа псыбыбхэм зыри лъамыгъэIэсын папщIэ и пкъы пцIанэр къыщIэщу щылът Дыгъэмыс. Iущхьэ шэху ирагъафэу ягъэжея щIалэм и Iэхэр, и пщэр, и нэкIур, мафIэм исауэ, цIынагъэт. Анэр къуэгъэнапIэм къуэт шэнтым тесу кIэлъыплъырт убалъэкIэ Хьэцацэ зыгуэрхэр зэрызэхищIэм.

– Мыр жэгундэ плъыжьщ, гуащэ. МафIэм исам и хущхъуэгъуэщ. Узыр щхьэщех, е иригъакIуэркъым, дыркъуэншэуи егъэкIыж. Умыгузавэ, дахэ дыдэу кIыжынущ псори, – Удынэ щIэмыупщIэххэми, гуащэм и гур зыгуэркIэ игъэпсэхун и гугъэу, Iущащэрт пщащэр.

Къызэрагъэгугъауэ, ари къыздащтати, мис, къахуэсэбэпыжащ.

– Си анэшхуэм зэхищIэу слъэгъуат мыпхуэдэ хущхъуэ, – погуфIыкI хъыджэбзыр.

Удынэ и щхьэр ещI:

– Узыншэ ухъу, дахэ!

Абы хэту, бжэр Iуехри Мэчанэ къыщIохьэ пэшым.

– ЩIалэр сыт хуэдэ?

– Хъарзынэщ, Мэчанэ. Упсэу... – зегъэкIэщI зи нэм нэху щIэмытыж гуащэм.

– Мыр сыт мы уи теплъэр, цIыхубз? Апхуэдэут-тIэ дэ дызэрагъэсар?! ЛIыгъэ зыхэгъэлъ, – ауэ щыт шэнт лъахъшэ цIыкIум зрегъэщэтэхри, гуащэм къыпэтIысауэ, и нэгум къоплъэ ар.

Удынэ и щхьэр игъэкIэрэхъуа мыхъумэ, зыри пидзыжакъым щхьэгуащэм.

– Мыдэ къызэдаIуэт... Лъэпкъ псор зыщыгугъ пщыкъуэр къригъэлу, кIуэдыжащ уи пхъур! Ар абы и къалэну къилъытэжу ищIащ. Уэри ущытащ апхуэдэу, дэтхэнэ зы нэрыбгейри абы дытету допсэу. Дызыхуагъэсари дыкъызыхуигъэщIари аращ, Удынэ.

– Уэ къыбгурыIуэнукъым ар, Мэчанэ, – и нэпкъым къытелъэда нэпсыр ирилъэщIэкIри, щэхуу жиIащ гуащэм.

– Пэжщ, къызгурыIуэнукъым. Си кIуэцI къикIахэм ящыщу зыми и нэгу сиплъакъыми, бынып зищIысыр сщIэркъыми. Пэжщ, – Удынэ зи гугъу ищIыр къыгурыIуат щхьэгуащэм. – Ауэ уэ бгъэунэхуащ ар, быным и IэфIыр зыхэпщIащ. КъыпкIэрыхуар къызэрыхъур плъагъуу, и нэгур пцIыхуу, упсэуащ. Гу щыпхуакъым, къызгуроIуэ. Ауэ сэри сощIэ цIыху щыпфIэкIуэдым деж уи гур зэрыузыр, нэпсыр щыбгъэпщкIукIэ, абы узэрызэхисхьэр, а дыркъуэр кIуэцIкIэ пкъуз пэтми, пхуэмыубыдыжыххэу узэрызэхиукIэр. Дэтхэнэ зыми ди гур щIэузын гуэр тфIэкIуэдащ: хэт и ныбжьэгъу, хэти и щIасэлI. Апхуэдэущ гъащIэр зэрызэхэлъыр. Сэ бжезмыIэми, уэри бощIэ ар, уи щхьэм къэсри, пщыгъупщэжащ армыхъумэ. Псори дыкIуэдыжынущ, гуащэ. Ауэ Атисэ и цIэр къызэринэкIащ, лIыгъэ зэрихьэри, абыкIи гъащIэм лъэужь къыхинащ. Уи щхьэр лъагэу Iэт, гуащэ! Уи пхъум уи щIыхьыр игъэбэгъуащ, уи цIэр нэхъри иIэтащ. «Мэуэтыпщым  и бынып», – жаIэурэ, яIуэтэжын Iуэхущ зэрыкIуэдыкIар.

– ПщIэрэ, Мэчанэ, Iущыгъэ хэлъщ а дэ дызэрапIам... Нэрыбгейм и бынып зэримыцIыхум. Уи нэгу къыщIэгъэхьэт зауэ къэс уи бын щIэплъхьэжу... А узым уи кIуэцIыр къриIуэнтIыкIыу, адэкIэ упсэун хуейуэ. Сымыдами, си щхьэр къыфхэсхыу сежьэжами, тыншщ унэрыбгеину. Анэу ущытыным нэхърэ куэдкIэ нэхъ тыншщ, – и ныбжьэгъум и нэгум иплъэри, жиIащ Удынэ.

– Мо пIэм илъым еплъи, иджыри зэ жыIэжыт ар, Удынэ. Уэ иджыри щIалитI къыппоплъэ, къыщекIуэлIэжыну махуэр къахуэмыгъэсу. Абыхэм пщхьэщахынщ уи гуауэр. Пэжщ, зэи зыми хуэгъэнщIыжынукъым а гуауэм узэриунэщIар. Мес, Дыгъэмыс уиIэщ, къызэрызгурыIуэмкIэ, Хьэцаци уи унэ къинэнущ, – щIалэм и щIыфэм щабэ дыдэу жэгундэ убар щихуэу щхьэщыт хъыджэбзым хуеплъэкIри, пыгуфIыкIащ Мэчанэ. – Алэдами егупсыс... Уэ нэпс щIэбгъэкIыурэ уи гуауэр бгъэтIыс щхьэкIэ, абы нэхъ Iеижу къофыкI ар. Сэ зэлIзэфызым я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэм  хэсщIыкIыр мащIэщ, ауэ унагъуэр фызэрыIыгъмэ, апхуэдэ дыдэу къохьэлъэкIынукъым. Зыгуэрым дэбгуэшын хуейщ а уи кIуэцIым щыжьэр.

Абы хэту пэшым къыщIыхьащ Алэдамэрэ Тутхьэлийрэ. ЦIыхубзхэм зыкъаIэтри, щхьэщэ ящIащ. Хьэтыпщым дыркъуэшхуэ телъми, зы лъэбакъуэ ичыху и лъэгу цIынэр нэхъри зэщIитхъыурэ,

лъейм лъыр из хъуами, гуащэм и пащхьэ къимыувэу лъэкIынутэкъым. Тутхьэлий и ныбжьэгъум ипхъу закъуэм и щхьэр хьэт зауэм зэрыхилъхьам ириукIытэрти, кIуэцIрыхуамэ нэхъ къиштэнут, Удынэ и нэгум къищ гуауэр илъэгъуа нэхърэ. ЖиIэнури зэрыжиIэнури къыхуэмыщIэу, Iэнкуну къиуващ ар мэуэт гуащэм и пащхьэ.

– Зы псалъи къысхуэгъуэтыркъым, гуащэ... Уи гуауэр зэрыпщхьэщысхын зы Iэмали щыIэкъым. Ауэ фIыщIэ пхуэсщIыну сыхуейт апхуэдэ бын зэрыбгъэсам папщIэ. Си лъэпкъыр ажалым къыIэщIэфхащ, кIуэдыжыпIэми дыкъифшащ. Зэи схуэмыпшынын щIыхуэщ ар, – Хьэт къэралыгъуэм и пащтыхьым мэуэт гуащэм щхьэщэ къыхуищIащ.

– Махуэ тхьэм пхуищI, Тутхьэлий! – зи нэм гуауэр щIэзу къеплъ хьэтыпщым жэуап щыпкъэ иритыжащ гуащэми.

*«Зыри умыгъэкъуаншэ къэхъуамкIэ, уи щхьи умыгъэкъуэншэж! Хьэтыпщымрэ пщыкъуэмрэ къаукIатэмэ, я къуэпсыр гъужынут. Зэрыхъум хуэдэу сщIащ»,* – гуащэм игу къэкIыжащ Атисэ и псалъэхэр. Удынэ и фэр пыкIарэ и Iупэр IурыуцIхъуэнтIыкIауэ къэнат, къарууншэ зэрыхъуари наIуэт. Алэдамэ абы къыхуеплъэкIырт, къыхуэгузавэу. И щхьэгъусэр къыщIемыпсалъэм и щхьэусыгъуэри къыгурыIуэрт. Гуащэм и псэгъур щэхуу игъэкъуаншэрт мы зауэм мэуэтхэр къызэрыхишамкIэ, абы къыкIэлъыкIуэн хуей хъуауэ, япхъу закъуэри зэрыхэкIуэдамкIэ. Анэгум апхуэдэут къызэрыщыхъур. Зэми Удынэ къищIэжырт зауэлI лъэпкъым къызэрыхэкIар, лъэпкъ псор щыхупIэм къызэрырашар, лъэIуакIуэ къыпхуэкIуар утыку къибнэну зауэлI напэмрэ щIыхьымрэ къызэремызэгъыр. Апхуэдэу, цIыхубзым и нэрыбгей щIэлъэныкъуэмрэ и анэ щIэлъэныкъуэмрэ зэныкъуэкъужырт.

Алэдамэ къыгурыIуэрт а псори. ИщIэрт Удынэ и гупсысэхэр зэпэщ ищIыжыху, къэхъуа псори зыпхигъэкIыу къыгурыIуэжыху и гугъу ищIын зэрыхуэмейр. Абы къыдэкIуэуи, тафэм къытридза бдзэжьейуэ зызыукIыж бзылъхугъэм и гур щIэузырти, зыхэхуа щытыкIэм хишыну, псалъэкIэ тригъэуну, щIэгъэкъуэн хуэхъуну хуейт. Ауэ мэуэтыпщым бидэу ищIэрт Удынэ имыгъэпIащIэмэ зэрынэхъыфIри, ежьэрт теужыху.

– Алэдамэ, си къуэшыжь... Гуащэ... Мэчанэ... Мы зэм ажалым дыкъыIэщIэфхащ. Хьэуа Iубыгъуэ тыгъэ къытхуэфщIащи, фIыщIэ фхузощI. Ауэ сэ бидэу сощIэ ащырыпщыр къызэрымыувыIэнури, къызэрытригъэзэжынури. И къарур къызэригъэпэщыжрэ дзэ къыщIэувэмэ, аргуэру къыттеуэнущ. Си хэкум цIыху къинэжакъым, псоми я щIыб къытхуагъэзащ. Фэри нэрылъагъу фщыхъуащ ар. Сэри фIыуэ къызгуроIуэ зэрызыкъытхуэмыужьыжынур. Къалащхьэр алыдж зэрыпхъуакIуэхэм къазэрыIэщIэфхыжам, быдапIэр хуит къызэрыфщIыжам и хъыбар къысIэрыхьащ. КъысхуэвмыщIа щыIэкъым! ЦIыху куэд ффIэкIуэдащ фэри. Абы къыхэкIыу зы лъэIу закъуэ фхузиIэжщ. Си напэр мысу, хуиту, сигу зэгъауэ сыпсэун папщIэ, си иужьрей лъэIур къысхуэфщIэ. ФыщыкIуэжкIэ, жылэуи къалэуи фызрихьэлIэм сабий зеиншэу щывгъуэтымрэ фщIыгъуу Мэуэтейм нэкIуэну гукъыдэж зыщIымрэ фемылъэпауэу здэфшэ... Хьэт къэралыгъуэм щыщIэфлъхьа нарт щауэхэмрэ нэрыбгей хахуэхэмрэ я пIэ иреувэ ахэр! Щрепсэу ахэр хьэтхэмрэ мэуэтхэмрэ къызытехъукIыжа лъэпкъыжьым и щIыналъэм. Хьэтхэм папщIэ зи бын щымысхьа унагъуэхэм ятевгуашэ. Яхурехъу абыхэм бын пажэ. Мыбы къыщынэмэ, гува-щIэхами е алыджхэм, е ащырхэм зэтраукIэнущ. ЩремыкIуэдыж хьэт жылэр мыбдеж. Щрегъагъэ хьэт къудамэр хы адрыщI. Ди адэр

псэужатэмэ, абыи арат жиIэнур, Алэдамэ, – Тутхьэлий и нэр псыIэ къэхъуауэ хуеплъэкIащ мэуэтыпщым.

Алэдамэ арэзыуэ и щхьэр ищIащ. Хьэтыпщыр гуащэм щыхуеплъэкIым, Удынэ пыгуфIыкIри жиIащ:

– ДыкъызэрыкIуа кхъухьыжьхэм ихуэр здэтшэнщ, Тутхьэлий, умыгузавэ...

Гъатхэ дыгъэм хуэму зиIэтырт, уафэ джабэр къыгъэуцIыплърэ и бзий щабэхэмкIэ къедэхащIэурэ мэуэтхэр иригъэблэгъэжу. Хыщхьэри, гуфIауэ темыпыIэжыф хуэдэ, джэгурт, зэм зиIэту, зэми ещэтэхыжрэ нарт кхъухьыжьхэр щIиупскIэу. ЩIыху-удзыфафэу ущызэкIэщIэплъ псыщхьэм тхъурымбэ хужьыр бырыбу телът, хыщхьэм хьэлъэ-хьэлъэу къытегъуэлъхьа пшэ фIыцIафэхэри пщэдджыжь дыгъэпсым зэщIихужауэ, бгыщхьэм тет Аскъалэ хуиту уIуплъэрт.

– Си гур псэхужащ иджы... – дыгъэ бзий щабэр зи нэгу дахэм тепсэ гуащэ нащхъуэр щхьэгъусэм хуеплъэкIри пыгуфIыкIащ.

Ипхъу закъуэр хамэ щIыпIэ щыкIуэдыжами, Атисэ и хьэдащхьэр хэкум къезышэлIэжа гуащэм и псэр зэгъэжат. Хъыджэбз хахуэм и мащэм Iуащхьэшхуэ тратхъуэжрэ, абы и хъыбар цIыхухэм яIуэтэжу, игу къихьэмэ, зэкIуэлIэн кхъащхьэр гъунэгъуу, щалъхуа щIыналъэм щыщIалъхьэжмэ нэхъ къищтэрт анэми, къызэпришыжащ хым. Удынэ апхуэдизкIэ и гур дэпсэхужат абыи, хыщхьэм тэкIуэдыкIыж пшэ фIыцIэхэм дэщIыгъуу, гуащэми щхьэщыкIт и гуауэр.

– Лъэпкъ псо тыгъэ къыпхуащIащ, гуащэ, сыт псэху?! – цIыхубзым гъунэгъу дыдэ зыхуищIщ, гуапэу пидзыжри, кхъухь пашэм и ужь ит къомымкIэ къеплъэкIащ Алэдамэ. – Тхьэм лъэпкъ къупщхьэ тхуищI!



## Эпилог

Хьэтусилэ и къуэ Тутхьэлий и тетыгъуэм ирихьэлIэу, хьэтхэм къару щIагъуэ яIэжакъым, гъунапкъэхэр яхъумэ мыхъумэ, зекIуэшхуэхэри къаахузэгъэпэщыжакъым.

Апхуэдэу, Цэпкъ (Исувэ) быдапIэм деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм хьэт зауэлI мин тIощIым щIигъу гъэру щаубыдауэ къыхощыж тхыдэм. Арами, зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIэкIа хьэтыдзэм ащырхэр ирахужьэжри, къуэкIыпIэр къыIэщIагъэкIыжауэ щытащ ащырыпщым.

Абдеж щиухакъым зэпэщIэтыныгъэр. Зауэ губгъуэм Ашэрэд (Салманасар Шульману-Ашаред Езанэ) щаукIат, ауэ абы и къуэ Нынурт (Тукульти-Нинурт Езанэр) хьэтхэм яIэщIэкIри, Ащырейм игъэзэжащ, Тутхьэлий зэрыхуигъэфэщауи, дзэшхуэ къызэригъэпэщыжри, Хьэтейм «къыгуэшхыхь» зэпыту екIуэкIащ. Апхуэдэу, Ащырейм тIэкIутIэкIуурэ ихьэхуащ Щамыр (Сириер), Къаркъэмышыр, Цэпкъыр.

IуэрыIуатэм нобэм къихьэсащ мы тхыгъэм къыхэщыж Илэун зауэри (Троян зауэ). Тхыдэджхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, хьэтхэмрэ ащырхэмрэ щызэзэуа лъэхъэнэращ Илэун зауэри щекIуэкIар. Хьэтыпщыр къуэкIыпIэмкIэ зэрыщызауэм, къалащхьэм зэрытеплъэкъукIам игъэгушхуэри, алыдж зэрыпхъуакIуэхэр Хьэтейм и къухьэпIэ щIыналъэхэм теуауэ щытащ. Илэун зауэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар алыджыпщым и щхьэгъусэ тхьэIухудыр илэун пщыкъуэм зэридыгъуар арауэ хуагъэфащэ. Ауэ Iуэхум и пэжыпIэкIэ, зэрыубыда алыдж хытIыгухэм я пщышхуэм, а Iуэхугъуэр фIэгъэнапIэ ищIу, зиIэтауэ арат, куэд щIауэ зэщакIуэ Хьэтейм и къухьэпIэ щIыналъэхэр иубы-

дыну. ХьэтыщIым ихьэн папщIэ, псы Iуфэм Iус Илэуныр зэран къахуэхъурти, ари иралъэсыкIри, Хьэтейм и къухьэпIэм щыщи гуатхъауэ щытащ алыджхэм.

Илэун зауэм теухуауэ Гомер итхыжа «Илиадэ» поэмэм къыхощыж хьэтхэри.

Ауэ а зауэм и ужькIэ Тутхьэлий зыхуэужьыжакъым. Къыхуэна щIыналъэм зихъумэжу иса мыхъумэ, трахар къыхуэзэужакъым. Тутхьэлий илъэс тIощIкIэ пщыгъуэм тетри, абы и пIэ иуващ и къуэ нэхъыжь Арнэут (Арнувандэ Ещанэр). Тхыдэджхэм ящIэркъым Арнэут зэрыкIуэдыкIар, ауэ илъэс фIэкIа пщыгъуэр иримыхьэкIауэ, дунейм ехыжащ. Абы и къуэш нэхъыщIэ Лулимэс (Суппилулиумас ЕтIуанэм) къэрал бжьыпэр къыхуэнэри, ар илъэс тIощIрэ блыкIэ тетащ.

Куэдми-мащIэми, къызэтенауэ зызыIыгъ Хьэт къэралыгъуэм кIэ хуэхъупар иджырей Куржы къэралыгъуэм и Iэшэлъашэм щыпсэуа мэшхъуэт лъэпкъыrауэ хуагъэфащэ. Бжэмышхырыгуашэм щыхилъэфа къэралыгъуэм мэшхъуэтхэр къахэIэба нэужь зыхуэIэтыжакъым, Лулимэс и ужькIи хьэтхэм пщы яIэжакъым. Хьэт къэралыгъуэр чэрэчэу ячэтхъэжа нэужь, щхьэж зыхьэхуа лъэпкъым хэшыпсыхыжащ.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, дунейпсо утыкум Хьэтейр щикIуэдыкIыжар ди лъэхъэнэм и пэкIэ 1200–1180 гъэхэращ.



7 Заказ №2723





*Усэхэр*

## МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

*   *   *

УсакIуэр хуэукIынущ псалъэ жагъуэм,
Ар ящIэ пэтрэ хуащIыркъым гущIэгъу.
Адрейхэм зэремыщхьыр хуащIу дагъуэ,
ПсэухукIэ щIылъэм щрагъэхьыр гугъу.

УсакIуэр бегъымбарым ехьэехуэу,
Тхьэм и IэмыркIэ къытехьащ дунейм.
АрщхьэкIэ щихъкъым ар — флъагъунущ щыуэу,
Щыуагъэм бегъымбар пэт хуэмыхей.

УсакIуэр хуэмыщIа унагъуэ Iуэхухэм,
Лэжьыгъэм я нэхъ тыншри щохъур гугъу.
ЛэпIанкIэр IэкIуэлъакIуэу димыдзэфми,
БелыкIыр хуэмыIыгъми — къыхуэвгъэгъу.

УсакIуэм къримыдзэ мылъкуи дыщи,
УсакIуэр псэ къудейкIэщ зэрыпсэур.

Пщlыхь lэфl фыхэту нэхухэр фэ щывгъэщкlэ,
Абы зэрегъэзахуэ дуней псор.

Усакlуэр жыпхъэ гуэрхэм ивгъэувэну
Фыхэту щытмэ — псэууэ ар фукlащ.
Паштыхьым я нэхъ lэлми усакlуэпсэр
lэпхлъэпх ищlыну хузэфlэмыкlа.

Темыхуэм фи гум и дуней тетыкlэр —
Ущие куэдкlэ фымытхьэлэу ар —
Нэхъыфlщ фыкъыпыкlыпи. Арыншами
Ар закъуэныгъэрщ къызыхуигъэщlар.

«Сымытхми усэ, сэри зыхызощlэ
Абы зыхищlэр», — жыфlэу, хъийм фимыкl.
А фэ зыхэфщlэр гуанэ цlыкlуу тету,
Абы гурыгъу мелуанхэр къэрехьэкl.



Усакlуэм убзэу щхьэщэ имыщlыну, —
Имыт ар къулыкъушыхэм я lумэт.
Дахагъэр зи Тхьэу, Пэжыр зи къурlэным
И щlыхьыр вгъэлъэхъшэну фыхэмыт.

Усакlуэм фадэ гуащlэм зыщритыр
Гурыщlэр хышхуэу къыщыукъубеярщ,
Дэхуэхыпауэ къыщалъытэм дежи,
Ауан къэзыщlхэм йолъэгэкlыр ар.

Къыр щыгу сыщити, ныджэм сыщытелъи —
Си нэlэ фтету гъащlэр изохьэкl.
Срещхьу жыфlэу емылъэlу щlыхьэхум,
Нэмыплъ къызэфту, фыкъысхуемыплъэкl.

* * *

Махуэ къэсыхукlэ дохъу нэхъ гу быдэ,
Гущlэгъу цlыху цlыкlум зэхуэдмыщlыж.
«Зыужьыныгъэ» зыфlэтща lуэхухэм
Ди унагъуэбжэр худагъэщlыж.

Хьэл-щэн нэхъыфIу къыддекIуэкIахэр
ТIэкIу-тIэкIуу гъащIэм тфIыхокIуэдыкI.
Дахагъэ нэсым дыкъыпыкIауэ,
Хъарцыжь и пшынэм дыкъыдоудж.

Мылъку къэугъуеиныргщ плъапIэу диIэжыр,
Псапэ жыхуаIэм дыщыужащ.
Псэм и хуабагъкIэ дыздэугуэшэжкъым,
ДызэрыцIыхур тщыгъупщэжащ.

Сабий зеиншэу гъуэгущхьэIум тесым
Сом хуумышийуэ уэ ублэкIащ.
Абдеж щылъ мывэм а псор щилъагъум,
ГущIыхьэ щыхъури, зэуэ къэчащ.

Зыужьыныгъэм къытхуихь «насыпым»
КъытхищIыкIынущ мыгувэу гъущI.
Иджырей куэдым уакIэлъыплъыпэм,
Жэщ уэгу вагъуэншэу, я гущIэр нэщIщ.

ГъащIэм и купщIэу гухэлъ къабзащэ!
Хамэм и гуауэм дэхыщIэу псэ!
А псори дэнэ щытфIэкIуэдар дэ,
Къагъэзэжыну абыхэм зэ?!

ФIыгъуэ мыкIуэщIхэр тыгъэ зыхуищIу,
Дуней жэнэтыр зыхуиухуа!
Къуита насыпым утеплъэкъукIыу,
Гъуэгу пхэнжкIэ сыт уэ щIыдэбдзыхар?

УзэрыцIыхур кърипщIэжыну
БжесIэнщ, ухуеймэ, зы хьэлэмэт:
Зыгуэр а уи бгъэм щэхуу щыузмэ,
Гу узэриIэм ар и щыхьэтщ.

* * *

Удз дахэр мысэм IэщIолъхьэ,
Псэ хейм лъыбгъэсыр ежьужьщ...
Уи хабзэ пхэнжхэм щIэмычэу
СыкъагъэуIэбжь, дунеижь.

АкъылкIэ сыппэувынути,
Щхьэ лъынтхуэм а псор хуэхьынукъым.
Гу пцIанэр ппэзгъэувынути,
Гукъуэпсхэр пшэщIыщэ хъунукъым.

ЩIыкIафIэу зыбдезгъэкIунути,
Си напэм схутегъэхуэнукъым.
Си напэм сэ сещэжынути,
Напэншэу сыпсэуфынукъым.

Си хужьыр фIыцIэу жыбоIэ,
Си фIыцIэм фIыбощыр хужь.
Уэ дэрэ дыздемыкIуну
Иухагъэнщ, дунеижь.

* * *

Дунейр
Уи Iэпэм къыдеджэрэзэкIыу,
Утес уэ тахътэм,
IукIэ бзыуэ тхъур?
Е гъащIэр пхьырэ
Уи Iэм къыпекIуэкIым
Къытещу тхьэмыщкIагъэм
И мыхъур?
Уабрагъуэ,
Уафэм ущIэуэну?
Укъыхэмыщу щIым,
УцIыкIужьей?
Пылыпкъыр пхэлъ,
Нартыжьхэм уапеуэну?
УгуащIэмащIэ,
ХъумпIэцIэдж нэхъей?
Ухуэдэ
«Нэ техуэнущ» зыхужаIэм?
Уфаджэ,
Къыплъагъэсу цIыху гущIэгъу? –
ЦIыху пщалъэу сэркIэ
Мы зы закъуэрщ щыIэр:
УзищIыс дыдэр,
Уи псэр сыгъэлъагъу.

Уи зэхэщIыкIыр
ФIым хуэмыпсыхьамэ,
Дахагъэ уи гум
Къыщымыушамэ,
УцIыхукъым,
Хуеймэ, уэ урепащтыхь.
УзырикIщ,
УфIэфIыху зыгъэалыхь!

## IУЛЪХЬЭ

Дунейм и ныбжьыр уи ныбжьщ.
Жып щэхукIэ укърахьэкI.
ЩыкIахэр зэкIэрыпшхауэ
Я шхахуэм дыхогъэшхыкI.

Жэнэтым хейхэр допщIыхь —
Щытыншыжынщ псэ бэмпIар...
Ахърэтми ущызэрахьэу
КъыщIэкIмэ, дыунэхъупащ.

* * *

Ивмыубыдэ гъущI хъарым,
Ивмыубыдэ бзу цIыкIур.
Ар есакъым апхуэдэу —
Хуэшэчынукъым и гум.

Ар есащ уафэ къащхъуэм,
Ар есащ хуитыныгъэм.
ЩIихуу жьы и дамащхъуэм,
Ивгъэтыж уафэ-губгъуэм...

Псэ зыIутыр джэгупIэ
Зым ищIыну хуимыт.
Зэштегъэууэ бзу цIыкIур
Щхьэ фIыгъыну фыхэт?

ПщIэншэу бзум фемыубзэ,
Хуейкъым фи гъэфIэгъыбзэ.
Дыщэ защIэу хуэфпхъынми,
Ар хуэмей фи щыкъуни.

Щэхуу гъыбзэ зыусым
ЖиIэфынкъым уэрэд.
КъыффIэщIами къывэсэу,
Къыфлъегъэс и нэлат.

Дунейм теткъым зы фIыгъуи
Хуитыныгъэм пэхъуну.
Уэм щыхуарзэм щхьэхуиту
ЩIыр тыншыпIэ хуэхъункъым.

И Хэку закъуэу и уафэм
Бзур щIэмычэу йопщIыхь.
Хъар бэмпIэгъуэр зэIуфхмэ,
Къыфхуэгъунщ фи гуэныхь:

Ихьэжынщи, уафэгум
ЩигъэIунщ уэрэд-хъуэхъу,
ИгъэщIагъуэу цIыху цIыкIум
Зэрытхэлъыр гущIэгъу.



* * *

Уэгум щIакIуэ фIыцIэ
Ирапхъуам ярейуэ,
Махуэм и нэхугъэр
Жэщым щIихъумащ.
ЛIа пэлъытэт махуэр,
КIыфIым гъэр ищIамэ, —
Вагъуэу и нэхугъэр
Уафэм ирипхъащ.

## СИ АНЭМ ДЕЖ

Зауаем илыпщIащ уи сабиигъуэр,
ХадапщIэм уахэтащ уи къэжэпхъыгъуэм,
Уэ уащыщащ зыгъэунэхуахэм гъаблэр,
Пхъэ дамэрыхьми зыхэпщIащ и хьэлъэр...

Си анэ тхьэмыщкIэу си псэр зэзгъэшхын...

# Усыгъэ

ЛэжьапӀэм, унэм я кум удэмыкӀыу,
Уи гъащӀэр епхьэкӀащ хьэзабхэмыкӀыу.
Дакъикъэ быным уатеплъэкъукӀакъым,
Уэ зыри мы дунейм теплъагъукӀакъым...

Си анэ тхьэмыщкӀэу си псэр зэзгъэшхын...

Зы дыщэхэкӀи уэ зыкӀэрыплъхьакъым,
Зы туфлъэ екӀуи уэ зылъыптӀэгъакъым.
Сыт хуэдэу уэ уэкӀунут бостей лъапӀэ,
ЕкӀунут уи лъэхэм алэрыбгъу щабэ...

Си анэ тхьэмыщкӀэу си псэр зэзгъэшхын...

Хьэлэлу сыхуэлажьэми къэралым,
СомитӀ я кӀапэ схузэтеубыдакъым.
ЦӀыкӀуфэкӀухэр мыхъумэ, арэзы сыкъищӀу,
Зы фэилъхьэгъуи къыпхуэсщэхуфакъым...

Си анэ тхьэмыщкӀэу си псэр зэзгъэшхын...

Зы псалъэ дыджи уэ къыбжьэдэкӀакъым,
Уи жагъуэ къащӀкӀи — жэуап пхуетыжакъым.
Уи псэ хеищэм къегъэнэху уи нэгур,
Уи нэгум къегъэнэху узыдэс жьэгур...

Си анэ тхьэмыщкӀэу си псэр зэзгъэшхын...

Анэшым сыщыцӀыкӀум сыкъэнамэ,
Нэху згъэщт, сыпхуэзэшауэ сыгъынанэу.
А гъэхэм сфӀощӀ си деж къагъэзэжауэ,
Сыдэсыжыфкъым къалэм уэрыншауэ...

Си анэ тхьэмыщкӀэу си псэр зэзгъэшхын...

Куэд мыщӀэу къуажэм сынэӀэпхъуэжынущ,
Уи жьыщхьэр згъафӀэу сыбб гъэдэсыжынущ.
Уи щхьэнтэр тыншу узгъэгъуэлъыжынущ,
Уи шхыныр хуабэу укъэзгъэтэджынущ...

Си анэ тхьэмыщкӀэу си псэр зэзгъэшхын...

Зызэщ1эдгъакъуэу, ди 1эр зэры1ыгъыу,
Бжэ1упи хади укъыщесшэк1ынущ.
Апхуэдэу уэрэ сэрэ дызэщ1ыгъумэ,
Уи баш хьэншакъри сыт зэрыпщ1ыжынур?

Дэтхынщи ар — блэк1 гуэрхэм еттыжынщ...
Си анэ тхьэмыщк1эу си псэр зэзгъэшхын...

## СИ АДЭМ ДЕЖ

«Мылъкушхуэ бынхэм фхузэзгъэпэщакъым», —
Ар жып1эу, ди адэ, уигу зумыгъэбгъэж.
Щыбгъэзэщ1ащ мы щ1ым къалэн нэхъыщхьэр,
Уэ жьыщхьэ махуэу хъунущ зыплъытэж.

Пщ1ащ унэ, уи1эщ къуэ, бгъэк1ащ жыг хадэ,
Дгъэлъап1эу напэр дыкъэбгъэтэджащ.
Уащымыщами уэ зи куэдхэм дыщэ,
«Щ1ыху дыщэщ» жебгъэ1эн пхузэф1эк1ащ.
*2007, февраль*

*   *   *

Си хъыджэбз ц1ык1ухэ, си щиху лант1э ц1ык1ухэ,
Фэ махуэ къэсыхунк1э зывоукъэбз.
Нэмысу игъуэ ф1эщ1эк1а фи анэм
Дахагъэк1э фохъужыр ещхьыркъэпс.

Фи я кум дэлъу илъэс бжыгъэ гуэрхэр
Иджы сэр дыдэм схуэмыщ1ыж си ф1эщ.
Сабий сурэтым имык1а фи нэк1ухэм
Щ1ыхубз гуф1эк1э къохъур къыщыхэщ.

Темыгушхуащэу пшэм къыхэк1 мазэщ1эу,
Щ1ыхубз зек1уэк1эм т1эк1у фыхуэ1энкунщ.
Къыфпэплъэ гъащ1эм гу щывигъэхуэну
Сэ жэщи махуи тхьэ сыфхуелъэ1унщ.

Си гъащIэ жыгым и дыщэ бзу цIыкIухэ,
ДунейгъэдахэУ си дыгъэ-щыгъитI,
ДэкIамэ махуэ закъуэ фызмылъагъуу,
Симызэгъэжу си пIэм, сохъу гуитIщхьитI.

Ахърэтым и бжэр сщIыуэ дамэдазэ,
Фи анэ тхьэмыщкIэр зэ къыфIузгъэплъам,
Къыхыхьэжынти зэуэзэпсэу и псэр,
КъафIибгынэнти мащэ зэрылъар.

Си шыпхъу гумащIэу зи дунейр дахэныр
Къыфтеубгъуауэ нобэм фыкъэсащ.
Бзылъхугъэ нэсым къыдекIуэкI хьэл-щэнхэм —
Езыр я щапхъэт, — фыщигъэгъуэзащ.

Куэд мыщIэу къэвгъэнэнурэ фи абгъуэр,
Фыухуэжынущ фи пIэщхьагъ зырыз.
Гуащэхьэпшыпу унэм къыщIэвнахэм
СахуеплъэкIыхукIэ, къысфIекIуэнущ нэпс.

ЦIыхубз пшэрыхь зэрыхущанэр ищIэу,
Сыхуейщ фхуэхъуну гъусэ цIыхухъу нэс.
Фызыхыхьахэм я губгъэн къэвмыхьу,
ЯкIэлъызефхьэ адыгэ нэмыс.

Зыгуэрым фхуэмыфащэ къывипэсу,
Фи нэпскъудамэ къэхъумэ къыщыщIэкI,
Ар тезыр тIуащIэу езмыгъэпшыныжмэ,
Сэр щхьэкIэ «папэ» жывмыIэж афIэкI.

Си пIалъэр къэсрэ мы дунейм сехыжми,
Фыщызбгынапэ зэи къэмыхъун.
НэрымылъагъуУ вдэщIыгъунущ си псэр,
Дапщэщи щIэгъэкъуэн ар къыфхуэхъунщ.

Мы гъащIэм сипсыхьами жыр къутахуэу,
ХэIущIыIу сымыщIу сиIэщ тIасхъапIитI.
Си Ланэ — зыр уэращ, адрейр — Залинэщ...
Къурмэн мы си псэр зыхуэхъун цIыкIуитI.

* * *

*Игъуэ нэмысу дунейм ехыжа*
*си щхьэгъусэ Хьэмыкъуэ Маринэ и фэеплъу*

Илъэсихкlэт узэрынэхъыщlэр,
Илъэс тlощlкlэ иджы сынэхъыжыщ.
Уэ сыт щыгъуи уитынущ зы ныбжьым,
Сэ куэд мыщlэу сыхъупэнущ лlыжь.

Жыгыжь пхъафэу, жьыгъэм сифыщlауэ,
Махуэ гуэрым сыныпхуэкlуэжынщ.
Уи дахагъэм зыкlи хэмыщlауэ,
Ахърэт пщlантlэм сыщыпхуэзэжынщ.

Япэу уэ сыщыпlуплъам хуэдабзэу,
А дакъикъэм си пlэм сижыхьынщ.
Къызэроплъlар псэкlэ зыхэпщlауэ,
Уэри мащlэу укъэпlейтеинщ.



Зытэлайкlэ уи нэр къыстенэнщи,
Сыкъыумыцlыхужу узблэкlынщ.
«Къызэплъыпэт, ар сэращ, Маринэ», —
Щэхуу си псэр ныпкlэлъыкlиинщ.

А джэ макъым уи псэр къыдэскlэнщи,
Уэ си дежкlэ зыкъэбгъэзэжынщ.
Ди насыпыр зэзыпха lэлъыныр
Щоста махуэр уигу къэзгъэкlыжынщ.

Уэ абыкlэ сыкъыумыцlыхужмэ,
Сэ мыбыкlэ сыкъэпцlыхужынщ:
Удз гъэгъахэм гвоздикэм хуэбгъадэ
Зэрахэмытар ныбжесlэжынщ.

«Мы си нитlыр ещхьщ александритым», —
Щыжыпlари сэ къозгъэщlэжынщ.
Насып щхьэцкlэ седжэу уи щхьэц фlыцlэм
Хэта тхъугъэм гу лъозгъэтэжынщ.

Уэ абыкlи сыкъыумыцlыхужмэ,
Мис мыбыкlэ сыкъэпцlыхужынщ:

Нэхъ пфIэфI дыдэу щытыгъа уэрэдыр
Си лIыжь макъ тхъунщIамкIэ къыхэздзэнщ.

Зы лъэбакъуэ, уи гур къыпфIилъэту,
Къысхуэпчынщи — Iэнкун укъэхъунщ:
Ди хъыджэбз цIыкIуитIым я сурэтхэр
Си нэджыджым иту къэплъагъунщ.

Зы хъуэпскI гуэр уи нэкIумирижэнщи,
Зы телъыджэ псэм зыхищIэжынщ.
ГъэфIэгъыбзэу ахэм узэреджэу
Щыта цIэхэр къэпIущэщыжынщ.

Ахърэт пшапэр къызэщIигъэнахуэу,
Ахърэт уэгур къыхэхъуэпскIыкIынщ.
Уи гуапагъэ хуэзэша мы си псэм
Щэхуу уи псэм зынришэкIынщ.

Мис абдеж, уи Iэпэр пфIэкIэзызу,
Си щхьэ къетхъухам Iэ къыдэплъэнщ.
ПхужымыIэу псалъэ, уи нэкIущхьэм
Нэпскъудамэ къыпфIытелъэдэнщ.

Уи Iэгу щабэр къазэрылъэIэсу,
Си щхьэц хужьхэр фIыцIэ къэхъужынщ.
Мы си нэкIум щызэблэкI зэлъахэм
НапIэзыпIэм зыкъауззэхужынщ.

ЩIым уэрыншэу щысшэча бэлыхьхэр
Зы лъэужь ямыIэу бзэхыжынщ.
Жэнэт бзухэм дыкъауфэрэзыхьу,
Жэнэт хадэм дызэдихьэжынщ.

*2014*

* * *

ФIыуэ тлъагъухэм дащыхуэгумащIэм,
Псалъэ IэфIу Iэджэ къыджьэдокI:
«Си псэ, си насып, уэращ си гъащIэр».
ФэрыщIагъыр сфIощIыр къыдэбэкI.

Уэ узищIыс дыдэр къэпщIэжынум,
ЗэупщIыжыт мыпхуэдэу зэгуэр:
Тету пIэрэ мы дунейм цIыху гуэр,
Хъумэ хуей, си гъащIэр щIэстыфыну?!

*1984*

* * *

Iэр зыхуихьыжыну зи мурадым
Зы чэнджэщи и деж щыпхымыкI.
Гу лъатамэ зыгуэркIэ апхуэдэм,
Жэщи махуи Iыхьлыр щхьэщымыкI.

Зи акъылым икIам зы папцIагъи
КъыщIэбгъахуэ хъунукъым и нэгу...
Дунеижьым зиукIыжын гугъэ
СфIощI ищIауи — Iэщэр щыдвгъэгъэпщкIу.



* * *

Дунеижьыр мажэ, здэжэр имыщIэжу,
Ещхьщ шы жьэрыутIыпщу гъуэгум щыщIихьам.
Къыщхьэрепхъуэ и нэр, нэху имылъагъужу,
ИхъуэкIун удз цIынэм и мэ къыщIихьам.

Дидзэжащ дахагъэр абы хьэрэкъуакIэ,
Дигугъа лъагапIэм жыжьэу нэмыса.
ЦIыху мыгъасэ тлъагъумэ, япэхэм дгъэщIагъуэрт,
Иджы догъэщIагъуэ, тлъагъумэ цIыху гъэса.

## СатырiплIхэр

* * *

Уи гухэлъ къабзэр си дамитIщи,
Си гъащIэр сохьыр сылъэтауэ.
Ажалыр сыт? Ажалыр — зырикIщ,
Си лъагъуныгъэм елъытауэ.

* * *

Си дежкIэ сыт кIэгъэпшагъэр? —
Хуейм кърырешх, кърырес.
Уэ фIыуэ сыкъыболъагъури,
Си гущIэм дыгъэ къыщопс.

УСАКIУЭ

ГуфIэгъуи гуауи сыпэджэжу,
Согъэвыр псэкIэ дуней псор,
Щызмытхым усэ сэ сызырикIщ,
Сэ усэ щыстхырщ сыщыпсэур.

* * *

КъыпхуигъэфэщамкIэ умыарэзыуэ,
Тхьэшхуэм ухуэхъущIэм — къыппекIуэкIыжынущ.
Зи гущIэгъур иным псэкIэ уеувалIэм,
Къурш хуэдизу, хьэлъэ уи плIэм дэхужынущ.



* * *

Сабий къалъхуагъащIэр
Магъыр, зефыщIыж.
И иужьрей махуэр
Хуэдэщ игъеиж.

* * *

И тыгъэм папщIэ гъащIэм ухуэхъуахъуэу,
ЩIыбош насыпым и мэрэмэжьейр.
Зэ еплъыжыпэт а пIэщIэт кумбыгъэм, —
ЩIэмылъу пIэрэ и щIэм блащхъуэжьей?!

ЛЪЭIУ

Адыгэ щIэблэ! Вджыж и тхыдэр Лъахэм,
Адэжь и жьэгур фымыгъэужьых.
БлэкIам хуэзыгъэтIысым зы удз дахэ,
КъэкIуэнум хухисэнущ фIыщIэ жыг!

* * *

Къыспэвмыубыд дыгъуэн закъуэр,
Къыфхуэзгъэгъунщ адрей псори.
Си адэр дыгъуэу щытакъым,
Сыдыгъуэфынукъым сэри.

* * *

Уэрэ сэрэ пщIэ къытхуащIу щытмэ,
Ар къэдлэжьащ — а пщIэр дыдейщ.
Къулыкъушхуэ зиIэм езыракъым
ПщIэ зыхуащIыр — а зэрыс шэнтжьейрщ.

* * *



Уэ пхуэдэ цIыхум уемыпэгэкIыу — зыуи зумыщIу,
Тет дуней хьэхум къызэрыгуэкIыу — зыуи зумыщIу.
Мы дунеижьыр зэзыпхъуэжыну зигугъа Iэджэ
ЩIэлъщ щIы щIагъ кIыфIым сабырыжахэу — зыуи замыщIу.

* * *

Си илъэс нэхъыфIхэ, фыкъызэтеувыIэ,
Фи хуабжьагъым си псэр егъэхыщIэ.
Сыт ди гъуэгум и кIэм щхьэхьу фыщIыхуеIэр? —
ЩыфхуагъэтIылъа фи гугъэ дыщэ?!



*Кочемовэ Татьянэ и усэхэр ди республикэм и мызакъуэу, Москва къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ щIэх-щIэхыурэ къытохуэ. 2004 гъэм «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ «Человеку все дано для счастья» усэ тхылъыр. Кочемовэр мызэ-мытIэу хэтащ ди республикэм, апхуэдэуи, Москва, Санкт-Петербург къыщызэрагъэпэща литературэ зэпеуэхэм икIи ехъулIэныгъэхэр иIэщ. ЦIыху гъащIэр, насыпыр, хьэлщэн щхьэхуэхэр, щIыуэпсыр — усакIуэр зытетхыхьхэм езым и еплъыкIэ къыщегъэлъагъуэ. Адрей куэдым емыщхьу, щIэщыгъуэщ, купщIафIэщ, удэзыхьэхщ абы и усэ сатырхэр.*

## ЦIЫХУМ И ЦIЭР



Къытфlащыр псоми цlэ зырыз,
ЦIэуэ къытфIащми нэхур щызщ.
Я Iупэм телъи уи цIэр, плъагъукъэ,
Ныбжьэгъу-жэрэгъум, уи унагъуэм.

Дыкъалъхури, псоми цIэ къытфIащ,
КъытфIащым гъатхэ къыщоуш,
Щопсэу я макъхэр фIыуэ тлъагъухэм,
Щыпхешыр хуэму гугъэм лъагъуэ.

Дунейм къытехьэм къыдалъху и цIэр,
Абы езыр къихъумэ щIыкIэу.

## СИ ГЪУСЭУ НАКIУЭ

Дегъэплъ зэгъусэу пщэдджыжь пшэплъ,
ЗыщыдгъэгъэпскI жьы щIыIэтыIэм.
Мес, нэхущ розэм телъщ уэсэпс,
ИгъэщIэгъуэжу зэрыщыIэр.

Бзум зэпадзыжыр я уэрэд,
Кърашу дыгъэр уафэ гущIэм.
Мы щIылъэм жиIэр дэркIэ куэд?
Дунейм щотIэпIыр ди гурыщIэр!

## БГЫХЭР

Лъагэу заIэтыр, къыдашри я тхыр,
Нэпкъхэр — толъкъунрэ, уэсыр — тхъурымбэу.
Уардэу къеплъых мо ди бгыжьхэм яIуатэм
СыткIэ пэхъуну, екIуну ди нобэр?!

Бгыжьхэ, уо, бгыжьхэ! Пщэдджыжьи пщыхьэщхьи
Пшэплъыр къыфIуощIэри зыкъывешэкIыр.
Бгыжьхэ, фэ куэд щыфлъэгъуащ дунеишхуэм,
Къуаншэри захуэри фи нэгум щIэкIыу.

Бгыжьхэ, уо, бгыжьхэ! Феплъ, фыкъэдаIуэ!
Къэхъумэ си хьэлъэр мы сигу щимыхуэж,
Сыниувэжмэ, фи пащхьэ, сынакIуэу,
Щызгъуэтыжынкъэ къабзагъэ фи деж!



* * *

ДыкъотэджыкI хъыдан жэрумэм,
Ди псалъэм, тхылъхэм е гупсысэм.
ДыцIыкIурэ, пщыныр ди къарумэ,
Ерагъыу дыпщт бжэщхьэIум нэс.
ДыщIэтт итIанэ Iэнэ щIагъым,
КъикIукI-никIукIри сытым щыщт?!
ТфIэгъэщIэгъуэнти сыт къэтлъагъуми,
Дыджэгурт, ткъутэрт зыгуэр, тщIыжт.
ЖыпIэнурам, дымыщIэт зэш,
Дыхуейт дыхъуну дэ балигъ,
Зэманырти... шы мыжэм ещхьт,
Дэ дыпIэщIэну ди нэрыгът!
Щымыщ щIалэгъуэр хьэпшып ящэм,
Ар куэдрэ мэхъу IэубыдыпIэншэ,
Хуейщ къылъысыну нэхъыфI защIэ,
Зэм Iущмэ, зэми щхьэзыфIэфIщ,
Зэм щхьэзыфIэфIми, зэм дечых,

Щхьэхуитыныгъэ къилъыхъуэху,
Йозэшыр зэм, зэм къоувыІэ,
Ерыщу зэм щІобэн и пэж.
Зыр гъуэгурыкІуэу мэхъу лІыхъужь,
Адрейм ІэнатІэ щхьа зелІэж,
Мэубзэ, щІыхьи емыплъыж.
ДыкъотэджыкІ хъыдан жэрумэм,
Ди псалъэм, тхылъхэм е гупсысэм.
ИкІэм-икІэжым насып зиІэр
Ар зи щІалэгъуэм щІыхь и гъусэрщ.

## ГУБГЪУЭМ

МахуэщІэм дыгъэр щыхуэгуапэм,
Ныбжьэгъум сэрэ докІуэ губгъуэм.
Губгъуэшхуэр удз гъэгъам ехуапэ,
ЦІыв исхэщ, пкІауэ, хьэндырабгъуэ...
Фымыщтэ фэ, фылъатэ хуиту,
Къэфпщыхь, къэфпкІыхь, макъ гуэрхэр вгъэІу,
Фыву, фыпщІэу, фыпкІатэлъатэ
ЗывмыгъэпщкІужу, дыволъэІу.
Фидубыдэнукъым къапхъэным,
ФидмыпІытІэну е ди Іэгу.
Къэдмыхьу зыкІи фи губгъэнхэр
ДыфкІэлъыплъыну тфІэфІщи тІэкІу.

## ГУПСЫСЭХЭР

Си гупсысэхэр джэду шыр щІыкІэщ,
Я нэ къэмыпщІауэ, мэпІейтей.
Сыт фэ нобэ фыщІэгъар зэщыджэу,
Гупсысэ ІэрыпІхэр сыт фыхуей?
СынывэІэзакъэ си тхьэлъэІукІэ,
ФыхэзгъэфІыхьакъэ куэдрэ пшэплъым?
Щхьэ фрещхь сабий схуэмыгъэудэІум,
ФыщызэдэджэгукІэ, фызэщІэплъэу.
Зэм зывгъэгусэнщ щІалэгъуэ хьэлуи,
Нэхъ иужькІи фыкъыщІэзгъэлъэнщ.
Сынывэпсэлъакъэ, си бзэр ІэфІу,
Сэ макъамэ щэхукІи Іэ вдэслъэнщ.

Къэвгъэза фи щIыб е фыхъуэпскIа?
Си гур щхьэ фщIыпа зэхэзедзэн?
Си псэ нэхум фыкъыхэсщIыкIащи,
СыткIэ, сыткIэ гъащIэм фыпэджэн?

ПСЭР ЗЫХЬЭХУ

Уафэм пщэдджыжь пшэплъыр къыщIэнащи мафIэу,
Бгым ящхьэрыгъ пыIэм къыпощэщыр дэп.
Мывэхэр дыщэпскIэ дыгъэм щIым щегъафIэ,
Пхъэхуейхэр, нысащIэу, мывэ лъапIэм хэтщ.

Мы дунейр дахащэщ, нэм зыщимыгъэнщIу,
Си гуфIэгъуэ нэпсым гур егъэкъэбзэж!
Гур игъэкъэбзэжу, си нэм къысфIыщIэжу,
Лъагъуныгъэм щIылъэр къегъэщIэрэщIэж!

БГЫРЫС



И псалъэр кIэщIу, екIуу и IуэхущIафэр,
Шы жэрым нэхъри ар йолъэдэкъауэ.
ЩызокIуэ бгылъэ нэпкъхэм тегушхуауэ.
Жьым и макъамэм и плIэр щиухуауэ,
Епсыхь бгырысым игу мыпыIэр жыру,
Къуршыбгъэм ар щIодэIур итхьэкъуауэ,
А макъыр и Iэпкълъэпкъым хэтщ иджыри,
Еухуэ и плIэр, гъуэгум нытехьауэ!
И псалъэр кIэщIу, екIуу и Iуэхущ
Iафэр,
Шы жэрым нэхъри ар йолъэдэкъауэ.
ЩызокIуэ бгылъэ нэпкъхэм тегушхуауэ.
Бгырысым ещIэ — куэд, щэху куэд щотIыгъуэ
Куэд зылъэгъуа, куэд зыгъэва мо бгыжьхэм.
Абы ямыщIэ гъащIэр зэ ичыгъуэу,
Зэману гъадэщIыдэм и Iэужьхэщ.
Абдежым щохъу гупсысэр сыткIи хъыжьэ,
Абдеж къыщалъху къимыкIуэтын лIыхъужьхэр!

БГЪЭ ЩХЬЭРЫУА

ЩIыпIэ жыжьэм, щIыпIэ имыцIыхум
Щыгъуэщат зэгуэрым бгъэ хужьыфэ.

Игу дыхьати адрыщI щыIэ бгыжьхэр,
И ни, и пи къимыхьыжт хэкужьыр:

Псори пшагъуэщ, нэщIщ, къопэзэзэх,
Хамэм, арти, яхыхьащ бгъэр щIэх.
Хамэ щIыпIэр екIущ, мэпщIыпщI, мэлыд,
Езым ейм хужиIэрт: «Адыдыд,

Си хэкуэгъухэр делэ зэфэзэщщ,
Фэ фи хэку ущыпсэуну лъэщщ.
Ар жиIэхукIэ, хамэр къыхуэгуфIэрт,
И щIыб къигъэзамэ — «ажалыфэт».

Хэт иубу щытми езым ейр,
Щохъур дэнэ дежи... дэни лей.

## БГЫРЫС ХЪЫДЖЭБЗ



Уафэгум къызэрихьэу дыгъэ бзийхэр,
Ар псыхъуэм дохьэ, зы лъэс лъагъуэ цIыкIукIэ.
Макъамэу псыежэхыр щызэхихкIэ,
Псым нэхъри зыхуеший Iэпкълъэпкъым гукIи.

Псыпыхум и ткIуэпс къабзэхэр щиутхкIэ,
Ар погуфIыкIыр, и дахагъ зыхищIэу;
ТкIуэпс щыгъэхэр псыпыхум къыхибжыкIыу,
Бгы лъапэм щежэх псым и IитIыр хищIэу.

Псы къабзэр ирегъахъуэ и кхъуэщыным,
МэкIуэжыр унэм, и уэрэдыр хуиту.
Дунейм и дахагъ псор къызэрыщынур
ГуфIэгъуэр зыщIэз хъуа абы и нитIырщ...

Иужьым, къуажэр хэтщ нысашэ джэгу,
МакъамэкIэ мэпсалъэ шыкIэпшынэр.
Бгырыс нысащIэм щIыгъур псы уэрэдщ,
Пщэдджыжьу из ищIауэ и кхъуэщыным.

*ЗэзыдзэкIар* **ГУГЪУЭТ Заремэщ**

# ДЖАТОКЪУЭМ И УСЫГЪЭ ДЖАТЭР



Литературэм и жанрхэр нэхъ цIыкIурэ (е кIэщIрэ: псалъэм папщIэ, прозэм и жанр кIэщIхэр) нэхъ ину (пIащэу) зэрызэхагъэкIым хуэдэу, нэхъ тыншрэ гугъууи зэщхьэщагъэкI. Апхуэдэ гуэшыкIэр хабзэ щхьэхуэхэм тету, зы пщалъэ гуэрым тещIыхьауэ щымытми, тхакIуэ куэдым къахуэмыгъэIэрыхуэ, и фащэкIэ е и купщIэкIэ «мыIумпIафIэ» жанрхэр щыIэщ. Псалъэм папщIэ, и гъэпсыкIэ-ухуэкIэкIэ нэхъ гугъухэм ящыщщ сатыр бжыгъэ пыухыкIам (14-м) усакIуэм и гупсысэр «ирикъузэн» хуейуэ къэзыгъэув сонетыр е сатыр 210-р хабзэ ткIийкIэ зэкIэлъигъэкIуэн хуей щыхъу сонет Iэрамэр. Нэхъ гугъужыращи, и купщIэкIи, и фащэкIи зэгъэкIуауэ, щIагъыбзэ куу щIэлъу, гъэсэныгъэ-ущииныгъэ мыхьэнэ иIэу, абы щыгъуэми гушыIэмрэ ауанымрэ я жанрым иту къагъэщI тхыгъэхэр къеджэгъуафIэу, уигъэнэжэгужэу, гукъинэжу щытын хуейщ.



Адыгэ литературэм ауанымрэ гушыIэмрэ зыщезыгъэужьа усакIуэ, тхакIуэхэм я бжыгъэр мащIэщ. Зи гугъу тщIыр ауаныр зи лъабжьэ усэ зыбжанэ е гушыIэ рассказ зытIущ зи къалэмыпэ къыпыкIахэр аракъым, атIэ а зы жанрым и лъагъуэм теувэу, адэкIимыдэкIи дэдзых имыIэу, ирилэжьа тхакIуэхэрщ. Апхуэдэхэм ящыщт Джатокъуэ Юрэ.

Джатокъуэ Юрэ Мылу и къуэр КъБАССР-м и Аруан районым хыхьэ Къэхъун къуажэм 1938 гъэм майм и 17-м къыщалъхуащ. 1956 гъэм курыт еджапIэр къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм егъэджакIуэ IэщIагъэр щызригъэгъуэтащ. 1957 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икIауэ щIыщIэр къэзыIэтыну Къэзахъстаным кIуа цIыху минрэ щитхум яхэтащ. И хэку къигъэзэжу университетыр ехъулIэныгъэкIэ къиухыжа нэужь, егъэджэныгъэ лэжьыгъэм щIидзащ икIи илъэс 47-м нэблагъэкIэ а IэнатIэм пэрытащ. А пIалъэм къриубыдэу къулыкъу зэхуэмыдэхэр ирихьэкIащ: 1961–1964 гъэхэм – Челябинск

областым хыхьэ Верхнеуральск районым и Петропавловск курыт еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэу, 1964—1966 гъэхэм — Жэмтхьэлэ Ищхъэрэ курыт еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэу, 1967—1977 гъэхэм — лэжьыгъэ IэнатIэ пэрыт щIалэгъуалэм папщIэ Къэхъун къуажэм къыщызэрагъэпэща курыт еджапIэм и унафэщIу, 1978—2008 гъэхэм — Къэхъун дэт езанэ курыт еджапIэм и унафэщIым егъэджэныгъэгъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэу щытащ.

Джатокъуэ Юрэ и псэемыблэж лэжьыгъэм папщIэ «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр (1987), «РСФСР-м цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и отличник» дамыгъэр (1993), КъБР-м и Аруан муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и щIыхь тхылъыр (2009), «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэр (2012) къыхуагъэфэщащ. Урысейм и ТхакIуэхэм я союзым хэтащ.

Джатокъуэм къызыхэкIа лъэпкъри, и IэщIагъэри, лэжьыгъэри зыхилъхьэ щымыIэу фIыуэ илъагъуу щытащ. И гуащIэ инрэ и гъащIэм щыщ илъэс куэдрэ щхьэузыхь зыхуищIа Къэхъун езанэ курыт еджапIэм теухуауэ 2007 гъэм «Первая Кахунская» тхылъыр дунейм къытригъэхьащ. Ар теухуат еджапIэм къикIуа гъуэгуанэм, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм абы щылэжьа егъэджакIуэ Iэзэхэм, ар къэзыухауэ IэнатIэ щхьэхуэхэм ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьа цIыху цIэрыIуэхэм.

Езыр къызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэм теухуа «Джатокъуэ лъэпкъым и щIэнгъуазэ» тхылъыр къэбэрдей-шэрджэсыбзэрэ урысыбзэкIэ 2016 гъэм къыдигъэкIащ.

ЗэрыегъэджакIуэм къыдэкIуэу, Джатокъуэ Юрэ икIи усакIуэт. Абы и IэдакъэщIэкIхэр «Нур», «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм, «Адыгэ псалъэ», «Маяк» газетхэм къытрадзащ, радиомрэ телевиденэмкIэ къатащ. Языныкъуэ усэхэр 5—8-нэ классхэм щадж адыгэ литературэм и хрестоматиехэм хагъэхьащ. И тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ щхьэхуэу къыдэкIахэщ: «Лъэмыж нэпцI» (1995), «Аркъэн» (2001), «Джэрпэджэж» (2009), «ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ» (2017).

ИщхьэкIи къызэрыхэдгъэщауэ, Джатокъуэр щылэжьар гъащIэм и лъэныкъуэ псори къызэщIэзыкъуэ икIи нэхъ гугъу дыдэхэм халъытэ гушыIэмрэ ауанымрэ я жанрырщ. И творчествэм и мыхьэнэмрэ и тхыгъэхэмкIэ пщэрылъ зыщищIыжахэмрэ езы усакIуэм мыпхуэдэу игъэбелджылауэ щытащ: «Iужажэм, нэпсейм, хьэрэмышхым и пщэм аркъэн издзэныр, ар ауаным и блыным еIулIыныр — аращ си мурадыр. КъызэрыслъытэмкIэ, нэфI-ней зыхэмылъ критикэм и

деж псори щызэхуэдэщ: цIыху къызэрыгуэкIхэри, щхьэхынэхэри, дыгъуэгъуакIуэхэри, Iулъхьэ къеIызых къулыкъущIэхэри». УсакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм къызэщIэкъуауэ уахэплъэжмэ, и гуащIи и зэмани емыблэжу къалэну зыхуигъэувыжа псори зэригъэзэщIар нэрылъагъущ.

Джатокъуэ Юрэ и усэбзэр шабзэшэу шэрыуэт, дунейм мыхъумыщIагъэ щызылэжьыхэм я гущхьэм зыпхидзын хуэдэу джатэу «упэпцIат». Усэхэм я нэхъыбэр зэрыхъур сатыритI е сатыриплI къудейщ, ауэ ящIэлъ гупсысэр куущ, Iущыгъэ зыхэлъщ, гъэсэныгъэущииныгъэ мыхьэнэ зиIэхэщ. Мис, псалъэм папщIэ, щапхъэ зыбжанэ:

*Шы хьэлым хъырц хищIыкIкъым Турэ:*
*Шыд щэнщ щиджар аспирантурэм.*
**(«IэщIагъэлI»)**

*«Бабылини — Бабылинэщ,*
*ХьэкIулини — ХьэкIулинэщ,*
*А фи Лини мымалинэ,*
*Сэ зызакъуэрщ Дахэлинэр».*
**(«Щхьэщытхъум и псалъэр»)**



*Шыр зыIут IэнатIэм IуагъэкIащ:*
*Шыд диплом зыIыгъыр къыкъуэкIащ.*
**(«IэнатIэ гъэувыкIэ»)**

Джатокъуэм и усыгъэм тетхыхьахэм ящыщ усакIуэ икIи публицист Уэрэзей Афлик пэжу гу зэрылъитащи, «Юрэ махуэ къэс зыхуэзэ Iуэхугъуэхэр, зыхэт цIыхухэм ядилъагъухэр езым и Iуэху еплъыкIэрэ бгъэдыхьэкIэкIэ зэпкърихыурэ, ар нобэрей зэманым зэрепхьэлIэфынкIэ хъунум хуэдэу ирихьэлIэну хущIокъу. «СатыриплIхэм» яхэтщ дзакъи, пIаскIуи, къыпцыдыхьэшхи, къохъурджауи».

Псом хуэмыдэу «пIаскIуэхэр» лъэпкъ литературэм щымащIэщ икIи щыщIэщыгъуэщ, Джатокъуэ Юрэ ящыщц а жанр фащэм нэхъыбэу зезыгъэужьа тхакIуэ зыбжанэм. Абы и тхыгъэхэм нэIуасэ хуэхъуа нэужь, «пIаскIуэр усыгъэ щыпкъэщ», — жиIэгъащ усакIуэ икIи щIэныгъэлI Нало Заур. Лъэпкъ джэгуакIуэжьхэм я деж къыщегъэжьауэ гушыIэмрэ ауанымрэ я къэгъуэгурыкIуэкIэ хъуар

зыджыжа Налом игъэщIэгъуат Джатокъуэм и пIаскIуэхэр зэрызэмыфэгъур, ягъэзащIэ къалэнрэ зыхуэунэтIа Iуэхугъуэхэмкlэ куэду зэрызэщхьэщыкIыр: «Сэ сызытхьэкъуар Юрэ и усэхэм я пIэскIуэкIэращ: зэпIэскIухэм хуищIэу, игъэузу йопIэскIу, йопIэскIу щхьэхуещэхэм, Iужажэхэм, хабзэншэхэм, къинэмыщIхэми уащегъэдыхьэшхри уатрегъакIуэ; зыдэгушыIапхъэхэм ядогушыIэ. Джатокъуэм и сэмэркъэухэм гушыIэкIэ нэжэгужэу уагъэгуфIэ, и ауанхэми уагъэгузавэурэ уагъэгупсысэ», — итхыгъащ щIэныгъэлIым. Апхуэдэуи Нало Заур гу лъитащ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм философиер зи купщIэ «адыгэ хъуэр» зэрапкърылъым.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, хъуэрыбзэрэ щIагъыбзэкIэ утхэн папщIэ, бзэм урипсэлъэн, уритхэн къудейр мащIэщ, абы Iут лъэпкъыпсэр зыхэпщIэу, и хабзэ щэхухэм, и художественнэ Iэмалхэм ущыгъуазэу щытын хуейщ. Апхуэдэу бзэр зыхэзыщIэ, шэрыуэу зыгъабзэ усакIуэт Джатокъуэр. Абы и тхыгъэхэр псалъэжьхэмрэ жыIэгъуэхэмрэ пэгъунэгъуу, купщIэшхуэ ящIэлъу, ауэ езыхэр кIэщIрэ шэрыуэу гъэпсащ, язынықъуэхэми лъэпкъ афористикэр лъабжьэ яхуэхъуащ. Псалъэм папщIэ:



*ДжэдыкIэ шкIумпIми джатэр кърихащ:*
*«Джэд нэхъ нэхъ Iущщ джэдыкIэр»*
*Псалъэжьыр зэхихащ.*
**(«ДжэдыкIэ шкIумпIым»)**

*Джэдыгуу бгъу зыщыгъыр гуншэм,*
*Егъэпсэуфыр лIибгъур джэдыгуншэу.*
**(«Джэдыгуу бгъу...»)**

Джатокъуэ Юрэ и тхыгъэхэр зэрыкIэщIыр жанрым и ухуэкIэ хабзэхэм фIыуэ къезэгъ, пэджэж нэщэнэщ. Нало Заур и псалъэкIэ жыпIэмэ, «а сэмэркъэу пIаскIуэрейхэр зэрыкIэщIми я къарур хегъахъуэ икIи ехъумэ. Сэмэркъэур кIыхь хъумэ, и хъуэрыр мэкIуэд».

Джатокъуэм и творчествэр дуней псо ирокъу, сыту жыпIэмэ абы къыщымыгъэлъэгъуауэ гъащIэм и зы дурэшплIэрэши, и зы къуапэлъапи къэнакъым — щIэныгъэри, щэнхабзэри, гъуазджэри, егъэджэныгъэри, политикэри, экономикэри, медицинэри, мэкъумэшри, нэгъуэщI куэди къыщызэщIэкъуащ. УсакIуэм пэжу къызэригъэлъэгъуащи, цIыху щхьэхуещэхэм, пцIыIуэпцIышэхэм, щхьэщытхъухэм, фитIнэхэм, фыгъуэнэдхэм дунейр яуфэбгъуащ,

абы уаззрыпэщIэтыфынури я образхэр гъуджэу къызытещ, зезыгъэцIыхуж мыпхуэдэ сатырхэрщ:

*Политик хъуащ ди пщафIэ Лени:*
*Зыкъом хущIетхъуэ абы Ленин.*
**(«Лени политикщ»)**

*Ныбжьэгъу уощIыжыр*
*Мылъкур къэпкIэ зыхьыр...*
*IэбжьыбкIэ дыгъуэрщ*
*Уэри хэбгъэзыхьыр.*
**(«Следователым»)**

*ИщIын мурадыр*
*ИIэу гений,*
*Къыхуоджэ мэлым*
*Пушкин и «Евгений...».*
**(«ЕгъэджакIуэ филологым»)**



*«Жин хужьым хуэдэу хуэпауэ щыт а Цинэ*
*Узотыр ауэ*
*ХищIыкIыр медицинэм».*
**(«Дохутыр Хьэсэнбий и псалъэ»)**

Джатокъуэм и бзэр зэригъабзэ Iэмалхэми гушыIэ щабэр яхиухуанэрт, псалъэхэр игъэджэгуурэ, макъ зэщIэжьыуэхэр зэридзылIэурэ, и тхыгъэхэм гупсысэ куухэр къыщигъэщIырт, я ритмикэр гупсэхуу икIи гъэщIэгъуэну ишэщIырт. Апхуэдэ тхэкIэр усэхэм я фIэщыгъэ къудейми щынэрылъагъуущ: «Цагъэм и хьэкIэбацагъэ», «Ленэ и заявленэ», «ЛутIэ и валютэ», «Чыл уэчыл», «Хьэлим-подхалим», «Цицэ и инвестицэ», «Дадэ арендатор», «Жорэ дирижер», «МацIэм и формацэ», «ТIурэ и корректурэ», «ТIым и шыкIуртIым», «Зинэ и корзинэ», н.ку.

И купщIэкIи фащэкIи къызэщIэкъуауэ къэбгъэлъагъуэмэ, Джатокъуэ Юрэ и усыгъэр щхьэхуитщ, зы идеологием и бжьи щIэткъым, зы къупхъэми ихузакъым, сыт хуэдэ лъэхъэни пэджэжыфын мылIэжыныпсэ Iутщ, сыту жыпIэмэ ар езы гъащIэм къыхихащи, зытепсэлъыхьхэр цIыхум и щыIэкIэ-псэукIэм, жылагъуэ зэхэтыкIэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащи. А усыгъэр губгъуэ иным

хуиту иутIыпщхьауэ ит жьыбгъэшхуэм хуэдэщ, щIэфиежу езым и уэрэд жиIэжу, зым и жыIи емыдаIуэу, и хъуэрыбзэ дахэмкIэ гиеу, далъэу, ауан зыхуэфащэм хуэфащэр лъигъэсу, екIуу дунейм темытыфхэм щIэнакIэу, езым къыщIэнэкIэну зыкъыпызызышэхэми джатэу жан жэуапкIэ япэджэжу:

*Зыубхэм зыщ жэуапу яритыжыр Юрэ:*
*«А къевгъэкIуэкIхэр — псори авантюрэщ».*
**(«Юрэ и жэуап»)**

И Iэдакъэщ IэкIхэр щыхьэт зэрытехъуэщи, Джатокъуэ Юрэ и тхэкIэр зыми ещхьтэкъым, усакIуэм езым и хъэтI къигъэщIыжыфащ, лъэпкъ литературэм и лъагъуэ щыпхишыжащ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

## *Усэ кIэщIхэр* ДЖАТОКЪУЭ Юрэ



### Къулеижь фыгъуэнэд

Мыхьэнэншэу зэрыщытыр
Къулеижьым къегъэлъагъуэ:
Асфальт гъуэгу зэриIэм хуэдэу,
Ар йофыгъуэ зиIэм лъагъуэ.

### ШутIэ-МышутIэ

ЯщIа нэужь министр, ШутIэ
Щыгъупщэжащ зэрыщытар МышутIэу.

### ТIутI и еплъыкIэ

«ТхукIэ» школыр къиухами,
Щахуемыджэ вузым ТIутI:
«Мес, мэлажьэ, — жи, — пхъэнкIакIуэу
Къэзыухахэр институт».

### Ририрэ и чэнджэщ

«Матэ щIэдзауэ упсэуну
Ухуейуэ щытмэ, — жеIэр Рирэ, —

УкъимыкIуэту дежьууф
Зи гупкIэ уисым и «уэрирэм».

**ЦIыхубз гуэрым и репликэ**

«Тхьэ, хъуныр къыщыщIакъэ Мышэ?
Ишащ ар фызым, фызыр къыщимышэм!»

**МыхьэнэншитI**

Илъэс нэсауэ ХьэмтIутI хуигъазэркъым
ХьэмтIыкъ и гупэр:
ХьэмтIыкъ фIишхащ
ХьэмтIутI и бгъэлыгубэр.

**Хьэ щэхурыпхъуэ**

Хьэ щэхурыпхъуэм хуэдэщ
Мыстхэ я Мухьэб:
«Хьэу» жимыIэ щIыкIэ,
УищIыфынущ «хьэп».



**Къэрабгъэм**

Егъэуэфыр, тIэкIу кIэзызми, и бэрэжьей фочыр.
КъуэгъэнапIэм къуэту щытмэ, зыгуэр хузэфIокIыр.

**Угъурсызым**

Къыщохъу и Iуэхухэр тэмэм хъуауэ,
Зыгуэр илъагъумэ унэхъуауэ.

**Зи ныбэ из жэмым**

Егъуэт Iусыпхъи,
Хуэмей ар композитор Бахи,
А уэ зи гугъу пщIы
Людвиг Фейербахи.

**Мацэ гъэфIа**

ЯгъафIэу, цихуэу къагъэтэджыр Мацэ,
И шхулъэр йопкIыр, къытелъамэ бадзэ.

**ГуфIапщIэ**

«Дахэщ а уи напщIэр», —
ЗэрыжиIэм папщIэ,
Къуаргъ фIыцIэжьым къанжэм
Кърихащ гуфIапщIэ.

**«Батэгъэш»**

Егъэшыфыр жьэкIэ батэ:
Игъэувмэ зы Iэмбатэ,
Iэтэм нэскIэ егъэбатэ.

**Уэчылым**

ЯIыгъым щхьэкIэ бзауэ, дауэ,
ПыIэщхьэрыхыу уэри уагъэдауэ.

**Мыст**

Сыт илэжьми абы игъуэщ:
Иджыпсту и уэлиигъуэщ.



**Бабыщ зызыгъэгусам**

ХьэIупс ищIащ
И гъунэгъу къазыр Уакъым:
ЩыжиIэм «уакъ»,
И «уакъым» къежьуукъым.

**Турэ и культурэ**

Зэфэну псым тепщэч хетхьэщIэ Турэ,
Аращ здынэсыр абы и культурэр.

**АдыгэщIэ Дин**

ПщылI «хъарзынэ» къигъуэтащ
АдыгэщIэ Дин:
Тутыныхьэ игъэкIуащ
И адэ Хьэбэдин.

# ЩIЫХЬ ЗЫПЫЛЪ ГЪУЭГУАНЭ

Адыгэ Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 зэрырикъур октябрым Iэтауэ ягъэлъэпIащ ди къуэшхэм. Абы и тхыдэ напэкIуэцIхэм уриплъэжмэ, 1922 гъэм июлым и 27-м ВЦИК-м и Президиумым Унафэ къыдигъэкIауэ щытащ Шэрджэс (Адыгей) автоном область зэраухуэмкIэ. Абы и цIэр 1922 гъэм августым и 24-м Адыгей (Шэрджэс) автоном областу зэрахъуэкIат. 1937 гъэм щегъэжьауэ Адыгей автоном областыр Краснодар крайм хыхьэу щытащ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Адыгейр къэрал-лъэпкъ щIыналъэхэм ящыщу блэкIа лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм ирихьэлIэу япэ дыдэу щIэныгъэншагъэр зыгъэкIуэдахэм ящыщщ, колхозхэр къызэгъэпэщынымкIи япэ итащ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм областым и цIыху мин 80 я хэкум и щхьэхуитыныгъэр яхъумэну фронтым Iухьащ. Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ Адыгейм щыщу цIыху 52-м, абыхэм ящыщу 7-р адыгэт.

Адыгэ хэгъэгум и гуащIэрыпсэухэм зэи я гъунэгъухэм зыкъыкIэрагъэхуакъым, сытым дежи зыужьыныгъэ гъуэгум тетт, зауэ нэужь лъэхъэнэми, экономикэмрэ щэнхабзэмрэ зэфIэгъэувэжыным, псэукIэр егъэфIэкIуэным жыджэру телэжьащ. Абы щыгъуэм зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ Адыгейм Лениным и орденыр (1957), Лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм и орденыр (1972 гъэ) къыхуагъэфэщащ.



1990 гъэм октябрым и 5-м Адыгей областым и Советым и цIыхубэ депутатхэм тхыдэ мыхьэнэ зиIа сессие ирагъэкIуэкIауэ щытащ, автоном областыр РСФСР-м хэгъэгу щхьэхуэу хэгъэхьэнымкIэ. Жэщ хъуху екIуэкIа зэIущIэм и кIэухым утыку кърахьауэ щытащ РСФСР-м Адыгей Автоном Советскэ Социалистическэ Республикэ зэриIэмкIэ унафэр. Абы папщIэ депутат 63-м арэзыуэ Iэ яIэтат, 43-р арэзытэкъым, 2-р гуитIщхьитIт.

Адыгейр хэгъэгу щхьэхуэу Урысей Федерацэм хэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ РСФСР-м и цIыхубэ депутатхэм я II съездым. Ар 1990 гъэм екIуэкIащ икIи «РСФСР-м и къэрал суверенитетым и декларацэр» и тегъэщIапIэу РСФСР-м и Конституцэм и 71-нэ, 82-нэ, 84-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. А зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ, Урысейм и автономнэ областхэр крайхэм къыIахыжри, Урысей Федерацэм и субъект щхьэхуэ хъуащ. Ар конституцэкIэ щIагъэбыдащ 1990 гъэм октябрым и 5-м.

Адыгэ Республикэ щхьэхуэ зэфIэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ Краснодар крайм и губернатор Кондратенкэ Николай а Iуэхур къазэрыдиIыгъами. Урысей Федерацэм и хэгъэгущIэм и Iэтащхьэ Джарым Аслъэн и гъусэу абыхэм утыку кърахьат, иужькIэ зэIэпах хъуа псэлъафэр: «Уходя, остаемся!». Ноби а къыхуеджэныгъэм щIэтщ хэгъэгухэр.

ИужькIэ, 1991 гъэм июным и 28-м, Адыгей ССР-м къэрал суверенитетым и Декларацэр къиштащ. Къэралым и Президент Ельцин Борис 1991 гъэм июным и 3-м Iэ щIидзащ «Адыгей Автоном областыр РСФСР-м хэт Адыгей Совет Социалистическэ Республикэ зэращIам теухуауэ» РСФСР-м и Унафэм. Абы къыщыхьат щIэуэ зэрагъэпэща

щIыналъэм Адыгейм ис лъэпкъ псоми хуитыныгъэ щаIэу, цIыхум и хуитыныгъэр хъумэныр япэ ирагъэщу зэрыщытынур.

Абы къыкIэлъыкIуэу унафэ тращIыхьащ Урысейм и хэгъэгущIэм хабзэ къыдэзыгъэкI, гъэзэщIакIуэ къулыкъущIапIэхэр иIэн зэрыхуейм. ИкIи РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэкIэ ар хуит ящIащ и щIыналъэм и тхыдэм щыяпэ Парламент къызэригъэпэщыну, депутати 100 хэту.

Адыгей автоном областыр УФ-м хыхьэ Адыгэ Республикэ зэращIрэ блэкIа илъэс 30-м къигъэлъэгъуащ ипэкIэ яча лъэбакъуэхэр пэжу къызэрыщIэкIар, Кавказым ис лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ адыгэхэм заужьынымкIэ ар сэбэпышхуэ зэрыхъуар. 2022 гъэм Адыгейм и илъэси 100-р Iэтауэ игъэлъэпIэнущ, блэкIам фIыщIэ хуищIрэ къэкIуэнум дахэкIэ хуэхъуапсэу.

Щхьэхуэу къытеувыIапхъэщ, автономием къыкIэлъыкIуэу республикэ хъуа щIыналъэм адыгэ лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIам. Кавказ зауэм иужь, 1897 гъэм ирагъэкIуэкIауэ щыта къыхэтхыкIыныгъэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, Кубань и Iэгъуэблагъэм иса ди лъэпкъэгъухэр абы щыпсэу цIыхухэм я проценти 2 къудей хъууэ арат. Иджыпсту республикэм адыгэ мин 27-рэ исщ. Автономием лъэпкъыр нэхъ зэщIикъуащ. Хьэхъурэт Щыхьынджэрий хэкум пашэ хуэхъуат абы щыгъуэм. Республикэр щIыналъэ щхьэхуиту зэфIэувэнымкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт экономикэмрэ щэнхабзэмрэ къэIэтыным. Арауэ жыпIэ хъунущ щIыналъэр зыгъэбыдар.

Къэралыгъуэ зэрыхъуам и нэщэнэ ныпыр, гербыр, гимныр къащтащ. Зэманыр зэрыхьзэрийуэ, зэпэщIэувэныгъэхэр щыкуэду щытами, ди лъэпкъэгъухэм яхузэфIэкIащ я адыгэ лъэпкъым и ныпыр къэрал ныпу кърагъэщтэн. Абы папщIэ Адыгейм и лIыкIуэхэр Санкт-Петергбург щыIэ геральдикэ комиссэм ягъэкIуауэ щытащ. Лъэпкъ ныпым и теплъэри пхъуэж зэрымыхъунур щрагъэдащ абы. НэгъуэщI лъэпкъым къыхэкIауэ республикэм щыпсэухэм я хуитыныгъэхэри хъума хъуным и нэщэнэу, Джарым Аслъэн къыхилъхьэри, ди лъэпкъ бэракъыр Адыгейм и къэрал IуэхущIапIэ псоми фIадзащ. Илъэси 160-рэ зи ныбжь лъэпкъ ныпыр нобэ къэрал мыхьэнэ зиIэ хъуащ. ИужькIэ зэныкъуэкъуи къиини къыхэмыкIыу гербымрэ гимнымрэ къащтащ.

Адыгэ Республикэм и япэ Президенту щыта Джарым Аслъэн зэрыжиIэмкIэ, Адыгейм езым къэралыгъуэ гъэпсыкIэ иIэ зэрыхъуам куэд къаритащ, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, а зэманым мыхьэнэшхуэ зиIа мэкъумэшым, экономикэм, щэнхабзэм, нэгъуэщIхэми зрагъэужьынымкIэ автономием и фIыгъэшхуэ къекIащ.

«Лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр щыпсэу Совет Союзыр субъект куэду зэхэтащ. Адрей лъэпкъхэми хуэдэу, 1922 гъэм Адыгейми езым и автономие иIэ хъуащ. Ар къыддэмыхъуауэ щытамэ, дыхэшыпсыхьыжынри зыхуэIуа щыIэтэкъым. Абы къыдэкIуащ еджапIэхэр, япэ газетыр, нэгъуэщI куэди. Республикэм къэралыгъуэ къулыкъухэр щыIэ хъуащ, псэукIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зиужьащ, жылэхэм газыр нэсащ, гъуэгухэр яухуащ, ди лъахэм къыщыщIагъэкIхэм заубгъуащ, щэнхабзэм, туризмэм, спортым хэпщIыкIыу заужьащ.

Илъэс 30-м Адыгейм зэхъуэкIыныгъэу иIар мащIэкъым, иджыри а Iуэхур ягъэкIуатэ къэрал къулыкъум пэрытхэм. Мыхьэнэшхуэ зиIэу щытари, иджыпсту щытри мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр, лъэпкъыу хэгъэгум исхэр зэхуэфIыныр, зэкъуэш республикэхэм я

зэпыщIэныгъэр мыгъэкIуэдыныр аращ. Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм ди зэкъуэшыныгъэр ди лъэмыжу сыт щыгъуи дадэлэжьащ. Абыхэм я Iэтащхьэхэмрэ сэрэ зэныбжьэгъугъэ ди зэхуаку дэлъу дыкъызэдэгъуэгурыкIуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ зыхуэбгъэдэн къулыкъущIэ щыIэтэкъым, цIыхушхуэт ар. Ар Урысей Федерацэм ФедерацэмкIэ и Советым и тхьэмадэм и къуэдзэуи лажьащ. Пасэу дунейм зэрехыжам сигу хегъэщI, сэ нэхърэ нэхъыщIэт, ныбжьэгъугъэр зыгъэпэж, къэрал къулыкъур зыхуэфащэ цIыху лъэрызехьэт. Дэ сыт щыгъуи дыхущIэкъуащ зэкъуэш республикищыр быдэу зэпхауэ зэдэлэжьэным, зэкIэлъыкIуэным.

Сызэрыгушхуэхэм ящыщу къыхэзгъэщынущ ди лъэпкъэгъухэр Косовэ къитшыжауэ зэрыщытар. А лъэхъэнэм апхуэдэ Iуэху зэфIэпхыныр, зауэ щекIуэкI къэралым цIыхухэр къипшу нэгъуэщI къэрал бгъэIэпхъуэныр Iуэхушхуэт, зэи къэмыхъуауэ ди къэралым къытхуищIат апхуэдэ Iуэхутхьэбзэ, ди къуэшхэр ди республикэм къыдигъэшэжат. Къытхыхьэжа ди лъэпкъэгъухэр куэд щIащ тщыщ зэрыхъужрэ, ахэр республикэм и зыужьыныгъэм хуолажьэ, дахэу мэпсэу», – жеIэ Джарым Аслъэн.

Республикэм зэманым декIуу зэрызиужьым я фIыгъэшхуэ хэлъщ илъэс зэхуэмыдэхэм абы и унафэщIу щытахэу Джарым Аслъэн (1992-2002), Щэумэн Хьэзрэт (2002-2007), ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий (2007-2017), 2017 гъэ лъандэрэ Iэтащхьэ къулыкъум пэрыт КъумпIыл Мурат сымэ.





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **КъумпIыл Мурат, Джарым Аслъэн, Щэумэн Хьэзрэт, ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий сымэ.**

Урысейм къыщрахьэжьэ Iуэхухэр нобэ республикэм жану щызэфIах, бгъэдэлъ беягъхэмкIэ къэралым щынэхъ лъэрызехьэхэм ящыщщ. Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат и нэIэ тетщ экономикэм зегъэужьыным, цIыхухэр зыгъэпIейтейхэр зэфIэхыным, абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуным теухуауэ щыIэ Iэмал псо-

ри къэгъэсэбэпыным. А псори цIыхубэм зэхащIыкIыу, зэгурыIуэу-зэдэIуэжу, ефIакIуэ зэпыту мэпсэу илъэси 100-м нэблагъэ гъуэгуанэ зи щIыбагъ къыдэлъ Республикэр.

ПсэукIэм ехьэлIа Iуэхур псом япэ ирегъэщ УнафэщIым, сыт хуэдэ Iэмал щыIэми къегъэсэбэп, нэхъыщхьэращи, цIыхухэм я гуныкъуэгъуэхэр елъагъу, жаIэхэр зэхех, къыхуатххэм йоджэри, ар и лэжьыгъэм щыщ мэхъу. Министерствэхэм къалэн щхьэхуэу яхуегъэув федеральнэ къулыкъущIапIэхэм жыджэру дэлэжьэнхэу, сэбэпынагъ куэд къахуэзыхь лъэпкъ проектхэр, къэрал, республикэ программэхэр и чэзум зыхуей хуэзэу гъэзэщIа хъуным быдэу кIэлъоплъ.

ЭкономикэмкIэ республикэм и Iуэхур нэхъыфI хъу зэпытщ. 2020 гъэм Адыгейм и бюджет зэхэлъым и хэхъуэр сом мелард 35-рэ мелуан 309-м нэсащ, ипэ илъэсым ебгъапщэмэ, ар процент 25-кIэ нэхъыбэщ. Налогыр сом мелард 36-рэ мэхъу. Республикэ бюджетым и хэхъуэр процент 28-кIэ нэхъыбэ хъуащ икIи сом мелард 31,2-м щIегъу. БлэкIа илъэсым ягъэзэщIа къэрал программэ 22-м сом мелард 31,3-рэ трагъэкIуэдащ. Абы щыщу сом мелард 16,1-м нэсыр республикэ бюджетым щыщщ. Лъэпкъ проекту сом меларди 4,5-рэ и уасэ ягъэзэщIащ.

Урысейм и Президент Путин Владимир и нэIэ нэхъ зытригъэтхэм ящыщщ сабий зэрыс унагъуэхэм ядэIэпыкъуныр. Абы и лъэныкъуэкIи Адыгейм Iуэхушхуэхэр щызэфIагъэкI. БлэкIа илъэсым балигъ ныбжьым нэмыса ныбжьыщIэ 93540-м сом меларди 2-рэ мелуан 97-рэ трагуэшащ. Мы илъэсми а Iуэхум къыпащэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу, адрей хэгъэгухэми ещхьу, АР-м и ныбжьыщIэу еджэн щIэзыдзэжхэм сом мини 10 зырыз иратащ.

БлэкIа илъэс закъуэм псэукIэм ехьэлIа Iуэхухэр зэфIэхыным республикэм сом меларди 4-рэ мелуани 165-рэ тригъэкIуэдащ. Абы ипэ ита илъэсым еплъытмэ, ар хуэдитIкIэ нэхъыбэщ. Адыгейм федеральнэ мылъкуу къыхэхъуэр къызэригъэсэбэпыр щапхъэ зытехыпхъэхэм ящыщу зэрыщытыр мызэ-мытIэу жаIащ къэрал унафэщIхэм. Абы лэжьыгъэ IуэхукIэ къакIуэхэм зрагъэлъэгъуащ хэгъэгум и зыужьыныгъэр.

Адыгейм и псэукIэр зэрефIакIуэм, зэрызиужьым абы щыпсэухэми хьэщIэу еблагъэхэми гу лъатэ. Я гъуэгухэр, жылагъуэ щIыпIэхэр дахэу зэрагъэпэщ, спортым, щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэным ехьэлIа IуэхущIапIэхэр къызэIуах, цIыхухэм я нэгу зыщрагъэужьыну щIыпIэхэр и куэдщ, сыт хуэдэ Iуэхутхьэбзэри Мейкъуапэ щыбгъуэтынущ, щIыналъэхэмрэ жылэхэмрэ еджапIэхэр, гъэсапIэхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр къыщызэIуах. А псор и щыхьэтщ Урысейм и Ипщэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъэгухэм ящыщу зыужьыныгъэмкIэ Адыгейр япэ зэритым, АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат и лъахэмрэ и хэкуэгъухэмрэ папщIэ и псэ емыблэжу и къулыкъум зэрыпэрытым. Абы жиIащ Урысей Федерацэм и Президентымрэ Правительствэмрэ, республикэм щыпсэухэм я къарумрэ зэкъуэтыныгъэмрэ я фIыгъэкIэ хэгъэгур зэпIэзэрыт зыужьыныгъэ гъуэгу дахэм зэрытетыр.

– Къэралым и зы Iыхьэу дыщыткIэрэ псоми ди зэхуэдэ къалэнхэр и чэзум зэрыдгъэзэщIэным иужь дитщ, Урысейм, Адыгейм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэхэр япэ идгъэщу долажьэ. А псом хъеру къыпэкIуэр долъагъу, ди цIыхухэм я псэукIэр йофIакIуэ, гъащIэм и

лъэныкъуэ куэдымкIэ ехъулIэныгъэхэр зыIэрыдогъэхьэ, хэгъэгум ис лъэпкъхэм я хабзэр, щэнхабзэр, тхыдэр хъума зэрыхъуным гулъытэ хэха худощI.

Сэ си фIэщ мэхъу укъыщалъхуа хэкур фIыуэ плъагъумэ, укъызыхэкIа лъэпкъым ухуэпэжмэ, уи бзэр, хабзэр, тхыдэр пщIэжмэ, ар мамырыгъэм, лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэм я лъабжьэ быдэу зэрыувынур, а псори Адыгэ Республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуэхъунур, – щыжиIащ КъумпIыл Мурат инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым.

Нобэ Адыгейр дуней псом къыщацIыху лъахэ дахэщ. Абы и щIыуэпсыр, бгылъэ щIыпIэхэр, псыкъелъэхэмрэ псыежэххэмрэ зэ зылъэгъуауэ димыхьэха щыIэу къыщIэкIынкъым. Адыгэ къафэмрэ макъамэмрэ, утыку ит къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ, уи щхьэр лъагэу уэзыгъэлъагъуж «Налмэсымрэ», «Ислъэмеймрэ», IэпэIэсэу, зэчиифIэу, щIэныгъэлIу, тхакIуэу, сурэтыщIу ис цIыху цIэрыIуэхэр уи нэгу къыщыщIыхьэкIэ узэрадыгэм уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым.

Дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа адыгэ кхъуейр, ар зыдэлъ хьэлывэ IэфIыр дэтхэнэ туристми гурыхь щохъу. ФIыгъуэ куэд щыгъэпщкIуа Iуащхьэхэмрэ щэху зыкъом зыхъумэ испы унэхэмрэ зыплъыхьакIуэ куэдым я нэ къыхуокI. Ахэращ нобэ Адыгейр къозыгъэцIыхур, абы и цIыхухэращ Адыгейр фIыуэ уэзыгъэлъагъур. Ди къуэш республикэм дохъуэхъу Урысейми дуней псоми и пщIэр къыщалъытэу, зиужь зэпыту иджыри бэрэ щыIэну!



**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист*

# СИ ЛЭЖЬЫГЪЭХЭМ УКЪЫЗЫХУРАДЖЭР МАМЫРЫГЪЭМРЭ ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭМРЭЩ



СурэтыщI-модельер, дизайнер, Адыгейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, «Лига мира» республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и саугъэтыр зрата, зи цIэр дыщэ IуданэкIэ лъэпкъ тхыдэм щыхэзыдыкIа СтIащ Юрэ Мэхьмуд и къуэм и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 90 ирикъуащ.



СтIащым лъэпкъым дежкIэ иIэ мыхьэнэмрэ абы и цIэм и лъапIагъымрэ къыбжеIэ ар къыщалъхуа махуэр Адыгэ фащэм и махуэу ягъэув у къэрал махуэшхуэ зэращIам. А жэрдэмыр АР-м и Адыгэ Хасэм къыхилъхьэри, 2011 гъэм япэу ягъэлъэпIащ. ИтIанэ, 2014 гъэм, къэрал статус игъуэтащ. Иджы ар, цIыхубэм къызэдащтауэ, адыгэ зэрыс щIыналъэ псоми щаIэт.

Сыхьэт бжыгъэ дапщэкIэ убгъэдэсми урикъунукъым Юрэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы и фащэхэм уеплъ къудей мыхъуу, езым уедэIуэн хуейщ. Зэ еплъыгъуэкIэ «зэхэпхыу» къыбгурыIуэхэри яхэтщ, езыр къызыпхутепсэлъыхьын хуеи щыIэщ. «Япэ адыгэ кутюрье» зыфIаща дэрбзэрым и коллекцэм хэтщ ЩIы хъурейм гуапагъэмрэ мамырыгъэмрэ, зэгурыIуэныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ тепщэ щыхъуным укъыхуезыджэ гупсысэхэр теплъэ зыхуищIа фащэ пщIы бжыгъэхэр.

Дуней псом къыщацIыху ди лъэпкъэгъу дэрбзэрыр. Абы и гъэлъэгъуэныгъэхэр Мейкъуапэ, Краснодар, Налшык, Псыхуабэ, Черкесск, Кисловодск, Ставрополь къалэхэм щызэхэтащ, апхуэдэуи, Сирием, Иорданием, Тыркум, США-м, Германием, Израилым, Эстонием, нэгъуэщI къэралхэми щигъэлъэгъуащ.

Иджыпсту СтIащым и лъэщапIэр здэщыIэр КъуэкIыпIэ къэрал музейм и Кавказ Ищхъэрэ къудамэу Мейкъуапэ дэтыращ. Пщэдджыжьым, жыхуиIа сыхьэт бжыгъэм ирихьэлIэу, дыщIыхьащ абы и деж. Дэныр зи щIэщыгъуэ щIалэм хуэдэу, кIэстум зэпыт щыгъыу

Iэрыгъадэ машинэм пэрысщ Юрэ, пIалъэ дэкIмэ, и гъэлъэгъуэныгъэхэм яхэувэну фэилъхьэгъуэм елэжьу. А пэшым щегъэувэкIар куэд мэхъу, нэр итхьэкъурэ, уеплъ пэтми защумыгъэнщIу. ИтIанэ кърегъажьэ а фащэхэм я хъыбарыр, си упщIэхэм жэуап къаритурэ и IэдакъэщIэкIхэр щегъэувэкIа адрей пэшым дешэ, апхуэдэурэ сыхьэт бжыгъэр дакъикъэ някъуэу блолъэт...

**— Юрэ, мы гъэм уи ныбжьыр илъэс 90 ирокъу. Абы нэсахэр куэд щIащ загъэпсэхуу унэм зэрыщIэсрэ, уэ нэгъуджэ къудеи пIумылъу Iэрыгъадэ машинэм убгъэдэсщ.**

— Сэ нэгъуджэ сIумылъу мастэм Iуданэр изоу иджыри къыздэсым. ЕтIуанэрауэ, илъэс 70 хъуауэ сызыпэрыт Iуэхур лэжьыгъэу зэи къэслъытакъым. Сылэжьакъым зэи, творчествэм сыдихьэха мыхъумэ. Пщэдджыжьым жьыуэ сыкъокIуэри, содэ, собзэ, си IэдакъэщIэкIхэр зрагъэлъагъуну хуейуэ музейм къакIуэхэм сахуозэ, сопсалъэ.

Сэ сытым дежи щIэ гуэр къызолъыхъуэ. ЩIэ гуэр къэзгъэщIыну, щIэ гуэр къасщIэу ар цIыхухэм яхуэсIуэтэну, я пащхьэ ислъхьэну сфIэфIщ. Абы зэи сыхуэщхьэхыркъым.



**— Илъэс 70-кIэ узыпэрыта Iуэхум удихьэха зэрыхъуар сфIэгъэщIэгъуэнщ. ЦIыхухъу IэщIагъэу пхужыIэнукъым ар икIи абы щыгъуэм иджы хуэдэу дэрбзэрхэр щыIэу къыщIэкIынтэкъым.**



— Сэ сызэрыцIыкIурэ творчествэм сыдихьэхырт. Апхуэдэу сыкъигъэщIащ. IэщIагъэм зыхуезгъэсэну сыздэкIуэ лъэщапIэм щылажьэ нэгъунэ си анэм къыхуагъэщIагъуэрт, и къуэр абы зэригъакIуэр. Ауэ сэ зэи сыщIегъуэжакъым. Си псэм фIэфI лэжьыгъэр сщIащ, иджыри сощIэ. ЦIыхур бгъэдэхэн, пхуэпэн нэхъыфI сыт щыIэ? Сыт хуэдиз гуфIэгъуэ къызитат си щхьэм япэу хуэздыжа кIэстумым.

Си гум сызыхуиша IэщIагъэрщ сызыпэрытыр. Си Iуэху щIэкIэри къыхэзыхыжар, къэзыгупсысар сэращ. Сэ сыхуеякъым хьэрычэт Iуэхум сыхыхьэну, зыгуэрхэм сахуэдэурэ ахъшэ къэзлэжьыну. Си щхьэ хуэдэнри щызгъэтыжат, апхуэдизкIэ фащэхэмрэ тхыпхъэщIыпхъэхэмрэ сыдахьэхати. Си

гъащIэ псом си улахуэмкIэ сыщахуэурэ здыуэ аращ мы фащэхэр. Си дежкIэ сытым дежи нэхъыщхьэу щытари щытри цIыхухэм дахагъэ гуэркIэ сахуэупсэнырщ, гупсысэ пэжым тесшэнырщ, фIым къыхуезджэнырщ. Фащэ здыуэ сымыщэ щхьэкIэ, зыдыф куэд згъэсауэ Мейкъуапи, Краснодари, нэгъуэщI къалэхэми щолажьэ. Нобэ «Налмэс» ансамбль цIэрыIуэр зыхуапэр сэ си гъэсэнщ.

Зэи сытезэшакъым си Iуэхум, сужэгъунуи сигу къэкIакъым. Лъэпкъ фащэ щыхъукIэ, дауи, абы и пкъыр къэнэжын хуейщ, ауэ ар сытым дежи пхуегъэфIэкIуэнущ, зыпхуегъэужьынущ уи акъыл, зэфIэкI къызэрихькIэ. Адыгэм и философиер хуабжьу куущ. Фащэ къудеймкIэ куэд пхужыIэнущ.




Лъэпкъым хуэгъэзахэм нэмыщI, дунейпсо гугъуехьхэм сытопсэлъыхьыф сэ си IэдакъэщIэкIхэмкIэ. Зэманым зыкъыкIэрызмыгъэхуу сыкъыдогъуэгурыкIуэ. БлэкIар къызогъэщIэрэщIэж, щыIэр утыку къызохьэ, къэкIуэнум сыхуолажьэ.

**— Юрэ, уи IэдакъэщIэкIхэр, къанэ щымыIэу, уи псалъэхэм щыхьэт ятохъуэ, мыхэр дахэ къудейкъым, атIэ Iуэхугъуэ гуэр къаIуатэ. Тхылъ, газет укъеджэм хуэдэу, дэтхэнэми зыгуэр къыбжеIэ. Куэд щIащ уэ уи лэжьыгъэхэр «псалъэу» журналистхэм зэрытрагъэIукIрэ. Сыту пэж ар.**

— Сэ сытым дежи къыхызогъэщ: фащэхэмкIэ къэзгъэщIыр дахагъэм и закъуэкъым, атIэ зыгуэр жызоIэ. Философие гупсы-

сэ зыщIэмылъ куэд яхэткъым. Си IэдакъэщIэкIхэр къэзгъэсэбэпурэ цIыхухэм, дунейм яхузоIуатэ гуапагъэм, дахагъэм, мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэм, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным, цIыху зэхущытыкIэм, нэгъуэщIхэми ятеухуахэр. Ди лIыхъужьхэм, бзылъхугъэ щIыкIафIэхэм я теплъэхэр къызогъэлъагъуэ. Ди къэралым и къекIуэкIыкIам и пIалъэ гуэрхэм, Хэку зауэшхуэм, зэхъуэкIыныгъэхэм я гугъу сощI.

Дунейр лъэныкъуэ куэду зэхэлъщ, зэмылIэужьыгъуэ куэди щызокIуэ. ФIыи, Iеи, сэбэпи, мыхъумыщIи къыщохъу, дрохьэлIэ. Си лэжьыгъэмкIэ нэхъ згъэбелджылыр фIыращ, цIыху зэхущытыкIэм куэд зэрелъытарщ.

**— Фащэ нэхъ цIэрыIуэу зыбжанэ уиIэщ. ЗэрыжыпIауи, абыхэм, зыгуэрым и дамыгъэу, нобэ музейхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр ягъэдахэ. Сэ фIыуэ слъагъур Адыгэ Республикэм и цIэр зытет фащэ удзыфэрщ, дыщэ IуданэкIэ хэдыкIауэ. Уафэ къащхъуэр зи плъыфэ фащэр ООН-м хуэбгъэпсащ, уеблэмэ журналистхэм я лэжьыгъэр зэрымытыншыр къэрибгъэлъэгъуащ фащэ плъыжь дахэм. Нобэ нэхъ гъунэгъуу слъэгъуа «Тыргъэтауэ», «Джэгъэтей» зи фIэщыгъэ фащэхэм егъэлеяуэ сатхьэкъуащ.**



— Гъэлъэгъуэныгъэхэм сыхэтурэ Америкэми сыкъыщащIэ хъуащ 1990 гъэхэм. 1993 гъэм Нью-Джерси къикIри письмо къысIэрыхьащ, абы щыIэ ди лъэпкъэгъухэм я къэфакIуэ ансамблым фащэ яхуэздыну срагъэблагъэу иту. Апхуэдэ жэрдэм зыщIахэм зыкъыпхуагъэзауэ «хьэуэ» къыхэбгъэкI хъурэт. МазихкIэ сыщылэжьауэ щытащ. «Тыргъэтауэ», «Джэгъэтей» жыхуиIэ фащэхэри, нэгъуэщI зы цIыхубз фащэ дахи здэсшат абы. А зэманым ирихьэлIэу Вашингтон Унэ Хужьым и утым Лъэпкъ щэнхабзэхэм я махуэм ирихьэлIэу гъэлъэгъуэныгъэ щекIуэкIырти, сэри сыхагъэхьащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм еплъыну жэрдэм зиIэхэр куэд хъурт, лъэпкъыу абы къыщызэхуэсар къэлъытэгъуейт. Сэри хуабжьу сригушхуэрт Адыгейм икIа фащэхэр дуней псом щызэрахьэхэм я гъусэу Iуэхум зэрыхэтым. А гъэлъэгъуэныгъэм темытхыхьа америкэ хъыбарегъащIэ IэнатIэ щыIэжтэкъым. Абы къекIуэлIахэм я еплъыкIэр зратха тхылъым Адыгэ фащэм теухуа гупсысэ дахэхэр бзэ зэмылIэужьыгъуэу 23-кIэ къыщаIуэтат. «СтIащ Юрэ и IэдакъэщIэкIхэр гъуазджэм и бзэкIэ мамырыгъэм топсэлъыхьыф», — яхэтащ абыхэм. Апхуэдэу цIыхур къыдихьэхат «Тыргъэтауэрэ» «Джэгъэтейрэ» я фащэхэм.

2015 гъэм ООН-м къызэригъэпэща «Дунейпсо щэнхабзэ» форумым срагъэблэгъауэ щытащ. Абы си лэжьыгъэхэр видеокӀэ щызгъэлъагъуэурэ сыщытепсэлъыхьащ, куэдми фӀыщӀэ къысхуащӀу къызбгъэдыхьащ. «ООН-м и фащэр» лъэпкъ зэгурыӀуэныгъэмрэ зэӀузэпэщыныгъэмрэщ зи дамыгъэр. Зэ ӀуплъэгъуэкӀэ, ар адыгэ бзылъхугъэ фащэ къызэрыгуэкӀщ. Ауэ пщащэм и ӀитӀыр иӀэта нэужь, зэпэхъурей мэхъу, планетэр уи нэгу къыщӀигъэхьэу. ООН-р къыщызэрагъэпэщамрэ (1945) фащэр щыздамрэ (1995) тетщ абы. Мыбдежым зэбгъапщэ хъунущ кавказ хабзэжьымрэ ООН-р зытетыпхъэу къэслъытэ хабзэмрэ. ЦӀыхуитӀ зэпэщӀэувам бзылъхугъэм и ӀэлъэщӀыр я зэхуаку дидза нэужь, зэзэуэныр щагъэту щытащ. ООН-м и мыхьэнэм теухуа бзылъхугъэ фащэм си нэгу къыщӀигъэхьэр аращ.



Уэ жыхуэпӀэ фащэ плъыжьри журналистхэм ятезухуащ. 2008 гъэм Дыгъэмыс щекӀуэкӀа, Журналистхэм я дунейпсо конференцэм сыхэтащ, гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэзгъэпэщауэ. Абы сыкъикӀыжа нэужь здащ а фащэр. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ, илъэс къэс журналисти 100 хуэдиз зэпэщӀэувэныгъэхэм, зауэхэм хокӀуадэ. Сэ фӀыщӀэ яхузощӀ а лэжьыгъэ гугъум пэрытхэм.

Адыгэ Республикэм хуэзгъэпса фащэм лъабжьэ иӀэщ. Совет Союзым и лъэхъэнэм дэ автономие къызэрыдатам ди лъэпкъыр кърагъэлауэ жыпӀэ хъунущ, ар зыхъумэжыныгъэмкӀэ лъэбакъуэшхуэт. Илъэс 30 ипэ республикэ дыхъуащ. Абы и мыхьэнэ псори къагурыӀуэну сыхуейщ дэтхэнэ зы адыгэми. Мис абыхэм сыхуашащ къэрал ныпу узыӀуплъэ фащэр дыным. Абы дыщэ ӀуданэкӀэ щыхэдыкӀащ вагъуэ 12-мрэ шабзищымрэ. Апхуэдэуи ди хэгъэгум и цӀэмрэ ар къыщыунэхуа гъэмрэ (1991) тетщ.

**— Юрэ, ди гуапэ зэрыхъущи, нобэрей щӀалэгъуалэм фащэр «щатӀэгъэж», абы иӀэ щӀэупщӀэр гъэ къэс нэхъыбэ мэхъу. Фащэ зыдхэм я бжыгъэм хохъуэ, уеблэмэ, ар фейдэ хъарзынэ**

**къызыпэкIуэ хьэрычэтыщIэ Iуэху хъуащ. Лъэпкъым къыдекIуэкI фащэр къэгъэщIэрэщIэжыным, ар цIыхухэм фIыуэ егъэлъагъужыным уэ куэд хэплъхьауэ къызолъытэ.**

— Сэ куэдрэ сылэжьэн хуей хъуащ адыгэ фащэр тыкуэнхэм къыщIалъхьэжын папщIэ. ЗэманкIэ узэIэбэкIыжмэ, абы хуей щIагъуэ щыIэтэкъым. ИкIи сфIэфIщ ар дыныр, щэныр бизнес лIэужьыгъуэу зэрырагъэжьар. Си гур хегъахъуэ ар щIалэгъуалэм зэрызыщатIэгъэжми.



Сыт хуэдэ лъэпкъми и псэр зыхэлъыр и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэщ, и анэдэлъхубзэрщ. Нобэ дунейм тетщ абыхэмкIэ бей лъэпкъ куэд, адыгэхэри абыхэм ящыщщ. Адыгейм япэ къакIуэхэм ялъагъуну нэхъ къащтэр щыпсэу лъэпкъым и хабзэрщ, бгъэдэлъ хъугъуэфIыгъуэрщ, адрей псори Москва, Санкт-Петербург е нэгъуэщI щIыпIэхэм щалъагъу. Мис абы и лъэныкъуэкIэ лъэпкъ щэнхабзэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Апхуэдэ дыдэщ бзэр хъумэным дызэрыхуэсакъын хуейри. Дэтхэнэ хьэпшыпми адыгэцIэ иIэщ, атIэ а бзэр хъумэн щхьэ хуэмейрэ?!

Си гъэлъэгъуэныгъэхэм кърихьэлIэ куэдым ягъэщIагъуэ ди лъэпкъыр IуэрыIуатэкIэ, тхыдэкIэ, хабзэкIэ зэрыкъулейр. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Iэдииху, Лашын, Сосрыкъуэ, Нартхэр, нэгъуэщI цIэхэр зиIэ фащэхэр щалъагъукIэ, къыщIоупщIэ. Сэ абыхэм я хъыбархэр яжызоIэж. Зы фащэм и теплъэмрэ ар зезыхьа лIыхъужьым и хъыбарымрэ уи нэгу къыщIагъэхьэфынущ зэбгъэцIыхуа лъэпкъым и шыфэлIыфэр.

Нобэ тынш хъуащ фащэр бдыныр, ар зыщэхун зэрыщыIэми ущогуфIыкI. Иджыпсту абы епхьэлIэну псори хьэзыру къыпхуощэху. Сэ а псори си IэкIэ сщIыжырт. Уеблэмэ гъущIым къыхэщIыкIа ету иным илъ фIамыщIыр зэщIэплъэн папщIэ си Iэр игъэузауэ щIэзупскIэу зэрыщытар иджыри сощIэж. Ауэ а узыхуэныкъуэу умыгъуэтым уи акъылыр игъэлажьэрт, хэкIыпIэ гуэрхэр къуигъэгупсысырти, уи лэжьыгъэр нэхъри щIэщыгъуэ ищIырт.

**— Юрэ, дэ узэрытцIыхур уи фащэхэмкIэщ, аращ цIэрыIуэ узыщIари. Ауэ нобэ япэу гъунэгъуу слъагъу мы панно щхъуэкIэплъыкIэхэм уелэжьыныр сытым къыхэкIа? Декоратив-но-прикладной гъуазджэкIэ зэджэу иужьрей лIэщIыгъуэм къежьа мы Iуэхум адыгэмэ щыбгъэуащ.**

— Дауи, ухуитщ мыпхуэдэ адыгэм иIакъым жыпIэну, ауэ уи нэгу къыщIэгъэхьэт, блыным фIадзэу щыта арджэнхэр, пщащэхэм фащэ щащыгъым и деж яIыгъыу щыта жьыхур, дыщэидэкIэ хадыкIыу щыта щэкI кIапэхэр. Ахэракъэ панно хъужыр. Сэ сытым дежи жьымрэ щIэмрэ зы Iуданэ псыгъуэкIэ зэспхыну сыхэтщ. Мис мы лэжьыгъэхэм къагъэлъагъуэ а тIур къызэдэгъуэгурыкIуэну Iэмал зэрыщыIэр.

Уэ гу зылъыпта мы Iуданэ щхъуэкIэплъыкIэ дахэхэри зыщIыжыр сэращ. СфIэфIщ панномкIэ зы Iуэхугъуэ гуэр къэзгъэлъэгъуэну, философие гупсысэ гуэр щIэслъхьэну, абы еплъым и гур псэху къудей мыхъуу, зы щхьэпагъ гуэр «къыжриIэу» хэздыкIыну. Ахэр къыхэщIыкIащ щэкIым, фэм... Сытми къыхэсщIыкIыфынущ ар сэ. ПхъэнкIийми къыхэсщIыкIыфынущ къабзагъэм и нэщэнэу, кIэрыхубжьэрыхукIэ дунейр умыуцIэпIу ар зыгуэркIэ къэбгъэсэбэп зэрыхъунум цIыхухэр къыхуезджэу. Апхуэдэ лэжьыгъэ куэд сиIэщ. 



Ахэр къызыхэщIыкIам мыхьэнэ есткъым, сэркIэ нэхъыщхьэр абы и купщIэрщ. ТхылъымпIэми къыпхухощIыкI панно, дахэу, мы-

хьэнэ иIэу, цIыхум къыхуэщхьэпэн, абы и гум зы фIы гуэр къыщигъэушын хуэдэу. Театрым кIуа цIыхум, абы щIэсыху, и дунейм зехъуэж, зы фIы гуэр, гуапагъ гуэр и гум къыщоуш. Апхуэдэщ паннохэм ягъэзащIэ къалэнри.

Мыбыхэм я щIыкIэр, зэхэджэкIэр зыгуэрым къигупсысауэ щыIами сщIэркъым, ауэ сэ езыр-езыру сыхуэкIуащ. Пэжщ, зэIущэныр, дауи, ди лъэпкъ IэпэIэсагъэщ. Арджэныр абы и щыхьэткъэ! Сэ куэд щIэзджыкIащ адыгэм и тхыдэм, IуэрыIуатэм, хабзэм теухуауэ. Декоративно-прикладной гъуазджэм ухэмыувэфынкIэ Iэмал иIэкъым апхуэдэ беягъ убгъэдэлъу. Япэу сщIахэм ящыщщ «1864», «Ирахуахэр» паннохэр, ахэр къызэрыбгурыIуащи, зытеухуар 1864 гъэм къэхъуа Iуэхугъуэ гуузхэрщ, адыгэ лъэпкъым и хэкур зэрырагъэбгынарщ. Ахэр хуабжьу ягу ирихьащ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм щыпсэу иджырей адыгэхэм. Лъэпкъ паннохэм яхыубжэ хъунущ «Мамырыгъэ ирелъ уи унагъуэм» лэжьыгъэри. Ар адыгэ жьэгум хуэдэу щIащ, гуапагъэ, мамырыгъэ, зэгурыIуэ илъыным и нэщэнэщ. Абы и щхьэм тетщ Iуданэ зэмыфэгъуу блыкIэ хэдыкIа лэгъупыкъур. Ахэр зэбгъурылъ щыхъукIэ, зыкIи зэмыщхь лъэпкъхэр, цIыхухэр мамыру къызэдэгъуэгурыкIуэ щхьэ мыхъурэ?!



Дунейпсо мыхьэнэ зиIэхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, щIы хъурейм и макет цIэрыIуэр. Ар ди планетэм щыпсэу цIыхухэм, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм, шыIэныгъэм хуэгъэпсащ. Ар зэрыхэздыкIа данэ Iуданэхэр къыщIэсIукIауэ щытащ, апхуэдэуи цы IуданэкIи селэжьащ. «ЩыIагъэ» («ШыIэныгъэ» — **Н.З.**) — жиIэу адыгеибзэкIи тетщ абы. ЦIыху псори, зыщыщ лъэпкъыми, зэрихьэ динми емылъытауэ, шыIэныгъэрэ зэгурыIуэрэ я зэхуаку дэлъу зэбгъэдэтын хуейщ. АбыкIэ дэ сэбэп къытхуэхъунущ дахагъэмрэ гъуазджэмрэ.

*Епсэлъар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ,**
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.*
*Налшык — Мейкъуапэ*

# ЩIыхуэ тыжыкIэ

*Хъыбар*

Хъуэжэ и дунейр къулейсызу ихьащ, ауэ къулейсыз щхьэкIэ зэи нэщхъейуэ щытакъым. ГушыIэрейуэ, цIыхухэм фIыуэ ялъагъуу апхуэдэт.

Зэгуэрым Хъуэжэ щIыхуэ къищтат. ЩIыхуэр къызыIихар тIу хъурт, Хъуэжэ пIалъэ яхуищIар къыщысым щIалитIыр зэ къэкIуаи, тIэу къэкIуаи. Дапщэри мыдрейми щхьэусыгъуэ яхуищIурэ игъэкIуэжырт. Хъуэжэ иужь дыдэ ярита пIалъэр къэблагъэу щыхуежьэм, гузавэри губгъуэм дэкIащ, тIэкIу къикIухьыну. Зэманыр май мазэти, Хъуэжэ губгъуэр къикIухьурэ зы тхьэкIумэкIыхь цIыкIу къигъуэтащ. Ар тхьэкIумэкIыхь цIыкIум хуабжьу щыгуфIыкIащ икIи игу къэкIащ зи щIыхуэ стелъхэр къакIуэмэ, я щIыхуэм пэувынщ, жиIэри. ТхьэкIумэкIыхь цIыкIур къихьри къэкIуэжащ. Хъуэжэ и фызри мэгуфIэ, езы тIум я закъуэт, бын яIэтэкъыми, нэгъуэщI мыхъуми зэштегъэуууэ диIэнщ, жеIэри. Хъуэжэ тхьэкIумэкIыхь цIыкIур игъэсэну иужь йохьэ, зэман докIри, Iэпыдзлъэпыдз хъууэ хуожьэ: кIуэи мобы къысхуеджэ, жиIэрэ къыщIигъэкIыу, зыкъомрэ къэтрэ щIыхьэжу, гъуэгум тригъэувэрэ иутIыпщмэ умылъагъужыху гъуэгум тету жэрэ, итIанэ къигъэзэжу.

Хъуэжэ и фызри игъэIущащ: «Иджы зи щIыхуэ стелъхэр къакIуэмэ, умыбэлэрыгъ, сэ тхьэкIумэкIыхь цIыкIур ныщIэзгъэкIмэ, къэубыди, къыщIыхьэж, сыт мыр къыщIызэбгъэджар, жыIи. ХьэщIэхэр ехъуэпсэнщи, щIыхуэм и пIэкIэ тIахынкIэ хъунщ».

ПIалъэ зэратар къэсри, щIыхуэр Iахыжыну щIалитIыр къэкIуащ. Хэгъэрейр щIэжри шууитIым я лъэрыгъ псыфэр иубыдри, шым кърригъэпсыхащ, зи щIыхуэ птелъыр гугъукъэ, хьэщIэхэм дахэ яжриIэу, къапижыхьу унэм кърригъэблэгъащ. ХьэщIэхэмрэ абырэ хъыбаркIэ, хъеркIэ зэпсалъэурэ зыкъомрэ щыса нэужь, Хъуэжэ бжэр къыIуихри тхьэкIумэкIыхь цIыкIур къыщIигъэкIащ: «КIуэи унэгуащэр пщэфIэну жеIэ, ди хьэщIэхэр дгъэмэжэлIащ», – жиIэри. Хъуэжэрэ и фызымрэ зэрыгъэIущагъэххэт, фызым тхьэкIумэкIыхь цIыкIур зыкъомрэ иIыгъри, и IэплIэм зэрису къыщIыхьащ, ар Хъуэжэ кърритыжри: «Сэ иджыпсту», – жиIэри щIэкIыжащ.

– Афэрым, – жриIащ Хъуэжэ тхьэкIумэкIыхьым телъэщIыхьурэ, – дэ бын щыдимыIэми мы цIыкIур Iэпыдзлъэпыдзу алыхьым къыдитат.

Зэман щIагъуэ дэмыкIыу Хъуэжэ и фызым хьэщIэхэм шыгъупIастэ къахухщIихьащ. Псори зи фIыщIэр тхьэкIумэкIыхьрауэ жаIэ фызми Хъуэжэи. ХьэщIэхэм я шхэн зэфIэкIри кърагъэжьащ къыщIэкIуа Iуэхур, ди щIыхуэр фIыуэ пIыгъащ, къыдэптыжтэм, жаIэри. Хъуэжэ пцIы иупсыфынтэкъэ, хьэщIэхэм аргуэру пIалъэ яхуищIу щIидзащ. ХьэщIитIыр зэчэнджэщыжри, «мыбы махуэ къэскIэ дыкъэкIуэфынкъым, ди щIыхуэм и пIэкIэ мы тхьэкIумэкIыхь цIыкIур къеIыдгъэх», – жаIащ.

– Уэри угузавэ, ахъшэ иджыпсту узэримыIэри къыдгуроIуэ, Хъуэжэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, мы уи тхьэкIумэкIыхь цIыкIур къыдэт.

Игъащlэм тлъэгъуакъым мыбы хуэдэ гъэщlэгъуэн, ди щlыхуэ птелъыр пхуэдгъэгъунщ.

Хъуэжэ зыхуеиххэр арат, ауэ апхуэдэу занщlэу зыпт хъурэт? Гурыщхъуэ ящlынут.

– Мы цlыкlур димыlэу дэ дауэ дыпсэужын? Дэнэкlи нэсу lуэхутхьэбзащlэу диlэр мы зы цlыкlуращ.

Сытми, Хъуэжэ и жагъуэ хуэдэурэ, хьэщlэхэм тхьэкlумэкlыхьыр яритыну ягурыlуащ.

– Уа, Хъуэжэ, – жаlащ щlалитlыр щыдэкlыжым, – мы тхьэкlумэкlыхь цlыкlур дяпэ ищу хъыбар яригъэщlэфыну пlэрэ ди деж щlэсхэм?

– lэгъу, си жагъуэ щхьэ къэфщlрэ, – зигъэгусэ нэпцl зещl Хъуэжэ. – Ар дэнэ ухуейми кlуэнущ. Моуэ къуажэм фызэрыдэкlыжу гъуэгум тевгъэуви фызыхуейр жефlэ, здэвгъакlуэм нэсыху къэувыlэнукъым.

Апхуэдэуи ящlащ: жылэр къызэрабгынэу, тхьэкlумэкlыхь цlыкlум и гупэр здэкlуэжыну къуажэмкlэ ягъазэри, «дынэсыжыху ди унэгуащэхэр тхуэпщэфlэну тхуажеlэж», – жаlэри яутlыпщащ. Тхьэкlумэкlыхь цlыкlуми и тхьэкlумитlыр дзасэм хуэдэу ирисэщ, лэныстэм хуэдэу закъыхуигъабзэри, айдэ маржэ, уафэхъуэпскlым хуэдэу илъри, зы дакъикъэм нэм lэщlэкlащ. Тхьэкlумэкlыхьхэм я хабзэщ гъуэгур ягъуэтамэ, абы тету куэдрэ жэуэ. Мыри, шууитlым я нэм имылъагъужыху жэри, уэх тlэкlум зэрилъадэу, пабжьэм хэлъэдэжри, макlуэ-мэлъей, къызыхэкlам хыхьэжащ.

Щlалитlыр зэкъуэшитlт, зы пщlантlи щыпсэурт, къашагъащlэт. Пщыхьэщхьэхуегъэзэкl хъуауэ, еша-елlауэ мо тlур пщlантlэм къыдыхьэжри, я нысащlэхэр къаlущlакъым. Къаlущlэн дэнэ къэна, къэкlуэжыну я мыгугъэххэу цы япщlу щысхэт. Щlалитlыр мо ялъагъум къигъэгубжьащ.

– Мыр сыт хьэдыгъуэдахэ! – кlиящ нэхъыжьыр. – Нышэдибэ хъыбар къывэдгъэщlащ ныщхьэбэ дыкъызэрысыжымкlэ, фэ мафlэ къудей фымыщlауэ цы зэlывощlэри фыщысщ.

НысащlитIыр къыщылъэтащи, мобы жиlэр зыхуахьынур ящlэркъым.

– Хэт, на-а, хъыбарегъащlэ къэвгъэкlуар? Зы цlыху, мыбы фэ фызэрыдэкlрэ, ди пщlантlэ щепсыхакъым, къаджэуи къыджиlакъым.

– Дауикl, – жиlащ къуэш нэхъыщlэм, – а дэ къэдгъэкlуар шым тесакъым. Ди щlыхуэм и пlэкlэ Хъуэжэ тхьэкlумэкlыхь гъэса къеlытхати, хъыбарегъащlэ къэдгъэкlуащ.

Удыхьэшхынумэ, къеблагъэ, нысащlитlыр зэкlуэцlоч, унащхьэр трауд жыпlэнущ.

– А-а дэ ди хьэжболэжьитl мыгъуэ, сыту фыпыlэ хуабэ фэ тlур. Дэкум хуэдэу фыкъигъэпцlащ Хъуэжэ. Тхьэкlумэкlыхь дэнэ къэна, алыхь, бадзэ къэмыкlуа фэ къывбгъэдэкlыу. Фыпыкl мы Хъуэжэ, нэхъ хьэдыгъуэдахэ къывимыщlэ щlыкlэ.

Сэ яхэпlуам лъы ткlуэпс къащlэмыкlыну губжьащ зэкъуэшитlыр, тlысри тхьэ яlуащ Хъуэжэ хуамыгъэгъуну, я щlыхуэр къыlахыжын дэнэ къэна, жылэ псор зэхэту и напэр трахыну.

Хъуэжэи абыхэм нэхърэ нэхъ делэт? Щlалитlыр зэрыкlуэжу и фызыр игъэтlысри жриlащ:

– Уэлэхьэ, фызыжь, мы зэкъуэшитIым нобэ къамыгъазэми пщэдей, пщэдей мыхъумэ мазэ дэкIым къагъэзэнум. Iэмал гуэр къэгупсысам нэхъыфIт. Сэ зыгуэр си щхьэм къихьащ, ауэ абы иджыри фIыуэ егупсысын хуейщ. КъедаIуэт...

И лIым жиIэр фызым игу ирихьащ. Гъэ кIуар уэгъуу щытати, гъавэм къимыгъэгузавэ куэд бгъуэтынутэкъым, зи ныбэ изу шхэр мащIэт, яIэ тIэкIум гъавэщIэм зынрагъэлъэфэсыну хэтт. Хъуэжэ къигупсыса хьилагъэм пэщIэтыфын цIыху гъуэтыгъуейт.

Арати, мазэ дэкIа, мазитI дэкIа, щIалитIыр Хъуэжэ и деж къэкIуащ. Хъуэжэ мобыхэм ярищIар ищIэжыртэкъэ, зимыIэжьэу къыщIэжри, пщIантIэм къыдыхьахэр иригъэпсыхащ, шыхэр Iуэм иришэри, шхалъэ хъурейм ирипхащ. АпщIондэху унэгуащэм шыуанкIэ пIастэпс тригъэуващ, пIастапхъэр лъэсауэ иIэти, псы щIыIэм хикIутащ. ХьэщIэхэр къыщIыхьэу тIыса нэужь, Хъуэжэ и щхьэгъусэм зыхуигъэзащ:

– УпщафIэркъэ, хуэмыху, хьэщIэ дызэриIэр плъагъуркъэ?

– Тхьэ дыдэ, солъагъум, – къет жэуап унэгуащэм. – Си пIастэпсыр тезгъэуващ иджыпсту къэвэнущ, лы гъурым сыт ижьэ, дзасэм пылъу модрей пэшым и жьэгум дэтщ, зы дакъикъэм жьэнущ. Сэ мыдэ пIастапхъэ тIэкIур слъэсынщи...

Ар жиIэри, унэгуащэм и жыпым хъыдан зэкIуэцIыпха тIэкIу кърихащ. ХьэщIитIми ялъагъуу ар зэкIуэцIихри, хугу Iэмыщэ мыхъуну кIуэцIылъым щыщ зы хьэдзэ къыхихащ, ар плIыуэ зэгуигъэпкIри, Iыхьищыр хугум хилъхьэжри, хъыданыр зэкIуэцIипхэжащ. Ар и жыпым ирилъхьэжа нэужь, къэна Iыхьэ плIанэр унэгуащэм илъэсри, псы къавэм хидзащ. Куэд дэмыкIыу Хъуэжэ и фызым хьэкум къытрихыжащ бахъейр къыхихыу пIастэ шыуан. ЗэкъуэшитIым я нэр зэблэжащ.

– Дэ дыкъыщIэкIуар.... – кърегъэжьащ зым.

– СощIэ, – иIэтащ и IитIыр Хъуэжэ. – Зыри къэмынэу сощIэ. А зиунагъуэрэ, фыдэкIыжри, си щхьэр фIэзудыжу сыщысащ: фэри фыкъызэупщIакъым, сэри сигу къэкIыжакъым тхьэкIумэкIыхьым фызэрепсэлъэну бзэр фэзгъэщIэну.

– ТхьэкIумэкIыхьыр зэпыту укIуэ, ар къызыхэкIам хыхьэжащ, – жиIащ нэхъыжьым. – Абы щыгъуэ дыкъэбгъэпцIами, мы уи хугур къыздипхар къыджыIэ, Хъуэжэ.

– Уэлэхьэ, сэ ар вжесIэ мыхъуну, хъуми, ар здэщыIэм фымыкIуэфыну. Мо фызыжьым и жыпым ирилъхьэжа хугу IэмыщIэр илъэситI-щыкIэ дрикъунущ. Индыл адэкIэ зекIуэ кIуа зыгуэрым къысхуихьыгъат мыр, жылапхъэ IэмыщIи и гъусэу.

– Хъуэжэ, – жаIащ зэкъуэшитIым, – ди щIыхуэри ирикъункIэ пIыгъащ. Ауэ ари хьэлэл пхухъу, къыпIытхыжыркъым, хугу хьэдзитIрэ жылапхъэ хьэдзэ зытхухрэ къыдэт.

– Уэлэхьэ, сымыщIэ, – зрелъэфыхь Хъуэжэ, и нэщхъыр зэхэлъщ. – Мыр къысхуэзыхьам псалъэ естауэ щытащ... ЗыгуэркIэ зэхихыжмэ, си напэр къытемыхьэжыну текIащ.

– Ди жьэ къыжьэдэдгъэкIынкъым. КъурIэнкIэ тхьэ пхудоIуэ.

– Тобэ Iэстофрилэхь, – къэтэджащ Хъуэжэ, – ди тхьэ, гуэныхь сщумыщI нобэ сэ мы тIум сагъащIэр. Уэ, фызыжь, хьэдзитI ет мы-

быхэм. ХьэдзитI! КъыбгурыIуа? Сэ сыкIуэнщи, а жылапхъэм щыщ зыщыплI къахуэсхьынщ.

– Зыхыбл, – еплъащ абы зэкъуэшхэр.

– ЗыщыплIыр зэвгъэзэгъ. Сэ хэссэну сиIэр мащIэ дыдэщ, ауэ фыкъэзгъэгугъа хъуащи, сыт сщIэн, фэстынщ.

Гуэным кIуэри, пхъэ ашыкышхуэм илъ ху мыужьгъым щыщ зыщыплI къыхихри, къахуихьащ. Хъуэжэ и физым и жыпым илъ хугум щыщ цIыкIуитI къыкIуэцIихри, а псори хъыдан кIапэ хукIуэцIалъхьащ, сэлам ирахыжри зэкъуэшитIыр ирагъэжьэжащ.

– Хъуэжэ дигъэунащ! – зэрыщIэгуэжащ а тIур унэм. – ПсынщIэу пIастэпс тевгъэувэ. Ар къэвэху дэ дыкIуэнщи мы жылэхэр хэтсэнщ.

Псыр къэвэху, щIалитIыр щIэкIри, гъатхэпэ мазэти, ху жылэ кърататар хасащ. Джэдым къыщIамыхыжын щхьэкIэ банэ гуэри тралъхьэри, унэм щIыхьэжащ. Псыр къэвати, зэкъуэшитIым язым хугу хьэдзэр зэгуигъэпкIщ, и Iыхьэ плIанэм псы дигъэжэхри, къавэу хьэкущхьэм тет шыуаным хидзащ.

– Ар сыт, на-а, абы хэбдзар? – щIэупщIащ нэхъыщIэм и физыр.

– Хугу хьэдзэ плIанэр пIастэ шыуан мэхъу, ди нэкIэ тлъэгъуащ, – жиIащ абы и лIым.

– Тлъагъумэ тIуэтэжынщ, – зэплъыжащ нысащIитIыр. Зэплъыжри, «пIытхъ» жаIэу къыщиудри, дыхьэшхащ.

Хугу хьэдзэм и Iыхьэ плIанэр мавэ, бэлагъымкIэ нысащIитIым чэзууэ зэIащIэ, ауэ пIастэ хъун дэнэ къэна, хьэдзэ плIанэ халъхьари хэкIуэдащи, халъэгъуэжыркъым, псы къавэм зэпкърихри, лъыхъуи пэт, Iу бахъэу хэкIуэдащ. Къэнэжар хаса хурати, гъэ псом абы пэплъащ. Ар хъуа нэужь, ягъэлъэлъэжри пIастэ ящIыну щыхуежьэм, я фIэщ хъуащ Хъуэжэ аргуэру къызэригъэпцIар.



– Мы дунейм псэууэ тедгъэтынкъым! – я къамэхэр щIакъузэ зэкъуэшитIым. – Иджы дыкIуэрэ ахъшэр къыдимытыжым, деуэнщи дукIынщ.

– ФыпыкI жытIатэкъэ мы Хъуэжэ, – жаIащ нысащIитIым. – Аргуэру фыкъигъэпцIэнущ, фи напэр тримыхыу къэвгъанэ мыр. Дыщэ тумэн щхьэкIэ Къэбэрдей псом фи напэр щытревгъэхыну?

АрщхьэкIэ дэнэт! ДэшэсыкIри, кIуащ Хъуэжэ и деж. А зэманым ирихьэлIэу Хъуэжэ губгъуэм иту къигъуэтат шы пщIэгъуалэжь гуэр, къупщхьэрэ фэрэ фIэкIа зыри кIэрымылъу. Тхьэм ещIэт ар дэзыхуар, къысхуэпщIэм нэхърэ пшхыр нэхъыбэщ, жиIэу. НтIэ, Хъуэжэ ар унэм къишауэ и бом щIэтт, тIэкIу игъашхэу, зыкъригъэужьыжу ирипсэуну и мураду. Езы Хъуэжэ и унагъуэр иригъэпсэуну иIэр зы дыщэ сом закъуэт, ари зыгуэрым хуэлIыщIэри кърита уэ. А дыщэ сом закъуэр стIолыщхьэм щигъэкIэрахъуэу здэщысым, къилъэгъуащ куэбжэм къыIухьа шууитIыр. Шэч хэлъкъым, зи щIыхуэ телъхэрат. Сыт ищIэнт, къыщIэкIри куэбжэр Iуихащ, пщIантIэм къыдигъэхьэри, зэкъуэшитIыр кърigъэпсыхащ, шыхэр бом щIишэри ирипхащ. ЩIалитIым ямылъагъуу Хъуэжэ дыщэ сомыр и пщIэгъуалэжьым кIэщIидзащ. ПщIантIэм къыдыхьэжа нэужь, щIалэ нэхъыжьым кърigъажьэри Хъуэжэ жриIащ:

– Иджы, Хъуэжэ, мащIэри дыкъэбгъэкIуакъым, мащIэри дыкъэбгъэпцIакъым. Уилъ къэтхьынуи дыхуейкъым, уи зэрани дылъыхъуэркъым, ауэ ди щIыхуэр къыдэтыж.

– ПцIыуэ зы псалъэ жыпIэркъым, – хоплъэ Хъуэжэ. – ПIалъэу фхуэсщIам къыхэжыжынкъым, иджыри зы пIалъэ фхуэсщIынущи, мы зэм фыкъыспэплъэж.

– Зы дакъикъэ дыныппэплъэнукъым! – зыкъратIащ зэкъуэшитIым.

– Сэ сызыщыгугъыр алыхьырщ, алыхьым нэмыщIкIэ мо бом щIэту флъэгъуа си пщIэгъуалэжьыращ.

– Сыт а дэ тлъэгъуа шы къабыргъэм ущыгугъкIэ?

– ФынакIуэт... Е, зэ фымыпIащIэ, шэджагъуэ азэныр къэвгъаджэ, мис итIанэ псори флъагъунщ...

Шэджагъуэ азэныр къэджа нэужь, Хъуэжэ зэкъуэшитIыр бом щIишэри, пщIэгъуалэжьым бгъэдишащ, пхъэшыкъум еупсея башыр къиищтэри, шым къыкIэрыхуар зэIищIэу щIидзащ. ТIэкIу дэкIри, цIуужу дыщэ сомыр къыхихащ. ЗэкъуэшитIыр зэплъыжащ.

– Мис, – жиIащ Хъуэжэ, – махуэ къэс, шэджагъуэ азэныр къэджа нэужь, мы си шыжьым дыщэ сом къыкIэроху. Зы тхьэмахуитI хуэдиз фыкъыспэплъэжам, фи тумэныр фэстыжынут. ФыкъызэрызгъэпцIам и щыхьэту мы дыщэ сомыр фызот, – хуишиящ сомыр щIалитIым.

ЗэкъуэшитIым ахъшэр Iахакъым, ауэ шым и Iуэхур гъэщIэгъуэн ящыхъуащ, зэрыIушщ, зэхъуцацэри, шыр ярищэну елъэIуащ. Хъуэжэ, Iэли уди, идакъым. «Аращ сэ сызыкъуэпсэукIыр, шхын щхьэкIэ сывгъэлIэну ара?» – и пIэм яхуичыркъым.

– Ди тумэныр хэкIыжу шым и уасэр жыIэ, – кIэрыкIыркъым мо тIур.

Хъуэжэ пхъэшыкъум тетIысхьэри, хэгупсысыхьащ. Дакъикъэ щысащ, дакъикъипщIи блэкIащ.

– ЛIо, зыри жыпIэркъыми, Хъуэжэ? – къоупщI зэкъуэшхэр.

– Зыри щIыжызмыIэр фэри фщIэн хуейщ, – жиIащ Хъуэжэ. – Сэ си псэр зыхэлъыр а ширащ. Дауэ сэ сызэрыпсэунур ар симыIэжмэ? Фэзмыщэми соукIытэр, фи ахъшэ стелъщ, сэ сыкъулейсызщи, дыщэ тумэныр схузэхуэхьэсыркъым. Мыбы къыкIэрыху сомыр шхыни щыгъыни щIын хуейщ.

– ЖыIэ и уасэр, – трагъэчыныхь. – ЩIэпщIэну шы уэттынщ, къэпшыну жэм къыпхуедгъэхунщ. ЛIо, махуэм сом къыкIэрыхуну жыпIэу уеплъу ущысыну мы пщIэгъуалэжьым?

– Ари пэжщ, – щэтащ Хъуэжэ. – ИIэ-тIэ, уасэ хуэдвгъэщI. Шым махуэ къэс дыщэ сом къыкIэроху. Дапщэрэ псэурэ шыр?

– ИлъэсипщI, – жиIащ нэхъыщIэм, – ауэ уи шыр шыжь дыдэщ.

– И ныкъуэр кIэрызогъэху, – акъылэгъу хъуащ Хъуэжэ. – Дывгъэбж а илъэситхум сом дапщэ къыкIэрыхунуми.

Ябжщ, къабжщ, шым ишхынри, гугъу зэрыдехьынри хагъэкIыжри, Хъуэжэ дыщэ сом щибгъу кърати, зэкъуэшитIым пщIэгъуалэжьыр ирашэжьащ. ПщIантIэм щыдэкIыжым ахэр Хъуэжэ къигъэувыIэри, дыщэ тумэн щIыхуэу телъыр яритыжащ.

– ФIыкIэ фышх, – жиIащ абы, – ирикъункIэ сывгъэIыгъащ. – Фи щIыхуэ стелъыжкъым, пэжкъэ?

– Пэжщ, Хъуэжэ, узыншэу ущыт.

– Гъуэгу махуэ. ХуэнщIей куэд евмыгъэшх пщIэгъуалэм, абы кIэтIийр екудэ, – якIэлъыкIиящ Хъуэжэ зэкъуэшитIым.

ЗэкъуэшитIым апхуэдэу жаIа щхьэкIэ, Хъуэжэ фIыуэ ищIэрт абыхэм къызэрытрагъэзэжынур. ЩIалитIыр уэркъ лъэпкъыу мылъку

я куэду, я щэр къавэ пэтми, нэпсейхэт, сом щхьэкIэ гъуэгурыкIуэр къахъунщIэн тIэу еплъынутэкъым. А псори зэпилъытри, Хъуэжэ а махуэ дыдэм и уни и лъапси ищэжащ, здэкIуэри здэжэри зы цIыхум яжримыIэу, и щхьэгъусэр зыщIигъури, екъури ежьэжащ. Дунейр инщ, лъыхъуэ ухуеиху.

ЗэкъуэшитIым шыжьыр бом щIапхэри, жэщ псор пщIыхьыншэу ягъэкIуащ, зэ шэджагъуэр къэсу дыщэ сомыр къыкIэрыхуу тлъэгъуащэрэт, жаIэу. Мазэ, мазитI, тхьэм ещIэ абы зэману дэкIар, мо тIум пщIэгъуалэжьым къыкIэрыхур зэIащIэу, сытми, шыжьыр къытехуэри лIащ. Дыщэ сом дэнэ къэна, гъуаплъэ щаижь къыкIэрымыхуу.

– ВжетIакъэ, – ауан къащI нысащIитIым, – фыпыкI мы Хъуэжэ фи напэр тримых щIыкIэ, жытIэри? Догуэ, дауэт шым дыщэ сом къызэрыкIэрывгъэхунур? Хьеуаным и мыхабзэ къевгъэублэну арат? Арамэ, дыщэ ахъшэкIэ вгъэшхэн хуеящ. Фхуэфащэпсщ фэ Хъуэжэ къывищIар, и хьэлэлщ ахъшэу фIихари.

ЩIалитIым я напэр мэс, мэукIытэри уэрамым къыдыхьэжыркъым, ауэ зэгуэпым я гущхьэр зэгуеуд, ялъ ящIэжыну я дзэр Хъуэжэ хузэрагъэшх. Хъуэжэ зиIэту жылэр зэрибгынари зэхахащи, тепыIэжыркъым, дуней псор щIащыкIами, къамыгъуэтауэ мыпсэхуну мурад ящIри, зыжэщ гуэрым тIури докIуэсыкI. МащIэрэ къакIухьа, куэдрэ къакIухьа, яшхэри ешауэ, езыхэри гъуэмылэншэ хъуауэ зы къуажэ пхыдза гуэрым Хъуэжэ зэрыщыпсэур къыжраIащ. ЩIалитIыр а жылэм щыдыхьэм Хъуэжэ къилъэгъуащ. Iуэхур зэрызэIыхьар къыщищIэм, хадэ кIуэцIкIэрэ губгъуэм кIуащ, къуажэм я пщым мэл игъэхъуу здэщыIэм. Къуажэм и пщыр нэпсей, цIыху ябгэ гуэрти, зы цIыху хуэкIуэртэкъым и мэлыр игъэхъуну, езым игъэхъужу губгъуэм итт.



НтIэ, Хъуэжэ пщым йолъэIу:

– КхъыIэ, зи щIыхьыр лъагэ, зы Iуэхутхьэбзэ къысхуэщIэ, псалъэ узот уи мэлыр пщIэншэу зы илъэскIэ пхуэзгъэхъуну.

– АбыкIэ сыарэзыщ, ауэ сыт Iуэхутхьэбзэр зытеухуар?

– Мыхьэнэншэщ. Мы си щыгъыныр уэ щытIагъи ди деж кIуэ. ХьэщIитIыр сыткIэ къоупщIми, «пщэдей си къуэшыр къэсынущи, абы псори къыздишэнущ», – жыIэ. Пщэдей, пэж дыдэу, си къуэшым сэрэ дынидыхьэжынщ щолэхъуищым я IумпIэр тIыгъыу.

– Щолэхъуищи?! – къилыдыкIащ пщым и нэр.

– Уарэзы?

– Абы фIэкIа хэмылъмэ, сыарэзыщ, – гуфIащ къуажэм я пщыр.

Асыхьэтыпэм Хъуэжэ пщым и щыгъынымкIэ зихуапэри, мэл хъушэм пэрыуващ, пщыми Хъуэжэ и щыгъынымкIэ зихуапэри, къуажэмкIэ иунэтIащ, и мэлыхъуэ хъуам и хьэщIэхэр къригъэблэгъэну. Сыхьэти щIэсаи, сыхьэтитIи щIэтаи пщыр Хъуэжэ и унэ, пшапэри зэхэуаи. Жасыхэм деж пщIантIэм шууитI къыдыхьащ. Пщыр щIэжри, шхуэмылакIэмрэ лъэрыгъымрэ иIыгъыу лIитIыр къригъэпсыхащ. Мо тIур щIым къызэрысу, пщыр я зэхуаку даубыдэри, я къамэхэр и пщэм пэщIагъэкъуащ:

– Куэдщ, Хъуэжэ, къыдэтыж ди ахъшэр!

– Пщэдей си къуэшыр къэсынущи, абы псори къыздишэнущ, – зэкIэлъигъэпIащIэу жеIэ пщым.

– Хэт и къуэш? Сыт къыздишэнури?

– Си къуэш... Щолэхъуищ, – къамэ пэ папцIэр лым зэрыхыхьэр зыхещIэ пщым.

– А-а, а къыдэпщауэ щыта щолэхъум хуэдэ? – ауан къищI я гугъэу нэхъри мэгубжь зэкъуэшитIыр.

– НтIэ... Хьэуэ... Уа, фызыхуейр сыт? Сэ сы-Хъуэжэкъым, къуажэм срапщщ! – къэгузэващ яукIынкIэ пщыр.

– Уэ къуажэм урапщмэ, сэ сы-Мухьэмэд бегъымбарщ, – жиIащ къуэш нэхъыжьым, – уи псэр хэсхынуи сыкъэкIуащ!

Пщым зэуэ зричри пщIантIэм дэжащ. ЗэкъуэшитIыр абы и ужь иуващ. Пщыр къуажэм дэжри, мо жэщ кIыфIым имылъагъуу, бгыжьэ лъагэм ехуэхри, псы Iэлым и «жьэ ущIам» жьэдэхуащ. Ар абы къыхэзыхыжыфын къару щыIэтэкъым.

– И гуэныхь тхьэм къыхуигъэгъу, – жиIащ къуэш нэхъыжьым. – Дунейм ехыжам Iей хужаIэркъым.

– Жэнэтыр увыIэпIэ тхьэм хуищI, – диIыгъащ нэхъыщIэми. – Сыт иджы тщIэнур?

– Дгъэзэжынщи, Хъуэжэ тхьэмыщкIэм и унэ нэху дыкъыщекIынщ, пщэдджыжь и мылъкур зэщIэткъуэнщи, дыкIуэжынщ.

Пщэдджыжьым жьыуэ къубгъан къыщIихыу къыщIэкIа къуэш нэхъыщIэм псы изу иIыгъ къубгъаныр IэщIэхури, жэрыгъэкIэ унэм щIэлъэдэжащ.

– Плъэт мо куэбжэмкIэ, – къигъэушащ абы и къуэш нэхъыжьыр.

– Сыт къэхъуар? – къыгурыIуэркъым зыри модрейм.

– Хъуэжэ... Алыхьыр уи фIэщ щIэхъункIэ куэдщ а зыр. Мэл хъушэм ипэ иту къыдохьэж.

– Щыгъэт иджы, – къыщылъэтащ нэхъыжьыр, – ар псым итхьэлащ.

Щхьэгъубжэм Iулъадэмэ – пэжт. Хъуэжэ мэл хъушэ абрагъуэм ипэ иту, «хъуретI» жиIэу, къыдыхьэжырт. ЗэкъуэшитIым псынщIэу захуапэри щIэжащ.

– Мыр сыт, Хъуэжэ? Дэнэ укъикIыжа? – йоупщI зэкъуэшхэр.

– Мис а сыздэфхуам. Абы зы мэл къом щыIэщ, абы зы мэл къом щыIэщи, я дэ ди тхьэу дипщ, ныжэбэ фIэкIа сыхущIегъуэжакъым фэ фызэрызимыгъусэм. Мыпхуэдэу щы къэтхуатэкъэ физигъусам.

– Апхуэдэу куэд щыIэ, Хъуэжэ? – я гуIупсыр Iурож мо уэркъ щылъхуитIым, нэпсеигъэр къатекIуэу.

– ФыщIэмыупщIэ. Вагъуэм и пэбжщ.

– Дэнэ и деж, Хъуэжэ?

– Мис а сызыхэвгъэлъа дыдэм деж.

– Дэ докIуэ, Хъуэжэ, – зрачащ зэкъуэшхэм.

– ФепIэщIэкI, – жиIащ Хъуэжэи, – кsurvey

Хъуэжэ якIэлъыплъу зэкъуэшитIыр бгыпэм нэсри, я щхьэр ищIагъыу псым хэлъащ. Абдеж псым щыхэлъауэ къыхэкIыжыфа щыIэтэкъым. Арат къуажэм япщми къыщыщIар.

Хъуэжэ мылъку хуейтэкъым, къратами зэрихьэфынутэкъым. А махуэ дыдэм къуажэм тхьэмыщкIэу дэсыр зэхуишэсри, мэл хъушэр яхуигуэшащ. «Фэращ мы псори къэзылэжьар, пщым фтриха щхьэкIэ», – яжриIащ. Ар нэпсейхэм теплъэ хъуртэкъым, нэпсеягъым кърикIуэр фIыуэ ищIэрти.

*Таурыхъхэр* **ГРИММ** зэкъуэшхэр

# ГНОМ-ЩХЬЭГЪУМ



Еуэри, зы щхьэлтет гуэр псэут, жи. Ар лӀыжьи хъуат икӀи тхьэмыщкӀэт, зыщыгуфӀыкӀын зыри иӀэтэкъым, ипхъу закъуэм фӀэкӀа. Ауэ а пхъу закъуэр хъарзынэ дыдэт — дахэт, нэжэгужэт, лэжьакӀуэшхуэт. ЛӀыжьыр абы щытхъурти, и щытхъур хуэухыртэкъым. Йоуэри, зэгуэрым щхьэлтетыр королым епсэлъэну къыхуохуэ. НтӀэ, хэти фӀэфӀкъэ и бынхэмкӀэ тӀэкӀу зигъэщӀэгъуэн — арати, мыбыи къыгуелъэфри жеӀэ:

— Сэ зыпхъу сиӀэщи!.. Ар апхуэдизкӀэ губзыгъэщ, апхуэдизкӀэ Ӏущ цӀыкӀущи, хьэуазэр дыщэу пхуиджыфынущ!

Королым икъукӀэ игъэщӀэгъуащ ар.

— Хьэуазэри? — жи. — Мис ар сигу ирохь. Уэ уи пхъур апхуэдизу ӀэкӀуэлъакӀуэр пэжмэ, пщэдей нашэ ар си уардэунэм. Абы и Ӏэзэгъуэр къэпщытапхъэщ.

Щхьэлтетыр куэду гуфӀащ. Ауэ угуфӀэныр пасэӀуэт. ФщӀэрэ, абы жиӀэну зыхэтар нэгъуэщӀт — и пхъур зэрыӀэпщӀэлъапщӀэр ара къудейт: цым я нэхъ Ӏейр Ӏуданэ дэгъуэу едж, Ӏуданэм я нэхъ Ӏейр цеяпхъэ гъуэзэджэу зэӀуещэ, жыхуиӀэт.

Королым ар нэгъуэщӀу къыгурыӀуащ — хъыджэбзым пэж дыдэу хьэуазэр Ӏуданэу иджыфу.

Лажьэр аракъэ къызэрыкӀыр — цӀыху къызэрыгуэкӀхэм я псалъэр королхэм къащыгурымыӀуэ куэдрэ къохъури. Королхэм я гугъэри цӀыху къызэрыгуэкӀхэм щамыщӀэри нэхъыбэжщ.

Сытми, щхьэлтетыр куэду щыгуфӀыкӀащ и пхъур уардэунэм зэрыраджэм икӀи хъыджэбзым жриӀащ пщэдей королым зэрыхуэхьэщӀэнум зыхуигъэхьэзырыну.

ЗэрылъэкӀкӀэ зегъэщӀэращӀэ абы — и Махуэшхуэ бостейр зыщетӀагъэ, щхьэцпыщӀэ щхъуэкӀэплъыкӀэр и пщэм иредзэ, Ӏэлъын цӀыкӀур зыӀерелъхьэ — икӀи нэжэгужэу уардэунэм хуеунэтӀ. «Сыту

пIэрэ сагъэщIэнур? — жиIэурэ мэгупсысэ, — зыгуэр зэрызрагъэхъэну, сагъэдыну, сагъэджыну, хьэмэрэ хьэкъущыкъухэр, дэкIуеипIэхэр сагъэтхьэщIын къудейуэ пIэрэ?»...

«Сыти кърыралъхьэ си пщэ, — жи игукIэ, — сахуэгъэзащ: тхьэ, сэ си напэр темыкIын!»

Уи фIэщ хъун ар къызэрыуIэбжьар езы королыр бжэщхьэIум деж къыщыпежьэу, хьэуазэ зыщIэкуда пэшым щIишэу, цыджыр кригъэхьу, мыр къыщыжриIам:

— Мис, хъыджэбз! Сэ уи адэм къызжиIащ узэрыIэкIуэлъакIуэр. Хьайдэ, маржэ, лажьэ! Пщэдей ирихьэлIэу мы хьэуазэр дыщэу схуэбджмэ, король зэрытэу сынотэнщ. Схуумыджрэ — къызжиIакъым жумыIэж: зэадэзэпхъум фхуэфI сыхъунщ — тIуми фи щхьэр къалэ утым щыпезгъэупщIынщ.

Ар жеIэри, королыр щIокIыж, бжэм IункIыбзэ къретыж аби, и Iуэху яужь йохьэж.

Ей, а щхьэлтетым и пхъур зыуэ гузэва мыгъуэти! Ар сытми хуэIэзэт: дэлэн игъажьэрт, сырэ[1] игъавэрт, нэкулъ[2] икудэрт; къэдабэр дыщэкIэ, чэсейр шылэ иIакIэ хидыкIырт; бэджыхъым хуэдэу хъар пIащIэ иуэфырт, цеяпхъэм я нэхъ пIащIэри зэIуищэфырт, тхыпхъэщIыпхъэхэр зыхэт лъэпэдхэр, пыIэхэр, щащыхухэр зэрихъэрт — ауэ хьэуазэр дыщэ хуэщIыртэкъым. Абы и закъуэ — ар зыми ищIыфтэкъым.

Махуэ псом гупсысэу щысащ хъыджэбз тхьэмыщкIэр, мы зыхэхуа бэлыхьым зэрыхэкIыжын Iэмал къыхуэмыгъуэту. Ар гъырт, кIэпхын хэдыкIамкIэ и нэпсыр илъэщIыжырт, аргуэруи щIидзэжти гъырт. Ауэ зыри къыхуэгупсыстэкъым. ИтIани, зы гугъапIэ къыхуэнэжт абы: пщыхьэщхьэ, кIыфI зэрыхъуу, мы пэш бзаджэм Iэмал гуэркIэ щIэкIуэсыкIыжыну.

«Нэгъуэщ I мыхъуми, зы дакъикъэ закъуэкIэ бжэр Iуахынкъэ!» — гугъэрт ар.

Пэж дыдэуи, бжэр Iуах. ПщыхьэщхьэшхэмрэкIэртIоф уэздыгъэ гъумищрэ къыхущIагъэувэ, нэху щыхукIэ лэжьэфын щхьэкIэ. Ауэ езыр къэтэджыну хунэмыс щIыкIэ, бжэр хуащIыжри IункIыбзэ кърaтыжащ.

МыдэкIэ, щхьэгъубжэ лъабжьэм деж, плъыритIым къыщакIухь, бжыхэр яIыгъыу. Езы щхьэгъубжэри лъагэу бжьыхьэкIапэм щIэтт:



---

[1] Сырэ — фадэ лъэпкъ. /Пиво.

[2] Нэкулъ — адыгэ шхыныгъуэ (лы пшэр убам бжьын, бжьыныху хаупщIатэ, абыкIэ кIэтIий гъэкъэбзар якудэри ягъэгъуж).

тхьэр бгъэпцIащ уэ абы щIэлъэти, дамэ птемытмэ! Щхьэлтетым и пхъур лъэтэфтэкъым, хьэуазэр дыщэ зэримыщIыфым хуэдэу.

Ахэр игу къыщыкIкIэ, хъыджэбзыр нэхъеижу магъ, зы нэпс къудамэ къыщIэмынэжауэ и гугъами.

Мис абдеж, гугъапIэ лъэпкъ къыщыхуэмынэжа дакъикъэм, плIанэпэм зыгуэр къыщопIастхъэ, дзыгъуэ цIыкIу, лъэгум къыщIэкIыу, дунейм къытехьэну къежьа нэхъей; хьэуазэр къегъэхъей, икIи пэшым къыщIохутэ зы цIыху бзаджэжь цIыкIу — щхьэ гъуму, Iэ кIыхьу, лъакъуэ псыгъуэ хъужауэ.

— ПщыхьэщхьэфIохъу апщий, щхьэлтетым ипхъу дахэ! — жи абы. — Сыт апхуэдизу гукъутэу ущIэгъыр?

— Ауей, дауэ сымыгъынрэ! — жи хъыджэбзым. — Королым унафэ къысхуищIащ мы хьэуазэм дыщэ къыхэзджыкIыну, сэ ар схузэфIэкIынукъым.

— СлIожь-тIэ абы щхьэкIэ? — жи цIыхужь цIыкIум.

— Ана-а-а, си щхьэр паупщIынущ, — жи мыдрейми.

ЦIыхужь цIыкIур гупсысащ.



— Пэжщ, гузэвэгъуэщ ар, — жи. — НтIэ, уэ уи пIэкIэ мы хьэуазэм дыщэ сэ къыхэзджыкIмэ, сыт къызэптын?

— Мы шхьэцпыщIэ дахэр уэстынщ, сыпсэуху кIи тхьэ сыпхуелъэIунщ.

— Дэгъуэщ, — жи цIыхужь цIыкIум.

Хъыджэбзым и пщыхьэщхьэшхэр абы хуегъэкIуатэ, кIэртIоф уэздыгъэри хущIегъанэ. Ерыскъыр фIэIэфIу ешх, ауэ уэздыгъэм йопщэри егъэункIыфIыж: си дежкIэ арыншауи нэхущ дунейр — си нэм егъэнэху, жи.

Абы и ужькIэ ар бгъэдотIысхьэ цыджми — ж-ж-ж.., ирегъажьэ.

Шэрхъыр мэвури-мэву. Щым нэс бжатэкъым хъыджэбзыр, шэцыкуэм дыщэ Iуданэр тез щыхъуам.

ИтIанэ абы нэгъуэщI шэцыкуи къещтэ, ещани, еплIани...

Нэху щыхукIэ вууащ цыджым и шэрхъыр. Хъыджэбзым цIыхужь цIыкIум шэцыкуэ хуишиинрэ дыщэ Iуданэр топым тришэнрэ хунэс къудейт.

Арыххэти, пэшым зы хьэуазэ цIыкIу къыщIэнэжакъым. Хъыджэбзым къызэригъэгугъа щхьэцпыщIэр къыIехри, цIыхужь цIыкIур мэбзэхыж — щIэсаи-щIэмысаи.

Абы ирихьэлIэу королри бжэм къытоуIуэ. КъызэрыщIыхьэуи, и пIэм йожыхь, дыгъуасэрей хьэуазэр дыщэ къабзэ хъуауэ щилъагъукIэ.

Ар зыхущIегъуэжар зыт — хьэуазэр зыщIакуда пэшыр нэхъ ину къызэрыхамыхарт.

Ауэ уардэунэм пэш и куэдт, хьэуазэри нэхъ куэдыжу пщIантIэм дэлът.

Королым унафэ ещI япэрейм нэхърэ нэхъ иныжу нэгъуэщI пэш къыхахыу, щIэз хъухукIэ хьэуазэр щIакудэну. ИтIанэ щхьэлтетым и пхъур езым щIешэр абыи, къыжреIэ: «Упсэуну ухуеймэ, щIэдзэ лэжьыгъэм», — жеIэри.

ТхьэмыщкIэм зы псалъи къыпидзыжакъым абы, цIутI жимыIэу цыджым пэрытIысхьащ, и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ.

Ауэ кIыфI зэрыхъуу, аргуэру цIыхужь цIыкIур пэшым къыщIохутэри, къоупщI:

— Аргуэру мы хьэуазэр дыщэ Iуданэу зджымэ, сыт къызэптын иджыри? — жери.

— СыпсэухукIэ тхьэ сыпхуелъэIунщ, мы си Iэпхъуамбэм Iэрыгъ Iэлъын цIыкIури уэстынщ!

— Дэгъуэщ.

ЦIыхужь цIыкIум Iэлъыныр ещтэ. Арыххэуи цыджым и шэрхъыр мэкIэрахъуэ, мэву...

Пщэдджыжьым королыр къокIуэ, хъыджэбзым ищIам еплъыну: ар джэуэ щысыным и пIэкIэ, жейуэ кърохьэлIэ, ихъуреягъкIи дыгъуасэрей хьэуазэм хуэдиз дыщэ щылъщ.

Королыр нэхъеижу мэгуфIэ, итIани куэдщ хужыIакъым.

Аргуэру унафэ ещI, ещанэрей пэшри хьэуазэкIэ якудэну. Япэрей пэшитIыр зэхэту зэрыхъум нэхърэ щыкIэ нэхъ инт мы ещанэрей пэшыр; хьэуазэуи щыкIэ нэхъыбэ щIэхуэрт абы.

— КъэдаIуэ мыдэ, — жи королым. — Мы хьэуазэри уэ дыщэ пщIыфмэ, щхьэгъуси королеви усщIынщ.

«Ягъэ кIынкъым ар хъыджэбз къызэрыгуэкIми, щхьэлтетым ипхъуми, — жи абы игукIэ. — Абы нэхърэ нэхъ къэшэн къулей сэ мы дунейм къыщызгъуэтынкъым».

Арати, хъыджэбзыр аргуэру и закъуэ къонэ. КIыфI зэрыхъууи, аргуэру цIыхужь цIыкIур къохутэри къоупщI:

— Ещанэу мы хьэуазэр дыщэ Iуданэу пхуэзджмэ, сыт къызэптын? — жи.

— Тхьэ сыпхуелъэIун фIэкIа, сэ уэстын къысхуэнэжакъым, — жи хъыджэбзым.

— Ар си дежкIэ мащIэщ, — жери идэркъым цIыхужь цIыкIум. —

Уэ мыгувэу король гуащэ ухъунущ. Япэу къэплъху сабийр къызэптыну сыкъэгъэгугъи — занщIэу цыджым сыпэрытIысхьэнщ. Хьэуэ жыпIэрэ — узыншэу ущыт!..

«Къэхъунур хэт ищIэрэ, — игу къокI щхьэлтетым и пхъум. — Королым симышэххэнкIэ мэхъу, игъащIэкIи сымылъхуэххэнкIэ мэхъу...» Йоуэри, цIыхужь цIыкIур къегъэгугъэ япэ къилъхуну сабиймкIэ.

Арати, цIыхужь цIыкIур аргуэру пэротIысхьэ цыджым... ИкIи пщэдджыжьым королыр къыщыщIыхьэм, и нэр еуфIыцI, и нэкIури IэгуитIымкIэ IуепIэ: ихъуреягъкIэ дыщэр щызт, дыщэри апхуэдизкIэ лыдырти, уеплъамэ, уи нэр щIисыкIырт.

Королми и псалъэр игъэпэжащ. Махуищи дэмыкIыу, уардэунэм хьэгъуэлIыгъуэшхуэ щызэхэтащ. Арыххэуи, щхьэлтетым и пхъур король гуащэ мэхъу.

Илъэс докIри, сабий цIыкIуи къащIохъуэ.

Королевэр апхуэдизкIэ насыпыфIэти, цIыхужь цIыкIур зэригъэгугъари щыгъупщэжат.



Ауэ зы жэщ гуэрым, ар гущэм бгъэдэсу здэщысым, плIанэпэм зыгуэр къыщопIастхъэ, дзыгъуэ цIыкIу, лъэгум къыщIэкIыу, дунейм къытехьэну къеIэ нэхъей.

Гуащэр къоскIэ, и напIэр къиIэтмэ, цIыхужь цIыкIу бзаджэр къыбгъэдэту къелъагъу — щхьэ гъуму, Iэ кIыхьу, лъакъуэ псыгъуи хъужауэ.

— ИIэ, — жи, — сысейр къызэтыж! Къащтэ мыдэ сыкъызэрыбгъэгугъар! — жеIэри, и Iэ кIыхьхэр сабийм хуеший.

А дыдыд, а королевэр зэуэ шынати! Ар зыуэ гукъутэу гъырти, цIыхужь цIыкIум елъэIуу: «ХъугъуэфIыгъуэу сиIэр, къэралым мылъкуу илъыр щтэ, мантиери тажри дэкIуэу, ауэ си сабийм и гугъу къыумыщI!» — жиIэурэ. Арщхьэкіэ цIыхужь цIыкIур инатт.

— Хьэуэ, — идэртэкъым абы. — Псэ зыпыт хуабэ цIыкIур си дежкIэ хъугъуэфIыгъуэу дунейм тетым нэхърэ нэхъ гуакIуэщ.

Абдеж король гуащэр къэмэх пэтащ. Ар цIыхужь цIыкIум и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу йоувэри жреIэ: «ГущIэгъу къысхуэщI, армыхъумэ, сылIэнущ!»

Йоуэри, цIыхужь цIыкIум гущIэгъу къыхуещI.

— Хъунщ, — жи. — Махуищ пIалъэ узот. А зэманым къриубыдэу си цIэр къыпхуэщIэмэ, сабийр къыпхуонэж.

Ар жиIэри, цIыхужь цIыкIур бзэхыжащ.

Королевэм игъащIэм цIэуэ зэхихар къиулъэпхъэщыжу нэху щыху щысащ. Нэхущым деж хъыбарзехьэр къэралым ириутIыпщхьащ, къалэхэри, къуажэхэри къызэхакIухьу, дэнэ сыт хуэдэцIэрэ сыт хуэдэ цIэ лейрэ щагъуэтми къызэхуахьэсыну.

Арати, жэщ мэхъури, цIыхужь цIыкIур аргуэру къыщIохутэ гуащэм и лэгъунэм.

— Ярэби, уэ уи цIэр Каспару пIэрэ? — и макъыр кIэзызу щIоупщIэ королевэр.

— Хьэуэ.

— НтIэ, Мельхиор?

— Хьэуэ.

— Бальцер?

— Хьэуэ.

Король гуащэм цIэуэ ищIэр зэкIэлъхьэужьу къреIуэ, арщхьэкIэ цIыхужь цIыкIум пыгуфIыкIыурэ и щхьэр егъэкIэрахъуэ.

— Хьэуэ, — жи, — сэ къызэрызэджэр аракъым.

ЕтIуанэ махуэм гуащэм хъыбарзехьэхэр къэрал гъунэгъухэм еутIыпщ, хамэ хэкухэм цIыхум щыфIащ цIэхэр къащIэну.

Жэщ хъууэ цIыхужь цIыкIур къыхуэкIуа нэужь, цIэ жыIэгъуейуэ къыхурахьэлIахэр къриIуэу щIедзэ:

— Ярэби, КIэдзэжналъэу пIэрэ уи цIэр?

— Хьэуэ.

— Бжьэзадэу пIэрэ?

— Хьэуэ.

— Къэубыд-ЩIэрыхьэ?

— Хьэуэ.

Гуащэм сыт хуэдэцIэ къримыIуами, абы и жэуапыр зыт: «Сэ къызэрызэджэр аракъым!»

Йоуэри, ещанэ махуэр къос. Королевэм щIэуэ зы цIи къыхуэгупсысыжтэкъыми, хъыбарзехьэхэм гумэщIу, пэплъэрт — мы зэм ахэр здигъэкIуар нэхъ щIыпIэ пхыдза, нэхъ щIыпIэ бгынэжахэрт: фIамыщIгъэсхэм я унэхэм, къущхьэхъу бгъуэщIагъхэм.

Хъыбарзехьэхэр зэкIэлъхьэужьу уардэунэм къокIуэлIэж, ауэ абыхэми щIэуэ зы цIэ кърахьэлIатэкъым.

Зы зэман зэ псоми къакIэрыхуауэ зы къосыж:

— Гуащэ! — жи. — Махуэ псом къуршми мэзми къыщыскIухьащ, ауэ щIэуэ зы цIэ щызэхэсхакъым. ЦIэуэ щыIэр нэхъ мащIэщ цIыхуу дунейм тетым нэхърэ. ЩIэуэ цIыхур къалъху, пасэрей цIэ фIащ. Къэзгъэзэжын мурад сщIауэ, зы мэз гуэрэн гуэрым сыхо-

хьэ — цIыхумэ щыутэкъым абы, бажэхэмрэ тхьэкIумэкIыхьхэмрэ щызэпсалъэ фIэкIа. Мис абдежым, жыгыжьищым я кум иту зы унэ цIыкIунитIабзэ къызолъагъу. Унэ гупэм мафIэ щищIауэ, ар хъурейуэ къифыхьырт зы цIыхужь цIыкIу — щхьэ гъуму, Iэ кIыхьу, лъакъуэ псыгъуэ хъужауэ. Абы, зэ зы лъакъуэмкIэ, зэ адрей лъакъуэмкIэ дэлъейурэ, уэрэд жиIэрт:

*Iугъуэр ирехъу гуэрэн,*
*Дэлэным хуэмыхъу зэран —*
*Пщэдей къызатынущ уасэфI.*
*Теткъым зы цIыху щIы фIыцIэм,*
*Щыгъуазэу мы сэ си цIэм:*
*Сэ си цIэр Гномщ,*
*Сэ си цIэр Гномщ,*
*Сэ си цIэр Гномщ —*
*Гном-Щхьэгъум!*



МыгуфIапIэр иIэт — зыхуэмыубыдыжу мэгуфIэ королевэр, а цIэр зэрызэхихыу. Хъыбарзехьэм тыгьэ лъапIэхэр хуещIри, езыр гущэм бгъэдотIысхьэж, цIыхужь цIыкIум пэплъэу.

Ар мыгувэу къос, и Iэ кIыхьхэр зэщихуэрэ езыр щIэгуфIыкIыжу.

— НтIэ, зиусхьэн гуащэ, — жи абы, — къэпщIа си цIэр?

— Францу пIэрэ?

— Хьэуэ.

— Кунцу пIэрэ?

— Хьэуэ.

— НтIэ, Гейнцу пIэрэ?

— Хьэуэ.

— Ярэби, нтIэ, Гном-Щхьэгъуму пIэрэ?

— Ар уэ шейтIаным къыбжиIащ! Езы шейтIаным къыбжиIащ! — мэкIий цIыхужь цIыкIур, икIи апхуэдизкIэ губжьати, топкIэри, и куэжь цIыкIум нэс щIым хохьэ. Апхуэдэу щыхъум, зимыщIэжу, и IитIымкIэ и лъакъуэ сэмэгум къоIэри, тIууэ зызэкIэщIетхъыж.

# ЗЭШИЩ

Еуэрэ-еуэрэт, жи: илъэс куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ, мы дунейм тетащ адэ гуэр, къуищ иIэу.

И къуэхэми щIалэ гъуэзэджэ къищIыкIат, зым нэхърэ зыр нэхъыфIыжу.

Арати, я адэм мыпхуэдэу къажреIэ:

— Хьайдэ, си щIалэхэ, фежьи, дуней зэвгъэлъагъу, цIыху зэвгъэцIыху, IэщIагъи зэвгъэгъуэт. Нэхъ IэпщIэлъапщIэу къэзыгъэзэжым мы си унэр къыхуэзгъэнэнущ.

Йоуэри, зэшхэр йожьэ дунеяплъэ. Илъэсищ кIэ хамэ хэкухэм къыщакIухьри, илъэсищыр зэрыдэкIыу, псори зы махуэм я адэ и унэ къокIуэлIэж.

— Уузыншэм, дядэ! — жаIэ зэшищым.

— Тхьэм фигъэузыншэ, си щIалэхэ! — жи адэми. — Зэвгъэгъуэта IэщIагъэ гуэрхэр?

— Ае, — жаIэ, — зэдгъэгъуэтащ.

— Сыт хуэдэ IэщIагъэ къыздэфхьар си щIалэхэм?

— Сэ, — жи нэхъыщIэм, — жьакIэупс IэщIагъэ къэсхьащ.

— Сэ, — жи курытым, — гъукIэ IэщIагъэ зэзгъэщIащ.

— Сэ, — жи нэхъыжьым, — сэшхуэ гъэбзэкIэм сыхуеджащ.

— Хъарзынэщ, — жи адэм. — ИIэ-тIэ, иджы севгъэплъыт фи жьакIэ упсыкIэм, гъукIэкIэм, сэшхуэ гъэбзэкIэм.

Асыхьэтым губгъуэмкIэ тхьэкIумэкIыхь кIуэцIрыжырт.

— А-а! — жи жьакIэ упсыкIэм хуеджа щIалэ нэхъыщIэм. — Уэращ сэ къэслъыхъуэр!

Тас цIыкIурэ сабынрэ къепхъуатэ, сабыншыку зэхещIэ, итIанэ кIэлъыщIопхъуэри, тхьэкIумэкIыхьыр къеубыд, жэрыжэм тету и нэкIум сабыншыкур щехуэр аби, и жьакIэбгъуитIыр къыхуреупсэх.

Ар сыт хуэдэу къабзэу къриупсэхат! ЗыщIыпIэ дежи иуIатэкъым, зы цы закъуи къытринатэкъым.

— Дэгъуэщ, — жи адэм. — АдреитIыр я IэзагъкIэ къыптемыкIуэмэ, унэр уэ ууейуэ бжы.

Ар жиIа къудейуэ, каретэ къажэу ялъагъу.

— Мисри, — жи гъукIэу зызыгъэса курытым, — къеплъыт, дядэ, си IэщIагъэми.

Каретэм кIэлъыщIопхъуэ курытыр, жэрыжэм тету шым и налиплIри къыщIеч аби, жэрыжэм зэрытету аргуэру щIелъхьэж.

— Гъуэзэджэщ! — жи адэм. — Уи къуэшым укъыкIэрыхуркъым.

Абдеж шынэхъыжьыр къопсалъэ:

— Хуит сыкъэщI, — жи, — дядэ, си IэщIагъэри уэзгъэлъагъуну!

— Хъунщ, — жи адэм, — сыгъэлъагъу.

Абы ирихьэлIэу уэшхым къригъэжьащ.

Нэхъыжьым сэшхуэр къещтэ, еІэт аби, игъэкІэрахъуэу щІедзэ. Ар апхуэдизкІэ псынщІэу игъэкІэрахъуэрти, абы къыпхыкІыу, зы ткІуэпс закъуи къытеткІуэртэкъым. Уэшхыр кІуэ пэтми нэхъ ин мэхъу. УридэкІуеиным хуэдэу къожэх, итІани, нэхъыжьыр сэшхуэ игъэкІэрахъуэм гъущабзэу щІэтщ, жьауэ къыщхьэщыт нэхъей: уэшхыу къехыр сэшхуэмкІэ Іуехыж.

Адэм игъэщІэгъуащ а илъэгъуахэр, щІалэхэми къащытхъуащ:

— Афэрым, щыри фыІэпщІэлъапщІэщ — сщІэркъым фящыщу унэр къызыхуэзгъэнэнур. Псори зэгъусэу фыщІэс!

И къуэхэр арэзы хъуауэ, абы лъандэрэ зэгъусэу мэпсэу, зым Іэпыхур зым къищтэжу.

## КОРОЛЫКЪУЭ-ХЬЭНДЫРКЪУАКЪУЭ

Еуэрэ-еуэрэт, жи: ижь-ижьыжу, цІыхур я псалъэм тетыжрэ я гур зыщыплъэм я Іэр лъэІэсу щыщыта зэманым зы королыжь гуэр псэут, жеІэ. Абы ипхъухэр псори дахэ защІэт, ауэ нэхъыщІэр апхуэдизкІэ тхьэІухудти, уеблэмэ Іэджэ зылъэгъуа езы дыгъэ дыдэр къыкІэлъыплъырт.



Королым и уардэунэм пэмыжыжьэу, блын хуэдэ, мэзышхуэ къыщытт, а мэзым, бзиихужь гуэрым и щІагъым деж, псыкъуий щІэтыжт.

Махуэхэр щыхуабэм королыпхъу нэхъыщІэр а мэзыжьым кІуэрти, псыкъуийр къызэрещІэкІа мывэм тесу, бзиихум и щІагъым зыщигъэпсэхурт. Мызэшын щхьэкІэ, и дыщэ топ цІыкІур здихьырти, ар дридзей-къиубыдыжурэ, зэманыр игъакІуэрт. Ар абы нэхъыфІ дыдэу илъагъу джэгукІэрат.

Йоуэри, зэгуэрым топыр лъагэІуэу дредзей. Ар къиубыдыжыну и Іэгур щІиущІа щхьэкІэ, топыр блэлъэтри, щІым техуащ, къыдэлъеижри псыкъуийм ихуащ.

Королыпхъур дауэ имыплъэми, мо мащэ кІыфІым топыр ирилъагъуэркъым, думпу бзэхащ. Псыкъуийр куут, апхуэдиз и кууагъти, и лъащІэр плъагъуртэкъым.

Принцессэр къыщеудри магъ. Магъ, щІигъэхуабжьэу, магъ, теу имыІэу.

Арати, гъыуэ здэщысым, псалъэ зэхех, макъ икІакІэ зыгуэр къопсалъэ абы:

— Сытыр къэухъу, королыпхъу? — жи. — Уэ зыкІэ гуузу уогъри, мо мывэ щІыІэми игу къыпщІэмыгъуу къэнэнкъым.

Хэт ар жызыIэр? Принцессэр адэкIэ маплъэ, мыдэкIэ къоплъэ, итIанэ псыкъуийм йоплъэжри — хьэндыркъуакъуэ шыр къелъагъу, и щхьэ пIащIэ лъагъугъуейр псым къыхэпIиикIыу.

— А-а, уэра ар, шэдхэпкIэ! — жи принцессэм. — Сэ сыщIэгъыр си дыщэ топ цIыкIуращ, ар псыкъуийм ихуащ...

— Абы щхьэкIэ умыгъ-тIэ, — жи хьэндыркъуакъуэ шырым. — Сэ къисхыжыфынущ ар. Ауэ япэщIыкIэ къызжеIэ: къыпхуисхыжмэ, сыт къызэптын?

— Сыт ухуейми, шыр тIасэ, — жи королыпхъум. — Си бостейхэр, си налкъутхэр... Ухуеймэ, зэикI щхьэрызмых си дыщэ тажыр!...

— Хьэуэ, — жи хьэндыркъуакъуэ шырым, — сэ сыхуейкъым уи бостейхэми, уи налкъутхэми, уи хъугъуэфIыгъуэхэми. Уи дыщэ тажми сыхуейкъым. Сэ сызыхуейр уэ фIыуэ сыкъэплъагъуну, ныбжьэгъу укъысхуэхъуну ращ, уэ ущыджэгукIэ сыбдэджэгу, Iэнэм ущыпэрыскIэ сыббгъурыс, уи дыщэ тепщэчым сыбдишхыкI, уи дыщэ стэкан цIыкIум псы срефэ, уи пIэ цIыкIум сыбдыхэлъ хъун хуэдэу. Мис абыхэмкIэ сыкъэбгъэгугъэмэ, псыкъуийм зыщIэзгъэмбрыуэнщи, уи топ цIыкIур къыхэсхыжынщ.

— Ахьей, узгъэгугъэрэ! — жи королыпхъум. — Сыт ухуейми пхуэсщIэнщ. Си дыщэ топыр псынщIэIуэу къысхуихыж закъуэ.

Езым игукIэ жеIэ: «Сыт мы хьэндыркъуакъуэ делэм къивыр? Хрырес аддэ и шэдым, и Iыхьлыхэм я гъусэу «уаркъыркъыркъ» жиIэу! Ар цIыхум дауэ ныбжьэгъу зэрыхуэхъунур?»

Абы «укъызогъэгугъэ» зэрыжиIарауэ, хьэндыркъуакъуэ шырым «ур-уакъ» жеIэри, псым зыщIегъэмбрыуэ... И лъащIэ дыдэм нэс йох аби, королыпхъум и Iэпхъуамбитхур бжын имыух щIыкIэ, къыщIоуж, дыщэ топ цIыкIур и жьэм жьэдэлъуи, и лъабжьэм къыщIедзэж.

Королыпхъур куэду гуфIащ, и джэгуалъэ дахэ цIыкIур щилъагъум, икIи, къипхъуэтэжщ топри, жэкIэ унэм къэкIуэжащ.

— КъэувыIэ! КъэувыIэ! — кIэлъоджэ абы хьэндыркъуакъуэ шырыр. — Сыздэхь сэри. Сэ апхуэдэу псынщIэу сыжэфыркъым!

АрщхьэкIэ дапщэрэ кIэлъымыджами, дапщэрэ «ур-уакъ» жимыIами, мор ауи къыхуеплъэкIакъым. ЗдэпIащIэм зэхимыхагъэнкIи хъунщ — хэт ищIэрэ! Сытми, унэм къэкIуэжа нэужь, абы зыми зыри жриIэжакъым, арыххэуи хьэндыркъуакъуэ тхьэмыщкIэ цIыкIур щыгъупщэжыпащ. Арати, къемыхъулIаIауэ ари псыкъуий кIыфIым ипкIэжын хуей хъуащ.

ЕтIуанэ махуэм королыпхъу нэхъыщIэр, королымрэ абы и блыгущIэтхэмрэ и гъусэу, Iэнэм пэрыст, и дыщэ тепщэч цIыкIум

ишхыкIыу. Абдежым псоми зэхахыу зы Iэуэлъауэ гуэр къоIу: «цIомпI-цIомпI-цIомпI-цIомпI», — жери. Мрамор дэкIуеипIэмкIэ зыгуэр къыдолъей аби, ищхьэм къызэрысу, бжэм къытоуIуэри къоджэ:

— Королыпхъу кIасэ, бжэр ныс-ху-Iух! — жи.

Королыпхъур къыщолъэтри мажэ, а къэкIуар хэтми плъэну. Бжэр Iуихмэ, — бжэщхьэIум хьэндыркъуакъуэ шырыр тесщ.

Бжэр занщIэу иредзылIэжри, макIуэр абы, принцессэр Iэнэм пэротIысхьэж. Ауэ ар къызэрыгузэвар наIуэт.

Королым занщIэу зэхех абы игу цIыкIур къилъэтыным хуэдэу къызэреуэри, къоупщI:

— Сытыр къэухъу, си хъыджэбз? — жери. — Апхуэдизу узыгъэшынар хэт? А бжэм иныжь къыIуту ара, уихьыну къэкIуауэ?

— Хьэуэ, — жи королыпхъум. — Ар иныжькъым, ар хьэндыркъуакъуэжь цIыкIущ.

— Сыт-тIэ а хьэндыркъуакъуэ шырыр зыхуейр?

— Ей, ди адэ дыщэ! — жи принцессэм. — Дыгъуасэ мэзым сыкIуауэ, псыкъуийм деж топ сыщыджэгурти, сымыщIэххэу си дыщэ топыр псым хэхуащ. Щыхэхуэм, сыгъащ. Сыщыгъым, мо хьэндыркъуакъуэ шырым къысхухихыжщ ари, итIанэ къыспиубыдащ, ныбжьэгъу сыщI абы и хьэтыркIэ, жери. Арати, къэзгъэгугъащ — хэт и фIэщ хъунт ар и шэдым къыхэпщыфыну. Иджы мыбы къэкIуащи, сыщIэгъэхьэ, жи.

А дакъикъэм хьэндыркъуакъуэр аргуэру къытоуIуэ бжэм, етIуанэуи а макъ икIа дыдэр къоIу:

— Королыпхъу кIасэ, — жи — бжэр ныс-ху-Iух! Уэ пщыгъупщэжа псыкъуий куум деж къыщызжепIар? Королыпхъу кIасэ, бжэр ныс-ху-Iух!

Апхуэдэу щыхъум, королым жеIэ:

— Къэбгъэгугъамэ, хуэпщIэн хуейщ. КIуэи, бжэр Iух!

Сыт ищIэнт, кIуэри Iуихащ. Хьэндыркъуакъуэ шырыр бжэщхьэIум къопкIэри, къапкIэ-къалъэурэ къыкIэлъокIуэ, хъыджэбзым и шэнтым къызэрысу къоувыIэр аби, жеIэ:

— ИIэт иджы, сызыбгъурыгъэтIысхьэт! — жери.

Ауэ королым унафэ къыхуищIыхукIэ, принцессэм дзыхь ищIакъым ар къищтэну.

Хьэндыркъуакъуэ шырым шэнтыр зэригъуэту, Iэнэм тетIысхьэн хуей мэхъу. Iэнэми трамыгъэтIысхьэу хъуркъым. ЗэрытетIысхьэуи къапеубыд:

— Иджы уи дыщэ тепщэч цIыкIур къысхуэгъэкIуатэ. Дызэдэшхэнщ.

И жагъуэ и щIасэми тепщэч цIыкIури хуегъэкIуатэ.

Хьэндыркъуакъуэ шырым фIэфI дыдэу шхэн щIедзэ, мыдрейм зы дзэкъэгъуи хуегъэхыркъым.

Зы зэман зэ хьэндыркъуакъуэ шырым зегъэнщIри, итIанэ жеIэ:

— Iыхьы, сэ зызгъэнщIащ, — жи. — Иджы уи пэш цIыкIум сыхь, уи шылэпIэ цIыкIур щIыжи, зэгъусэу дыгъэгъуэлъыж! Сеша хуэдэщ сэ.

Королыпхъум и нэпситIыр къыщIож. Ар еIусэн къудей щымэхъашэрт а хьэндыркъуакъуэ цIанлъэжь цIыкIум, дауэ а гъуамэр и гупэ зэрыхигъэгъуэлъхьэнур мо пIэ къабзэ щабэм!

Мис абдеж королыр мэгубжьри, и пхъум къыжреIэ:

— ЕмыкIущ уэ къыбдэIэпыкъуам ущымэхъэшэныр! — жеIэри.

Королыпхъу тхьэмыщкIэм къыхуэнэжарати, хуэсакъыпэурэ IэпитI къудейкIэ хьэндыркъуакъуэ шырыр къещтэри, езым и пэшым дрехьей аби, плIанэпэм дегъэтIысхьэ.

АрщхьэкIэ езыр зэрыгъуэлъыжу, хьэндыркъуакъуэ шырыр къыбгъэдопщхьэри, къыжреIэ:

— Сэри сешащи сыжеинут! Сынэгъэгъуэлъ уи гупэм, арыншамэ уи адэм сыхуэтхьэусыхэнущ.

Ей, а принцессэр зыуэ губжьати! Хьэндыркъуакъуэ шырыр къепхъуатэри, и къару къызэрихькIэ тредзэ.

— Убэяунукъэ иджыри уэ гъуамэр! — жери.

Хьэндыркъуакъуэ шырыр унэ лъэгум тохуэри — арыххэу, абы и пIэкIэ, королыпхъум и пащхьэм къохутэ королыкъуэ, и нитIыр къащхъуэрэ и щхьэцыр дыщэу.

Абы принцессэм къыжреIэж уд бзаджэ гуэрым хьэндыркъуакъуэ шыр зэрищIыгъар икIи ар уд къарум къыIэщIихыфыну мы дунейм зы цIыхуи зэрытемытар, королым ипхъу нэхъыщIэм фIэкIа. Мис иджы щхьэхуит къэхъужащ.

ЕтIуанэ махуэм, дыгъэр мэзым къыщхьэщыува къудейуэ, королым и куэбжэм, пщIэгъуалэ защIэу и щIэщIауэ, каретэ къыIуолъадэ. Шыщхьэхэм страус къабзий дэIуат, Iэпслъэпсыр дыщэ цепь защIэт, гупкIэм королыкъуэм и IуэхутхьэбзащIэр тетт — Генрих щыпкъэр.

Генрих щыпкъэм и зиусхьэн щIалэр апхуэдизкIэ фIыуэ илъагъурт, ар удым хьэндыркъуакъуэ шыр зэрищIрэ апхуэдизкIэ гуIэрти, и гур гуауэм къызэгуимычын щхьэкIэ, гъущI уэрдыхъуищ щиукIэгъат.

Мис а каретэмкIэ и къэралым кIуэжын хуейуэ арат королыкъуэр, и къэшэныр и гъусэу.

Арати, Генрих щыпкъэм ныбжьыщIэхэр каретэм иригъэтIысхьэщ, езыр гупкIэм пыувэжри ежьэжащ, и тепщэ щIалэр удым и къапхъэным къызэрыIэщIэкIыжам щыгуфIыкIыу.

АрщхьэкIэ япэ къэгъэшыпIэм нэмыса щIыкIэу, гупкIэмкIэ зы макъ къоIукI, зыгуэр зэпыудам ещхьу.

Королыкъуэр къызоплъэкIри жеIэ:

Генрих, ди гулъэмыжыр зэпыщIыкI хуэди!

— Хьэуэ, зиусхьэн, къыпфIэщIауэ аращ. Зэпыудыр си гум щылъ уэрдыхъуращ: уэ хьэндыркъуакъуэ шыр ухъуауэ псыкъуий щIыIэм ущисам щыгъуэ, си гур гуауэм зэгуимыудын щхьэкIэ, щызукIэгъат ар.

Гъуэгум здытетым аргуэру тIэуней къэIуащ апхуэдэ чэ макъ. Принцымрэ принцессэмрэ каретэр къутэу къафIэщIырт. АрщхьэкIэ Генрих щыпкъэ и гум щыукIа гъущI уэрдыхъухэр зэпыудыжу аркъудейт, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ — уэрдыхъукIэ якъуза гум ихуэжтэкъым гуфIэгъуэшхуэр.

# Псалъэжьу зэхэлъ псалъэзэблэдз





*ЕкIуэкIыу:* **2.** Уэнум ... егъуэт. **5.** Акъылыр жьыгъэ-... . **8.** ... къыхэпхыр ... хокIуэдэж. **9.** Абы ... пхъэ ешэр. **11.** ЩIым епщIэр и ... . **14.** ... гъавэр дыгъэрыжьэщи, уэлбанэ гъавэр дошэсей. **16.** ... жагъуэ псы кIэщIакIэ. **18.** ... и унэ лъэбышэщ. **20.** ... зиIэтыху пхъэм зегъэпсэху. **22.** Псалъэ дахэм блэр и гъуэм ... . **23.** И ... кхъужьыкI хуэдэ. **25.** ... имылъэгъуа къуэм елъагъу. **26.** ... ухуэлажьэмэ, бзу ищIэн хуэщIи, шыд ишхын фIэшх. **27.** ... мыгубжьрэ дыгъужь мыдзакъэрэ щыIэкъым. **30.** ... дэгурэ зопсалъэ. **31.** ... щхъухькIэ йоIэзэ. **32.** ... (тIур) закъуэ палъэщи, закъуэр лIа пэлъытэщ. **33.** ... шы щIакъуэ тесщ.

*Къехыу:* **1.** Нобэ уи ... , пщэдей си ... . **3.** Мылэжьэф и ... бэлацэщ. **4.** ... гугъэр и гъусэщ. **6.** ... зышхыр щхьэ шхыгъуи йохуэ. **7.** ... зезыхьэр ... и уасэщ. **10.** ... закъуэрэ нэ закъуэрэ. **12.** Жьым щхьэ ядэшх, ... лъакъуэ ядэшх. **13.** ... зыщытхъу ... я уасэщ. **14.** ЛIы ... яку дэлъ хуэдэщ. **15.** ... бзаджэ пщIыгъуу мыщэм уемыбэн. **16.** ... закъуэрэ лIы закъуэрэ уатемыгушхуэ. **17.** ... къэмыщтэу къэщтэнукъым. **19.** Я нэхъыжь и ... я хъыджэбз екъутэ. **20.** Бзаджэр ... , бзаджэм IущIэри ... . **21.** ... зэ ихуэр набгъэщи, тIэу ихуэр нэфщ. **22.** Зы къамапIэ ... ихуэркъым. **24.** Уи ... ущымытхъуж – уфIмэ, укъэщIэнщ. **28.** ГъущIыр плъа щIыкIэ ... . **29.** ... и зекIуапIэ и кIуэдыжыгъуэщ.

---

**Етхуанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **3.** ПхъэдзакIэ. **6.** Мэкъутэ. **7.** Ижынщ. **10.** Псищэ. **12.** Куэдрэ. **13.** МэкIуэж. **14.** Улъэщщ. **15.** Пщащэ. **17.** ЯукIыж.



**19.** Бзаджэ. **22.** МылIэу. **23.** Гуащэр. **24.** ГушыIэкIэ.

*Къехыу:* **1.** Уэсэпс. **2.** Махуищщ. **4.** ХьэщIэр. **5.** Унэхьэ. **8.** Псэущхьэ. **9.** Ухэнып. **11.** ИгъэлIа. **16.** Щхъухьым. **18.** Уафэм. **20.** ЗеукIыж. **21.** Джэгугъуэм.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№6**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков,
Борис Бижоев, Адам Гутов, Хамид Кармоков,
Астемир Татроков, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Залина Истепанова (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: П5891

Подписано к печати 15.11.21. Выход в свет 29.12.21
Формат 70х108 $^{1}/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,0.Уч-изд. л. 11,7. Тираж 2.320 экз. Заказ №2723
Подписная цена на 2 месяца 35р. 33к.
Подписная цена на 6 месяцев 105р. 99к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион»
357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Ставрополь щIыналъэ, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэм и уэрам, 5а, ООО «Издательство «Южный регион».

ДЫГЪУЖЬ Къурмэн

*13.08.1941–20.09.1984*

* * *

Ар сэращ, Къурмэнщ къопсалъэр,
ГуфIэ нэпсхэр къысфIыщIокI.
СыкъэпщIэжкъэ, си щIыналъэ?
Быдэу IэплIэ зэдгъэшэкI.

ПщIэжрэ, сабиигъуэм къуршым
Бжэн игъэхъуу кIэрытар?
Тесу къидыгъуа уанэшым
Нэр темыплъэу блэлъэтар?

Институтым Мэзкуу къалэ
Уэ зэгуэрым ебгъэжьар?
Ар сэращ, сэращ, уи щIалэрщ,
Еджэн сухри сыкъэкIуэжащ.

Си щIэныгъэр уэ уи бынхэм
Сэ ястынщ, щымыIэу хэн,
Уи тхылъ напэу мес мо бгыхэм
УэрэдыщIи сэ пхуистхэнщ.

Пхухэссэнущ жыги гъатхэм,
Нартыху хьэсэхэр пхуэспщIэнщ,
Пхуэзгъэхъунущ уи шы гуартэр –
Сыт къыслъысми згъэзэщIэнщ.

Си щIыналъэ, зысхъуэжакъым,
Сэ иджыри сы-Къурмэнщ.
Сыпхуэпэжщи, «Маржэ!» жаIэм,
ЗыпхуэсщIынущ сэ къурмэн!